# IУАЩХЬЭ МАХУЭ


**Адыгэ тхакIуэхэм я журнал**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**2009 гъэ**

# 5

**Сентябрь – октябрь**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я союзымрэ КъБР-м Хъыбарегъащ Iэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмк Iэ и министерствэмрэ къыдагъэкI**



**Редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр**
**Елгъэр Кашифщ**

*Редколлегием хэтхэр:*
**Къагъырмэс Борис, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, Нало Ахьмэдхъан, Тхьэгъэзит Зубер, ХьэкIуащэ Андрей**



**Налшык**
**2009**

# Ошхамахо (Эльбрус)

Литературно-художественный журнал
На кабардинском языке

*Учредители:* Союз писателей КБР, Министерство по информационным коммуникациям, работе с общественными объединениями и делам молодежи КБР

И. о. главного редактора
Кашиф Эльгаров



Редакционная коллегия:
Борис Кагермазов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов, Ахмедхан Налоев, Зубер Тхагазитов, Андрей Хакуашев



Технический редактор – Мадина Гурижева
Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор – Залина Гетокова

Сдано в набор 02.09.09. Подписано к печати 28.09.09. Формат $70\times108^{1}/_{16}$. Бумага газетная. Печать офсетная. Усл. п. л. 12,6. Уч-изд. л. 11,14. Тираж 2000 экз. Заказ № 168. Цена в розницу – договорная.

Индекс издания: 73926
Регистрационный № Н-0036

Адрес редакции:
КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Отпечатано на ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат им. Революции 1905 г.» Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника
Заурбека Бгажнокова


## КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ИТХЭР:


**Нало Заур.** Бэлэ и дыху сабыныр. П о в е с т ь .................. 3


### ЖЬАНТIЭ


**«Ажал, уапэлъэщынкъым си усэ сатырхэм»** ................ 34
**Мечиев Кязим.** У с э х э р ........ 35
**ХьэкIуащэ Андрей.** ЩIыхь зыпылъ гъуэгуанэ .................... 45
**Къэрмокъуэ Мухьэмэд.** Гукъинэжхэр .................. 52
**Къэжэр Хьэмид.** «Къэзмыгъуэту хъунукъым зэгуэр Шэ къигъэувыIэну псалъэ гуэр...» .......... 74
**Тхьэгъэзит Зубер щхьэкIэ жаIахэм щыщ** .................. 76
**Тхьэгъэзит Зубер.** У с э х э р ..... 79
**Елгъэр Кашиф.** Ирехъу ди зэIущIэхэр кIыхь .............. 90
**Гадиев Ибрэхьим.** Гум и щэхухэр Р а с с к а з ....................... 92
**Зи IэщIагъэр екIуу зыгъэзащIэ** 105
**Апажэ Ахьмэд.** У с э х э р ........ 106


### ДРАМАТУРГИЕ


**Къаныкъуэ Заринэ.** Нагъуэ и унагъуэр. Д р а м э ........... 112


### КУЛЬТУРЭМ И ЛЪАХЭМ


**Гъут Iэдэм.** Псалъэр бгъэувмэ, вым хуэдэщ ..................... 130
**Коммодов Геннадий.** Анэдэлъхубзэр фIыуэ тщIэуэ пIэрэ? ...... 135


### ХЪУЭЖЭ И КУЭБЖЭ


**КIуантIэ Iэзид.** Модэр дэни щынэсым деж. А у а н .......... 138
**ЩIакъуэ Мыхьэмэт.** Щхьэм имытмэ, лъакъуэм я мыгъуагъэщ. «Щытхъу». У с э х э р .......... 140
**КъуэщIысокъуэ Владимир.** ГушыIэ сурэт ......................... 141
**Мыз Ахьмэд.** Псалъэзэблэдз ..... 142
**ЕплIанэ номерым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр** ... 144

НАЛО Заур

# Бэлэ и дыху сабыныр

*Повесть*



Мыгъэрей гъэмахуэр апхуэдизкIэ угъурлыщи, Къэбэрдейри Джылахъстэнейри зыхуэныкъуэм хуэдиз уэших тхьэмахуэ къэс кърегъэжэх аби, дыгъэр гуфIэжу къыщхьэщегъэувэж; гъавэри, жыгри, мэкъури, хъунри, а угъурлыжьым зрагъэууэрэ, дошэсей; ахэр дыгъэрыжьэ имыщIын щхьэкIэ, аргуэрым уэлбанэр кърегъэблэгъэж. Къэралбийхэ я бжэIупэм Iут балиейм пыс бжэндэхъухэм «КIуэкIурашэ мэпщафIэ, КIуэкIурацэ мэгуфIэ...» – жаIэурэ игъащIэ лъандэрэ къраш уэрэд закъуэм я дамэхэр къыдагъафэ; абыхэм къагъэуша Бэлэ цIыкIу щхьэгъубжэр къызэIуигъэжым, къуалэбзухэр щхьэщощтри, жыгыщхьэр нэху мэхъу. Абдеж къыIулъэда хьэмаскIэ гъуабжэр лъаIуэу Бэлэ къыхудоплъей, Бэли адэм и ныкъуэших гуэрхэр абы хуедз; зэрыхуидзу хьэмаскIэр къыдолъейри, ар жьэкIэ къеубыд аби, мэтхъэж.

Асыхьэтым, бжэ щIыхьэпIэр игъэкIыргъыу къыIуехри, Иван Захарович и адэр къамылъху щIыкIэ яда кIартIуз гъуабжэр щхьэритIагъэурэ къыщIокI, пэнурэ набдзэ къуий хъужауэ. Дуня и щхьэ мыжь цыпэплъыр бжэ дамэдазэм къыдегъэжри и лIым кIэлъоджэ:

– Смотри, Ваня, чэфу укъысхуэкIуэжынци, тхьэуэ сыкъэзыгъэщIа, укъыщIэзмыгъэхьэжын! КъызжиIакъым жумыIэж, мы бжэIупэ псыфым уIулъыну щытми, бжэр пхуIузмыхинкIэ пхузоIуэ тхьэрылъхум и цIэкIэ!

АрщхьэкIэ Иван Захарович ауи къызэмыплъэкIыу докI, и саквояжыр щIиупскIэрэ и пащIэкIэми ауану щIэгуфIыкIыурэ: абы ещIэ сымаджэ зиIэ унэ гуэри фадэбжьэ крамыгъафэу къызэрыщIамыгъэкIыжынур. Ар фадэм езыгъэсар Хъуэхъужьейрауэ фи мыгугъэ – илъэситI япэкIэ къуажэм къыщагъэкIуами ефэрейт, ауэ абы урыс нащхъуэжьыр иригъэжэхыу щытамэ, иджы цырибон пудым дихьэхащи, тыкуэным хуемыплъэкIыу блокIри, къущхьэ аркъэ щIэзыгъэжхэм я деж дохьэ, хьэми щымышынэу, Дуни фIэмылIыкIыу, Бэли фIэпсэкIуэд мыхъуу.

Хъуэхъужьей дохутырым, пщэдджыжь къэс зэхих тхьэрыIуэмрэ пщыхьэщхьэ къэс къызэрепыдж шхыдэмрэ есэжащи, ар зыу къыщымыхъуу, сивоскIэ гъэсыпIэм блокIри, хьэмгъуокъу ишыхьурэ, ХьэцIывхэ я дежкIэ еунэтI. Пхъэрыгъажи зэрымылъ, набжи зыIумылъ куэбжэм зэрынэсу, и адэжь и пщIантIэ дыхьэж хуэдэ, долъадэ, бжэIупэм Iулъ хьэ къарэжьыр къотэджри, щхьэщэ къыхуищI нэхъей, «хьэу» къудей жимыIэу, зыкъыхуегъэщхъ аби, мэтIысыж: аитIур зэныбжьэгъужь хъуати, хамэ зыдримыгъэкIуей пырхъуэр хуит къыхуещI. Мамсинэ зыкъом щIауэ хэлъу сымаджэт, къэтэджу мыпщэфIэфу, щэIуу, къэжьу. ПщафIэу унагъуэр зыгъашхэри, псы зэфэн къахуэзыхьри, яхуэжьыщIэ-яхуэдыжэри Мамсинэ ипхъу нэхъыжь Бушкэт. Дохутырым шэнт щхьэгуэ къыхуегъэув, сымаджэм бгъэдегъэтIысхьэри, езы Бушкэ тэрмэшу и анэм щхьэщоувэж.

– Нобэ дауэ зыкъыпщыхъужрэ, Мамсинэ? – жи Иван Захарович, дохутыр Iэмэпсымэр саквояжым къыдихыурэ.

– Къыдресей мыгъуэ, къыдресей...

– Догуэ, хущхъуэри пэлъэщыркъэ уи сэхураным?

– АIэ мыгъуэ! – мэгурым унэгуащэ лъэрымыхьыр. – Нэхъапэ сызэбгъафэу щыта кIаплIэхэр куэдкIэ нэхъ сэбэпт а иджы къысхуэпхь хъурей цIыкIухэм нэхърэ...

Иван Захарович сымаджэм и температурэр къепщ, и лъынтхуэхэм йодаIуэ, и бзэгум йоплъ. Мамсинэ а псори къыфIэIуэхукъым, ар зыщыгугъыу зыпэплъэр саквояжым къыдихыну кIаплIэращ; модрейми, унэгуащэр куэдрэ имыгъэлъаIуэу, псы стэканым ткIуэпсищ хегъаткIуэри ирегъафэ. Захарович къызэрытэджыжу, Бушкэ абы цырибон стэкан къыхуеший IэзапщIэу, езыри погуфIыкI аби, къримынэIауэ ирегъэжэхри, и Iэгъуапэм епэмурэ...

– Поправляйся, Мамсинэ! – жи. - Я еще завтра зайду.

Iэзэр пщIантIэм зэрыдэкIыжу, унэгуащэ лъэрымыхьыр къотэджри зетхьэщI, Бушкэ абы Iэнэ къыхуещтэри егъашхэ; шхэн зэриухыу цыкIуэкIыр къещтэри къафэм ещхьу утыкум къоувэ, цы иджу. Гъунэгъухэм зэрыжаIэмкIэ, Мамсинэ зылажьэ иIэкъым, кIолъхуоз хадапщIэ мыкIуэн щхьэкIэ зыкъытригъахуэу аращ. Пэжи пцIыи... И лIыр мэлыхъуэу Къущхьэхъум щыIэщ, и пщыкъуэ фызкъэмышэр ухуакIуэ бригадэм хэтщи, а тIум къалэжьыр ярокъу унагъуэм.

Апхуэдэххэу, къуажэм зы сымаджэ къыдимынэу Иван Захарович къызэхикIухьащ, техьэгъуэ къызытехьэри, зи дзэ сысри, уIэгъэ зытелъри, зи лъакъуэ зэрыуари, зи гъутхьэпс иубыдари, щIыб имыкIыфри, зи Iэ бэгари, зи тхьэмщIыгъу узри, набгъэ хъуари... Хэт хущхъуэ иригъэфащ, хэт рецепт хуитхащ, хэт Налшык сымаджэщым иунэтIащ, хэт нэгъуджэ хуитхащ, хэт дзэ сысыр хуIуичащ... Езыр псоми ныбжьэгъу-жэрэгъу яхуэхъуати, зы унэ къыщIагъэкIыжакъым ямыгъашхэу е ирамыгъафэу. Сэбэп зыхуэхъухэм, Тхьэм уигъэпсэу къыжраIэурэ куэбжэм къыдашыжырт, адэкIэ здэкIуэну унагъуэр езым ицIыхурти, абыкIэ игъазэрт. Уэрамым жэрэгъу щыхуэзамэ, дэмыгушыIэу блэкIыртэкъым:

– Что, Кургоко, на еблягыу не попал? – жиIэрти щыдыхьэшхырт.

– Ей, Ваня, после тебя разве еблагъэ остается? – жиIэрти, езыми къыдэгушыIэжырт.

Къуажэ IуэхущIапIэм щIыхьэрэ имыгъуэтамэ, секретарь щIалэм есэмэркъэт:

– Булат, если придет Казбулат,

Скажи, что я пошел гулять, – жиIэрти.

Гу жаныфI хъуа дохутырыр гушыIэнрэ дыхьэшхынкIэ ирикъуа нэужь, зи чэзу сымаджэм деж зригъэхьт. Аргуэрым гугъэжан къыщрагъафэрти къыдашыжырт.

Къуажэм фIыуэ къалъэгъуа Иван Захарович и гушыIэхэр Хъуэхъужьейм къыдэнэжауэ нобэр къыздэсым иридыхьэшхыу кърахьэкI.

Апхуэдэу ефэу, гушыIуэу махуэр егъакIуэри, Захаровичыр къебэнебэу къыдохьэж, нышэдибэ щыдэкIым щхьэгъусэм къытритхъуар щымыгъупщарэ иригулэзу: «Джэджьей зеуалэ псывэ хоупIэ» жыхуаIэр сэрмырауэ пIэрэ?» – ар игу кърездзэ, зэщIокIуэж аби, дахэкIэ фIы зыкъришэжыну хуожьэ:

– Ду... Ду-ня! – жи маджэ. – Ду-ня-ша-а-а, сэ уэ къыпхуэсхьар плъагъурэ? КъакIуи еплъыт! – жиIэурэ и улахуэ тIэкIур егъэпIий.

Дуня чэсыргей босцей къуэлэн щыгъыу, и данагъуэ щхьэцышхуэр и плIэм дэлъу къыщIокI, пхъэдзакIэ игъэдалъэрэ гыбзэр къыIурылъэлъу:

– Алыхьым и нэлатыр зытехуэн ефэреижь, нышэдибэ пхуэсIуа тхьэр пщыгъупщэжа? Хьэмэ сыбдэгушыIа уи гугъэ, жыхьэрмэкIэ ягъэлыпщIын? Учэфу мы унэм къыщIыхьэ узэримыIэр къыбгурыIуакъэ? Гъази дэкI, ныбэузым игъэкIэрэхъуэн! Дэнэ ухуейми зегъэхь, хэт и бэкхъ ухуейми щIэгъуалъхьэ...

Иван Захарович и IитIыр шияуэ къобакъуэ, IэплIэкIэ фызыр къигъэщэбэн и гугъэу:

– Ду-ня-ша, я лю… лю-блю тебя, – жи ерагъыу зэфIэт лIым. – Ради бога не злись. Я домой хочу. Я соскучился по Бэлочке, ну, не будь такой свиньей!

Дуня ар зэрызэхихыу къолыд:

– Ах ты, подлец, уэра хьэмэрэ сэра свиньяр? – жеIэр аби, пхъэ дзакIэр и лIым трекъутэ. Иван Захарович удыным къызэфIегъэмахэри, дыгъуасэрей уэшхым къыщIэна шэдым хоукIурие, фыз къэлыбар абы кIуэцIопкIэ, лIы мэхар шэтIэтIым къыхенэри, къызэубжьытхэкIыурэ, къызэбгэкIыурэ унэм щIохьэж аби, IункIыбзэIухыр щэней игъэкIэрахъуэурэ IункIыбзэ къретыж. Езыр лIыгъэ ищIа и гугъэжу, макIуэри и пIэ щабэм хопщхьэж. Хэпщхьэжа щхьэкIэ, жэщ псом гузавэрэ зигъэкIэрахъуэу, жеймызэгъыу нэху егъэщ.

ПцIыр хьэрэмкъэ, Дуня езым фIэфIу къыдэкIуат и Ваня, и лъагъуныгъэри мыужьыхыу допсэу, итIани инатыгъэр къытокIуэри, къыщIэкIыу еплъыркъым шэдым хидза лIым и Iуэху зыIутым. СыщIэкIыу щхьэ къыщIэзмылъэфэжрэ насыпыншэжьыр жиIэу зэзэмызэ игу къэкIырт, ауэ ерыщагъым зэрыжьэхэуэу, бзылъхугъэм и гущIэгъур икIуэтыжырт, гуажэу зызэридзэкIыурэ.

## I

Пщэдджыжьым ар игу къокIыж Дуня, мыпIащIэурэ зехуапэ, пщэфIэнуи хуожьэ, арщхьэкIэ, гурыщхъуэ фIыцIэ гуэр къыпкърохьэри, тебэр хьэку къэплъам тримыгъэувэу, щхьэгъубжэмкIэ доплъ – ауэ Ваняр шэдым хэлъыжкъым, и саквояжри езыри хэбзэхыкIри кIуэдащ. Ар и фIэщ мыхъу хуэдэ, щIожри шэдым щхьэщолъадэ, Iэшэлъашэр къеплъыхьри, шэтIэтIым хэкI лъакъуапIэр къегъуэт аби, а лъэужьыр ихуурэ куэбжэм докI, арщхьэкIэ лъакъуапIэхэр адрей лъэужьхэм хокIуэдэж. Фызым здигъэзэнур имыщIэу зыкъомрэ зеплъыхь, итIанэ, къыфIэмыIуэху хуэдэ зещIри, къегъэзэж.

– Ну черт с тобой! – жеIэ. – Къуажэм удэкIыу дэнэ укIуэн? Конешнэ, хуеямэ, щхьэгъубжэмкIэ къыщIыхьэжыфынт. НыщыщIэмыхьэжакIэ, шынауэ аращ. Трусишкэ! Ничево, ар Хъуэхъужьейм дэлIыхьынкъым: ныбжьэгъу и куэдщ, зыгуэрым и деж цIымбыкъыу щагъэшхэнщ, щагъэкъэбзэжынщи, сымаджэхэр къикIухьу ежьэжынщ, хэтхэ щIыхьэми цырибон къыIуракIэу… Пшапэр зэрызэхэуэу аргуэру чэфрэ зеуалэу къэсыжынщ… Ым, къэкIуэжми, лIы ирокъу къысфIыщIыхьэжмэ!.. Сэ сыхуэмеймэ…

Арати, Дуня къегъэзэжри пщэфIэн щIедзэж.

Бэлэ, дзыгъуэ цIыкIу нэхъей, пэш плIанэпэм зиудыгъуауэ дэсщ, и щIыбыр хьэкумкIэ къэгъэзауэ, зэм-зэмкIэ и дамэпкъыр къыдэуейуэ, къепIэскIуIа хуэдэ. Дыгъэр къызэрыщIэкIрэ дэсщ ар абдей, итIани и анэм гу къыщылъитар иджыпстущ.

– Къэхъуар сыт, си бзу цIыкIу? – жеIэри, Бэлэ и жьэпкъыпэр еубыдри къыдрегъэплъей. – Уи жагъуэ къэзыщIар хэт? – ИтIанэ и Iэпэ псыгъуэ цIыкIур иIыгъыу къыдешыж, и нэ фIыцIэшхуитIым щIэплъэурэ.

Бэлэ макъыншэу магъ, и нэпсхэр зырыз цIыкIуурэ къыщIэткIуу.

– Уэ къогуэуар хэтми къызжеIэ, сэ сыхурикъунщ а гъуамэм, – пхъум и гурыгъур езы Дуня илажьэу и пщIыхьэпIи къыхэхуэркъым.

Бэлэ, «Ий, ий, ий…» – жиIэурэ ужьэ макъкIэ гъын щIедзэ, ауэ зыхуэмыубыду и Iэ гъурыбзэхэр и анэм къыпщIэхедзэ:

– Папэ! – жи. – Дэнэ пхъа папэ? Къэшэж си папэ тхьэмыщкIэ, ий, ий, ий… Папэчкэ здэпхьар къызжеIи, сэри абы деж сыкIуэнущ… Сэ сыхуейкъым

папэ зыщIэмыс унэм сыщIэсыну!.. Сыт ар шэдышхуэм щIыхэбдзар? Ар итхьэламэ, сэ сытыт сщIэжынур? Ий, ий, ий...

Дауэ къэмылыдами, анэр анэщ... Адэр дэм хуагъадэу, анэр нэм щIыхуагъадэр сыт уи гугъэ? Дзасэ къыхаIуа хуэдэу, Дуня и гур къыхолъадэ, и пхъур пIэтIауэу къеIэтри IэплIэ, ба хуещI:

– Умыгъ, си бзу цIыкIу, – йодэхащIэ, и щхьэц хъурыфэм Iэ делъэ... - Умыгъ, тIасэ, папэ дохутырщи, сымаджэхэм я деж кIуэурэ йоIэзэ. Ныжэби хъыджэбз цIыкIу гуэр къытехуэри лIэ пэтати, папэ абы деж яшэри игъэхъужащ, – Дуня пцIы гъущэ еупс, ар и фIэщ хъу хуэдэ, хъыджэбз цIыкIур мэбэяуж.- Нобэ къуажэр къикIухьу дэтынущ уи адэр, лъэрымыхьхэм еIэзэу, хущхъуэ яриту, мастэ яхилъхьэу, дахэ яжриIэу... Умыгъ, си тхьэIухуд шыр, умыгузавэ: папэ пщыхьэщхьэ къэкIуэжынщи, и лъэгуажьэм утесу уигъэджэгунщ, псысэ гъэщIэгъуэнхэр къыбжиIэнщ... Умыгъ, сэ иджыпсту сыпхуэпщэфIэнщи узгъэтхъэжынщ, папэ и Iыхьэри къыхуэдгъэнэнщ...

Дуня хьэкум бгъэдоувэжри, блин Iэтэшхуэ егъажьэ, тепщэчышхуэм изрэ имыхуэжу Бэлэ къыхутрегъэувэ:

– Шхы, си дыгъэ цIыкIу, шатэм хэбгъапщIэурэ едзакъэ, – жи. – Сэри тIэкIу сыбдэшхэнщ. ИIэт, хэIэбэт!

Дуня шатэ Iупэ хъужауэ машхэ, Бэлэ шхэн имыдэу щысщ, и Iупэхэр къигъэпщауэ:

– Сэ папэ къэмыкIуэжу сышхэнукъым. Сэ папэ сыдэшхэнущ.

Бэлэ и адэм ещхьтэкъым. Иван Захарович зыгъэгусэрейтэкъым, сыт хуэдэу зыкъыхуащIми дыхьэшхырт, сыт къыхутрагъэувэми щIигъэмэракIуэрт, и щхьэ плIимэр, мис а пхъэ дзакIэр зытехуа щхьэ плIимэр, уцIырхъауэ щхьэц псырылъафэт. Дуня губжьыгъуафIэ шхыдэрейт, псынщIэу теужрэ цыIэрылъхьэм хуэдэу къэщабэжу; езыр цыпэплъ щхьэцышхуэрэ Iупэ Iуву, и Iупэ Iуври махуэм тIэу-щэ плъыжьыбзэу илэу. И гурей къикIамэ, и нэ къащхъуитIыр пыджэрэ, и гурыфI къикIыжамэ, лыд хуэдэ къигуфIыкIыу.

АитIуми ещхьтэкъым Бэлэ цIыкIу. И жагъуэ къамыщIамэ, уэрэд цIыкIу жиIэу гуфIэрейт, и нэ фIыцIэшхуэхэр гуапэрэ-гуапэу; и набдзэкIитIри, дамэ лъэта нэхьей, Iэтауэ, и лъакъуэ кIыхьхэр увыIэгъуэ ямыIэу зежэу е къафэу... Зэныбжьэгъухэр мэракIуашхэ кIуамэ, Бэлэ жыгым къабзабзэу дэлъэтейрт, къыщехыжкIэ зэщIэщIэларэ и Iупэр къыIуигъэпIыртIыкIауэ, къепщыхыжырти, тхьэрыкъуэф сэмбым мэракIуэр изу маменькэ къыхуихьырт, къыхущIэмыуэн е къемышхыдэн щхьэкIэ, итIани и тхьэкIумэр къыхуиIуантIэрт, «къабзэу» игъэпскIыжырт аби, шакъафэ хъуауэ щIыбым къыщIигъэкIырт; абы и ужькIэт езы Дуня мэракIуэм щыпэрытIысхьэр

... Дуня мэракIуэр щыгъупщэжауэ Ваня и Iуэхум йогупсыс: «Ах, ты Ваня-Ванюшэ, унагъуэкъутэ щхьэ дыпщI мыгъуэрэ? Уэ гъуамэр тхьэмахуэкIэ уефэнущ иджы, пщэдджыжькIэ щхьэщIыж уежьэрэ пщыхьэщхьэ къэс узеуалэу укъысхуэкIуэжу. Алыхь, фадафэныр хыумынауэ дяпэкIэ узэзмыгъэкIуэлIэн. Вот! Сэ сыкъыумыдзэми, черт с ним, уи пхъум гущIэгъу хуэпщIынкъэ?»

Махуэр икIащ, Иван Захарович къэкIуэжакъым. Жэщыр кIуащ. Иван Захарович къыкъуэкIыжыркъым...

Дуня гузэвэгъуэм къишхыу къуажэ тхьэмадэм деж макIуэ; тхьэмадэм ищIэркъым дохутырыр щыкIуэдар. Дуня гуIэжу къызэхежыхь Ваня и ныбжьэгъухэр, зыми къыIэщIэмылъэгъуауэ къыщIокI... Гурыщхъуэ бзаджэм иIыгъыу къосыжри нэкIуэпакIуэу КIужэ деж щIохьэ. Сэлами хэмыту, еблагъэми пэмыплъэу и Iуэхур кърепхъ:

– Жэщищ-махуищ хъуащи Ваня къекIуэлIэжыркъым, къуажэми дэзгъуатэркъым, и ныбжьэгъухэми здэкIуар ящIэркъым, согузавэ; сежьэу къэзмылъыхъуэжмэ, матушкэ гуэрхэм зралъэфэлIэнкIэ тIэу еплъынкъым, – жи. – Ар къэзубыдыжыхукIэ Бэлэчкэ усхуеплъамэ арат: сэри сынолъэIу, ди тхьэри узогъэлъэIу...

КIужэ цыджан пэрыIэмбэр зыIэпегъэху, и нэ нащхъуитIыр къэуIэбжьауэ кърегъэж:

– ЖыпIэ мыгъуэр сыт? – жьэгу дапхъэм тотIысхьэ, Дуня щыту къегъанэри. Къыщолъэтыжри псалъэхэр зэкIэлъегъэпIащIэ: –Жэ! Жэ, зумыгъэгувэу къэщ Урысейр, умыунэхъу щIыкIэ къэлъыхъуэж... Нобэ хуэдэ зэманым лIы зыIэщIагъэкIрэ? Ежьэ, Былэ цIыкIу щхьэкIэ умыгузавэ, ар си деж щыIэнщ, зыми хуэзгъэныкъуэнIым, сытеплъэкъукIынIым. КIуэ уэ, уи насыпыр зыIэщIумыгъэкI... Ахъшэншэу ухэмылъадэ, гъуэмыли къыздэщтэ... Былэ цIыкIу сысейм хуэдэу зесхьэнщ.... Дэвай, дэвай, жэ!..

Дуня щIожыжри, туфлъэ лъахъшэ щIэрыпсхэр лъетIагъэ, босцей къуэлэнри щетIагъэ, ахъшэу яIэ тIэкIур дуфачым декуэ, пщэфIауэ иIэ тIэкIур къыздещтэ, нэгъабэ Ваня Налшык къыхуриха жьауэр къездепхъуатэри дож, зылъыхъуэнум фIэкIа щылъыхъуэнур имыщIэу, емыгупсысу...

КIужэ и нэ нащхъуэ зэвхэмкIэ дурэши-плIэрэши къимыгъанэу пщIантIэри, хадэри, унэри къеплъыхь, анэмэту къыхуагъэна хъыджэбз цIыкIур къилъыхъуэу, щимылъагъукIэ, Iэнкуну и набдзэ къурашэ лъагэхэр нэхъ лъагэжу еIэт, и пщэ кIыхьым фIэт нэкIу къамылыфэр адкIэ егъазэ, мыдкIэ къегъэзэж гузавэу; и щхьэц фIыцIэшхуэр щхьэщIыбымкIэ щишыхьурэ пщIантIэм дожри, и жьэпкъыпэ хъурейр Iэтауэ ипщэри ищхъэрэри щIещыкI, «сыунэхъуаIэ мы цIыкIур псым ихьам! – жиIэурэ и гур къиузыкIыу. – ХьэмыкIэ цIыкIур мэжэлIауи къыщIэкIынщ, тотэ КIужэ сыкъыфIэIуэхукъым»,– жиIэ хъун мыгъуэщ.

... Шэджагъуэр фIэкIыу, Бэлэ псыхъуэм къокIыж, и кIэдахъуэм мывэ зэмыфэгъу цIыкIу къом илъу.

– Алыхь-Алыхь, мы налкъутналмэсхэр дэнэ къипха? – жеIэри КIужэ ахэр игъэщIагъуэу фэ зытрегъэуэ. – Уи адэр къэкIуэжмэ, сытым хуэдэу щыгуфIыкIын мыбыхэм! Иджы накIуэ, шэджагъуашхэ тщIынщ, а уэ пфIэфI джэдыкIэнэкъижыр пхуэсщIынщ, а уэ уи дэджэгуэгъу джэд къуэлэн цIыкIум къикIэцIауэ...

Бэлэ мэгуфIэ, итIанэ зыгуэр игу къокIыжри, КIужэ къыхудоплъей:

– Тетя, а къуэлэн цIыкIум къикIэцIахэр псори сэ сыбогъэшх, – жи, – мо адакъэ плъыжьыжьым ейхэм щыщ сыту зэ сумыгъэшхрэ? Абы къикIэцIхэр дядя Къэралбий хуэбгъэтIылъу ара?

КIужэ къызэрылъэлъу мэдыхьэшх:

– А делэ цIыкIу, адакъэ джэдыкIэ уэ пхуэшхын? Мо ди адакъэ плъыжьым къикIэцIыр хъарбыз хуэдиз мэхъу. Ар зышхыфын мы хьэблэм дэсIым, Къэралбий фIэкIа.

Бэлэ Iэнкуну къоувыIэ:

– Абы и нэри къижу бгъажьэрэ?

– АIэ, на-а, джэдыкIэпхъампэу хузогъавэ.

– А-а, пIастэ зэрыпщI бэлагъышхуэра пхъампэ ищIыр?

– Аращ, ауэ бэлагъым сэ сыщрипщафIэкIэ, ди хьэнцэри пхъампэу къегъэсэбэп.

Бэлэ къоуIэбжьри, босцеикIэр еутIыпщ аби, и «налкъутхэр» зэбгролъэлъ. Хъыджэбз цIыкIум ахэр къищыпыжурэ КIужэ и кIэпхын жыпым ирекIутэ:

– Мыхэр уэ щыгъэ щIы, тетя, – жи. – Сэ мамэ сигъэшхэну къыспоплъэри сыкIуэжынщ, ахъум къызэшхыдэнщ.

– Мамэ щыIэIым, Бэлэ, мамэ ежьащ, – жеIэри КIужэ абы и Iэпэр еубыдыж. – Сэ джэдыкIэнэкъиж пхуэсщIынущ...

– Дэнэ здэкIуар? Сэ щхьэ сыздимышарэ?

Иджы КIужэ Iэнкун мэхъу, жиIэнур имыщIэу.

– Ан-на, и Iуэхур зэфIэкIмэ, къэкIуэжынщ, умыгузавэ. Ар къэкIуэжыху си деж ущыIэнщ, жэщкIэрэ таурыхъ бжесIэурэ узгъэжейуэ...

– Мамэ бэзэрым кIуа?

КIужэ и къаныр зэрытригъэун пцIы къелъыхъуэри:

– АIэ, – жи, – Налшыч щыIэщ, папэ и гъусэу.

– Налшычыр сыт?

– Налшычыр къалэшхуэщ... унэ зэтетхэр дэту,.. уэрамхэр пхъэбгъу лъэгурэ... къабзэу. Абы зы хъыджэбз дахэ цIыкIу дэсти, сымаджэ хьэлъэ хъуащ. Папэ абы ирагъэIэзэну яшащ, мами хуэпщафIэурэ папэ игъэшхэну кIэлъыкIуащ...

– Тетя, сыкъыумыгъапцIэ, мамэ пщэфIэну араIым абы щIэкIуар... Сэ сощIэ ар абы щIэкIуар.

КIужэ мэгузавэ, си пцIыр къыщIегъэщ мы Iейм, жыхуиIэу:

– Папэ аркъэ иримыгъэфэну аращ щIыкIэлъыкIуар.

– Ей, уэри уэ! Уи тхьэмбылым цы тету укъалъхуащ уэ: псори уощIэ, псори къыбгуроIуэ... НтIэ, папэ ефэмэ нэхъыфI?

– Тхьэ, мынэхъыфI.

– НтIэ, мынэхъыфIмэ, накIуи уи джэдыкIэнэкъижыр и нэр къижу шхы!

## II

Бэлэ илъэсищрэ мазитIым иту арат. Адыгэ къуажэм къыщалъхуауэ къыщыхъурти, урысыбзэм хуэдэу адыгэбзэри ищIэрт. И анэдэлъхубзэмкIэ абы къепсалъэри и анэмрэ и адэмрэт, хьэблэ псор къызэрепсалъэр адыгэбзэти, зэрыбжэри а бзэрат, зы, тIу, щы жиIэурэ и уэрэдхэри адыгэ уэрэдт, къызэрыфэри адыгэ къафэт. ИтIанэ, абы зы макъ иIэщи, амкIыщым хуэдэу жьгъырущ. Уи нэ фIыкIэ иулъагъу, ар балигъ хъумэ, занщIэу Москва Театрышхуэм яшэнщ. И ныбжьэгъухэм я деж джэгуакIуэ е мэракIуашхэ кIуамэ, здэкIуа унагъуэм яшхыр абыи къргагъэшхырти, адыгэ шхынхэми есат; я деж, гуахъуэкIэ мыхъуу, и Iэпэ псыгъуэ цIыкIухэмкIэ щафIэшхэрт. Урыс кашэм, котлетым нэхърэ нэхъ къищтэрт джэш лыбжьэр, хугу хьэнтхъупсыр, хъынкIэлыр, ауэ псом хуэмыдэжу абы фIэфIыр сыт жыIэт – кхъуейжьапхъэр, жэмыкуэр, мэжаджэ зыхэпIыта шэр, джэдыкIэнэкъижыр... ХьэлIамэрэ хьэлIамэпсрэ къыхутрагъэувэми, зриусыгъуэджэртэкъым. Бжьыхьэм хъарбызфо щагъавэкIэ, Бэли Iыхьэ къыхуагъэхьырт, езыми шатэ хилъхьэрти, чыржын хигъапщIэурэ щIигъэмэракIуэрт.

Гъунэгъу фызхэм ягъэщIагъуэрт:

– Тхьэ, матушкэхэми адыгэ къалъхуу щIадза хуэдэм! – жаIэурэ.

Хъуэхъужьейдэсхэм, ар яфIэщыпэ хъуа нэхъей, и цIэри ди къэпсэлъыкIэм хуашауэ, ини цIыкIуи къызэреджэр Былэт. Уи цIэр сыт жаIэурэ къеупщIIами арат яжриIэр: – Былэщ.

...Унэгуащэм Iэнэ хъурейр къыхуегъэув, джэдыкIэнэкъижыр тебэ цIыкIукIэ къыхутрегъэувэ, чыржын бзыгъитI бгъурылъу.

– Еуэ иджы, цIымбыкъыу шхэ!

– Тетя КIужэ, мы джэдыкIэнэкъижыр и нэр къижу сыбгъэшхыну, гуэныхьIэ?

КIужэ егъэщIагъуэ хъыджэбзыжь цIыкIур псалъэхэм зэрыриджэгур:

– Тобэ Iистофрилэхь! – жеIэри зокуэфауэ. – Алыхьым укъигъэхъу, ауэ укъэхъумэ, уд ухъунмэ уэ сэ слъагъур!

– Удыр сыт зиIысыр?

– Удыр хъыджэбз дахэщ... – мэгушыIэ КIужэ.

– ТхьэIухудым нэхърэ нэхъ дахэжуи?

– Нэхъ дахэжрэ нэхъ губзыгъэжу тхьэ!

Бэлэ фIыуэ машхэ, хывышэ стэкан трефыхьыж.

– Спасибо, уд! – жеIэри къотэджыж.

Къэралбий хуищIыну джэдыкIэжьапхъэр зэIиуду щыт КIужэ, ар зэрызэхихыу, къоуIэбжь аби, фалъэр Iэпохури, жьапхъэр лэгъунлейм къыщIекIэ.

– Сыкъэсэхыжт иджы! – жеIэри фызыр къонэщхъыджэ. – Сыт иджы лIым езгъэшхынур? – Шэджагъуэ жей ищIыну тахътэбаным игъуэлъхьа Бэлэ къыщолъэтыж:

– Умыгузавэ, тетя КIужэ, дэ колбаса ди куэдщи къыхуэсхьынщ.

– ЖиIэр сыт мы уд шырым! – къыхуолъ абы унэгуащэр. – Муслъымэным кхъуэ нэкулъ яшхрэ? Жей!

Абы хэту Къэралбий лэжьапIэм къокIыжри, шхакIуэ къокIуэж. Къэралбий плIабгъуэ фцIыхуу къыщIэкIынкъым фэ. Ар мускул защIэу зэхэлът, зигъэпскIыну зиупцIэнамэ, и IэпкълъэпкъкIэ лIы дахэжьу къыщIэщт. И щхьэр хъарбыз кIыхьым ещхьт, и щхьэщыгум зыщиупэпцIрэ и жьэпкъыпэм дежи папцIэ щыхъужу, ауэ хьэлэмэт дыдэр и пащIэ ныкъуэтхъум хуэдиз хъу набдзэшхуитIырат: абы щхьэкIэ и ныбжьэгъу-и лэжьэгъухэр къыдэгушыIэурэ «ПащIищкIэ» къеджэрт, цIэ лей хуэхъуауэ; езыри абы есэжати, и цIапэм придзыхыртэкъым. И пэ къуршышхуэри екIут и пащIэм, нартыфэ къытригъауэу. И нэ гъуабжэшхуэр къыпIуплъамэ, къыбжьэхэпсэрти, лъагъугъуафIэ ищIырт. Махуэ къэс упщIэ пыIэрэ джанэ зэпрыдзкIэ лъэщапIэм кIуэрт, ауэ дыуэщI е собранэ хуэдэ щыIэмэ, и къэптал дахэр щитIагъэрт.

Дыгъэр я балиейм къыпытIысхьа къудейуэ, ПащIищыр шэджагъуашхэ къосыж. Фызыр мэгузавэ:

– Тхьэ, джэдыкIэжьапхъэ пхуэсщIыну згъэхьэзырар мы уд цIыкIум и зэранкIэ къысфIикIутам, – жи зиухеижу.– НэгъуэщI хьэзыр иджыпсту симыIэ...

Бэлэ зыкъретIэ:

– Тхьэ колбаса къыпхуэсхьынути, уи удым къызимыгъэхьа!

Къэралбий къыщеудри, гъунэгъухэм я деж нэIусу мэдыхьэшх:

– Уэлэхьи, ди гуащэм хуэфэщэн цIэ къыхуэбгъуэтам! – жеIэ Къэралбий, Бэлэр къеIэтри дредзей, и нэкIум ба хуещI аби, и лъэгур игъэтхытхыурэ егъэдыхьэшхри, егъэгъуэлъыж, итIанэ КIужэм зыкъыхуегъазэри. – СлIо, шати димыIэу ара? – жи.

– Тхьэ ди куэдыжьым.

Къэралбий хыв шатэ Iувыр чыржын щIыгъуу ирекъух, бурш хэлъу къалмыкъ шей трефыхьыжри, арэзы хъуауэ лэжьапIэм егъэзэж.

«Дыгъэр, шапсыгъ фонащэм ещхьу, зэпэхъурейуэ жаIэ, – жиIэурэ мэгупсысэ, и щхьэ кIыхьыр игъэкIэрахъуэурэ – Бетэмал, ар фонащэу щытамэ, ин дыди, IэфIыбзи хъунт; ауэ лъагащэщи къыщIэпчыну улъэIэсынтэIым, улъэIэсыпэу къыщIэпчами, ар зи пщытырагъыр дауэт зэрыпшхынур? Къэхь къурIэн, Жанчорэ абы щхьэкIэ къимыгъанэу ишхынтэм, и пащIэ гъуэжьыжьхэр трилыгъукIауэ; арщхьэкIэ а кIыхьсолэжьыр, насып диIэщи, лъапэпцIий зищIми, лъэIэсынуIым, армыхъуамэ зыIуридзэнти уэлэхьи, дуней, кIыфIым дыкъыхинэнтэм, нэм къыIэщIэбэр умылъагъуу. А шапсыгъ фонащэр Жанчорэжьым IэщIэкIауэ къурш щIыбым щыдэпщхьэжкIэ, ешарэ упщIыIужу хуежьауэ носыжри, Уащхъуэ-Мывещхъуэ КIанэ жыхуаIэр и пэрыIэбжьымкIэ къоIэбэр аби, шэдыбжь мафIэм пэрелъхьэж, нэху щыху егъэплъри! – а пэрыIэбжьымкIэ Пхъэш тхыцIэм къытрегъэувэж, «хьайдэ иджы, уи Iуэху яужь ихьэж!» – жеIэри. Сэ Iэджэрэ сыкIэлъыплъат абы Хъуэхъужьхэ къысхуагъэна жэз нэрыплъэжьымкIи, уэлэхьи, фонащэм емыщхь, хъарбызми хуэмыдэ – хъурей пIащэшхуэрэ апэсы щIэрыпсым ещхьу къожьэри, гуфIэжу къыдокIуей, и дыщэ лъэбжьанэхэр уафэ джабэм хиукIэурэ. И гурыфI къикIамэ, дунейр щхъуантIэ дахэ ещI, хъарбызхэм IэфI къыщIелъхьэ, мыIэрысэхэр егъэдыхьэрэн, хъыджэбзхэм я Iупэхэр шкIэплъкIэ елэ; и гурей къикIамэ,

пшэм зыхегъапщкIуэри, дунейр егъэнэщхъей, дэри дыхуэзэшрэ зыдгъэщхъыу махуэр дегъэгъакIуэ».

Къэралбий джыдэмрэ пхъэхымрэ ирагъэшамэ е и пхъащIэгъухэм зэгуагъэпамэ, мопхуэдэ гуэрхэр къигупсысурэ, и щхьэр дунейм къыIэщIехри, и псэм згъэпсэху. Ноби апхуэдэ гуэрхэмкIэ зытригъэуурэ мо ешаелIар къокIуэж, и IэшхуитIыр щIидзу. Бэлэ пэнтхым деж хьэмбыIуу тесщи, къэрабэхэр къещып, щIыр зыгъэщIэращIэ дыщэ метхэр кърич нэхъей. Къэралбий ар зэрилъагъуу къогуфIэ: иджыри къэс бын зыхуамылъхуа лIым, сабий илъэгъуамэ, и гур къохъуэпсыкI. Абы лъапэпцIий зещIри, щэхуу Бэлэ и щIыбагъымкIэ къыбгъэдохьэри, и Iэгу лэрыгъуитIымкIэ хъыджэбз цIыкIум и нэ фIыцIитIыр IуепIэ. Бэлэ мэдыхьэшх, жынжу[1] къызэрылъэлъу:

– Дядя Къэралбий, узмылъагъуу уи гугъа? Тхьэ, нэбгъузкIи услъэгъуам, уи лъапэпцIийри зэхэсхам, уи Iуэгури къэсцIыхужам, – жи.

Къэралбий мэдыхьэшх аби, Бэлэр къепхъуатэри, дридзей-къиубыдыжурэ, къехьыж.

– Мыпхуэдиз къэрабэр сыту пщIыну, Былэ?

– Мыр къэрабэIым, дядя, мыр щIым и дыщэ метщ, – жи. – Тетя КIужэ селъэIунурэ уи къэпталым щIыIуу пхурезгъэдэнущ. ИтIанэ ар зылъагъу уи ныбжьэгъухэр къохъуэпсэнщ. КъохъуэпсэнIэ? – Бэлэ и нэр щIеукъуанцIэри, гушыIэ хуэдэу, къоплъ Къэралбийм.

– Ауэ сытми! – жеIэри ПащIищри догушыIэж.

– НтIэ, абы къыпэкIуэу уэри зы псысэ дахэ къызжепIэнщ, хъунIэ?

Арыххэу Бэлэ и пэну цIыкIур къыпоху, Иван Захарович и псысэхэр игу къокIыжри. – Милый дядя, – жи,– мамэрэ папэрэ дапщэщ къэкIуэжыну? Сэ Iейуэ сахозэш абыхэм. СыгуэныхьIэ, щхьэ сыкъагъанэу ежьэжа?

– Зумыгъэгусэ, си псэр зышхын, зумыгъэгусэ, – и щхьэм Iэ дилъэурэ йодэхащIэ. – Ваня къэкIуэжыху, сэ уи папэу сыщытынущ, Дуня къигъэзэжыху, КIужэ мамэу уиIэнущ. Абы IэфIу уигъэшхэнущ, сэ псысэ бжесIэнущ, КIужэ и гупэ ухигъэлъынущ...

Къэралбий Хъулбэциц и таурыхъыр кърегъажьэри, куэд дэмыкIыу Бэлэ Iурех.

Мазэ дэкIа-дэмыкIауэ Къэралбийхэ телеграммэ къахуокIуэ, розэ плъыжь дахэ тету: «Ваня и лъэужь сытехьащ, мыгувэу къэзубыдыжынщи, и тхьэкIумэр сIыгъыу нэсшэжынщ. Фымыгузавэ, Бэлэ фыхуэсакъ. Дуня», – жиIэу.

КIужэ урысыбзэ ищIэртэкъыми къеджэфакъым абы, Къэралбий къызэрыкIуэжу къеджэри, щхьэгъусэри игъэгуфIащ, гуащэ игъэджэгуу бжэIупэм Iус Бэлэ къыхуемыджэу жриIащ:

– Былэ-тхьэIухуд, уи мамэ телеграммэ къигъэхьащ, «мыгувэу дынокIуэж», – жиIэри.

Бэлэ и Iупэ пIащIэ цIыкIухэр игъэгуфIа мыхъумэ, икIи дэлъеякъым, икIи къэфакъым, ауэ и нэ фIыцIитIыр къигъэлыдри, куэд дэмыкIыу игъэункIыфIыжащ. Сэ къызэрызгурыIуэмкIэ, абы и адэ-анэм захуигъэгусэу арат. Бэлэ и пIэм дитамэ, уэри зыбгъэгусэнт, сэри зызгъэгусэнт. Ауэ папэрэ мамэрэ къызэрысыжу, зэраIуплъэжу, угъурлы цIыкIум и зыгъэгусэр бзэхыжынут: щыIаи-щымыIаи. Къан хъыджэбзым игу щыщIэр къыгурыIуа хъунти, КIужэ и нэмэз щыгъэ дыщафэр пхъуантэм къыдехри къыпщIэхелъхьэ, Бэлэ Iэнкуну къыхуоплъэкI:

– Мыр сыт, тетя?

КIужэ я гъуджэ плIимэр къехьри къанхъыджэбзыр ирегъаплъэ.

– Мы гъуэжь дахэр дыщэ хьэмэ дыжьын?

– Хьэуэ, тIасэ, мыр пхъэщ, пхъэ лъапIэм къыхэщIыкIащ.

[1] Ж ы н ж - жемчуг.

– Сыт-тIэ сэ мыбы есщIэнур?

– Мыр щыгъэщ, щыгъэ-нагъыщэщ: нэнаухэм уахэгъуащэрэ удмыгъуэтыж хъумэ, уи щыгъэ дахэмкIэ псоми уакъыхэщынурэ абыкIэ укъэдгъуэтыжынущ, – жиIэурэ КIужэ Бэлэ догушыIэ.

– Сэ мыбы дахэ сещI, тетя.

– Дахэр минми къахэщынурэ, занщIэу укъацIыхужынущ...

Бэлэ щыгъэ темыплъауэ аратэкъым, ауэ иджы фIэкIа апхуэдэ къыпщIыхалъхьатэкъым.

Нэху къокIхэри, Къэралбий и гъуэлъыпIэ къуапэм апхуэдэ щыгъэшхуэ зэрыфIэлъыр Бэлэ игу къокIыж, лэгъунэм мажэри, ар къыфIех аби, къехьри къалмыкъ шей ефэу Iэнэ хъурейм пэрыс лIым пщIэхелъхьэ.

– Мыр сыт, Былэ? – Къэралбий егъэщIагъуэ ар. – Сэ хъыджэбз цIыкIу сыхъуауэ ара?

– Хьэуэ, дядя, мыр цIугъэнэIым, мыр нагъыщэщ, – жи Бэлэ, зигъэхъыджэбзышхуэу. – Уи ныбжьэгъухэм уахэкIуадэмэ, укъритцIыхужыну зыпщIыхэгъэлъ.

Къэралбий къыщетхъри къалмыкъ шейм хопырхъэ. ИтIанэ дыхьэшхыурэ Бэлэ къеубыд аби, и нэкIум ба хуещI, и лъэгуажьэм егъэшэсри, «чыху, чыху, алащэ, темыщыкIыр и вакъэ...» – жиIэурэ егъэджэгу. – А, тхьэIухуд делэ цIыкIу, сэ щыгъэ сыхуэныкъуэIым, сэ си пащIэр нагъыщэщи, сыкIуэд хъумэ, абыкIэ сыкъэбгъуэтыжынущ. Мис уэ пащIэ птетIыми, нагъыщэ ухуейщ укъридгъуэтыжыну, зыпщIыхэгъэлъ мы дыщэ щыгъэр.

– Дядя, сэ сытым щыгъуэ пащIэ къыщыстекIэнур?

– СлIо, уи дыщэ щыгъэм нэхърэ нэхъ къапщтэрэ пащIэр?

– Сэ сохъуапсэ пащIэм...

– УмыпIащIэ, КIужэ къытекIа нэужь, уэри къыптекIэнщ...

Унэгуащэм ар зэрызэхихыу къыщеудри мэдыхьэшх, къамыл фор зэрыт тепщэчыр къыIэщIэсысэурэ фор къыпыткIуу...

Илъэс пщыкIутху хъуауэ бынышэу зэдэпсэу Къэралбийрэ КIужэрэ сабий зиIэхэм ехъуапсэу, езы тIум апхуэдэ насыпкIэ Тхьэр къахуэмыупсэу къыздекIуэкIым, лIым фызыр игъэкъуаншэу, физым лIым трилъхьэу, зызэхуагъэгусэрэ зэфIэнэу, ауэ куэд дэмыкIыу зэкIужу – апхуэдэу къекIуэкIырт, итIани, фIыуэ зэрылъагъути, зэбгъэдэкIыжыну ягу къэмыкIыххэу я дуней Iыхьэр яхьырт.

– Уэ уи анэм бынипщI фыкъилъхуащ, зы хэмылIыкIыуи къигъэхъуащ, уэ зы дзадзу нэхъ мыхъуми... Аууей! – жиIэрт лIыми, ныкъуэшхэу хъупыр Iэнэм тридзэжт аби, лъэщапIэм игъэзэжырт, ауэ пщыхьэщхьэм зэнэзэпсэ хъужт, зэхуэгуфIэу, зэдэгушыIэу.

Хьэблэм зы сабий къыдалъхуамэ, КIужэ зэшыр къытеуэрти зигъэубэлэцырт:

– Уэ уи адэм – Алыхьым жэнэт Iыхьлы ищI! – бынибл кърыгъэлъхуащ, уэри уахэту, уэ сыту зы закъуэ къызумыгъэлъхуарэ? – жиIэрт аби, жьыщIыгъэр тасым илъу къигъанэрти, нэпс щIигъэжу пырхъуэм тетIысхьэжырт.

Апхуэдэхэм деж игурэ и щхьэрэ зэбгъэжу Къэралбий КIужэ къыбгъурытIысхьэрт:

– Тажьджэхэ япхъу, дызыхэмытын дыхэмыту ибэ гуэр къэдгъэхьи къуэ дыгъэщI, – жиIэрт. – Псапи хъунщ, дэри дытригъэунщ, жьы дыхъуми дипIыжынщ...

КIужэ и гур къызэрыгъуэтыжырти, лIым къыхуэгуфIэрт:

– Тхьэ хъунтэм! Тхьэ ди дежкIэ насыпышхуэтэм ар, ауэ дэнэ къитхын апхуэдэ зеиншэ? Адэ-анэ зиIэм къуатынуIым, ибэ къыздипхынур дэнэ?.. Тхьэ, мы къуажэми, къуажэ гъунэгъухэми апхуэдэ щыIэу зэхэзмыха...

– ЩІызэхыумыхари? Ибэ хъуахэр къэралым зэщІикъуэурэ епІ, аращ щІызэхыумыхар! «Децки дом», жаІэу зэхэпха? Сабий зеиншэхэр щапІ унэ жиІэу аращ абы къикІыр. Апхуэдэ унэ Налшыч дэтщ, Іэрджыникыдзэ дэтщ. А тІум язым делъэІумэ, къыдатынІэ...

– Къыдатыну пІэрэ пэжу? Къуатмэ, къуатынур адыгэ? Балъкъэр? Къущхьэ? Урыс? Журт? Сонэ? Цыджан?.. – КІужэ и Іэдакъэр и жьэпкъыпэм щІигъэкъуауэ хогупсысыхь. – Муслъымэн къыпІэрымыхьэу, джаур къыппэщІэхуэмэ, дауэ зэрыхъунур? ДыхущІегъуэжынІэ? УщІегъуэжмэ, пхьыжу яхуэбдзыжыну? ГуэныхьІэ?

– Ей, Тажьджэхэ япхъу, уэ губзыгъэм укъилъхуащ, удели хуэдэІым, щхьэ къыбгурымыІуэрэ сабий джаур зэрыщымыІэр! Алыхьым псори зэхуэдэу къегъэщІ. Муслъымэным ипІар Іиман иІэу къохъу, чыристэным ипІар чыристэн диным йохьэ. Сабийзэхэгъэж пщІыныр –– мис ар гуэныхьщ, гуэныхь ухуеймэ!.. Мес ди Былэ цІыкІу – ар чыристэн хьэмэ муслъымэн?

– Тхьэ, минрэ чыристэным къалъхуами, и псэр муслъымэныпсэм!

– Ае, Ленинып чыристэн хьэмэ муслъы...

– Азалыхь, муслъымэнкІэ! – шэч къытримыхьэжу еІуэ КІужэ. – Нэсри къигъэзэжауэ ари! Тхьэ, КъурІэн псоми еджа Хьэбидэт жиІэрам Лениным и нэмэз уахъты блимыгъэкІыу, зы рэмэзани блимыгъэкІыу нэщІ ису щытауэ... ауэ хьэжыщІ кІуэну хунэмысу дунейм ехыжауэ... лэжьакІуэбэм я Іуэхум къыдэмыхуэурэ. Ауэ Сталиныр чыристэну жаІэ. Пэжи пцІыи? Ауэ зыми зэхыумыгъэх.

Къэралбий и унэгуащэр ауанышхуэ ещІ:

– Уэлэхьи пцІышхуэм! Куэдрэ щхьэр иремыгъавэ а пэщхъыныхъум! Лениным и адэ-анэр чыристэнащ, ауэ езым диныр кърицзэххэу щытаІым, ауэ и цІыхугъэкІэ, и фІэрафІагъкІэ муслъымэным и муслъымэныжт... Абы и улахуэр зэ и унэ ихьаІым, тхьэмыщкІэхэм яхуигуэша мыхъумэ...

– Езымрэ и унагъуэшхуэмрэ слІот яшхыр?

– И щхьэгъусэм къиихь улахуэм ирипсэурт... Абы тхылъищэ итхыурэ къытригъэдзат, ауэ тхылъхэм я пщІэр къаІихаІым, ари сымаджэщхэм ятригъэкІуадэрт, хущхъуэ къахуищэхуу, дохутырышхуэ къахуишэу, гъуэлъыпІэ щабэ, къауцыпІэ къахуигъуэту... НтІэ, Тажьджэхэ япхъу, апхуэдэ Ленин шыр къыппэщІэхуамэ, муслъымэнІым жыпІэу яхуэбдзыжынут?

– ЖыпІэр сыт! Азалыхь, апхуэдэ дзадзу къыспэщІэхуамэ, кІэдахъуэкІэ спІынтэм; сэ сымышхэжами, зыхуей хуэзгъэзэнтэм!.. АрщхьэкІэ...

– Зэ ущІимыхьэ! Мыр зэгупсысын хуей Іуэхущ... ИтІанэ, пщІэрэ, ди гъунэгъухэр къэкІуэжыху а Іуэхур къэтІэт хъунуІым. Ди анэмэтыр зейм Іэрыхьэжмэ, итІанэ дегупсысынщ, дызэчэнджэщыпхъэми дечэнджэщынщ. Сэлсэвет щыІэщ, ефэнды щыІэщ... ДжэбрэІил хьэжым и чытапышхуэм жиІэнури пщІэрІым...

– Догуэ, а ди гъунэгъу жыхуэпІэхэр къэмыкІуэжыххэмэ-щэ?..

– Сыт къыщІэмыкІуэжынур? Я сабий закъуэр хыфІадзэу ежьэжхэм ящыщ цІыху Ивани Дуни?

– Сэ сщІэ мыгъуэрэ, бзаджэнаджэ хуэзэрэ къыукІмэ е сымаджэ хъурэ лІэмэ...

– Гъэбэяу иджы уи сэмпалыр! – мэгубжь Къэралбий. – Алыхьым ибэ имыщІкІэ а тхьэІухуд шырыр! Дэ дыщыІэу зеинши хъунІым ар! УмыпІащІэ! УщІэмыпхъуэ! Алыхьым жиІэмэ, тІури узыншэу зэщІыгъуу къэкІуэжынщ.

Къэралбий джыдэ жаныр кІэпкъым деІури, и нэщхъыр зэхэукІауэ докІ.

КІужэ кІэртІоф плъыжь кІыхьыр иукъэбзу пырхъуэм здытесым, къы-

зыхэкIыр имыщIэу къыхощт. КIэртIоф иIыгъыр укъэбзын имыухауэ Хьэмщlасэ, гужьеярэ къызэщIэплъауэ, къыIуолъадэ бжэIупэм:

– КIужэ, псынщIэу, псынщIэу! Уи быфэпхъур ди мэракIуейм къехуэхри... къехуэхауэ щылъщ и лажьэр дымыщIэу, – жи. – Нажэ псынщIэу!..

А дакъикъэм быфанэр къызэфIэмахэ пэтащ, арщхьэкIэ гузэвэгъуэ къытепсыхар къытокIуэри, кIэртIоф ныкъуэукъэбзымрэ сэмрэ зэриIыгъыу щIопхъуэ. Гъунэгъу ипщэм я хадэм илъадэмэ – Бэлэ щэIурэ гъыуэ мэракIуей щIагъым щIэлъти, гъуэгыу зытреубгъуэ, IэплIэкIэ къещтэр аби, кърехьэжьэж, и нэпс пIащэхэр хъыджэбз цIыкIум и нэкIу фагъуэм телъалъэу. Мис абдежыращ КIужэ и гум Бэлэ быфэпхъу щихъухьар. Ар езым къилъхуами апхуэдэут зэрытегужьеикIынур, апхуэдэут и псэм къызэрыщIитхъынур. ЦIыхум псэхэхыр къыхуэкIуами, абы нэхърэ нэхъ гузэвэгъуэшхуэ къыхуихьынтэкъым. Хьэуэ, КIужэ а сыхьэтым быфанэтэкъым, анэ дыдэт, Бэлэ езым къилъхуа нэхъей.

А гузэвэгъуэр лъэщапIэм зэрынэса щIыкIэр Тхьэм ещIэ, ауэ тэлай дэмыкIыу Къэралбий къосыжри, гъуэлъыпIэм илъ Бэлэ гужьеяуэ щхьэщоувэ:

– Сыт уи лажьэр, си Былэ дахэ цIыкIу? Къоузыр сыт, си дуней нэху?

Бэлэ мэгъынанэ:

– Си блыпкъыр мэуз, дядя, – и Iэ ижьыр блыпкъ сэмэгум трелъхьэ. – Мис мыбдеж Iейуэ мэуз... Мэузри сегъагъ... МэракIуейм сыкъехуэхри, а лъэныкъуэмкIэ сытехуащ, дядя...

– Хэт къыбжьэхэуар, си псэ? Зыгуэр къоIунщIа? Хьэмэ убэлэрыгъауэ укъехуэха? Дауэ зэрыхъуар?

– Къуаргъыжь гуэр си пыIэ плъыжь цIыкIум къехъуапсэри, къыстеуэщ аби, щысщхьэричым, къытесхыжын си гугъэу сыпхъуэри сыкъехуэхащ... сымыщIэу сыкъехуэхри...

– Е си хьэмыкIэ цIыкIу! – Къэралбий и гур къызэфIонэ. – Дэнэ дохутыр къитхыну иджы? Ваня диIэжам аратэIэ!

– Тхьэ, дядя Къэлэбий, си папэ къысхуэмеиж, ахъумэ сыкъигъанэу емыжьэжынт... Сэ иджы папэу сиIэр уэращи, мамэу сиIэри КIужэщ, – Бэлэ къыщеудри зэщыджэу магъ. – Сэ сыфыфейуэ сыкъэфщтэн?

КIужэ къыбгъэдохьэри, ба къыхуищIурэ:

– Уэ узипхъур дэраIэ, си шыр, умыгузавэ, умышынэ... Си кIэдахъуэм уису укъесхьэкIынщ... Дуня къэкIуэжмэ, ари уи мамэщи, мамитIу дуриIэнщ...

Абы хэту Хуарэ ДжэбрэIил–хьэжыр къос.

– Дэндей узар? – жи. – Сыгъэлъагъут.

Блыпкъ сэмэгур ирагъэлъагъу. Хьэжым абдей Iэ дилъэ хуэдэурэ, и Iэблэр ишытIэ хуэдэ ищIурэ, псори егъэбэлэрыгъри, блыпкъ ипкIар ирегъэпкIэж, Бэлэ къыхигъэкIиикIыу. ИтIанэ блыпкъыщхьэр ешхэ, и Iэр лэрыпсым ирелъхьэ, дыуэ трещIэри,

– Тхьэмахуэ дэмыкIыу хъужынщ фи быфэпхъур. Сэ пщэдей сыкъэплъэнщ, – жеIэри йожьэж.

...Бэлэ Iущхьэ ирагъэшхыурэ ягъэжей; гузавэу къызэхуэса гъунэгъухэр ар зэрыIурихыу, зэбгрокIыж, ягухэм жьы дихужауэ. Я закъуэу къэнэжа зэлIзэфызыр зоплъыж:

– Быфэпхъу... Мис, ибэ гуэр къэпхьу упIыжыну ущIэхъуэпсати, плъагъурэ, езы Тхьэшхуэм быфанэ уищIащи, гуфIэ, шыкур хуэщI, – жеIэри Къэралбий и пащIэкIэм щIогуфIыкI.

– Ди Былэ цIыкIу а жыгым къезыгъэла Тхьэшхуэм шыкур хузощI... Алыхьталэу сызейм сыхуарэзыщ... Ауэ, лIы, ар зэрыдипхъунур и адэ-анэр къэкIуэжыху къудей мыгъуэщ. Хамэ щIалэ бгъэуджмэ, и анэр къеджэмэ, кIуэжынщ, жыхуаIэращ.

## III

Дадыкъуэхэ я кIэртIоф плъыжь кIыхьхэр къатIыжри, къабзабзэу къэпхэм иракIутэурэ, щIыунэм щIагъэувэ. Бэлэ лажьэ имыIэжу къежыхьри, КIужэ IэщIэкIа кIэртIофхэр къещыпыж, самэ цIыкIуу зэтрелъхьэ. Мазэ докIри, щIымахуэ шэфранхэр къыпачыж, къыпина къилъагъумэ, Бэлэ ар башкIэ къыпеудри, мыIэрысэпсыр къыIурыжу ешх. Аргуэру мазэ дагъэкIри, нартыхур къыдачыжурэ, дум иракIутэж. ИтIанэ щIымахуэ хьэжыгъэр яхьэж. Чыржын ягъажьэ. Хьэкъуртыпхъэ ягъэлыгъуэ... Ауэрэ илъэсыщIэри къос. Лъэджажэм къыфIэкIыу уэсыр къытрелъхьэ. Жыгыщхьэхэм шхыIэн хужь ятрепIэ. Уафэм Iугъуэ пкъохэр щIоувэ. Щхьэгъубжэ абджхэм тхыпхъэ зэмыщхьхэр къытрещIэ, енэбым ещхьу, къудасым хуэдэу, аму теплъэ зиIи, Iущхьэм ещхьи яхэту, ауэ щхъуэкIэу е плъыкIэу зыгуэр яхыумылъагъуэрэ, псоми зы фэ ящIэлъадэу... Бэлэ ахэр игъэщIагъуэу йоплъри щытщ, щхьэгъубжэ лъабжьэм и IэфракIитIыр тетрэ и натIэр абджым егъэкъуауэ, и Iэпэ псыгъуэ цIыкIур, абыхэм теIэзэщIыхь нэхъей, иригъажэу; арщхьэкIэ быфэпхъур зэгупсысыр нэгъуэщIт: «Ахэр сэ къысхуеиж хъунIым, – жиIэрт абы и гум, – ахъумэ е зы письмо къатхынт, е зы тэлэграм къагъэхьынт... СылIами сыпсэуми къафIэIуэхуIым... НтIэ, тIури мыпсэужу пIэрэ?..»

Арати, илъэсыщIэ къихьар макIуэ, уэси къесу уэшхи къешхыу, дыгъи къепсу, удзхэри гъагъэу, Бэли ныбжьэгъу куэд иIэ хъууэ, ауэ и адэ-анэм я хъыбар лъэпкъ къэмыIуу... Илъэс етIуанэри ещхьыркъабзэу докI... «Тобэ Iэстофрилэхь, нэгъуэщI мыхъуми пщIыхьэпIэу зэ сыту къысхуэмыкIуэрэ? НтIэ, дыгъужьым ишхауэ пIэрэ? Хьэмэрэ бандэм яукIауэ пIэрэ?.. Хьэуэ, хьэуэ, простэ сащыгъупщэжауэ аращ, сыкърамыдзэжу... КъыщысхуэмейкIэ, сэри сахуейIым. Вот!.. Сэ Къэлэбийрэ КIужэрэ сыхыфIадзэнIым... Тхьэ, сыхыфIамыдзэн!» Илъэситхурэ ныкъуэрэ хъуа хъыджэбз цIыкIум зегъэгусэ, псоми захуегъэгусэ, Къэралбийрэ КIужэрэ хэмыту.

Къэралбийрэ КIужэри егупсысыртабы: «Мы Ванярэ мы Дунярэ зы бэлыхьлажьэ къащымыщIамэ, щхьэ апхуэдэу бзэха? Е къамыгъэзэжу, е письмо къамытхыу, я бын закъуэми къыщIэмыупщIэу, лIами псэуми ямыщIэу – сыт мы тIум къащыщIар? Сабийр дэ къытхуадзу щхьэ загъэпщкIункIэ хъуа?» – жаIэурэ. Жэщым Бэлэ ягъэжеижрэ езыхэр гъуэлъыжа нэужь, Iущащэурэ мо зэлIзэфызым я дунейр зэрыхъуам иригузавэрт, я быфэпхъум и пщэдейр зэрыхъунум тепсэлъыхьырт...

– Ярэби, лIы, мы цIыкIур дэ Алыхьым быну къыдимытауэ пIэрэ? – жиIэрт КIужэ. – Арыншамэ, щхьэ къытхуадзу ежьэжа?

– Ей, Тажьджэхэ япхъу, сэри согупсыс абы, – жиIэрт Къэралбии, – итIани сэ сызыгъэшынэр пщIэрэ? Былэ цIыкIу, пхъууэ къатщтэрэ, ди псэм щыщ хъуауэ и адэ-анэр къыкъуэкIыжмэ, дыунэхъуаIэ? Сыти яжетIэфыну? СудкIэ ттырахыжмэ, дауэ дызэрыхъунур?

– Тхьэ, сэ силIыкIынмэ е делэ сихъукIынмэ, ар къытщыщIмэ! – КIужэ и нэпс къекIуар шхыIэн кIапэмкIэ елъэщI. – Ди псэм щыщ хъумэ жоIэ, ди псэм,.. тIуми ди псэм хэпщIаIэ ар? Жыгым хамэ къудамэ дадзырIэ, дадзар дэкIэу езы жыгым щыщ хъурIэ? Ещхьыркъабзэу ди псэм, ди гум дэкIащ мы Былэ цIыкIур. Дытегъэгушхуи, быфэпхъуу къэдгъащтэ...

– Пщэдей сэлсэветым дечэнджэщынщ... ахъуамэ Iуэхушхуэщ мыр. Хабзэр ди телъхьэу къыщIэкIмэ, итIанэ езы цIыкIум депсэлъэнщ, – арэзы мэхъу Къэралбий.

Япэ щIыкIэ ДжэбрэIил–хьэжым деж макIуэ Къэралбийрэ КIужэри, йочэнджэщ. Шэрихьэтым игъэдурысыну пIэрэ чыристэн сабийр быфэпхъу пщIымэ жаIэри.

Хьэжым и щхьэр егъэкIэрахъуэ:

– Чыристэн сабий щыIэIым, – жеIэри. – Сабий псори зэхуэдэщ, муслъымэныпсэ яIуту къегъэщI. ФимыкIуэту къафщтэ Былэ цIыкIур. А фэ фщIа мурадыр муслъымэныгъэщ, псапэщ. Жэнэт къызэралэжь Iуэхущ. Тхьэм къывигъэхъулIэ!

ЗэлIзэфызым ягу зэгъауэ сэлсэветым йохри, я гуращэр къуажэ тхьэмадэм ираIуэтылIэ.

– И адэ-анэр псэумэ-щэ? – мэгузавэ тхьэмадэр.

– Дэри дрогумэщI абы, дрогузавэ, – жи Къэралбий, – ауэ ... ым ... псэумэ, илъэситI лъандэрэ дэнэ здэщыIэр е къэмыкIуэжу, е письмо къамытхыу. Хамэм къыхуэбгъэна уи быныр зэрыщытыр умыщIэу, улъымыгъуазэу упсэуфын, цIыхуу къыщигъэщIакIэ?

– НтIэ япэ щIыкIэ езы нэнаум фепсалъи, арэзы хъумэ, районым дыкIуэнщи, исполкомым оформить едгъэщIынщ, – арэзы мэхъу къуажэ тхьэмадэр.

Пшапэр зэхэуэу щыхуежьэм, КIужэ уэздыгъэ уэнжакъыр къабзэу елъэщI, уэздыгъэр пегъанэри стIолым трегъэувэ, Къэралбий и лъэгуажьэм Бэлэ трегъэтIысхьэр аби, нэнау уэрэд жриIэурэ дредзей:

– Чыху, чыху, алащэ!
ТемыщыкIыр и вакъэ,
И вакъэжьыр лъэбышэ,
И пэшыныр къолэл,
«Лал!» – жиIэу къежыхь...

Ар и щыпэзэхэхти, Бэлэ къыщетхъри, кIыр-кIыр-кIыр жиIэу мэдыхьэшх, и нэ фIыцIитIыр къицIуукIыу.

Къэралбий зыхуеиххэрати, зи гур къыдэжа цIыкIум и нэкIущхьэм ба хуещI аби, и щхьэм Iэ дилъэурэ йопсалъэ:

– Былэ дахэ цIыкIу, – жи, – Ванярэ Дунярэ къыщIэмыкIуэжыр сыт уи гугъэ?

– Тхьэ, жысIэнур сымыщIэ, – нэнаум и нэжэгужэр Iэпохуж. – Фэ фщIэрэ?

– Дэри тщIэ мыгъуэрIым, – жи КIужэ. – Псэухэмэ, зэ къэкIуэжынщ. Псэууэ Тхьэм къыщIигъэкI!.

– Значит, щымыIэжхэу ара? – Бэлэ и адэ-анэр дунейм ехыжауэ къыгуроIуэри, къыщеуд аби, зэщыджэу плIанэпэм доувэ, и щIыбыр къэгъэзауэ.

АрщхьэкIэ КIужэрэ Къэралбийрэ я жагъуэ ищIу ар куэдрэ дэтыфынутэкъым дурэшым: зэщыджэныр зэриухыу, и нэпситIыр къыщIэлъэлъу зыкъегъэзэж:

– Сэ дэнэ мыгъуэм сыкIуэну иджы, – жиIэурэ, – мами папи щызимыIэжкIэ? КхъыIэ, фэ пхъууэ сыкъафщтэ. Си псэм хуэдэу фыслъагъунт...

– Ан-на, уи нэкIур мыпхуэдэу нэпсрэ фIейкIэ зэхэцIэлауэ хэт пхъу уищIын уэ! – жи КIужэ. – Мыдэ къакIуэ псынщIэу, уи нэкIу зэхэцIэлар уи папэщIэм иумыгъэлъагъу, ахъумэ тIури дигъэлъэнщ, – жеIэри Бэлэр щIеш, и напэр къабзэу хуетхьэщI, хуелъэщIыж аби, къыщIешэж. – Мыр пхъу гъэфIэну бдэрэ, дядя?

Бэлэ «дядя» идэжыркъым:

– IыIыы, – жи, – папэ!

Къэралбий и нэпсхэм къызэпажыхьауэ хъыджэбз цIыкIур къепхъуатэри, и бгъэм ирекъузылIэ, КIужи гуфIэ нэпсым къызэпхрыплъурэ къоплъ нэхъыфI дыдэу илъагъуитIым.

– НтIэ, тхьэIухуд шыр, дыкъапщтэрэ адэ-анэу? – Къэралбий гуфIэща, Къэралбий ехъулIа Алыхьым кърита насыпышхуэ цIыкIур дредзейри къеубы-

дыж, и пщэдыкъым ба хуещI. – Ну, сыт къыджепIэнур? ДыбгъэгуфIэну, дыбгъэгуIэну?

– Къэлабий – папэ, КIужэ – мамэ... папэ-мамэ... ДяпэкIэ сэ сы-Дадыкъуэ Бэлэ Къэлэбиевнэщ. КIужэевнэщ. Все!

Арати, нэху къекIхэри, шхэн ямыуха щIыкIэу, колхоз тешанкIэр пщIантIэм къыдолъадэ. Къэралбийрэ КIужэрэ, Бэлэ и Iэпэ зырызыр яIыгъыу къыщIокIри, тешанкIэм йотIысхьэ, сэлсэвет бжэIупэм къащыпэплъэ къуажэ тхьэмадэр къыздащтэр аби, районым макIуэ. Псори зэдэарэзыуэ райисполкомым унафэ кърагъащтэ Дадыкъуэ унагъуэм Бэлэ пхъу зэращIымкIэ, а Iуэхум теухуауэ загсми акт ирагъэтх аби, къокIуэжхэри тхьэлъэIушхуэ къызэIуах, хьэблэм инуи цIыкIууи дэсыр зэхуагъэсри.

...Мы дунейм сыхьэт лIэужьыгъуэрэ сыхьэт зырызу мелард дапщэ тетми, я чэзур къызэрысу, езыр-езыру къоувыIэри, ебгъэжьэжыхукIэ, ухущIэрыуэу е щIэпIуантIэу ебгъэжьэжыхукIэ, умэзэхауэ щот; зэманыр езы Алыхь дыдэми къыхуэмыгъэувыIэу жаIэ: а къэзыгъэщIам зэриутIыпща дыдэм тету йокIуэкI, нэхъ псынщIи нэхъ хуэми мыхъуу. Арати, мы дищI хъурей къащхъуэр, къызэрыхуиухам хуэдэу кIэрахъуэурэ, щихрэ щэщIрэ ерэ къекIэрэхъуэкIщ аби, сентябрыр къыкъуэплъри, Дадыкъуэ Бэлэ Къэралбий и пхъум и школ щIэтIысхьэгъуэр къэсащ.

Арати, августым и 31 пщыхьэщхьэм Бэлэр дыху сабынкIэ ягъэпскI, IэфIу ягъашхэ аби, и пIэр хуащIыж пэтрэ ямыщIэххэу Налшыч къокIыжри, Къэралбий и шынэхъыщIэхэм ящыщ Амзий къокIуэж, игъащIэм Хъуэхъужьей щамылъэгъуа фэилъхьэгъуэ зэпэщ шыпхъу цIыкIум къыхуехьри... Псом япэу, портфель щIыху дахэ кърет Бэлэм. А зэманым хъыдан тхылъылъэт еджакIуэхэм хуащIри, мы портфелыр телъыджэ къащыхъуащ унагъуэм. ИтIанэ Амзий и шумэданыр зэтрегъэпкIри, цы босцей морэ къыдех аби, Бэлэ и пIэм къреубгъуэ, кIэпхын хужьыбзэ, щхьэцпыщIэ, сэндал, лъэпэд – ахэри хужь дахэу, а псом я щIыIум – къупщхьэ гуащэ, кIэнфет къом, пыченэ куэд... КIужэ портфель щIыхур фIэгъэщIэгъуэну зэтрехри – зыгуэрхэр дэзу къелъагъу, ахэр къыдигъэлъэлъмэ – пенал, къэрэндащ зэщымыщ, хьэфэтегъэкI, шакъалъэ, къалэм, тетрадь къом... Амзий и шумэданым аргуэру доIэбэри кIэнфет пхъуантэ къыдех, абы къупщхьэ гуащэ къытрегъэтIысхьэж.

– Мы псори псощ, – жи итIанэ, – ауэ нэхъыщхьэр пщIэрэ? Псори дызыщIэхъуэпсыр пщIэрэ?

– Сыт ар?

– Махуэ къэсыху, школым укъыщикIыжкIэ, мы портфелым дэзу «отличнэ» къытхуэпхьын хуей хъунущ. Зыщумыгъэгъупщэ.

– Амзий, уэ уегъэджакIуэ? – Бэлэ и нэ фIыцIитIыр къилындыкIыу йоплъ и адэ къуэшым.

– Хьэуэ, тхьэIухуд шыр, сэ мясокомбинатым сридиректорщ.

Мясокомбинатыр хъыджэбз цIыкIум и щыпэзэхэхти, егъэщIагъуэ. Ар зищIысымкIэ адэ къуэшым еупщIыну мэукIытэри, и адэм худоплъей:

– Папэ, мясокомбинат жыхуаIэр сыт?

Къэралбий и пащIэкIэм щIогуфIыкI:

– Ар маршынэшхуэщ, тIу: зы лъэныкъуэмкIэ мэл щIыбоутIыпщхьэри, адрей лъэныкъуэмкIэ колбас хъуауэ къыщIокIыж... Мис а уэ пфIэфI колбасым хуэдэ.

– Папэ, сэ колбаса сшхыжырIым, сэ Iиман къэсхьыжащ, мамэ къызигъэхьыжащ.

– Уэ, шыр цIыкIу, пшхы мыхъунур кхъуэл колбасщ, мэл колбасыр хьэлэлщ. Бгъуэтмэ, шхы, сэри тIэкIу къысхуэгъанэ.

Бэлэ къоуIэбжь:

– Уарэ, сэ а маршынэр джауру ара си гугъати... НтIэ, а маршынэр мыдкIэ къэбгъэкIэрэхъуэжмэ, мэл ищIыжрэ?

– Хьэуэ, Бэлэ, абы щыгъуэм колбасхэр къру хъуауэ къолъэтыжри Африкэм мэкIуэж.

Бэлэ папэ и гушыIэр зэхещIыкIри мэдыхьэшх, мыдрейхэри погуфIыкI.

Пщэдджыжьым хъыджэбз цIыкIур ягъашхэри, зэщыхупыкIарэ и портфель щIыхур щIиупскIэу, и щхьэц фIыцIэм щхьэцпыщIэ хужьыр хэщIауэ школым макIуэ, унагъуэри абы я ужь ищIауэ кIэлъокIуэ. Нэблэгъауэ унагъуэ гуфIэжым гу лъатэ бжэIупэм Iут сабий къомыр зэпиплъыхьу яхэт Дуня, абы гузавэу и пхъур къилъыхъуэу арат. Бэлэ еджакIуэ гупым щахыхьэм, и анэм къилъагъури къыбгъэдэлъэдащ:

– Бэлочка моя! Доченька! – жиIэурэ. – Как я соскучилась по тебе! Обними меня, поцелуй, родная! – жи, и пхъур зрикъузылIэурэ.

Бэлэ и анэм зыкъыIэщIеудри, и нэщхъыр зэхэукIауэ къокIуэтыж:

– С приездом, мама! – жеIэри.

– Доченька! Милая! Родная! – жиIэурэ Дуня къыкIэлъобакъуэ.

Школ бжэIупэм щызэхуэса егъэджакIуэхэри еджакIуэхэри, къэхъуар къагурымыIуэу, къоплъ Бэлэрэ Дунярэ. Хъыджэбз цIыкIухэр зэкIэщIоуIуэ, зоIущащэ. Бэлэ къыщIопхъуэри быфадэмрэ быфанэмрэ закъуегъуапщкIуэ.

– ДывгъэкIуэж! ДывгъэкIуэж! – мэлъаIуэ быфэпхъур щтэIэщтаблэу.

Абы хэту езанэ классым я спискэм къеджэрт егъэджакIуэри, Бэлэ деж носри къоджэ:

– Дадыкъуэ Бэлэ Къэралбий ипхъу!

– ЕI, сэ си Бэлэ Дадыкъуэ щыхъуар сытым щыгъуэ? Ар Къэралбий ипхъуу щIыжыпIэри сыт? – жеIэри губжьауэ къыщIопхъуэ Дуня, и пхъур къатрихыжыну. – Она Волкова Бэла Ивановна.

Бэлэ къыщIопхъуэ, къэкIуэжу зигъэпщкIуну. Дуняри абы къыкIэлъожэ, унагъуэри жэрыгъэкIэ къакIэлъоIэ, жылагъуэр къакIэлъыплъу – хэт бжэблыпкъым иту, хэт и щхьэр щхьэгъубжэм къыдэгъэжауэ, хэт пырхъуэм тету, хэт и щхьэр бжыхьым щхьэпригъэжауэ... Бэлэ лъакъуэмастэти, зыри къыщIэрымыхьэу къосыж, унэм щIолъэдэж аби, КIужэ, быфанэм, и пхъуантэшхуэм допкIэри зеудыгъу, мэумэзэх... Дуня къыщIолъадэри зы пэш къимыгъанэу къещ, гъуэлъыпIэ щIагъхэм щIоплъэ... Амзий ежьэжат, Къэралбийрэ КIужэрэ, шэнтхэр къагъанэри, пхъуантэшхуэм тотIысхьэ... Дуня къежыхь, уафэм сабэр дрепхъей.

– ДэнщыIэ си пхъур? – жи. – Анэмэт фхуэсщIа Бэлэ здэфхьар дэнэ? Ар щхьэ сщывгъэпщкIурэ сэ, ар къэзылъхуа сэ?

– Уи пхъур зыщIыпIи кIуаIым, ядыгъуаIым... Уэ уи зэранкIэ нобэ школым къыкIэрыхуащ. Уэ бгъащтэри зебгъэгъапщкIуауэ аращ, и гур къызэрыгъуэтыжмэ къыкъуэкIыжынщ... Уэ апхуэдэ правэ къэблэжьауэ фэ уэсплъыркъым нобэ, уафэм сабэр дупхъеину...

Пхъуантэшхуэм сабэ фIыуэ дищIа хъунти, Бэлэ зыхуэмышыIэжу «цIатхъ!» – жиIэу къопс. Къэралбий а «цIатхъыр» щызэхихым, пхъуантащхьэр трехри, Бэлэ къыдешыж, портфель щIыху цIыкIур зэриIыгъыу:

– Хьэтх утесу псафэ укIуэ! – жеIэри.

Ар зи щыпэ зэхэх Бэлэ къодыхьэшхри, быфадэм зыпщIыхедзэ:

– Ди хьэмаскIэ цIыкIум итх сытесу!.. Сихьыфыну пIэрэ?

ИтIанэ зыкъегъазэри Дуня зэрыIуплъэу, куэд щIауэ хуэлэжа розэ плъыжьыр и гум къыщогъэгъэж, и лъэдийм къадзыгъуэ банэр тезу. Бэлэ и анэм нэщхъыдзэ зыкъыхуещI:

– Уэ гъэщIэрэщIауэ укъэкIуэжащ, – жи, – шэдым хэбукIыхьа папэ дэнэ къыщыбгъэнар?

Дуня и пэр къыпоху. Абы и гугъат Бэлэ, джэду шырым ещхьу, дэнкIи пшэ хъууэ къызэтенауэ, арщхьэкIэ къызыIущIэжа и пхъур илъэсиблми фIэкIауэ, щэни гупсыси къищтауэ – апхуэдэт.

– ИлъэсиплIкIэ, фыздэщыIэр дымыщIэу, фыкъэтати, фылIа хьэмэ фыпсэу жыфIэу е зы письмо, е зы тэлэчрам къевгъэхьа? – зыхузэгуэпа и анэм щымысхьу йохъурджауэ. – СыкъыффIэIуэхуа? Цыджаным сахьамэ лIот фщIэжынур? Сэ си насыпти, Къэлэбийрэ КIужэрэ быну сыкъащташ, сапIащ, сагъэсащ, сэ схуэдэм срагъэхъуэпсаIым... Дауэ къыфщыхъурэ си школ кIуэгъуэм ирихьэлIэу сызэрахуэпар?

Бэлэ куэдрэ щыму щот, гупсысэу, и нэм зэзэмызэ къыщIэткIу нэпсхэр КIужэ бэлътокукIэ хуилъэщIу. Дуни, бзагуэ нэхъей, щысщ, и щхьэр къыхуэмыIэту: «Мыр сыту жьэхъуу ягъэса ди тхьэ! – жи игукIэ. – И псэлъэкIэри балигъ псэлъэкIэщ, школ щыкIуэнур иджы пэтми. Мы ди бысымхэр си пхъум нэхърэ IэджэкIэ нэхъ щабэщ... Хэту пIэрэ ар абы хуэзыгъэIущар?.. Сэр дыдэр апхуэдэу сымыгурбияна игъащIэм...»

Дуня апхуэдэу нэмысыфIэу зыкъыщыхъужрэ хьэмэрэ и пхъум пидзыжын зэримыгъуэтым къыхэкIыу гущыкI хуищIу ара?

– Аркъым, папэ дэнэ здэпхьар?

– Тхьэ, Ваня мыпсэуж, – Дуня и нэгу мыджылу къахудоплъей.

Къэралбий «Iау?» – жеIэри къыщолъэт, Бэлэ къыщеудри и адэр егъей, КIужи къогумащIэри, и нэпс къыфIыщIокI:

– Ялыхь, и гуэныхь къыхуэгъэгъуи, мафIэм и хьэзабыр щхьэщых, жэнэтым и бжэр хузэIух тхьэмыщкIэжьым. Лъэрымыхь куэд къиIэтыжат абы...

– Сыт си ныбжьэгъужь мыгъуэр зэрылIыкIар? – щIоупщIэ Къэралбий, Ваня фIэпсэкIуэду.

– Тхьэ, мафIэгум иукIа мыгъуэм... А зэрыфщIэжым тету ефарэ чэфыжьу, къебэ-небэу Псков станцым техьати, мафIэгу жэрыжэм щIэджалэри... И адэм деж сшэжри, нтIэ, Псков щыщ мыгъуэт ар... партым хэмыт пэтми, парт унафэкIэ Къэбэрдейм къагъэкIуауэ арат... Сэ ар Захар Яковлевич деж зэрыкIуэжынур къызгурыIуэрти, сыкIэлъеIэурэ Дуловкэ нэсыжауэ сыщIэрыхьэри... Иджи чэфт, соми и жып илъыжтэкъым... Сытми и адэм деж сшэжащ... Абы къистыкIа телеграммэр къыфIэрыхьакъэ? Арати, и адэр фIыуэ къешхыдэщ, дызэригъэкIужщ, зы тхьэмахуэкIэ и адэ-анэм ябгъэдэсу, итIанэ дыкъэкIуэжыну дызэгурыIуауэ, етIуанэ махуэм тыкуэным сагъэкIуауэ сыкъэту Ваняр мэбзэх. СыкIэлъожьэри, къысхуэмыгъуэтурэ сыхьэт енкIэ къэзжыхьащ. И цIыхугъэ гуэрым сыхуэзэри зеуалэу станцым кIуэуэ слъэгъуащ, къызжеIэ. Си гур къолъэт аби, сыщIопхъуэри, станцым сытелъадэмэ, Ваня мыгъуэм и хьэдэр цIыхухэм къаувыхьауэ срохьэлIэ. Сыт мыгъуэр си Iэмалыжт, и адэм деж къызошэжри щIыдолъхьэж...

Псалъэ жамыIауэ, Бэлэ и адэр игъеижу, адрейхэр щыгъуэу шэджагъуэр къоблагъэри, шхэну Iэнэм къотIысэкI...

Шхэуэ Iэнэр Iуахыжа нэужь, зэлIзэфызым я псэр мэпсэхужри, гу лъатэ Дуня къызэрыщIалэжам, зэрыгъэщIэрэщIам. Хьэлэмэтыракъэ, зи щIалэгъуэ–дахэгъуэр босцеикIэ Iушэу, вакъэ лъэмбыIурэ щхьэц бапхъэу зыхьа Дуня нобэ бзылъхугъэ дахэшхуэ хъуауэ, цы кIэстум гъуабжэ екIу щыгърэ плIэ хужьым и пщампIэр абы и щIыIум къытелъу, езыр туфлъэ лъэдакъэ лъагэм тетрэ зигъэгупэбжьэу, мазэщIэу набдзэ къурашэрэ нэкIущхьэплъ хъужауэ къыдэхьэжат.

Къэралбий ар игъэщIагъуэу зэрызэпиплъыхьым Дуняр егъэпIейтейри Iэнкун мэхъу. ЕмыкIу гуэр къыздилъэгъуауэ пIэрэ? – жыхуиIэу, езыри зоплъыж:

– Дерт гуэр къыздэплъэгъуауэ ара, сыту набдзэгубдзаплъэу сызэуплъыхьрэ? – къэуIэбжьауэ йоупщI бысымым.

– Дагъуэ лъэпкъ бдэслъэгъуакъым, – жи Къэралбий, тIэкIу щIэукIытыхьыжауэ. – Ауэ... ым... Ваня иужькIэ нэгъуэщI лIы удэкIуэжауэ щыта? Иджы фызэбгъэдэкIыжа?

Дуня жэуап къримыт щIыкIэ, Къэралбий гу лъетэ Бэлэ и тхьэкIумэр тегъэхуауэ къызэрыдаIуэм.

– Былэ, – жи, – нобэкIэ ди школ кIуэныр къызэпыудащ, абы пщэдей дыкIуэнщ, иджы кIуэи джэгу. Умыгузавэу джэгу.

Бэлэ зрилъэфыхьурэ щIокI.

– Сыт сэ етIуанэу сыдэкIуэжауэ къыщIыпфIэщIар? – зигъэгусэу фэ зытрегъауэ Дуня. – Тхьэ, нэгъуэщI лIыи сыдэмыкIуэжа, щIаси симыIа.

– Къысхуэгъэгъу!.. Апхуэдэ гурыщхъуэ сэзыгъэщIар нэхъ щIалэ узэрыхъужаращ, нэгъуэщIIым. Тхьэм щхьэкIэ уи жагъуэ умыщI.

Дуня къыхуогуфIэ бысымым.

Iуэхугъуэ хьэлъэ уи пащхьэм къыщилъым деж псэлъэгъуей уохъу. Гупыр зыкъомрэ щыму щыса нэужь, Дуня и гум щигъэтIыгъуа псалъэхэр хуэмыIыгъыжу къыIурокI, щIым щIэбэмпIыхь жылэр дыгъэм къызэрыхуикIыкIым ещхьу. Бзылъхугъэм жиIэнур къызэрехьэлъэкIыр уигъэлъагъуу, и дамэхэр мэкIэзыз...

– Къэралбий, мы унагъуэм и тепщэр уэращ, – жи. – Иджы, уи жагъуэ -уи щIасэми, си упщIэм жэуап къыумыту хъунукъым: анэмэту къыфхуэзгъэна си Бэлэ пхъу щIэфщIар сыт? Дадыкъуэ Бэлэ Къэралбиевнэ, жыфIэу? Уэ бдэнут апхуэдэ къуащIэу?

Бысымым Дуня пидзыжын имыгъуэту къонэ, гъым-шым жиIэ мыхъумэ, псалъэ зэтес хуемышажьэу.

КIужэ джэш игъэлъалъэу здэщысым, зэуэ зыкъетIатэ:

– Апхуэдэу Былэ утегужьеикIар пэжмэ, нобэ къэс къыщыбджэдыхьар дэнэ? – жи. – ИлъэсиплIым щIигъукIэ сыту зэ уигу къэмыкIарэ, укъыхуэмызэшарэ? НэгъуэщI мыхъуми, «дауэ упсэурэ, си хъыджэбз цIыкIу?» – жыпIэу лъэпэдитI е босцей дахэ сыту къыхуумыгъэхьарэ? – КIужэ быфэпхъуэр трахыжынкIэ мэгузавэри, джэш напIэр щызэтричкIэ йогуащIэкIыщэ аби, жылэхэр зэзэмызэ егъэлъей, зэми матушкIэм и гуфIакIэм дигъахуэу, зэм щхьэгъусэм и пэшхуэм тригъахуэу. – Уэ Ваня къэплъыхъуэжыну узэрежьар гурыIуэгъуэщ, абы емыкIу хэлъIым, ауэ уи лIым и хьэдэр къэбгъуэтыжу щIэплъхьэжа нэужь, апхуэдизрэ пщIар сыт? Улахуэ къыпэкIуэн хуэдэу зы IэщIагъэ уиIэIым, уи Ваня тхьэмыщкIэжьым къилэжьар пшхыуэ ущыса мыхъумэ... ЛIыи сыдэкIуэжаIым, щIаси зесшаIым жоIэ; ар пэжмэ, мы иджы укъызэрыкIуэжа фащэ лъапIэр дэнэ къикIа? Уафэм къехуэха?.. Уэпшэм, сэ си Iуэху хэлъIым абы, ауэ илъэсиплI енкIэ ибэу къыхыфIэбдза хъыджэбз дыщэ цIыкIур къызэфтыж жыпIэу сыт напэр уиIэу укъэува? Сабийм и къэлъхуныраIым хьэзабыр, абы и пIын-гъэсэныращ гугъур: Былэ цIыкIу уэ илъэсищ къудейкIэ уи IэплIэм ибгъэсауэ арамэ, сэ илъэсиплIым щIигъукIэ спIащ, хабзэрэ нэмыскIэ згъэсащ. А илъэсиплIыр лIэщIыгъуэ псо хуэдизу къыщыхъуащ а сабийм. Тотэ КIужэ, папэрэ мамэрэ мыпсэужу пIэрэ е къысхуэмеижу пIэрэ, щхьэ къэмыкIуэжрэ? – жиIэу. ЦIыхури, сэлсэветри, рэонри апхуэдэущ а уи хьэулеикIэм зэреплъар. Дэ, а дахэ цIыкIур зи анэмэт дэ, а уи къэтыкIэм дызэреплъын хуейр дауэт? Мы насыпыншитIым хъыбар щамыIэкIэ, псэуж хъунIым жытIэри быфэпхъуу къэтщтащ: слIот-нтIэ дыбгъэщIэнур? Ар апхуэдизкIэ къыдэсати, мамэрэ папэрэт къызэрыдэджэр. Иджы хъыджэбз къабзэ цIыкIуу, губзыгъэ цIыкIуу къэтэджар ттепхыжыну ара укъыщIэкIуэжар? Мохьщ ар!.. Ым, уэттыжыпауи дощIри, езы Былэ укъидэжыну? Укъидэжауи

сощIри, зыгуэрым нащхьэ къызэрыпхуищIу, убгъурыувэнурэ уежьэжынущ, мо жэнэтбзу цIыкIур губгъуэм къибнэнурэ...

Бынышэ КIужэ, бын зиIэм ехъуапсэ КIужэ иджыпсту щIэшхыдэр Бэлэ страхыжынущ жиIэу аркъудейкъым, – ар къэзыгъэгубжьар Бэлэ Дуням Iэрыхьэжмэ, аргуэру ар ибэу дунейм къытринэнкIэ мэшынэри аращ. «Алыхь самыукIауэ езмытыжын!» – жиIэрт быфанэм и псэм.

...Къэралбий щIокIри, Бэлэ и Iэпэр иIыгъыу Дуням къыбгъэдешэж:

– Былэ, мыр уи анэ укъэзылъхуаращи, узришэлIэжыну къигъэзэжащ...

Бэлэ нэщхъейуэ икIуэтурэ макIуэри, КIужэ и щIыбым къыдоувэ, и Iэ псыгъуэ цIыкIуитIыр пщIыхэдзауэ.

– Сэ си анэр КIужэ–мамэщ, сэ си адэр Къэлэбий–папэщ. Сэ мобы сыкъилъхуар пэжмэ, сыщыгъупщэнтэIым, нэгъуэщI мыхъуми къыщыкIуэжым зы гуащэжь цIыкIу е кIэнфет сэмб къысхуихьынт! Езым зигъэщIэращIэрэ сэ сыпцIанэми имыщIэу... Мне жалко Вас, мама, но я Кужина дочь уже. Вот. – Дуня къыщолъэтри, гъыуэ и унэ IункIыбзэIухыр къарегъэлъагъу:

– Вот мой ключ от квартиры, я сохранила его, – жи зы нэпс къыщIэмыжу и нэм. – Я остаюсь. Никуда не уеду. Никуда! Ни за что!

«Апхуэдизрэ цIыху зыщIэмыхьа пэшыр зэхэуфIея хъун мыгъуэщ, – жи Дуня игукIэ, фэтэрыбжэм Iумыхьэж щIыкIэ. – Дауэ мыгъуэ а джэдэщым сызэрыщIыхьэжынур? Ар къэспхъэнкIыу, къэслъэсу, къэслъэщIу, зэлъыIусхыу... Сэ сызыщIэса хьэщIэщхэм яужькIэ, сэ сыщышха рестораныхэм яужькIэ... Дыдыд мыгъуэ!..» Щымэхьашэу щIохьэжри, Дуня уэздыгъэр зэрыщIигъанэу ... пэш къабзабзэу пхъэнкIам, лъэсам, лъэщIам, зэлъыIухам къыщIохутэ. КIэгъуасэ защIэу къигъэна уэздыгъащхьэ нэгъунэ лъэщIат...

– Вот чёрт! Это Кужина работа...

Вырэ ширэ зы гум зэдыщIащIэу зэхэпха? ЗэхэпхынкIи Iэмал иIэкъым. Ещхьыркъабзэу, бампIэмрэ гуапэмрэ зы гум изагъэрэ? Мис апхуэдэ къэхъункIэ мэхъу: иджыпсту Дуня и гур КIужэ икIи хузэгуоп (и пхъур зэриубыдам щхьэкIэ) икIи къыхуогуапэ (и пэшыр къабзэу зэрызэрихьам щхьэкIэ). АтIэ зэтIуанэхэр зэгурыIуэу флъэгъуа? Хэт ищIэрэ, апхуэдэ фыхуэзэмэ, фыкъэмыуIэбжь: бзылъхугъэм и псэр зэхэзыщIыкIын мы дунейм теткъым, езы Тхьэшхуэм фIэкIа.

ЕтIуанэ пщэдджыжьым КIужэ и Былэр еджапIэм ешэри, егъэджакIуэ цIыхубзым ирет, ар зэринысэм къыкъуэгушхукIыу:

– УрагъэкIыжыну ухуэмеймэ, мыр Iэтличнэ защIэу егъаджэ, – жеIэри.

Арати, быфанэм ипхъу цIыкIур пщэдджыжь къэс еджапIэм ишэу, шэджагъуэ къэс кIуэрэ къишэжу тхьэмахуитIкIэ елIэлIащ.

## IV

Ещанэ тхьэмахуэм и блыщхьэ къеблэгъам кIэху къимыщIа щIыкIэу, унэгуащэм къубгъан щIехри... бжэ кIыргъ макъ и тхьэкIумэм къоцырхъэ. АбыкIэ еплъэкIмэ – Къэралбий Дуня и пэшым къыщIокIуэсыкIыж. КIужэ и гум ар шэ фIыцIэу къытохуэ, гъуаплъэ къубгъаныр Iэпоху аби, унэм щIолъэдэжри, гъуэгыу гъуэлъыпIэм зредзэ: «Араи, ара мыгъуи тхьэмахуэ хъуауэ ар къыщIызбгъэдэмыхьэжыр... Мо нэлатым, мо куэпэчым, Былэ и пIэкIэ си лIыр стрихыну аращ...» Абы хэту Къэралбий лъапэпцIийуэ къыщIохьэж. ПIэм хэIубауэ зэщыджэ фызым бгъэдохьэри едэхэщIэну хуожьэ:

– Сыт уи лажьэр, КIужэ? Зыгуэр къоузрэ? – жи, и щхьэм Iэ дилъэурэ. – Апхуэдизу узыгъэгуIэр сыт, тхьэмыщкIэ?

КIужэ и лъакъуэ пцIанитIыр къедзыхауэ гъуэлъыпIэм къытотIысхьэ, и гъыныр щегъэт, и нэпсхэр щащыху кIапэмкIэ елъэщIыжри, Къэралбийр игъэIэнкуну къыхудоплъей:

– Си лажьэр пщIэрIэ? – жи. – Шэ фIыцIэр къыстехуащ... Ар уфIэмащIэ?

– Дэнэ къикIыу? – Къэралбий гузавэу бгъуротIысхьэ фызым. – Дэнэ деж зытехуар? Сегъэплъыт...

Ар игу темыхуэу фыз джанэпцIанэр къыщолъэт аби, зегъэщхъри лIым и нэгум йоплъэ:

– Уэ пщIэрIэ а шэ фIыцIэр къыздикIар? Мис мо уи къэхьпэжьым, а зилI зыукIыжа нэжэсым и бжэ нетIэ бгъэкIыргъаращ сэ къыстехуар. Уэт сэ къыстехуа! Абы нэхърэ нэхъыфIт мо уи къамэжьыр къыскIуэцIыпIурэ сыбукIамэ!.. А уэ пщIа зинэм иужькIэ дауэ уаIуплъэжыну цIыхухэм?..

– КIужэ, уэрэ дэрэ лъагъуныгъэ дахэкIэ къэтпсэуа гъащIэм и хьэтыркIэ тIэкIу зызэтеуIэфIэ, ныбжесIэнум къысхуедаIуи, итIанэ си судыр щIэ.

Фызым шэнт щхьэгуэр къегъэIэпхъуэри тотIысхьэ. «Хэт ищIэн, мы сэ си гурыщхъуэр пцIыуэ къыщIэкIыжмэ!» – жеIэри, ар езы насыпыншэм и фIэщ мыхъуж пэтми, и тхьэкIумэшхуитIыр егъэкI.

– КIужэ, КIарэ зи дэлъхур хэт?

– Сэращ.

– НтIэ Душэ дауэ хуишэчрэ ар Хьэужан зэрыкIэлъыкIуэр?

– Сыт ар си нэм къыщIыщIэпIур? Ар сэ си лажьэ?

– Зэ умыпащIэрIэ! Мудин Гулыху зэрыкIэлъыкIуэр Данусэ дауэ игу техуэрэ? Мэтджэрий... мис а уи малъхъэ дыщэ Мэтджэрий Къандаду зэрыхущытыр Мозэ сыту къыфIэмыIуэхурэ? Бэчрэ Лабусэрэ я лъагъуныгъэр Марурэ имыщIэу уи гугъэ? Сэ си малъхъэгъу Лалу Хуржан зэрызэришар Дадис щхьэ хуидэрэ? Сэ апхуэдэ псори къезбжэкIынIым, ауэ мы зэм сызэрышыпIыртIэхъуар къысхуэбгъэгъу хъунуIэ?

– Сэ апхуэдэ сщIамэ, уэ къысхуэбгъэгъунут?

– Iау, зиунагъуэрэ, уэрэ дэрэ дызэхуэдэ? Уэ уцIыхубзщ, сэ сылIщ. ЛIым хуагъэгъум хуэдэхэр фызым хуагъэгъурэ? Сыт хьэдыгъуэдахэ мы уэ жыпIэр!

– Хьэдыгъуэдахэр сэ жысIэра хьэмэ уэ пщIэра?

Къэралбий фэрыщIыгъэкIэ зыкъегъэгубжьри, къыщолъэт аби, жудищ къамэр кърепхъуэтри IуроIэбэ, и жанагъым еплъу. ИтIанэ:

– Тхьэр зыгъэпщIа Къэралбийр сэраIэ апхуэдиз къайгъэр зи лажьэ гъуамэр пызупщIынщи, уэлэхьи, тIури фыхэзмыгъэкIыжым! – жеIэри гъуэншэдж тхьэIум йоIэ, щIэкIыжыпIэмкIэ икIуэтурэ.

КIужэ къилъу, «бэяу, хьэдыгъуэдахэ умыщIэ, унагъуэр зэтезыIыгъэм дыхыумыгъэкIыж мыгъуэ!» – жиIэу къыпэувын и гугъат, – фызыр, абы и пIэкIэ, зыхуэмыубыду къыщетхъри, ину къодыхьэшх. Къэралбий зыпэмыплъат ар, и пщIыхьэпIэ къыхэмыхуати, къегъэуIэбжь, жиIэнури ищIэнури къыгурымыIуэжу, щхьэгъусэм йоплъ. КIужэ и дыхьэшхым апщIондэху нэхъри зеIэт, ауэрэ етхауэу, и Iэ-и лъэхэр щIишэу щIедзэ. Къэралбий мэгужьейри, КIужэр IэплIэкIэ къыщIех, пырхъуэм трелъхьэри и Iэ-и лъэхэр, и щIыфэр ишытIэу, абыхэм етIэхъуу, и нэкIум псы щIыIэ триутхэу хуожьэ... ИтIанэ ДжэбрэIил-хьэжым и чэнджэщыр игу къокIыжри, бэрэтIинэ къегъуэтри ирегъэпэм, и напэм хоуэ, серчэ ирегъэпэм, къаз къабзийм мафIэ щIегъанэри, и Iугъуэм ирегъэпэм... Хуэм-хуэмурэ КIужэ мэбэяуж, итIанэ Iурех. Къэралбий и гур къызэрогъуэтыж, и щхьэгъусэр щIехьэж аби, егъэгъуэлъыжри, фIыуэ щIеуфэ...

Мо зи псэри зи IэпкълъэпкъыкIэри еша лIым фызым ищIа фадэ пIащIэм щыщ зы фалъэ ирефри, пырхъуэм тотIысхьэ зигъэпсэхуну, зыхэхуа хьэзабымрэ емыкIумрэ егупсысыну. Абдежыращ дыгъэр къызэрыщIэкIам Къэралбий гу щылъитар. ЕпIэщIэкIыу Мывэжь архъуанэм кIуэщ, Урыху и мылыпсым зыхигъапскIэщ аби, псэщIи къыхыхьэжауэ, ипкъри къыщIэувэжауэ къегъэ-

зэж; Бэлэ къегъэуш, шхыныр хуегъэхуэбэж, ІэфІу егъашхэри еджапІэм ешэ. Езыр мышхауэ лъэщапІэм макІуэ.

ГунэщІу махуэ ныкъуэкІэ пхъэпс еуа лІыр гузавэу, КІужэ щхьэкІэ гулэзу, «мы тхьэмыщкІэм зыгуэр къыщыщІрэ дигъэунэхъумэ дыунэжаІэ!» – жиІэурэ шэджагъуашхэ къокІуэжри, ныжэбэ кІуам «лІэ пэта» унэгуащэр пщафІэу жьэгум дэсу кърохьэлІэж. Къэралбий жиІэнури, щуІэгъэм зэрыщІэупщІэнури хузэмыгъэпэщу тахътэбаным йотІысхьэ. Фызыр къоплъэкІри, и дэлыфэр къыхуетІ. Куэд дэмыкІыу Іэнэр къыхуегъэуври, лыцІыкІулыбжьэ тепщэчышхуэ къыхутрегъэувэж, чыржын тхъуэплъ щІыгъуу:

– Шхэ, зиусхьэн, уэ нобэ унэщІа мыгъуэщ, – жи КІужэ. – Си зэранкІэ... къысхуэгъэгъу ...

– Уэлэхьи, сэра мыгъуэм къуаншэр...

А дакъикъэм Бэлэ къыщІолъэдэжри, портфелыр дредзей аби, къеубыдыж:

– Нобэ Іэтличнэ къэсхьащ, – жи, – тхэнымкІэ. Хурирэ дэрэ нэхъ дахэу, нэхъ къабзэу тхэ классым щІэмысу къыщІэкІащ.

Быфанэр, щІалэ хъужа нэхъей, къыщолъэтри Былэм ІэплІэ хуещІ, ба хуещІ:

– Е сэ насыпышхуэу Алыхьым къызитыжа цІыкІу!.. – жиІэурэ.

Быфадэри къыхуогуфІэ, къыщотхъу: и жыпым кърехри, мыІэрысэ джабэплъ кърет:

– Мэ, си жэнэтбзу, мыр уи «Іэтличнэ» етІуанэщ, – жеІэри.

КІужэ и нэм гуфІэнэпс щІелъэщІыкІ.

Бэлэ тІэпІыжу машхэри, джэгуакІуэ щІокІ.

Зиусхьэн ПащІищым лэжьапІэм игъэзэжауэ, КІужэ шхэну тІысауэ, Дуня нэкІуэпакІуэу къыщІохьэ:

– Приятного аппетита, подруга! – жеІэри.

КІужэ зыІурилъхьэну и жьэм хуихьа чыржын дзэкъэгъуэр Іэнкуну къыІэпохуж. УкІытэншэм хуилъыну, щІихужыну къыщылъэта унэгуащэр, нэмысыр къытокІуэри, йохуэхыж. Дуня кІуэрыкІуэу Іэнэм пэротІысхьэ:

– Дыгъуасэ лъандэрэ си джийм ерыскъы ехакъым, – жи. – Зыгуэр къысІурыдзэ, тхьэм и хьэтыркІэ!

Бзылъхугъэхэм я насыпым къехъуапсэр, къефыгъуэр, къещэр гуащІэу ягъэбий, сыт хуагъэгъуми, ар хуагъэгъунукъым. Мо Дуня зи хьэщІэр, КІужэ мыхъуу, нэгъуэщІ цІыхубзу щытамэ, и Іэнэми пэрихужынти, и унэми щІихужынт, арщхьэкІэ быфанэм уэркъыгъэр къытокІуэри, цІутІ жиІэркъым, Бэлэ абы къызэрилъхуар игу къокІыж аби, иІэм я нэхъыфІхэр къыхуищтэурэ цІымбыкъыу егъашхэ.

КІужэ Іэнкуну щыст, Дуня и нэгум къиплъэрэ зимыгъэхъейуэ, езыр зэрымышхар щыгъупщауэ, Іэнэр Іухыжын хуейуи игу къэмыкІыу. Дуня, пыгуфІыкІ хуэдэу, и жьэ ІуфакІэ сэмэгур дрегъэуейри, хьэкъущыкъухэр етхьэщІыж, Іэнэри елъэщІыж аби, егъэувыжри, итІанэ унэгуащэм и пащхьэм къотІысхьэ къыхуэгуфІэу, и нэхэр къыхуигъэцІууэ.

– КІужэ, си шыпхъушхуэ, ІэфІу сыбгъэшхащ... зызгъэнщІыху сыбгъэшхащ, – жи, нэзкІапэщІэплъ зыкъыхуищІурэ. – Ваня мыгъуэм жиІэрейт: адыгэм нэхърэ шыгъупІастэкІэ нэхъ жумарт щыІэу пІэрэ? – жиІэурэ...

КІужэ щыму зэпымыууэ щысин фІэемыкІу хъури,..

– ТхьэмыщкІэжьыр цІыху дыщэу дэсащ къуажэм, тхьэм жэнэт кърит! – жи.

Ныжэбэ кІуам къэхъуар дэп жьэражьэу илът КІужэ и гу пІащІэм, арщхьэкІэ зэщІимыгъэсту игъэбэяурт: икІи зыхуигъэфащэртэкъым апхуэдэ псалъэмакъ къиІэтыну, зэрыбампІэр къигъэнэІуэну... ИлІми щышынэрт. Шэми исырт, шхуми исырт.

Ауэ Дуня икIи шынэжыртэкъым, икIи укIытэжыртэкъым, зи пыIэ щхьэрыхуа къуийм нэхъей:

– Ауэ уэрэ дэрэ къыдэфыкI узыгъуэм хущхъуэ къыхуэгъуэтын хуейщ...

– Абы и хущхъуэгъуэращ, Дунэ, дахэ цIыкIум хуэдэу уи хьэпшыпыр зэщIэкъуэжи, укъыздикIам кIуэж: уэ уишх мыбы щыIэжIым... А ущытхъа ПсковкIэ згъэхьыж.

Гува-щIэхами а гъуэгуанэр къызэрыпэщылъыр къыгурыIуэрт Дуня: IэщIагъэ гуэр щимыIэкIэ, губгъуэ лэжьыгъэм щыхэмызэгъэнукIэ, хэзэгъапэми, бригадирхэм кърахуэкIыу щымыпсэуфынукIэ, слIот къыхуэнэжыр? Е къыздикIам игъэзэжу лIы къыщилъыхъуэн хуейт, е мыбы лIы щызыIэригъэхьэн хуейт – арыншамэ факъырэIус къыхихыну арат къыхуэнэжыр.

– Ей, си шыпхъушхуэ, – жи Дуня къебгъэрыкIуэу, – зым и хущхъуэр зым и щхъухьщ жаIэу зэхэпхакъэ? Сэ Псков згъэзэжмэ, си пхъур здэсшэжынущ. Уэ Бэлэ уимыIэжмэ, дауэ узэрыхъунур? Iуэхур абыкIэ...

– Уи IэмыщIэ къимыхуэххэным ущымыгугъ: Былэ хабзэкIи закIуонкIи дыдей хъуащ, гъазэ имыIэжу, – КIужэ и бгъур Дунюм къыхуегъазэ.

– Iуэхур Бэлэ къыптесхыжкIэ зэфIэмыкIынкIи мэхъу, КIужэ: Бэлэ щIыгъуу Къэралбий здэсшэмэ, дауэ къыпщыхъун?

КIужэ мэдыхьэшхыпцI:

– ЦIыв гузэвэ дэкхъуу, – жаIэу зэхэпха?

– Зэхэсхакъым.

– НтIэ къазымрэ джэдымрэ зэпэкIэцIри джэдым и пхэр хэтхъащ, – жаIэу зэхэпхагъэнщ. А джэдым къыщыщIар уэри къыпщыщIынущ, тэварыш Дунэ. Вот!..

– Дыхуей-дыхуэмейми, дызэпэкIэцIын хуей хъунущ, – Дуня ауан хэлъу къыходыхьэшхыкI, итIанэ и бзэгупэ плъыжьыр хьэкхъуафэ щIауэ къыхурегъэж. – Уэ минрэ укъазми, укIэцIыгъуейщ, сэ сыджэдми, сыанэщIэщ, сыгузавэркъым: хитхъэнур ууейращ, тхьэмыщкIэ, – жеIэри щIокIыж, арщхьэкIэ IумыкIыжу, бжэр дамэдазэ ещIри: – Мис абы щыгъуэ Къэралбий и щIыб къыпхуигъэзэнурэ, езыр сэ къысхуэнэжынущ, – жи.

КIужэ, мис а КIужэ фIэрафIэр, Iэл фIыцIэу къызокIуэкI, бэлагъышхуэр къепхъуатэри, ар игъэдалъэу щIож, здыщIэжым, Дуня и пIэкIэ, лэжьапIэм къикIыжа Къэралбий натIэкIэ жьэхоуэри къегъэлъеиж.

– Iау, Iау! Сыт аргуэру къэхъуар? – жи гузавэу, зыхуихьынур имыщIэу. – Мыпхуэдизу уи фэр щхьэ пыкIа? НакIуэ, ныщIыхьэжи къызжеIэ... Си жэнэт бзур слъэгъурIыми, дэнэ щыIэ?

– А дыдыд мыгъуэ, ар уи матушкIэм имыпхъуэтауэ узиIэ, – жеIэри КIужэ къижыхьу щIедзэ.

ГужьеяуэIэшэлъашэр щIэзыщыкI КIужэ и быфэпхъур Срыкъуэхэ я шындэбзий дыгъафIэм къыщегъуэтыж, гуащэ зыгъэджэгу пщащэжьейхэм яхэтрэ уэрэд цIыкIукIэ къигъафэу:

> Уи кIэ цIыкIур баринэ,
> Баринэхъу кIэ лалэ,
> Елэлэх щхьэцпыщIэ,
> ПIыщIэрейр цыжьбанэ,
> Щхьэж и унэ бжэн лъакъуэ!..

Унэгуащэм зигъэгусакъым. Кьотэджри, шхын хьэзыру иIэр лыцIыкIулыбжьэрэ чыржын упщIэтарэти, лIым къыхутрегъэувэ.

– Тхьэ, сэри нышэдибэ сшха тIэкIум фIэкIа сIумыхуа, – жеIэри, езыми

тепщэчым изу абы щыщ зыхутрегъэувэ, ауэ тIэу-щэ нэхъыбэрэ хэмыIэбэу, и нэр къеIэтри, Къэралбийм набдзэгубдзаплъэу куэдрэ къоплъ, итIанэ мэжаджэ бзыгъэр лыбжьэм химыгъапщIэу трелъхьэж:

– Догуэ, а матушкIэм жиIамкIэ фэитIур фызэгурымыIуауэ пIэрэ? – жеIэ.

– Сыт щыгъуэ?.. – Унэ тхьэмадэм шхэн щимыгъэту къыдоплъей. – Сэ сыкъыщIыхьэжа къудейщ, а жыхуэпIэм сыIуплъакъым.

– Сыт щхьэкIэ, а и гупэ хуабэм ущыхэлъам фызэхъуцацэурэ фызэгурыIуаIэ?

Къэралбий мэгубжьри, лыбжьэ никъуэшхым йоIунщI аби, жьэхедзэж, лыбжьэм и никъуэр ирикIуту.

– Субхьон Алыхь, сыту делагъэ куэд къипщхьэрэ уэ уи гум! – хуолъ ар унэгуащэм. – Си унэри, си щIапIэри, си мылъкури, уэри – си гъащIэ псор къыздэзыхьа уэри! – фыкъэзгъанэу мо хьэбзым и IэплIэ дауэ сызэригъуэлъхьэнур?

– Фыз къэващ жыпIэу зумыгъэгусэу шхэ! – фIы зыкърешэж КIужэ, арщхьэкIэ абы и гум ирищIа хьэпIацIэ фIыцIэжьыр къопIэстхъри, псэхупIэ къритыркъым.

Унэгуащэм Iэнэр Iуехыж, хьэкъущыкъухэр етхьэщIыж, лыбжьэ шыуаныр дрегъэжеиж, пэшыр епхъэнкIыж аби, гъуэлъыжыгъуэ хъуатэкъыми, йотIысэхыж, пхъэ ласкIэкIэ и дзэм дэдэтIэщIыхьу тахътэбаным илъ Къэралбий зыхуегъазэри зэгуегъэп:

– Догуэ, Былэрэ уэрэ сыфхэдэн хуей хъумэ, къыхэсхынур хэт уи гугъэ?

– УкъытхэдэнкIи хъуну?

– Тхьэ, а уи щIасэ джэмыдэм и мурадыр арауэ хузогъэфащэм...

– Сэ сыфхэдэ хъужыкъуэмэ, тIури зэгъусэу фыкъыхэсхынущ, – жи лIым, и пащIэкIэ щIэгуфIыкIыу.

– НтIэ ар уи щIасэ джэмыдэжьым гурыгъаIуэ!

... Жэщыбг фIэкIауэ КIужэ къэушри – езым и закъуэпцIийуэ, лIыр бгъурымылъыжу къыщIокI. Фызым гурыщхъуэ бзаджэ ещIри, пэшхэр къызэхежыхь, пщIантIэр къещ, псыунэми щIоплъэ... ЗыщIыпIи щимыгъуэтым, ар здэкIуэнкIэ хъунум шэч къытримыхьэжу, Дуня и бжэр Iуеудри щIопкIэ, гъуэлъыпIэщIагъым щIоплъэ, имыгъуэту къыщIожыж, бзылъхугъэ джэхур къыкIэлъышхыдэу... ЩIэжэри имыщIэжу бэкхъымкIэ ежэкIмэ – я хывыр лъхуарэ хыв анэр хывышкIэм къебзейуэ, Къэралбии абы Iэ дилъэу, езы щIэжьей цIыкIур къэтэджын и гугъэу къеIэу...

– Уэри дэнэ къыщыпщIа мыр? – жи Къэралбий къоплъэкIри.

– И чэзу зэрыхъуар слъагъутэIэ, на-а, сэ ... – лIым зыкъриегъэщIакъым КIужэ.

– НтIэ, псы зэфэн къыхуэхь, Iус хузэхэщIэ...

ЕтIуанэ жэщми КIужэ къоушри, щIалагъэ и гум къыполъадэ аби щхьэгъусэм дежкIэ къоIэбэ, ауэ лъэныкъуэр аргуэру нэщIу къыщIокI. Фызым зеплъыхьри, лIыр илъагъуркъым. Гурыщхъуэм къеIэтри къыщIож, Дуня и щхьэгъубжэмкIэ дэплъын и мураду, арщхьэкIэ дунейр мазэгъуэ нурти, Къэралбий шэфраныр къыпичыжу гупэ хадэм итт. Фызыр хадэм йохьэри, лIыр кърищыжыну похьэ:

– НэкIуэж, мыр сэ пщэдей къыпысчыжынщ, уэ зыгъэпсэхуи нэхъыфIщ.

– Мыбы мыIэрысэу пытам и зэхуэдитIыр хьэблэ щIалэжь цIыкIухэм ядыгъуащ. Абы нэхърэ мы къэнар дэ тшхыжмэ нэхъыфIщ, – жиIэри хуэкIуэжакъым. – Уи пхъум хущыдгъэлъынщ.

Ещанэ жэщми пIэм хэбзэхыкIа Къэралбий КIужэ куэбжэм деж къыщегъуэтыж Унэрыт Сэхьид дэуэршэру пхъэбгъу тетIысхьэпIэм тесу, гушыIэрэ

дыхьэшхыжу. Гу зылъримыгъатэу бзылъхугъэр къыIуокIуэсыкIыжри пIэ хуабэм хопщхьэж.

Апхуэдэу тхьэмахуи, тхьэмахуитIи йокIуэкI, Къэралбий япэм иIа дзыхьри егъуэтыж, фызми игу къыхэмыщту мэжей. Дуни и гугъу ящIыжыркъым. КIужэ гу махэти, а зэрей жэщ угъурсызыр игу къэкIыжмэ, и щхьэр иудынышIэурэ ирихужырт. «Ничэво, – жиIэурэ и щхьэмрэ и псэмрэ зэдегъэуэршэр, – цIыхухъу щыхъукIэ апхуэдэ Iэджэ къаIэщIощIэ. Тхьэ, езы Сталин дыдэми щIасэ иIэу къыщIэкIынмэ: слIо-тIэ апхуэдиз тхьэIухудым, а Мэзкуува дэс къомым защIыхигъэнынур?» «Тхьэ, укъовэм, – жи псэм, щхьэр иригъэкIуэтыжыну, – щхьэгъэпцIэжщ а уэ къыубжыр. Алыхьым и дей нэмысын псалъэщ. Гъэбэяу!» «Сэ сыбэяукIэ Къэралбий щигъэтыну матушкIэ Iуэхур? ЩIасэм игъэдела лIыр фызым къыхуэгъэшыжырIым, – щхьэм ирегъэкIуэтыж псэр. – ЛIым и фызыр еужэгъу, нэхъ дахэ, е мыдахэми, нэхъ щIэщыгъуэ къелъыхъуэ. Ар зэщхьыр пщIэрэ? Хыв шатэ щIэгъэпщтхьа зэпумыгъэуэ илъэс дапщэкIэ пхуэшхын? Е мазэ дапщэкIэ? Е махуэ дапщэкIэ?.. Азалыхь, уигури къиуIэнщи, уи псэми иужэгъунщи, хьэлIамэмрэ хьэлIамэпсымрэ ущIэхъуэпсу укъимыгъанэм!» «Ы, абы сигъадэр сэ езым къысхуидэну? Лъагъуныгъэм маскъал хэзымыщIыкI уэ узыхэмыIэбэн ухэмыIэбэ! – Псэр хуолъ щхьэм. – Уэ игъащIэм лъагъуныгъэ мафIэ къыпщIэна? Алыхьым апхуэдэу дыкъигъэщIащ, ди хыв шатэ Iыхьэр нэгъуэщIым тыншу едгъэшхыу, дыгуфIэу едгъэшхыу, ауэ дэ къытлъыса лIыр нэгъуэщIым ттрихмэ, делэ дихъукIыу, дикIуэдыкIыпэу...» Щхьэмрэ псэмрэ куэдрэ ириуэршэращ, иризэдэуащ тхьэр зыпэмылъэщыж мы Iуэхум, мафIэм нэхърэ нэхъ гуащIэ мы Iуэхум, ауэ зэгурыIуакъым. Псэмрэ акъылымрэ зэгурыIуакъым. ПлъэкIмэ, уэ зэгурыгъаIуэ аитIур.

Къэралбий и псэмрэ и акъылымрэ зэдауэрт, ауэ и акъылым нэхъыбэ къитIасэ пэтми, мо лIы бланэ узыншэм илъэс тхущIри пэмылъэщу псэм зыдигъэшырт: шатэ щIэгъэпщтхьар зи мыщIэщыгъуэж псэр хьэлIэмэпстэкъым зэхъуапсэр – щынэлт, а зы жэщ кIэху къищIыху щIигъэмэрэкIуа щынэлырат: а щынэр кIэмпрэф зацу къигъэщIа хьэкIэмэлым и щIэжьейтэкъым, ар кIапэ уфафэ хъужауэ адыгэ мэлым ящыщт. Къэбэрдейхэм, сыт ирехъуи, кIапэшхуэ зыпытхэр нэхъ къащтэ.

Арати, зы пщыхьэщхьэ гуэрым ПащIищыр лэжьапIэ къикIыжу, Дуня псы пэгун Урыху кърихыу зэIуоуэ. Куэбжэпэм деж къыщызэтоувыIэри, сэлам зэрамыхыу тIэкIурэ щотри, итIанэ Дуня и Iупэ дэпыр къыхуегъэгуфIэ, и нитIри къыхуегъэджэгу. Зи шэфэл къэкIуа бзылъхугъэр Къэралбий мафIэу къыщIонэ, езыми и нэхэр хуегъэхъуэпскI.

– Тхьэ, жэщхэр щIыIэ хъуащи, си пIэм сыхопIыщIыхьым, – жи Дуня зигъэщIагъыбзэу.

– Уи бжэр къыумыгъэбыдэ...

КIужэ нэхущ кIэхум къызэщоури, аргуэру и щхьэгъусэр къыбгъурымылъу къыщIокI! Фызыр есэжат абыи, уэим имыщIу къубгъан щIехри, пщIантIэм щызеуэ и лIым хуозэ:

– Сыт, на-а, ныжэбэрей жэщым къэплъыхъуэр? – жи, къубгъаныр ирегъэувэхри.

– Дыгъуасэ бдзэжьей сигу къэкIащ жызыIар уэра хьэмэ сэра?

– Тхьэ, сэратэм! Къэбубыда зыгуэр? Дэнэ щыIэ?

– Къунтхибл хэздзат мо ди архъуэнэжьми, зы бдзэжьей къыфIэхьа уфIэщIрэ? Си хьэмбылухэр фIашхыкIри ежьэжащ. Иджы хъым щхьэкIэ сыкъэкIуэжати згъуэтыжырIым. Уэ зыгуэрым иумытауэ пIэрэ?

Къэралбий и мыхабзэхэу иупсыр пцIыт: ныжэбэрей жэщым ар Дуня и гупэм хэлъати, Урыху мылыпсымкIэ зигъэпскIри, къыдыхьэжа къудейт. Дунярэ Къэралбийрэ кууэ зэрыгъэделати, а тIум я зэгурыIуэкIэ КIужэ ирагъэсат жэщыбгхэм лIыр абы бгъурыкIуэсыкIрэ е мыIэрысэпыч хадэм кIуэуэ,

е и ныбжьэгъу гуэрым дэуэршэрурэ зигъэгувэу, е бдзэжьеящэ щыIа хуэдэ зищIуи, апхуэдэ щхьэусыгъуэ гуэр къигупсысурэ, матушкIэм щыхуэхьэщIэ зэзэмызи къыхигъахуэрт. ЦIыху пэжу къэгъуэгурыкIуа Къэралбий Дуня и бдзаджагъэкIэ пцIыупс хъуат. Бзылъхугъэм и IэфIагъым уимыгъэупсын пцIы щыIэ!

Ауэ абы къыщыувыIакъым зэщIасэгъухэм я мурадыр.

– Си псэм хуэдэ, уи жагъуэ-уи щIасэми, ухуей-ухуэмейми, ушынэ умышынэми, уэ сысей узэрыхъуар къыбгурыIуэжрэ? – жи Дуня.

– Ар дауэ? – къоуIэбжь ПащIищыр.

– Уэ сытым щыгъуэ иужь дыдэу уи фызым и гупэ ущыхэлъар? Мазэ япэкIэщ.

– Ар уэ дэнэ щыпщIэр?

– Мазэ хъуауэ уэ фIыуэ плъагъур хэт – сэра хьэмэ мора? Си дей укъызэрыкIуэм щхьэкIэ нэгъуэщI мыхъуми зэ къыпщыхьа? Ар уэ уи лъагъуныгъэм хуэныкъуэжу щытамэ, къэкIуэнти сыщIиукIыхьынт е сыщIихужынт. КIужэ зыхуейр лIыкъым, ар зыхуейр бынти Iэрыхьащи, дуней тхъэжыгъуэр иIэу мэпсэу... НтIэ, си дуней нэху, КIужэ дэрэ дызэхъуэжауэ дыгъэщI: сэ Бэлэ КIужэ естауэ, КIужэ уэ укъызитауэ... Илъэс тIощIрэ пщIырэ хъуауэ мылъхуэф фызым дежкIэ ар хъуэжыкIафIэ си гугъэщ, зытригъэгусыхь мыхъуну.

– Дуня, сэ а насыпыншэм сумыгъэпсалъэу уэ гурыIуэ. Сэ сыкъытебгъэхьауэ бжыи ари къытегъэхьэф.

– Сэ апхуэдэ абы пэзубыдыну сошынэ. Уэ улIщи, ар зэфIэгъэкI.

ЛIым ар КIужэ иримыкуфурэ илъэс ныкъуэ макIуэ. Iуэхум и пэжыпIэр, Дунярэ Къэралбийрэ я зэгурыIуэр, щхьэгъусэм жриIэну и жьэм къыхуемыгъэкIуу... Апхуэдэу щыхъум, шынэ зымыщIэ Дуня, КIужэ тегушхуа Дуня, нэкIуэпакIуэу бжэр Iуехри щIохьэ бысымым деж:

– Здраствуй, хозяюшка! – жеIэри. – Можно присесть? ДытIыс хъун? Уэрэ дэрэ дызэпсалъэу дызэгурыIуэн хуейщ, тIури дыхущIемыгъуэжын хуэдэу. Уарэзы?

Дуня адыгэбзэр къыIурылъэлъу псалъэ хъуат: зыгуэрым игу ебгъамэ, «Алыхьым удихыжи уэ!» – жриIэу, сабий къепсамэ, «Хьэтх утесу псафэ укIуэ!» – жриIэу, и ныбжьэгъу ауан ищIынумэ, «лъакъуэ мастэ чыристэнкIэ» ещу... Уи лъэпкъэгъу ухуэмызэу, умылъагъуу, уемыпсалъэу апхуэдиз зэманкIэ хамэм уащыхэскIэ, узыхэсми уи бзэр дахэ-дахэу щамыщIэкIэ, уэ абыхэм я бзэр къыбощтэ, ухуей-ухуэмейми. Кхъузанэ къеIыпхын, е дагъэ тIэкIукIэ уекъулэн, е мафIэхьэ укIуэн, нэгъуэщI IэджэкIи уахуеин щыхъукIэ, я псалъэхэми, я псэлъэкIэми хуэмурэ уосэ, ублэмэ зэрыхъур умыщIэу я бзэкIэ уепсалъэу щIыбодзэ.

– Тхьэр зыхуэупсэн КIужэ, – жи Дуня, кIэнфет къыхуиший нэхъей IэфIу кърегъэжьэри, – ди псэрэ ди псалъэрэ зэгурыIуэу дыпсэумэ, тIум ди дежкIи нэхъыфIIэ? ЕмыкIу къэтхьу, жылэм ауан дыкъащIу, дызэфIэнэ-дызэзауэм сыткIэ нэхъыфI? ДиIэмкIэ дызэдэгуашэу, димыIэмкIэ дызэуэкъулэу – аракъэ хабзэми дызыхуигъасэр?

КIужэ умэзэхауэ йодаIуэ пэщIэщIэгъум жиIэм. Абы ещIэ Дуня и кIэнфетым, фом и пIэкIэ, зэз къызэрикIынур.

– ...Егупсыс, тхьэм и хьэтыркIэ, – ирешажьэ матушкIэм и хъуагъэщагъэр, – уи щхьэ селъыт. Анэмэту къыпхуэзгъэна сипхъу закъуэр степхащ, къызэптыжырIым. Анэмэтым гъерэт ухуэмыхъу, жи адыгэ хабзэм. НтIэ уэ пхуэдэ цIыхубз Iущ ебакъуэ хъун а псалъэжьым? Уэ лIыи уиIэу, пхъуи уиIэу, сэ лIыи пхъуи симыIэжу! СынолъэIу, мыр суд Iуэху думыгъэщI: е си пхъур къызэтыж е ... уи щхьэгъусэр къызэт!

– Сэ сщIащ... Къызэребгъэжьэу сщIащ ар зыхуэпшэнур! Си унэри си щIапIэри абы телъу ухуейтэIэ? – КIужэр Дунями къыжьэхуохъуапскIэ.

– Си пхъум сэ сыкъидэжырIым, уи лIыр уэри къыпхуеижIым. Сыт щIа

Къэралбий уи гупэ нызэрымыгъуэлърэ? Ар жэщ къэсыхукIэ си дей ныщIэкIуэр укъиужэгъуащи аращ. Ухуей-ухуэмейми, уи жагъуэ-уи щIасэми, ар Алыхьым апхуэдэу иухащи, тIури дыпэлъэщынуIым. ЗыкъыспэщIумысэ, КIужэ: мыр суд Iуэху хъумэ, Бэлэ сэ къызатыжынущ, абы шэчи шубыхьэи къытумыхьэ, ауэ, уи фIэщ зэрыхъун, Къэралбий къыпхуэмыкIуэжыну, си деж къэнэнурэ сысей хъунум. Сэ си лъагъуныгъэр нэхъ гуащIэу къыщIэкIащ.

Дуня абы къыфIигъэкIакъым. Уи щхьэ зэрыхьщ жыхуиIэу, тэджри афIэкIа цIутI жимыIэу щIэкIыжащ.

КIужэ и закъуэу къызэрынэу, къыщиудри и щхьэр игъеижу щысащ Бэлэ еджапIэм къикIыжыху.

Бэлэ игъашхэу джэгуакIуэ щIигъэкIа нэужь, езы унэгуащэр ДжэбрэIилхьэжым деж кIуащ чэнджэщакIуэ. И Iуэхур хуиIуатэри хьэжыр игъэнэщхъеящ. ЛIыжьым и чытапышхуэр Iэбэуи къищтакъым икIи зэтрихакъым, и жьакIэ хужьышхуэм Iэ дилъэурэ гупсысэщ-гупсысэри, КIужэм къеплъащ Iэнкуну, пэжми темыгушхуэу, пцIыри и гум къыхуимыдэу. ИтIанэ тегушхуэри:

– А, нысэ, – жиIащ, – мо ди къуажэкIэм АружанкIэ еджэу фызыжь дыдэ дэсу зэхэпха? Уэсчэсейм хуэдэу къетхъухарэ и нэкIу мыгъуэри морэ хъуауэ, итIани хьэсэ къитIрэ бжьын-бжьыныху хищIэу... И хьэсэхэр къауц щхьэнтэм хуэдэу щабэрэ зэщIэдзауэ?

– Тхьэ, зэхэсха къудей мыхъуу, зэрэ-тIэурэ слъэгъуам щIэрыкIуэ къитIу... ЩIэубгъуэм...

– АтIэ, нысэ, хуарэ шыщIэм нэхърэ нэхъ дахэт ар и дэкIуэгъуэм. Ахэджагуэхэ япхъут ар, Джылахъстэнейм щыщу. Тырку пащтыхьыр къыщIэупщIэрт абы, щхьэгъусэкIэ къыхуейуэ,.. фыз тIощIырыпщI иIэ пэтми. Ар щызэхэсхым, сышэсри Болэтей сыкIуэщ аби, къэсхьащ Аружану плъагъур. Арати, зы щIалэ цIыкIу диIэ хъуауэ, сэри «Ал-Iэзхьар» жыхуаIэ университетыр къэзухарэ Хъуэхъужьейм сраефэндыуэ, хьэжи сщIауэ... Ым, махуэ гуэрым сымыщIэххэу, си пщIыхьэпIи къыхэмыхуэу, ар дунейм тет-темытми сщыгъупщэжауэ, шокъу жиIэу срохьэлIэ псы пэгунитI пхъэхькIэ Урыху къыдихыу... ЩIымахуэ шылэт. НтIэ, сызыхуэзар Хъурыхъухэ я нысэ Чазимэт, езыр фызабэу, быни имыIэу, бгъэныщхьэ унэжь цIыкIу щIэсу. Аружан еплъытамэ, Чазимэ жыгъунау хужыпIэнт, ауэ мыдрей физ къызэрыгуэкIхэм ебгъапщэмэ, зыкIи нэхъыкIэтэIым, тIэкIу хуэпэнущ, жьэпкъыпэ дыкъуакъуэщ жумыIэмэ,.. ае, и лъакъуэ сэмэгури пхэнжу идз хуэдэу. Чазимэр къэувыIэщ аби, зыкъигъазэри: «КхъыIэ, – жиIащ, – мы си псым тIэкIу къысхухэф, уэ нэхърэ нэхъ бегъымбари, нэхъ цIыху махуи мы къуажэм дэсIым. Уэ узыхэфа псыр угъурлы хъун хуейщ, хэт ищIэн, а псым сэ сефэжмэ, абы и хьэтыркIэ насып гуэр къызэуэлIэжынкIи хъунщ», – жиIэри, мылищэр хэзу псым сригъэфащ... Сэ псыи сыхуэлIэртэIым, пэгунми сыхэфыну къезгъэкIуртэIым, ауэ и набдзэ къурашэхэмрэ и нэ къуэлэнитIымрэ сазэрыIуплъэу, сызэфэр сымылъагъуу, езы Чазимэ и нитIым саубыдауэ, сефащ... Литрэ псо хъун сефащ. А нитIым къыщIих нурыр дыгъэм нэхърэ нэхъ гуащIэт, налкъутым нэхърэ нэхъ дахэт... АркъэнкIэ яубыдам хуэдэу саIыгъащ... Апхуэдиз къару зыхэлъ нэ си гъащIэм слъэгъуатэIым... Ялыхь, къысхуэгъэгъу, ауэ псымрэ а нитIымрэ яужькIэ сэ Аружан сфIэхьэлэмэтыжаIым икIи сфIэтхьэIухудыжаIым,.. ухуеймэ иупщэфIхэри сигу ирихьыжтэIым... Тхьэмахуэ енкIэ сенныкъуэкъуащ Чазимэ и аркъэным сыпэмылъэщу. Тхьэмахуэ дэкIа, нэхъыбэ дэкIа, си псэм сыхуимытыжу сыкIэлъыкIуащ а уд нэ къуэлэным... Махуэ шэджагъуэу ари... СыкъыщIэмыкIыжыфу сыкъыщIэнэри щхьэгъусэ схуэхъуащ... Сыт абы иужькIэ сэ бжесIэфынур? Дэ дызыпэмылъэщ къаруиуэ Алыхьым къигъэщIар ажалымрэ бзылъхугъэм и мафIэмрэщ...

## V

ДжэбрэІил-хьэжым и псалъэм КІужэр игъэгупсысэри къигъэшащ.

Арати, Къэралбийр цІыхубзитІым я кум къинащ, КІужэ деж шхакІуэ къэкІуэжу, Дуня деж жэщгъуэлъ игъэзэжу. Ар зыІыгъри хьэжыр зыубыда аркъэным хуэдэт.

Зы махуэ гуэрым шэджагъуашхэ къэкІуэжа Къэралбийр КІужэ ІэфІу егъашхэ, и хьэпи и шыпи хузэщІекъуэжри, итІанэ жреІэ:

– ДяпэкІэ си дей къыумыгъазэ. Зы ІуэхукІи укъемыплъэкІ. Уи матушкІэм и деж Іэпхъуэ аби, узэрыхуейуэ дэпсэу, гъэпщафІэ, гъэжьыщІэ, гъэдыжэ, и гупэ узэрыхэлъым хуэдэу. Ди нэчыхьри егъэкъутэжи, абы нэчыхь хуегъэтх, зинэ ещІэ къыпхужамыІэн щхьэкІэ. Сэ абы Былэ цІыкІукІэ узохъуэж, езыми уэркІэ Былэ къызехъуэж... Уэ абы и къапхъэным укъыІэщІэкІыжыфынуІым... Уэрэ дэрэ бын дыщимыІэкІэ, зыми дызэрипхырІым. Хьэйдэ, зегъэхь!

– Іау! Дэ къыздэдгъэщІа илъэс тІощІрэ пщІыр ауэ кІуэду ара? УщІегъуэжынІэ?

– Ар кІуэдмэ, зыгъэкІуэдыр сэраІым...

Бэлэ, зигъэпскІмэ, пшахъуэ пщтырым хэгъуэлъхьэжурэ къэгувауэ, Къэралбий щІэкІыжа нэужь къыщІохьэж ешарэ мэжэлІауэ, губгъуэ джэдгын Іэрами иІыгъыу, и анэр мэ ІэфІым иригъэпэмыну. А мэ гуакІуэр щыхуишийкІэ, пщащэжьейм гу лъетэ КІужэ и нэ нащхъуитІыр, шкІэплъ традза нэхъей, зэрыплъыжьым.

– Мамэ, уи нэр мыпхуэдэу щхьэ плъыжь? – Бэлэ къэуІэбжьауэ быфанэм и нэм щІоплъэ, КІужэ зыщигъазэкІэ къыпикІухьурэ. – Іейуэ узрэ, мамочкэ?

КІужэ, пхъум и гур химыгъэщІын щхьэкІэ, пэжыр, зыфІимыгъэІуэху хуэдэурэ, ебзыщІ:

– Нышэдибэ мо пхъэгулъ плъыжьхэр къыщыпысчым, зы къудамэ угъурсыз, зэгуэзгъэпа хъунти, си нэщІащэм къытехуэу къеуэри, аращ плъыжь зыщІар... Ар ничэвощ, иджы, абы щхьэкІэ умыгузавэу, тІыси шхэ. ИтІанэ укъыздэІэпыкъуурэ мы мэрзейр дыгъэщІ.

– Мэрзейр ящІрэ?.. Ар унэцІэІэ? Хьэмэ сыт?

– Мэрзей умышхауэ ара зэикІ? – ИгъэщІагъуэ хуэдэ зещІ КІужэ. – Ар сыт хьэдыгъуэдахэ, на-а!.. УадыгэІэ уэ?

– Сыадыгэ аслъыщ, мамуля, мэрзей сытемыплъами! Вот. Ар зягъэр иджыри къэс сІузымыгъэхуа си мамэ дыщэ плъыжьыращ. Ауэ абы щхьэкІэ къэзмыгъанэу уи мэрзейр сэ бдэсщІынщ, мамэу щыІэм я нэхъ мамэж.

– НтІэ, си тхьэІухуд шыр, мис мо згъавэр... мо пхъэгулъ плъыжь дахэхэр псывэм зэрыхэшыпсыхьу,.. ар чысель хуэдэу Іув хъунущ; апхуэдэ зэрыхъуу пхъэбгъум тхъу щытхуэнщи, абы тедгъэлъэдэнщ,.. теткІэурэ тедгъэлъэдэнщи, дыгъэм дэту дгъэгъунщ аби, лъахъстэным ещхь хъуауэ къытетхыжурэ тшыхьынщи дгъэтІылъыжынщ. Ар щІымахуэм сытым хуэдэу ІэфІ хъурэ! Мис итІанэ, уигу къыпылъэдэху, къыпытхъыурэ утхъэжу щІэбгъэмэрэкІуэнщ, укъэзылъагъухэм лъахъстэн зыІурыплъафэ я гугъэу... Иджыпсту шхэи, мо пхъэбгъу упсахэр къабзэрэ бзыгъэу схуэтхьэщІ. ПтхьэщІа нэужь, дыгъэм дэгъэуви гъэгъущ. Лъагэу Іэтауэ.

...Алыхьым ещІэ а пхъэгулъ плъыжьхэр зэрывам и жылыр, ауэ хапІытІыхьурэ мо псы къэкъуалъэм зэпкърихыу хэшыпсыхьа нэужь, мо ткІуаткІуэ тхъуэплъыр язри пхъэбгъу къабзабзэм трагъэлъадэурэ шындэбзий дыгъафІэм дагъэувэ; Бэлэ цІыкІуи жыхапхъэ къабзэ иІыгъыу бгъэдегъэтІысхьэж, къуалэбзуи, джэдкъази, бадзэбжьэдзи, къинэмыщІи иримыгъэкІуалІэу. Дыгъэр пщащэжьейм къегуэщІэкІ щыхъум, КІужэ Къэралбий и упщІэ пыІэ къэнар къехьри Бэлэ къыщхьэретІагъэ.

Пщыхьэщхьэм зэанэзэпхъур зэрыгъуэлъыжу, КІужэ кърегъажьэ «Хъул-

бациц и псысэр», Бэлэ абы щIожеикI. Унэгуащэр жейм емызэгъыу зигъэкIэрахъуэу пIэм къыхонэ. Ар Къэралбий и лъагъуныгъэми хуозэш, Дуня нэмысыншэми хузэгуоуд, щхьэщIэгупсыс мэхъу, и унагъуэр зэрыкъутам егъэгуIэ, лъэмыкIыу къыщеудри пыхьэу пIэкум къотIысхьэ... ГъащIэр фIэмыIэфIыжу и псэр мэхыщIэ, и гур мэуз, гуажэ хуэхъуар къызэрыдохьей тхьэусыхафэрэ гузасафэу... Сыту мыгъуэу сфыз насыпыншэт сэ, ди Тхьэ! ГуащIэмрэ гущIэгъумрэ зиIэр уэрауэ, апхуэдиз гущIэгъум щыщу зы тIэкIу сыту къыслъымысарэ сэ тхьэмыщкIэм? Ущысхьа мыгъуэу пIэрэ? Сэ гугъапIэу сиIа щхьэгъусэр мо фыз джаурым уеплъурэ дауэ стребгъэха?.. Абы и закъуэ! Жылэ фызым тхурытху, пщIырыпщI къалъху, сэ сылIэмэ сыщIилъхьэжыну зы щIалэ къызэптамэ, сыт хуэдиз шыкур пхуэсщIынт, я Алыхь! Уи нэфI зыщыхуэхэм сыт хуэдэ фIыгъуэри яIэщIэлъхьэ, сэ жьы сыхъупэмэ, сызыпIыжынур хэт? Я дэ ди Тхьэ, сэ гуэныхьлыуэ сыкъэбгъэщIат сыкъыщыбгъэщIым?..

– Мамочкэ, сэ успIыжынIэ, щхьэ угузавэрэ? – къоIу Бэлэ и макъ угъурлыр: КIужэ и гъы макъыр абы зэхихынкIэ зэрыхъунур щыгъупщэри, зэрымыщIэкIэ къигъэушщ аби, зыкъомрэ и нэпсыр къыщIэжу къыщхьэщытащ гу лъимытэу. – Умыгъ, си мамэ дыщэ: сэ Алыхьым уэ сыкъуитащ узгъэгуфIэну, сыбдэIэпыкъуну, успIыжыну... Ауэ Алыхьым и жагъуэ умыщI. Сэ уэ псоми нэхърэ нэхъыфIу узолъагъу. Уэ улIэ хъунуIым: сэ уэрыншэу мы дунейм сытетыфынуIым.

Бэлэ и макъыр къызэрыIуу, КIужэ зыкъещIэжри, къеIэт аби, езым зыбгъурегъэгъуалъхьэ:

– Е насыпым я насыпыжу Тхьэм къызитыжа си дыщэ бзу! – жи. – Гуауэм делэ сищIри уэ усIэщIэгъупщыкIа мыгъуэу арат, сэрмыгъуэ, а къомыр къыщIэзвар. Уэ узиIэщ, уэ ущызиIэкIэ, сэ сытри сиIэщ, си Былэ дахэ цIыкIу. Упсэу, илъэс минкIэ упсэу!..

Зэанэзэпхъум я IэплIэ зэшэкIауэ уэршэрурэ тIури Iурихащ.

...Тхьэмахуэ хуэдиз докI. Зи гъун ирикъуа мэрзейр пхъэбгъум къытрахыжри, тхылъымпIэм ещхьу яшыхь аби, КIужэ а шыхьагъитIри лъэщIэсым щегъэтIылъ, Бэлэ и нэ фIыцIэшхуитIыр къижу зэреплъым хуэдэурэ. Быфанэм зыкъигъэзэжмэ – и пхъум и Iэ псыгъуэ цIыкIухэр и щIыбымкIэ щызэрыдзарэ, фIэтелъыджэ гуэрым щIэупщIэ нэхъей, къыхудэплъэйуэ. КIужэ къоIэнкун укIытэгъуэ къыIэщIэщIа хуэдэ:

– А сылIэу сызэгъэжащэрэт! – жи. – Уэ мэрзей зэрыпIумыхуар сигу къэкIыжаIым... Уэри фызыжь ухъумэ, сэ сэщхьу щыгъупщэх ухъункIэ хъунущ.

ШыхьагъитIым я зым мэрзей Iыхьэшхуэ къыпетхъри Бэлэ къыхуеший, Бэлэ и IитI щIыбагъымкIэ щызэрыдзар зэримыхыу зеIуантIэ-зешантIэ... Унэгуащэм къыгурыIуэркъым абы къикIыр:

– Сыт, си псэ, уфIэмащIэу ара? – жи. – КъыпыптхъыурэзыбгъэнщIыху шхы.

Бэлэ зэрызиIуантIэм хуэдэурэ и щхьэр фэтэрымкIэ еший:

– МоитIур-щэ? – жи.

КIужэ, емыкIу къыпаубыда нэхъей, къызэщIонэ:

– СлIо, сэ абыхэм срапщылI, сраIуэхутхьэбзащIэ? Хьэмэ сраунэIут уи гугъэ? – къыхуогубжь ипхъу гъэфIэным. – Сыт, сэ абыхэм ягу къыпылъадэр яIурыздзэу сыщысын хуей? Нобэ мэрзей яхуэпхьмэ, пщэдей жэмыкуэ жаIэни! Мохьщ ар!..

Бэлэ и нэпсым къызэпежыхь.

КIужэ тхьэщIэпс ирикIутын хуэдэу щIокI. Абы ирихьэлIэу Дуня куэбжэ цIыкIумкIэ къыдохьэж сэмб иIыгъыу, сэ илъу бжыхь джабэм кIэрыс Къэралбий къыбгъэдохьэри сэмбыр къыхуеший:

– Еплъыт мыбы и IэфIагъым, – жеIэри.

КIужэ якIэлъоплъ, сыту пIэрэ мыбы къыхуихьар, жыхуиIэу. Къэралбий сэмбым йоIэбэри, къыIэрыхьар кърихмэ – кхъуэ нэкулъщ!

– Пу, алаурсын! Уи анэр хьэм иш уэ! Сыт мы гъуамэ къысхуэпхьар! – жеIэри нэкулъ пшэрышхуэр хьэм хуедз.

Хьэм ар къепхъуатэри сигарэ жьэдэлъ нэхъей къыIурыпIиикIыу щIопхъуэж, Дуня къогубжьри, Къэралбийм къыхуолъ:

– Е зинэ цIафтэкIэ къалъхуа джаур, – жи, – апхуэдэ ерыскъы хьэм ирагъэшхрэ! Алыхьми бэлыхьми ущышынэрIэ?..

– Уи тIуалэр гъэбэяу, мы си IэштIымым ухуэмызэшамэ! – къытокIиеж Къэралбийри. – Сэ сымуслъымэнщ, кхъуэл къыщIысхуэпхьыр сыт? Чыристэн сыпщIыну ара узыхэтыр?

– Уэ чыристэн узэрыхъурэ нейзэман! Умычыристэнмэ, кхъуэл вагон зышха си Iупэм дауэ ба къыхуэпщIрэ? Ари уфIэIэфIыжьу, тхьэ! УкъысIурышхыхьу!..

КIужэ погуфIыкIри щIохьэж. Алыхьым ещIэ, мохэр зэхъурджауэху ар зэгупсысари, абы игу къэкIари – сытми мэрзей шыхьагъитIым я зыр лъэщIэсым къыщIехыжри и пхъум кърет:

– Мэ, джэдгын хэудауэ си псэр зэзгъэшхын цIыкIу, мыр адэм хуэхь, уэр щхьэкIэ сщIа мэрзейр шхы, жыIи.

– Папэ и закъуэ зышхын хуейр? Си анэр-щэ?

– Абы и унафэр езыхэм ящIыжынщ, уэ хьы закъуэ.

– Уэ зэрыпщIар яжесIэнIэ?

– Ар уэ яхуэпщIауэ яжепIэмэ нэхъ IэфI къащыхъунщ, тIу. Мыр уэ пшхыурэ кIуэ, – жеIэри Бэлэ къыхупитхъауэ щыта Iыхьэр кърётыж.

Арати, быфэпхъур гуфIэжу щIожри, бжыхь джабэм кIэрыс Къэралбий мэрзей шыхьар ирет, КIужэ къызэрыжриIам хуэдэу, псалъэ гуапэхэр щIыгъуу. ЛIыр гуфIэу маджэри и фызыр къыщIеш:

– Дунэ, мы ди жэнэтбзум тхуищIу къытхуихьар плъагъурэ? – жеIэри.

– Смотри какая чудная пастила! – егъэщIагъуэ, щогуфIыкI Дуня, мэрзейр щIигъэмэракIуэурэ. – Сэ мыпхуэдэ игъащIэм слъэгъуаIым... Тхьэ, не видела!.. Мыр зыхуэпщIар сэра хьэмэ мы папэ, доченька?

Дуня и гурыфI къикIа хъунти, и пхъум IэплIэ иришэкIыну щыбгъэдыхьэкIэ, Бэлэ зэщIэкIуэжурэ къыпэщIокIуэт: зыхуригъэщIыркъым. Янэри Iэнкуну зэтоувыIэж:

– В чем дело, Бэлочка? Ты меня разлюбила, что ли? КIужэIым уэ укъэзылъхуар, сэращ...

– Хым, кто у меня отняла оба папы?.. УэраIэ адэншэу сыкъэзыгъэнар? Дэнэ папэ Ваня здэпхьар? – пщащэжьейр къыщIопхъуэри быфанэм деж къокIуэж.

Дуня нэщхъейуэ зыкъомрэ къоплъ Къэралбий, итIанэ и нэпситIыр къелъэлъэхыу хуожьэри унэм щIолъэдэж.

...Арати, августыр и зэманыгъуэм икIуэсыкIыжу зи чэзу шынэхъыщIэр кърыгъэхьэну зигъэхьэзыр пэтрэ, махуэ жьауэ Хъуэхъужьейм къоблагъэ, дыгъи къемыпсу, уэшхи къемышхыу, жыг тхьэмпэхэр игъэIущащэрэ зиущэхужу жьы мащIи къепщэу – мис апхуэдэ махуэ тынш гуэрым зэанэзэпхъур хадэм йохьэ кIэртIофыр къатIыжыну. КIужэ, и белыр куууэ щIегъалъэри, напIэхэр къызэрегъэдзэкI, Бэлэ кIэртIоф гъущэ дахэшхуэхэр къищыпурэ пэгуным, джэдыкIэ ирилъхьэ нэхъей, сакъыурэ егъэтIылъ; итIанэ, щIы щабэр Iэхъуамбэ псыгъуэхэмкIэ зэлъыIуитхъуурэ, жьгъейхэр къызэщIекъуэри адрей пэгуныр игъэпсалъэу ирекIутэ – ар шатэкIэ Нотхэ я хыв бжьашэм ехьэехуэ я хывыжьым и Iыхьэт.

Пэгуным кIэртIоф сырыхушхуэхэр из хъуауэ, КIужэ къыхуогуфIэ Бэлэ:

– Еплъыт, къыпхуэIэтын а пэгуныр? – жеIэри.

Хъыджэбз цIыкIум ерагъкIэ пэгуныр къеIэтри, езыр сэмэгумкIэ гъэшауэ къоув.

– Алыхь, ар зэрыпхьын къару уимыIэ уэ иджыри, – жеIэ КIужи, пэгуныр къыIехри, пхъур и блыгу щIэту йожьэ.

– Дэнэ дыздэкIуэр? – Бэлэ анэм и мурадыр къыгурымыIуэу худоплъей.

– Гъунэгъу Iыхьэ, жаIэу зэхэпхаIэ, си жэнэтбзу? Мыр уи анэнэпIэсым ептынщ, – жеIэри КIужэ кIэртIоф пэгуныр Дуня и бжэIупэм Iуегъэувэ. – Еджи ет, ауэ пэгуныр егъэунэщIи нэхьыж.

Iэуэлъауэр зэхэзыха Дуня бжэр Iуехри къыщIоплъ:

– Что, доченька? – и пхъур къыщIэкIуар къыгурымыIуэу щытщ.

– Мы кIэртIоф пэгуныр гъунэгъу Iыхьэу къыпхуэсхьащ, мамэ, фIыкIэ фышх! – жеIэри, Бэлэ пэгуныр къещтэри, и анэм и пащхьэ дыдэм ирегъэувэ. – КIэртIофыр фи хьэлэлщ, ауэ пэгуным иджыпсту дыхуейщ, унэщIи къызэтыж.

Дуня – и цIапэмкIэ жыпIэмэ – Авдотье пэгуным къобакъуэри, Бэлэ зрешэкI аби, и нэпсхэр къыщIэжу зрекъузылIэ, итIанэ дэндей пцIанэу игъуэтми ба хуещI, гъыуэрэ ба хуещI, бжэуэрэ ба хуещI:

– Сэ уэ зыращ мы дунейм щызиIэр, Бэлочкэ, сэ апхуэдиз илъэскIэ узмылъагъуу, IэплIэ пхуэзмыщIу, ба пхуэзмыщIу сызэрыпсэуфар сэр дыдэм къызгурыIуэжыркъым, – жи псалъэ къэс игури и псэри хилъхьэу. – Уэ уи IэфIагъыр щхьэ иджыри къэс къызгурымыIуа мыгъуэрэ? Мыбэуэжыфым жьы къабзэ къыIурыуэжа ухуэдэщ уэ си дежкIэ... – Пщащэжьейм и гущIэгъури и лъагъуныгъэри къобл аби, гъыуэрэ и анэм зрекъузылIэ, ба хуещI, Авдотьи и хъуапсэри и гугъэри къызэдоушыжри,.. – Къэгъэзэж, си IэфI, къэкIуэж, си фо, Псков усшэжынщи, ди лъэпкъым дахэсу, дызэрыурыс-урысу дыпсэунщ...

Ар зэрызэхихыу, Бэлэ и анэм зыкъыIэщIеудыж аби, пэгунри щыгъупщэжауэ, жэкIэ КIужэ деж къыIуолъэдэж.

– Пэгуныр къыпщыгъупщащ, – жи быфанэм, Бэлэ и нэпсхэм гу лъимытэ хуэдэ зещIри. – Хьэмэ зракIутэн ямыгъуэтауэ ара?

ЕтIуанэ пщэдджыжьым сыт щыгъуи нэжэгужэу Iуэху зыщIэ Бэлэ пэгунитIыр къещтэри нэщхъейуэ хадэм макIуэ. Нэхьапэ щIэкIа КIужэ и белыр щIым хесэри и пхъум гузавэу къоплъ.

– Сыт, Бабыцэ, уи лажьэр? – жи: анэр ипхъу гъэфIэным цIэ Iэджэ къыхуигупсысурэ къредэхащIэрт, Бабыцэри абыхэм язт. – Зыгуэр къоузрэ, тIу? Хьэмэ зыгуэркIэ уи жагъуэ сщIа?

– АIэ, тхьэ, зыри къызэмыуз...

– НтIэ дыгъуасэ уезгъэша мыгъуэу ара?.. Хъунщ, нану, накIуэ нэкIуэж. Нобэ зыдгъэпсэхунщи, къэна тIэкIур пщэдей дыухыжынщ.

– КхъыIэ, умыгузавэ, мамэ, сэ сешаIым, икIи зыри къызэузырIым... Ауэ сщIэрIым сыщIэнэщхъейр... Моуэ си псэр зыгуэрым хуозэш, зыгуэрым хуэныкъуэ хуэдэщ, зыхуэныкъуэри зыхуэзэшри къызгурыIуэрIым... Моуэ-щэ зыгуэр сфIэкIуэда хуэдэу, а сфIэкIуэда хуэдэм си гур щIэузу, сыхуэлIэу, дажи сыхуэмэжалIэ хуэдэу... сщIэрIым зэрыжысIэнури... Ну ничево, иIэ дыгъэлажьэ, мамочкэ. Мы щIым къыхэна кIэртIоф дахэшхуэхэр дыгъуасэ къэттIыжахэм яхуозэш, йохъуапсэ... МэлъаIуэ, мамочкэ, едаIуэт: мо подвалым илъ ди шыпхъухэм дахуопабгъэ, – жаIэурэ.

ИгъащIэм чытапи тхылъи къызэтезымыха, Iэлыф къизымытхъа КIужэ университет къэзыухахэм нэхърэ нэхъыфIу зэхищIыкIырт цIыхупсэр зыгъэ-

нэщхъейри, зыгъэгумэщIри, зыгъэпIейтейри. ГъащIэм и бэIутIэIухэмрэ и гузэвэгъуэхэмрэ цIыхур Iэджэм хуагъэIущ, хуаущий. КIужи псалъэ лейрэ гупсысэ куэдрэ хэмыту къыгурыIуащ Бэлэ зыгъэнэщхъейр. А Iуэхум и бгъэдыхьэкIэ хъунури къигъуэтащ.

– Ае, Былэчкэ, пэгуныр къащти къакIуэт мыдэ, – жеIэри быфэпхъур бжьыхьэ мыIэрысейм бгъэдешэ. – Иджы мыIэрысэ хъуахэр къыпыпчурэ илъхьэ пэгуным.

– Аргуэру мэрзей тщIыну?

– Ахьай тщIыну! – жеIэр аби, пIэтIрэжан хьэсэм хешэ, нэхъ пIащэрэ нэхъ плъыжьу зыбжанэ къыпачурэ мыIэрысэм щхьэщалъхьэ.

– Интереснэ, мамэ, пIэтIрэжан хэлъу мэрзей! Уарэ, ар сыт лIэужьыгъуэ? Нэхъ IэфI хъурэ?

– Ахьай хъурэ, си Бабыцэ! – Джэшдэжей къуэлэным щыщ щхьэщалъхьэурэ пэгуныр из ящI – Иджы, Былэ, – жи КIужэ, – сэ жьыщIын си куэдщи, абы яужь сихьэнщ, уэ мы пэгуныр щтэи Дуня хуэхь. Хуэхьи укъыщIэмыжыжу гъэуэршэр. Махуэ псом и закъуэщи мэзэш, тIу, тегъэу. Псапэщ. И гуапи хъунщ. Ауэ шэджагъуашхэр къызэрысу къэкIуэж. Пэгунри къыумыгъанэ.

Бэлэ пэгун хьэлъэр – хьэлъэми дыгъуасэрей кIэртIофым нэхърэ нэхъ псынщIэт! – нтIэ, пэгун уэндэгъур къещтэри, сэмэгурабгъумкIэ егъэщIауэ ехь аби, и анэм и фэтэрыбжэм тоуIуэ.

– УкъытемыуIуэу къыщIыхьэ, доченькэ, – жи Авдотье. – Мыр уэри уи унэщ, бжэри Iухащ.

Бэлэ тегушхуауэ бжэр Iуехри пэгун хьэлъэр щIехьэ.

– Алыхь-алыхь, мыпхуэдиз джэшыр дэра къызыхуэпхьар? – жи, анэм пэгуныр Iехри.

– Мыр джэш къудейIым, мамэ, – погуфIыкI Бэлэ. – Мыхэр щыуэ зэхэлъщи, зэрытлъхьэн гуэрхэр къэгъэIэгъуи, си пэгуныр дыгъэунэщI.

Дуня и гуапэу джэш напIэхэр къыщхьэщех, джэш лыбжьэмэ къыщIихьэ фIэщIу; пIэтIрэжан плъыжьышхуэхэр зэрилъагъуу къипхъуатэурэ ба яхуищIурэ, щхьэхуэу егъэтIылъ; мыIэрысэ джабэплъхэр щыгуфIыкIыурэ кърехри абдж фалъэшхуэм папцIэу щхьэщелъхьэ.

– Къозыгъэхьа КIужи, къэзыхьа уэри псапэрэ гуапэу тхьэм къывитыж! – жеIэри мыIэрысэ фалъэр шхапIэ стIолым трегъэувэ. – Уи адэр мэжалIэу къэсыжмэ, зы пIэтIрэжан къемылу псори щIигъэмэрэкIуэнщ, – жеIэри и ныкъуэр егъэпщкIу, къэнар лъакъуэ зыщIэт фошыгъулъэм ерагъкIэ ирегъэзагъэр аби, мыIэрысэ фалъэм бгъэдегъэувэ. Джэшхэри банкI гуэрым ирекIутэри, адрейхэм ябгъурегъэувэж. – Вот! – жи. – Уи адэр къызэрыщIыхьэжу и нитIыр къилыдыкIынщ.

КIужэ и Былэр къызэригъэIущам тету, зэанэзэпхъур уэршэру мэтIысыж. ЕджапIэм топсэлъыхь, Бэлэ и ныбжьэгъухэм щотхъу, я щхьэцыкIэм къеIэщIалэжь цIыкIухэр яуб, тедзэщу къэна сабийхэм ирогумэщI, япэрей классым къыхэнэжахэр яуб, хъуэнэрейхэм хущIобжэ,.. Iэджэм я щхьэфэ йоIэбэ. МэгушыIэ, мэдыхьэшх... Авдотье бзаджагъэкIэ псалъэмакъыр КIужэ хуишэу Бэлэ и быфанэм хуигъэпсэлъэну хуожьэ. АрщхьэкIэ Бэлэр Дуня щыгугъам къыщыщIэкIыркъым:

– Тхьэ, мамэ, уэ умыцIыху а КIужэ, – жи. – Абы и пIэ уитамэ, ар зэрыфIэрафIэм хуэдэу уэ укъыхущIэкIынтэIым.

– ЩIэныгъэ жыхуаIэ иIэIым, на-а, Iэ тедзэжыкIэ къудей ищIэрIым тхьэмыщкIэм. Дикаркэ мыгъуэщ...

Авдотье и пхъур къыхуэгъэшырIым.

– Уи жагъуэ умыщI, мамэ, ауэ КIужэ, емыджа пэтми, культурэрэ IущыгъэкIэ уэ абы упэхъунIым. Абы хабзэрэ нэмысу хэлъым и Iыхьэ ныкъуи

плъэгъуаIым уэ... Тхьэ, мамэ... Илъэс дапщэ хъуа сэ абы сызэрипIрэ? ИтIани уи Iей зэ жимыIа, сэри жысIэу къысхуимыда!..

Дуня зыхэмыувэн зэрыхэувар къыгуроIуэжри, занщIэу щIелъэфыж. ИтIанэ игу зыгуэр къокIыжри, къыщолъэт аби, и шумэдан яжьафэр зэтрегъэпкI, мажьэкъуаншэ морафэ къыдехри, пхъум и щхьэ фIыцIэр хуежь, мажьэри къыхимыхыжу щхьэцым къыхенэ:

– Мыр уэ къыпхуэсщэхуати, сигу къэмыкIыжурэ нобэ къэс щылъащ. Зехьэ, доченькэ, мамэ и тыгъэщ жыпIэурэ зехьэ.

Бэлэ щхьэхэIу мажьэр къыхепхъуэтыжри, щыгуфIыкIыу зэпеплъыхь итIанэ къыщолъэт аби, анэм и нэкIущхьитIым ба зырыз хуещI, гъуджэм бгъэдоувэри къикIуэт-екIуэтэлIэжурэ зызэпеплъыхь, зегъэщIагъуэ, зегъэпIий – цIыкIу пэтми, бзылъхугъэ хьэл хэлъщ абыи.

Дуня шумэдан яжьафэр аргуэру зэтрегъэпкI, дыхумэ дахэ къыпихыу сабын гъэщIэрэщIа къыдехри, ари пхъум къыхуеший.

– Мис мыбыкIэ махуэ къэс зыптхьэщIурэ, шкIуолым кIуэ, дыхумэр къыпкIэрихыу, унэрысхэм щхьэгъубжэр зэIуагъэжрэ я пэхэр шияуэ къэпамэу... Ну как, согласна?

– Мамэ, уэ уи пIэм КIужэ итамэ, къызжиIэнур нэгъуэщIт...

– СлIо, зыми иумыгъэлъагъуу зехьэ къыбжиIэну арат?

– Мэ, си Бабыцэ цIыкIу, мыр уи анэм схуетыж къызжиIэнт...

Дуня и щхьэр егъэщIауэ мэгупсысэри:

– А что, – жи, – это хорошо! НтIэ, апхуэдэу щIы: мыр си мамэм къуитыжащ жыIи, егъэпэми ет.

Бэлэ цIытхъытхъыу къэкIуэжу, и анэм къызэригъэIуща псалъэхэр жиIэурэ, дыху сабыныр КIужэ щритыжым, быфанэм и нитIыр нэхъри угъурлы къэхъуащ, уеблэмэ нагъуафэ къатеуащ.

– Апхуэдэ гукъэкI зыщIар Дунэ хьэмэ уэра? – егъэщIагъуэ унэгуащэм, шэч тIэкIуи хэлъу.

– Тхьэ, мамэ, сэ апхуэдэ сабын абы иIэу сымыщIэхха! – жи Бэлэ пыгуфIыкIрэ нэзкIапэщIэплъи КIужэм зыкъыхуищIу. – И шумэданэм къыдихри, уи анэм схуетыж жиIэри къызитащ, дэри дыугъурлы хъунуIэ! – жиIэурэ гуфIэу.

– Мыбы къыпих мэ дахэр сабыным и мэ хьэмэ Дунэ и псалъэхэм я мэ?

– Сабыным и мэщ, мамэ.

– Тхьэ, ущоуэм, Былэ, сабыным апхуэдэмэ къыпимых, мыр псалъэ Iущым и мэ хуэдэщ.

Арати, КIужэ и унагъуэмрэ Дуня и унагъуэмрэ зокIужри зэкIэлъыкIуэ мэхъуж. КIужэрэ и пхъумрэ ипщэ пэшым къыщIонэ, Авдотьерэ и щIасэмрэ пэш ищхъэрэр къалъос. Пэш курытыр унагъуитIми зэдай шхапIэ ящI. Зы тхьэмахуэм КIужэ адыгэ шхын яхуепщэфI, етIуанэ тхьэмахуэм Дуня урыс шхын яхуегъэхьэзыр, кхъуэл къыхэмыхьэу. Бэлэ КIужэ къахубгъэдэкIыркъым. Ауэ... хым-хым-хым... Дауэ иджы ар зэрыжысIэнур?.. Къэралбий зэзэмызэ КIужэ дежкIи щекIуэсэкI щыIэщ, Дуни цIутI жиIэркъым, зэрытIуанэр ещIэжри...

*13.05.2006*

## ЖьантIэ



# «…Ажал, уапэлъэщынкъым си усэ сатырхэм…»

Балъкъэр поэзиемрэ балъкъэр литературэбзэмрэ я лъабжьэр зыгъэтIылъа Мечиев Кязим гъащIэшхуэ къигъэщIащ, нэхъыбэжи и нэгу щIэкIащ. Езым и зэманым щыIа социальнэ Iуэхугъуэ инхэр зи творчествэм къыщыгъэлъэгъуэжа лIы Iущым и IэдакъэщIэкIхэр балъкъэр поэзием и дыщэ пхъуантэ хъуащ.

Ди республикэм и урыс тхакIуэ нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ щыта Киреев Михаил Мечиевым теухуауэ итхыгъащ: «Абы и кIыщым къыщыблэ мафIэм деж цIыхухэм къахьыр я пхъэIэщэ къутахэм я закъуэтэкъым, абыхэм мыбдеж я гуфIэгъуи, нэщхъеягъуи, гупсысэ хьэлъи кърахьэлIэрт…»

Дахэщ Безенги аузыр. Къыр уардэхэр лIыжь Iущ хэгупсысыхьауэ ноби къуэ зэвхэм доплъызэ. Доплъызэ илъэси 135-кIэ узэIэбэкIыжмэ дэплъызэу зэрыщытам хуэдэу. А зэманым, 1859 гъэм, Безенги аузым дэс Шики къуажэм щыпсэу Мечиев Беки щIалэ цIыкIу къыщыхуалъхуам, зыми и гущхьэ къэкIагъэнкъым ар лъэпкъ псор зэрыгушхуэ, зи цIэр щIэблэхэм зэIэпахын, дэтхэнэ балъкъэр усакIуэри «ЕгъэджакIуэкIэ» зэджэну цIыхушхуэ хъуну. Апхуэдэуи зыми ищIакъым абы къыпэщылъ гъащIэ гъуэгуанэм и гугъуагъымрэ а гъуэгуанэм и хьэлъагъымрэ зыхуэдизыр. Зыми ищIакъым а гъуэгуанэм Кязим балъкъэр къуажэм къыдишу дунейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къызэрыщигъэхутэнур.

ЩIэныгъэншэ, къулейсыз унагъуэм къыщалъхуми, Кязим тхэкIэрэ еджэкIэрэ зригъащIэри, щIэныгъэ зригъэгъуэтыным хуэпабгъэу, и къуажэжьым дэкIри, куэд къызэхикIухьащ. Абы хьэрыпыбзэр, къэжэрыбзэр иджащ,

тыркухэм я поэзием и щэхум зыхигъэгъуэзащ, хьэрыпхэмрэ къэжэрхэмрэ я искусствэм наIуэ зыхуищIащ. Аращ хьэрып хьэрфхэм балъкъэр усэм и япэ сатырхэр къизыгъэтIэсар.

Востокыр къыщызэхикIухьым, абы и народхэмрэ къэралхэмрэ я псэукIэм щыкIэлъыплъым, Мечиевым фIы дыдэу къыгурыIуащ «тхьэмыщкIэр дэнэ щIыпIи щытхьэмыщкIэу, къулейр тхьэмыщкIэм и тепщэу зэрыщытыр». Ауэ абы езы дыдэми къыгурымыIуэжынкIэ хъунт и усэхэр хьэрып хьэрфхэм щригъэтIасэм балъкъэр поэзием и лъабжьэр зэригъэтIылъыр.

КъызыхэкIа лъэпкъым и гурыгъу-гурыщIэхэр езыми и гурыгъу-гурыщIэу, и гуауэр и гуауэрэ и гуфIэгъуэр и гуфIэгъуэу къызэрекIуэкIар Кязим и усыгъэм хэкIыпIэ нэхъыщхьэ хуэхъуащ. Аращ а усыгъэр цIыхубэм къыщIищтари. Аращ Мечиевыр ноби балъкъэр поэзием и фIыпIэу, и къежьапIэу усакIуэшхуэ Кулиев Къайсын къыщIалъытэр. Езы Кулиевым и егъэджакIуэм теухуауэ итхауэ щытащ: «УсакIуэ иныр щIыналъэ лъагэм, щIыналъэ гъуэзэджэм щыпсэуащ. Дэ ди дежкIэ ар куэдрэ ди лъэпкъым къыхуэблэну бгыщ…»

Куэд пхужыIэнущ Мечиевым и поэзием теухуауэ. Ар, адыгэхэм ди ПащIэ Бэчмырзэ къызэрытлъытэм хуэдэу, балъкъэрхэм я япэ усакIуэу ябж. Ауэ цIыхушхуэхэм куэдрэ къахуохуэ гузэвэгъуэ Iэджэ я нэгу щIэкIыну. Кязим и ухыгъэри тыншу щытакъым. Залымыгъэ зытралъхьэу я лъахэм ираша и лъэпкъым щIыгъуу ар 1944 гъэм щIыпIэ жыжьэ къыщыхутащ.

Щалъхуа щIыналъэм пэIэщIэу ар Къэзахъстан жыжьэм дунейм щехыжащ 1945 гъэм. Иджыри къыздэсым тэмэму ящIакъым Мечиевым и кхъащхьэр дэнэ дежми. Балъкъэрхэм я хэку къагъэзэжа нэужь, тхакIуэхэри щIэныгъэлIхэри зыкъомрэ лъыхъуащ Мечиевыр здыщIэлъ щIыпIэр къахутэну. Ауэ ар щахузэфIэкIар 1989 гъэм и сентябрырщ. Мечиевым и илъэси 130-р щагъэлъапIэ махуэхэм тхакIуэ, щIэныгъэлI гуп Къэзахъстаным, Талды-Кургранскэ областым и Караталь районым хыхьэ Тельман къуажэм кIуащ. Абы щыпсэухэм ящIэжу къыщIэкIащ балъкъэр усакIуэр, абы и кхъащхьэр хьэщIэхэм кърагъэлъэгъуащ. Ауэ езы усакIуэр дунейм щехыжар Коксу жыхуиIэ къуажэрщ, и гъащIэм и иужьрей махуэхэр щихьар аращ. И къуэр щыпсэуар Тельман жылагъуэрщ, аращ усакIуэр абы щыщIалъхьэжын хуей щIэхъуари.

Мис апхуэдэу, и Iыхьлыхэм я гъусэну хузэфIэмыкIыу, и иужьрей махуэхэр къигъэщIащ усакIуэм. Езыр дунейм ехыжами, и усэхэр къэнащ. Къэнащ лъэпкъ дамыгъэу, лъэпкъ набдзэу, лъэпкъ Iущыгъэм и нэщэнэу. А лIы щэджащэм кIыщым щипсыхьа усэхэр икъукIэ лъэщ дыдэхэу, псэ быдэхэу къыщIэкIащ. Ахэр уахътыншэ хъуауэ лъэпкъым къыдокIуэкI.

Езы Кязим и псалъэхэмкIэ жытIэнщи, ажалри зэманри пэлъэщакъым икIи пэлъэщынукъым абы и усэ уахътыншэхэм.

◈ ◈ ◈

# МЕЧИЕВ Кязим

**Унэм сыщIоплъыкIри, уи жьэгум**
**Къыдиху Iугъуэр нэIурытщ, си пщащэ.**
**Ауэ уи деж сынэзышэ гъуэгур**
**Багдад нэс кIуэ гъуэгуу хъуащ кIыхьыщэ.**

**Уи дэлъхумрэ уи адэмрэ дигу къеуэу,**
**ДызэращIрэ дэ тIур зэпэIэщIэ,**
**Нэщхъеягъуэр си гум банэу хэуэу,**
**Псыуэ Шэджэмыжь блихар мымащIэ.**

**ГуэныхьыщIэ пащхьэм жэнэт куэбжэр**
**Iух имыIэу зэрыщызэхуащIым**
**Хуэдэ дыдэу, сэркIэ уи унэбжэр**
**ЗэхуэщIащ игъащIэкIэ, ар сощIэ.**

*1880 гъэ*

* * *

**КхъуафэжьейкIэ сытесу хы жьейм,**
**Сэ сынакIуэрт уи деж. Кхъуафэжьейр**
**Щхьэпридзри, си гъуэгур ныкъуэкIуу**
**Сыкъэнащ, си гур хъуауэ пIейтей.**

**СимыIэжу нэгъуэщI гукъыдэж,**
**Уи цIэр жысIэу сыщыджэм и деж**
**Къысподжэж джэрпэджэжкIэ ди къырхэр,**
**Уи цIэр жаIэу ди къырхэр къоджэж.**

## ПСАЛЪЭ ПЭЖ

**ЛIыхъужь хъунум — и нэрыгъыр лIыгъэрщ.**
**Фыз Iей хъунум — и жьэр мафIэ лыгъэщ.**
**Бгъэр хуопабгъэ лъагэу пшэм щесыным,**
**Фыз мыхъумыщIэр — кIэншэу пцIы упсыным.**

**Фыз щхьэхынэр мэжей къулъшыкъу хъухукIэ,**
**Къэнэжар егъакIуэ уэршэрынкIэ.**
**Бзэгу зезыхьэм, цIыхум хуэмыгуапэм**
**ПцIы фIэкIа къипхынукъым и жыпым.**

**Мэл мыхъумыщIэр хъуркъым кIэвеиншэ.**
**ПцIы зыупсыр хэтми, ар лIыгъэншэщ.**
**Псэлъэн фIэкI зы Iуэху зимыIэ цIыхум**
**ФIы къыхуихьыфынкъым зэи цIыхум.**

*1901 гъэ*

* * *

**Соусэр махуэ къэскIэ, гъущI соухуэ.**
**Шэчыншэу тIуми хуей къысфIощIыр цIыхур.**
**Кязими фIыуэ ещIэ, ещIэ быдэу —**
**ЦIыхур пщы нэхърэ нэхъ хуэныкъуэщ джыдэм.**

**Си пщIантIэ кIуэцIым щытIыса бзу гъуабжэ,**
**СыныпкIэлъоплъ, Iусхауэ си унэбжэр.**
**УмэжэлIауэ щытми, ущхьэхуитщи,**
**Уэ уи насыпщ: умыщIэ пщылIи пщыи.**

*1902 гъэ*

## СИ КЪУБГЪАНЫЖЬЫМ ДЕЖ

**Си къубгъаныжьу ныбжьэгъу пэжым**
**ДгъэщIа илъэсхэр зэподжэжыр.**

**Си махуэ гуауи махуэ IэфIи**
**Сэ узиIащ ныбжьэгъу нэхъыфIу.**

**Сэ узгъэнщIащ псынэпскIэ куэдрэ,**
**Уэ сыптхьэщIащ пщэдджыжь уэрэдкIэ.**

**Уэ къысхуэпщIам имыIэ уасэ.**
**Сэ уэркIэ хужьщ си напэр уэсу.**

**Уи къубгъан быдзым псыуэ мащIэ**
**Ижакъым, къыщIэсшау щIы лъащIэм.**

**Сешами, куэдрэ зэнзэныпсым**
**КъыхебгъэлъхьэжыртщIэлIа си псэр.**

**Къыщыхъу щыIащ, сIэщIэгъупщыкIыу,**
**Укъыщыдэзнэ пщIантIэм жэщкIэ.**

**Нэху щыхукIэ щIыбым удэтами,**
**Слъэгъуакъым уэ зыбгъэгусауэ.**

**«Щхьэ къыдэбнат уэ ар и закъуэ?» —**
**Иджыри си гур мэныкъуакъуэ.**

**Хьэтыр къыхуэщIи си нэхъыжьыгъэм,**
**Уэ къысхуэгъэгъу а щIэщхъу делагъэр.**

**Си къубгъаныжьу ныбжьэгъу пэжым**
**ДгъэщIа илъэсхэр зэподжэжыр.**

**Дыхэтщ дэ гъащIэм напэ къабзэу,**
**ЖиIэнкъым зым тхэмылъу хабзэ.**

**Си къубгъаныжьу ныбжьэгъу пэжым**
**Сыпхуэарэзыуэ сыноджэжыр.**

**Уэ пхуэдэ зыщIыфа цIыхуIэм**
**Сэ псалъэ гуапэ хужызоIэ.**

## КЪЭСЫНЩ АЖАЛЫР

**Къэсынщ ажалыр, къыщымышынэу си хьэ губжьам.**
**Къэсынщ ажалыр, къыхуэмыувыIэу си къуэ пежьам.**

**Къэсынщ ажалыр, сигъэухыну дуней уахътыр,**
**Ауэ ажалыр упэлъэщынкъым си зы сатыр.**

**Къэсынщ ажалыр, къэсынщи, цIыхум и псэр хихынщ,**
**Iэпкълъэпкъ пщыкIутIыр зыдыдихынщи, ар дэкIыжынщ.**

**Уи унэ пщIамрэ уи усэ птхамрэ щIым къытенэнщ.**
**Дуней пащтыхьу цIыхур щытащи, цIыхур къэнэнщ.**

## ПСАЛЪЭФI

**ПсалъэфIыр хуэуIэнукъым зэи маисэм.**
**ПсалъэфIыр хуехьэжьэнкъым жьы мыгъасэм.**
**ПсалъэфIым зэи хуагъэувкъым уасэ.**
**ПсалъэфIыр зэи яхуэщIынкъым мысэ.**

**ПсалъэфI хэмытмэ, сытым щыщ ди гъащIэр? —**
**Ар ещхьщ шхыныгъуэу шыгъур зыхущыщIэм.**

**ЛӀыщ нэгъэсауэ псалъэфӀ къэзыгъэщӀыр,**
**Апхуэдэм и акъылыр хъуркъым мащӀэ.**

**ЦӀыхубэ Ӏуэхущ псалъэфӀыр зыщӀэбэныр,**
**ПсалъэфӀщ залымыгъэр дэзылъхьэжыр бэным,**
**Аращ цӀыхуфӀым фӀэмыкӀуэд и уазыр,**
**ЦӀыху Ӏейр аращ, шынауэ, щӀэгулэзыр.**

**ПсалъэфӀым шынэ ищӀэркъым, зигъэшу.**
**ЩыкӀам и щхьэгум ихуэфынущ башу.**
**ТхьэмыщкӀэ унэм щӀохьэр, къыщхьэщыжу,**
**Хъуам къарууншэ, лъы къыщӀигъэхьэжу.**

**Нэщанэм нэсмэ, мэупщӀыӀуж шэ тхъуэплъыр,**
**Псыр йогъукӀыжыр, дыгъэр щызэщӀэплъэм.**
**ПсалъэфӀыр упщӀыӀункъым, игъукӀынкъым,**
**Къиубыдуи, зэи зыми гъэр хуэщӀынкъым.**

**ПсалъэфӀыр таурыхъ ӀэфӀщ, уэрэд дахащэщ,**
**УимыӀэм ар — дунейр бгъуэщӀагъщ, уогъуащэ,**
**Уи гъуэгури уигури хэкӀыркъым кӀыфӀыгъэм.**
**ПсалъэфӀырщ дэ тхуэхъужыр гъуэгу уэздыгъэ,**
**Игъэхуабэу ди жьэгу пащхьэр, зыщӀыр бей,**
**Сытым щыгъуи дыщехъумэр абы бийм.**

**ПсалъэфӀыр уи гуфӀэгъуэ хьэгъуэлӀыгъуэщ,**
**Махуэ къэсыхукӀэ пщӀыгъуми, уи щӀэщыгъуэщ.**
**Къыпхуэпэжынщ псалъэфӀыр гузэвэгъуэм,**
**Къыпщхьэщыжынщ дзыхь зэбгъэз ныбжьэгъуу.**

**ПсалъэфӀыр сытым дежи гъуэгугъэлъагъуэщ,**
**ПщӀыгъунущ ар, уи Ӏуэхур щымыщӀагъуэм.**
**Дэ дехыжынщ дунейм, ар къытенэнущ,**
**Псэууэ къэдгъанэ псоми хуэлэжьэнущ.**

**Зыупсхэм пцӀы, залымыр зи гурылъым**
**Кязим псэухукӀэ, къыивитынкъым псалъэ.**
**Си псалъэ пэжыр хуэгъэзащ цӀыху пэжым,**
**Лей къызытехьэ псоми къащхьэщожыр.**

## ДИ ГУФӀЭГЪУЭМ

**ДжэгулӀхэ, хьэгъуэлӀыгъуэм фыкъыщыфэ,**
**Фи дыгъэр гуапэу махуэ къэс кърепс.**

**ЩIэвгъэплъ фи лъэгум ди къуршыжьхэр, тафэр,**
**Зэгъусэу дывгъэджэгу. Дыхуейкъым нэпс.**

**Псы хуэм ес къазу фытосыкIыр щIылъэм,**
**Къру сатыру уэгум зыщыфшэщI**
**ФIэкIа сымыщIэу, гуапэу сыфкIэлъоплъыр,**
**Сывоплъри, нэщхъеягъуэр согъэкIуэщI.**

**ЗэблегъэплъыкIыр си нэр фи Iэзагъэм,**
**Гум къыбгъэдэкIыу псэкIэ сыфхуоусэ.**
**ЩIыхур къыщыфэм щIылъэм и гур загъэу**
**Солъагъури, арщ сэ мыр сэзыгъэусыр.**

**Фи ныбжьым сыщитым, мэлыхъуэ пщыIэм**
**Щыдухуэрт ди плIэр, уэркъхэм дахуэлIыщIэу.**
**ДымэжэщIалIэт, куэдрэ дисырт щIыIэм,**
**АрщхьэкIэ ар беижьхэм зыхамыщIэт.**

**Иджы дэращ зыщIыжыр хьэгъуэлIыгъуэ,**
**Дэращ ди мылъкуи къулеигъи зейр.**
**Дыдейщ уэрэдри усэри, ныбжьэгъухэ,**
**Абы нэхъ лъапIэ сыт тетын дунейм.**

*** * ***

**Къыр къэмыланджэу мы дунейм**
**Тетыр пэжырщ, лъэщщ ар и къарукIэ.**
**Пшагъуэм хэгъуэщэнкъым, гъуэгу къуейщIейм**
**Къигъэдзыхэу къикIуэтынкъым бжьизкIэ.**

**Къулеижьхэм фи щхьэр фымыIэтыт,**
**Фэри, дэщхьу, Тхьэм фыкъигъэщIащ.**
**МыкIуэжын къытхэткъым дэ ахърэтым,**
**Сыт и мыхьэнэр мылъку къэффыщIам.**

**МылIэжынур зыщ — уахътыншэщ пэжыр.**
**Пэлъэщынкъым сэшхуэр псалъэ псэум.**
**Псоми япэу пэжырщ ягъэпажэр,**
**Уеблэм, япэ ирагъэщыр псэм.**

*** * ***

**Ди псэукIэр зэIыхьащ хьэлъэащэу,**
**Къэуат лъэпкъ щIэлъыжккъым тшхыуэ хъуами.**

**ТхьэмыщкIагъэр ди гущIыIу щолъащэ,**
**ТщIэн дымыщIэу ди щхьэр кIэрэхъуащи.**

**Къару лъэпкъ щIэлъыжкъым ди Iэпкълъэпкъым.**
**ЩIыху дахагъэр тепщэ зэ хъужыну?**
**Зэ зыкъэдмыщIэжмэ, си фIэщ хъуркъым**
**Ди нэм нэху зэгуэр илъагъужыну.**

*ЗэзыдзэкIар* **УЭРЭЗЕЙ Афликщ.**

## СИ IЭЩIАГЪЭТI

**IэщIагъэтI сэ сиIэщ: усэ сотх, сыгъукIэщ.**
**ТIуми хуейр цIыхубэрщ. Хэт нэхъ сынэхъыкIэ?!**
**Мэхъу уэрэд пщIы усэр, ящIыр гъущIыр джатэ.**
**Стхынщ уэрэд, япхъуатэу, джатэ сщIынщ зелъатэу!**

*1905 гъэ*

## КЪУРШХЭМ ХУЭДЭУ ЩЫТ

**Дунейкъутэжу жьапщэ къыщыхъуами,**
**Ди къуршхэр щыму щытщ, къыхэмыщтыкIыу.**
**Уэ сыт гугъуехь, си лъэпкъ, умылъэгъуами,**
**Апхуэдэу щыт, зыптыну уигу къэмыкIыу!**

*1914 гъэ*

## ХЪАНЫКЪУЭ ПАГЭМ ЖЫЗОIЭ

**Дызумыпэсу, щхьэр уоIэтыр лъагэу.**
**ЛэжьакIуэм сыт ущIыхущытыр пагэу?**
**Уи лъэпкъми уэри фохьыр фиIэр гъащIэу**
**ФыкъуэпсэукIыу ди цIыхубэ гуащIэм.**

**Ныбжьэгъу сыпщIыну, зэхызох, ухэтщ.**
**АбыкIэ уи щхьэр къэгъэпцIэжи пэт.**
**Пагэным хуэкIуэм — сэркIэ пагэу псэур:**
**Си усэр зэростын фхэмыт лъэпкъ псом!**

*1907 гъэ*

## ЖЬЫГЪЭМ ЕСЩІЭКІА ПСАЛЪЭМАКЪ

**— УкъызэмыупщІу щхьэ укъысхуэкІуа уэ?**
**Сыноджауэ, жыІэт, сыт къыщІыпфІэщІар?**
**— Уэ сыноупщІыну сигу къэкІакъым ауи:**
**СощІэ фэ куэд щІауэ бий сызэрыфщІар.**

**— Дауэ къэбгъуэта уэ укъэзыша гъуэгур?**
**Гугъу удехьу куэдрэ уэ ар къэплъыхъуа?**
**— Тыншу къызогъуэтыр хэтми сызыхуэкІуэр,**
**И чэзур къэсауэ сынэсын хуей хъуам.**

**— Уэ, дэбдзыхыу гъуэгум, хъунти зыбгъэгъуащэ,**
**Зыбгъэгувэ хъунут, ущытетым гъуэгу.**
**— Сыт иджы а жыпІэр? Уеблэм сыкъэпІащІэт,**
**И чэзур къэсати, хуейт сиплъэн уи нэгу.**

**Сэ къэслъыхъуэ цІыхур тыншу къызогъуэтыр,**
**Хуеймр иремахуэ, хуеймэ ирежэщ.**
**Си зэхуэдэщ, фщІэмэ, щрырет ар хэтуи, -**
**Хуеймр ирефакъырэ, ирепащтыхь лъэщ.**

**Тетхэм сафІэлІыкІкъым сэ, фэ цІыхухэм хуэдэу.**
**КъысхуэгубжькІэ ахэр — сыт къызащІэфын?!**
**Пщыжьи къулеижьу ахъшэ, мылъку зи куэди**
**ЩымыІэн си жыІэр зыфІэмыІуэхун.**

**Сыт хуэдиз дзэ фІыцІэ сэ къыстемыуами,**
**СыкъикІуэткъым зэи. Сыт къызащІэфын?!**
**Я нэхъ дзэзешэфІхэр ахэм ящІыгъуами,**
**КъащыхэкІ къэхъуакъым сэ къыспэлъэщын.**

**— Сэ ди куэбжэ лъагэр згъэбыдэнти быдэу,**
**Уэ си деж укъакІуэу, жьыгъэ, къэсщІэгъам.**
**Уи лъэр си унагъуэ йозгъэхьэн сымыдэу,**
**Бжэр къездзылІэжынти, жьыгъэ, услъэгъуам.**

**УзыхуэкІуэм хуэпхьыр дощІэ — сымаджагъэщ.**
**Ар сызыхуэмейкІэ! — Іуэху куэд къыспэщылъщ.**
**Зыуи уэ къыпщыхъукъым зепхьэн хьэгъэщагъэ, —**
**Си лъэм лъэхъу къиплъхьэну, сощІэ, уи гурылъщ.**

**Гущӏэгъу лъэпкъ схуумыщӏу, си дзэхэр сӏупхынщи,**
**Къызжепӏэнщ: «Уи пӏалъэр арти — зэфӏэкӏащ!»**
**Угуфӏэжу, сощӏэ, лӏыжь баш къызэптынщи, -**
**Мис абдеж си ӏуэхур — айдэ! — зэфӏэкӏащ.**

**Сыкъигъэушынщ сэ жэщкӏэ зы хъырц мащӏэм,**
**Сымыжеижыфу куэдрэ сыхэлъынщ.**
**Сыпсэун хуей хъунущ унэм сыщӏэс защӏэу,**
**Удзхэм я мэ гуакӏуэм сэ сащыужынщ.**

**Уафэгъуагъуэ макъи сэ зэхэзмыхыжу,**
**Сыдэгу сагъроуэ уэ сыкъыдэбнэнщ.**
**Усщӏыгъунущ, жьыгъэ, ускӏэрымыкӏыжу,**
**Апхуэдэххэу кӏуэурэ, гъащӏэр сэ щызнэнщ.**

**Си ӏэпкълъэпкъыр пщӏынщи зэгуэр мылу щӏыӏэ,**
**Дауи, уигу итӏанэ сэ къыстезэгъэнщ…**
**Ауэ усэу стхахэм пэлъэщын щымыӏэ,**
**Ахэр сэ сщӏыгъуэхукӏэ — уихъ сыкъимынэн!**

**Сыпсэуащ цӏыхупсэр усэкӏэ згъэхуабэу,**
**Ауэ щыхъукӏэ, хуабэ сэ сыщымыщӏэн.**
**Тетщ дунейм си псалъэр, цӏыхухэм яхуэгуапэу.**
**Жьыгъэ, атӏэ жыӏэт: сыт абы пхуещӏэн?!**

*1928 гъэ*

* * *

**Кхъухьым сису сэ сикӏащ тенджызым,**
**Тырку, хьэрыпми куэди къэсцӏыхуащ,**
**Дэнэ щӏыпӏи хабзэ угъурсызыр —**
**Бейм тхьэмыщкӏэр щӏихуэу щыслъэгъуащ.**

*Истамбыл, 1910 гъэ*

* * *

**Къырыщхьэм мывэ къыгуэхуарэ**
**Дэхуамэ къуакӏэм — ар дэлъынщ,**
**Армыхъумэ хэт ар къиӏэтыжу**
**Аргуэру щыгум дихыжын…**

**Уэ ди Тхьэ, сыщI а мывэм хуэдэу,**
**Ауэ мы щIыпIэм уэ сихыж!**
**Сызыхуэзэшу си жьэгу пащхьэм,**
**Си хэкум, къуршхэм зэ сыхьыж!**

*Дамаск, 1910 гъэ*

* * *

**ГъуэрыгъуапщкIуэм ещхьщ ди гъащIэр:**
**Хужьхэр къэсмэ, бэр яфыщI.**
**Большевикхэми сыт ящIэр?**
**Дин зезыхьэр ящI щIым щыщ.**

*ЗэзыдзэкIар* **КЪАГЪЫРМЭС Борисщ.**



# ЩIыхь зыпылъ гъуэгуанэ

Ди зэман мытыншым, цIыхухъур ику иту пенс ныбжьым щынэмысым, илъэс пщIей къэбгъэщIэныр насыпышхуэщ, зэрыжаIэуи, Тхьэшхуэм и тыгъэ лъапIэщ. Апхуэдэ илъэс бжыгъэ хъарзынэм зэрынэсам и гуфIэгъуэр мы махуэхэм егъэлъапIэ къэбэрдей тхакIуэ гъуэзэджэ, куэд щIауэ тцIыху, фIыуэ тлъагъу, къуэшу фIэкI къэдмылъытэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд. Лъэпкъ зэхэщIыкIым зэрызиужьам е нэгъуэщIхэм я хабзэхэм щыщ гуэрхэр ди гъащIэм къызэрыхэхьам я щыхьэту, къыщалъхуа махуэр нобэ сабийхэми хуагъэлъапIэ, ягъэгушхуэу, фIым хураджэу. Абы емыкIу пылъуи къыщIэкIынкъым, ауэ ди тхакIуэ хьэлэмэтым и гуфIэгъуэр ямылей щIэхъур, пщIэ лей къыщIилэжьыр, щIыхуэщIыпхъэр, зы лъэныкъуэкIэ, абы кърихьэкIа гъащIэ гъуэгуанэр зэрымытыншарщ, быркъуэшыркъуэ, дэгъэзеигъуэ зэфэзэщу ар зэрекIуэкIаращ. Абы и ныбжьым къриубыдэхэм я фэм дэкIар иджырей щIалэгъуалэм яжепIэжкIи я фIэщ пхуэщIынукъым – зэкIэлъыкIуэ лъэхъэнэ кIыхьым ахэр я ныбэ изу зэ шхакъым, щатIэгъэным и гурыгъузым ихьу я дунейр яхьащ, зыщеджэн унэ, зэреджэн тхылъ, зэрытхэн тхылъымпIэ, шакъэ къудей ягъуэтхэртэкъым. Адрей лъэныкъуэкIэ, а зэман кIыхьыр ди ныбжьэгъуфIым, языныкъуэхэм хабзэ зэрахуэхъуауэ, и щхьэ игъафIэу, IэхъуэнкIи IэхъупщIэкIи хамыгъэзыхьхэм хуэдэу псэуакъым. Сабийуэ лэжьыгъэ IэнатIэм зэрыпэрыувэрэ ар еши псэхуи имыIэу нобэр къыздэсым мэлажьэ, сыт хуэдэ IэнатIэ зэримыхьами, ар екIурэ-ещхьу игъэзащIэу къэгъуэгурыкIуащ.

Литературэм хыхьэкIэ Iэджэ иIэщ – языныкъуэхэр щIалэ дыдэу абы хохьэ, адрейхэм я ныбжь фIыуэ хэкIуэтауэщ тхэн щыщIадзэр. Алыхьыр кърихуэупсауэ абыхэм ящыщ дэтхэнэми талант зэрыбгъэдэлъын хуейм и гугъу умыщIмэ, художественнэ псалъэкIэ я зэфIэкIыр къагъэлъэгъуэну нэхъыбэр яужь щихьэр гъащIэ гъуэгуанэ гуэр зэпачу, цIыху псэукIэм фIыуэ щыгъуазэ зыхуащIа, творческэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирагъэкIуэкIа нэужьщ. Пасэу IэщIагъэ хуэхъуа журналистикэрщ Къэрмокъуэр литературэм хэзышар. ГъащIэм и щытыкIэ пэжыр абы нэсу къыщищIар, и зэхэщIыкI, –



Щыстудента илъэсхэм, Къардэн Жыраслъэн, Дзасэжь Хьэсанш сымэ и гъусэу



ТхакIуэ цIэрыIуэ Нало Ахьмэдхъанрэ литературэ критик Шэвлокъуэ Петррэ и гъусэу

Iуэху еплъыкIэхэр щызэфIэувар, художественнэ псалъэм и зэфIэкIыр къыщыгурыIуар газетымрэ радиомрэ щылэжьа илъэсхэрщ.

И цIыхугъэхэм, тхылъеджэхэм я нэхъыбэм зэращIэщи, Къэрмокъуэ Мухьэмэд и гъащIэм и нэхъыбэр щихьар газетымрэ радиомрэщ, а IэнатIэ хьэлъэхэми абы ехъулIэныгъэфIхэр щиIащ. Iуэху щхьэпэу абы щилэжьахэм ящыщу нэхъыжьхэм ягу нэхъ къинэжар а илъэсхэм псоми я нэ къыхуикIыу зыпэплъэу, зыщIэдэIуу щыта, ауэ язынықъуэхэри шыгъушыпсыпIэм хэзыгъэлъа «Аркъэн» жыхуиIэ нэтынырщ.

И лэжьэгъухэр щIыгъуу, гукъэкI зыщIу ар къызэзыгъэпэща, илъэс бжыгъэкIэри абы и нэтынхэр зыгъэхьэзыра журналист Iэзэм а лъэхъэнэм щыгъуэ гъащIэр нэхъ кууэ къызэрищIами, и къалэмыр зэрипсыхьами, и бзэр шэрыуэ зэрищIами шэч хэлъкъым.

Япэ зэманхэм Къэрмокъуэм литературэм и жанрхэм ящыщу нэхъ ехьэжьауэ къигъэсэбэпар очеркырщ, – а илъэсхэм газетым и лэжьакIуэхэр нэхъыбэрэ зэжалIэу щытарщ. Илъэс зэкIэлъыкIуэ куэдым абы и очеркхэр радиомкIи къатащ, адыгэ газетымрэ «Iуащхьэмахуэ» журналымри къытехуащ. ТхакIуэ цIэ лъапIэр къизэуа нэужьи, а жанрым ар епцIыжакъым, хэкум и цIыху пэрытхэу зи IуэхущIафэкIэ хэIущIыIу хъуахэм ятеухуа очерк гъэщIэгъуэнхэр щызэхуэхьэсыжа «Вагъуэбэ» тхылъыр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къыдигъэкIащ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, газетымрэ радиомрэ щылэжьа илъэсхэу тхакIуэм и нэгу щIэкIахэмрэ нэIуасэ зыхуэхъуа цIыхухэмрэщ абы и тхыгъэхэм я нэхъыбэм лъабжьэ яхуэхъур, хэт образхэр къызытрищIыкIыр, абыхэм зэхъуэкIыныгъэ яритхэр зэхэбгъэкIыныр мытыншми. Дауи, тхакIуэм къемыхьэлъэкIауэ пхужыIэнукъым очеркым къытекIыу художественнэ тхыгъэ нэс итхыфу зигъэсэнри, литературэм и жанрхэм ящыщу рассказыр жыIэдаIуэ ищIынри, абы и тхыкIэм и щэхухэр зэман кIэщIым къихутэнри. Абы ар гугъу зэрыдехьар, а жанрым и Iэмалхэр къэхутэгъуей

къызэрыщыхъуар белджылы къыпщащI «Бахъсэн уэр» (1964) зыфIища и япэ тхылъым ит рассказ щхьэхуэхэм. Псалъэм щхьэкIэ, «ФатIимэт зеиншэкъым», «Лэгъупэжьым и гуфIэгъуэр» тхыгъэхэр, журналистым и образ зэрыхэтым и гугъу умыщIыххэми, гъунэжу радиокIэ къат, газетхэм къытехуэу щыта очеркхэм къазэрыщхьэщыкI щIагъуэ щыIэкъым. Дэ и гугъу тщIыххэркъым абыхэм лъабжьэ яхуэхъуар гъащIэм пэжу къызэрыщыхъуами, зэхъуэкIыныгъэшхуэ абыхэм зэраримытами.



**«Ленин гъуэгу» газетым щыщылэжьа илъэсхэм. И лэжьэгъухэр щIыгъуу**

Журналист лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ гъащIэм фIыуэ щыгъуазэ зэрызыхуищIам епхауэ къыщIэкIынущ Къэрмокъуэм и тхыгъэхэм нэхъыбэу ди зэманыр къызэрыщыгъэлъэгъуар. Нэхъыщхьэуи абыхэм зи гугъу щыщIар нобэрей цIыхум и гурылъ-гурыщIэхэрщ, ахэр зыгъэпIейтей-зыгъэгулэзхэрщ, я плъапIэ-хъуэпсапIэхэрщ, ди гъащIэм хэлъ мыхъумыщIагъэхэрщ, ди лъэпкъым и цIыхухэм я зэхэщIыкI-гупсысэхэм, Iуэху еплъыкIэхэм, хьэл-щэнхэм зэхъуэкIыныгъэ ягъуэтахэрщ. Ахэр Iуэху къызэрыгуэкIкъым, абыхэм я гъэзэщIэным е я зэгъэпэщыным епхащ къыдалъхуахэм я ехъулIэныгъэри, я зэпэщ псэукIэри, я къэкIуэнри. ТхакIуэр ехьэжьауэ абыхэм щIытепсэлъыхьри и лъэпкъэгъухэм гу залъригъэтэжынырщ, мыхъумыщIагъэм пэIэщIэ зэрызаригъэщIынырщ.

Къэрмокъуэм и зэманыр кууэ къигъэлъэгъуэф зэрыхъуам, тхэкIэм и щэхухэр къызэрихутэфам щыхьэт техъуащ 70–80 гъэхэм абы къыдигъэкIа «ГъащIэм и зы махуэ», «Зэманым и лъэужь», «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» тхылъхэм ихуа рассказхэмрэ повестхэмрэ. Уи щхьэм плъэмыкIыу мыгъуагъэ хуагъэхьыж, куэдым урагъэгупсыс абыхэм тхакIуэм зи гугъу щищI Iуэху мыфэмыцхэм, щIэпхъаджагъэхэм, ди лъэпкъым и щIыхьыр зыгъэулъийхэм. А тхылъхэм ит тхыгъэ нэхъыфIхэр шэч къытумыхьэжу къэплъытэ хъунущ тхакIуэм и ехъулIэныгъэ хьэлэмэту. КъыщыIэта гупсысэхэм я пэжагъ-кууагъкIи, гъэпсыкIэ нэс ягъуэтакIи ахэр лъэпкъ прозэм и хэлъхьэныгъэу зэрыщытым шэч хэлъкъым. ГъащIэ кIыхь къызэпачыну ущыгугъ хъунущ «Мэжаджэ хуабэ», «ПыIэ дахэ», «ГъащIэ», «Хэт хурикъуар», «ЗэIущIэ» рассказхэми. ТхакIуэм псалъэ мащIэкIэ куэд жиIэф, дэтхэнэ и зы псалъэри хуэсакъыпэу къыхих, и пIэ иригъэувэ зэрыхъуам

и щапхъэу къэпхь хъунущ «Мэжаджэ хуабэр». Абы хэт лIыхъужьхэм ехьэжьауэ ящIэшхуи щыIэкъым, куэди хъуркъым ахэр, ауэ абыхэм языхэзри цIыху щхьэхуэу, уи нэкIэ плъагъу хуэдэу уи пащхьэ къоувэ. Дахэу, къабзэу, жумарту дунейм тета Нэхунэ фызыжьым и жьыщхьэм къытепсыха нэщхъеягъуэшхуэм, игъащIэ псом ятелажьэу, ятеубгъуауэ ипIа и щIалищым къэзылъхуа я анэм ирапэса цIыхугъэншагъэм уегъэпIейтей, укъагъэгубжь. Зи фыз напэншэхэм я лъэгущIэтын хъуа, ауэ сытми цIыхухъуцIэ зезыхьэ къуэхэм гущIэгъуи, напи, лIыгъи зэрабгъэдэмылъыжыр рассказым хьэлэмэту сэтей къыщыщIащ.



**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр къыщратам. Балъкъэр усакIуэ Созаев Ахъмэт, лицейм и директор Къардэн Хьэбил, тхакIуэ МафIэдз Сэрэбий сымэ и гъусэу. 2002 гъэ, декабрь**

А илъэс дыдэхэм Къэрмокъуэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр нэхъ Iупщ Iыжу хыболъагъуэ абы и повесть кIэщIхэм. Iэзагъ нэс хэлъу а жанрым ар зэрелэжьыфым и щыхьэтщ «Псэхьэху», «Гугъэ», «Дзэр узмэ, Iуач», «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» повестхэр. А тхыгъэхэм уазыщыхуэзэ цIыхухэр я теплъэкIи, я зэфIэкI-лIыгъэкIи зэхуэдэхэкъым, языхэзри цIыху щхьэхуэу, пыухыкIауэ уи пащхьэ къоувэ, абыхэм ятелъщ къызыхэкIа лъэпкъым и нэпкъыжьэ белджылы.

Зи гугъу тщIы повестхэм языхэзми псалъэмакъ щхьэхуэ ещIэкIыпхъэщ, япэ ибгъэщыныр умыщIэу, ахэр сыт и лъэныкъуэкIи нэсу зэхэлъхьащ. Апхуэдэу щыт пэтми, къыхэгъэщхьэхукIыпхъэщ «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» повестыр, а цIэ дыдэр зезыхьэ художественнэ фильмым лъабжьэ хуэхъуар. ТхакIуэм абы щызэригъэпэщащ зи зэхэщIыкI зиIэж, хьэл-щэн пыухыкIахэр зыбгъэдэлъ образ гукъинэжхэр. Абы и лIыхъужь нэхъыщхьитIым – Чэмалышхуэрэ Мадинэрэ – я образыр апхуэдиз Iэзагъ хэлъу абы щызэфIэгъэува хъуащи, я япэ псалъэхэм, зэпадзыж хъуэрыб-

зэхэм укъызэреджэу, а тIур уи псэм дохьэ, плъэмыкIыу фIыуэ зыкъыуагъэлъагъу. Ар зи фIыщIэр тхакIуэм и Iэзагъырщ, якIэрилъхьэн хьэл-щэн, псэлъэкIэ, зэхущытыкIэхэм куууэ зэрегупсысарщ.

Дэтхэнэ зы тхакIуэ нэсми иIэщ егъэлеяуэ и цIэр хэIущIыIу зыщI, тхылъеджэхэм я псэр къызэрихьэху тхыгъэ. Къэрмокъуэм апхуэдэу къыхущIэкIащ и роман цIэрыIуэ «Щихухэр иджыри мэкI» жыхуиIэр. 70 гъэхэм дунейм къытехьа тхыгъэм апхуэдэ пщIэ къилэжьыныр Iуэху пыухыкIахэм къыхэкIащ. Япэрауэ, ар щылъагъупхъэр абы щыгъуэ езы зэманым хэпщIыкIыу зэрызихъуэжарщ, литературэм и лэжьакIуэхэм зытетхыхьым и лъэныкъуэкIэ къапэрыуэ щымыIэж зэрыхъуарщ, етIуанэрауэ, езы тхыгъэри нэхъ пасэм къыдэкIахэм, пщалъэ гуэрым иту ухуахэм къазэрыщхьэщыкIырщ. ТхакIуэм и япэ романым и пщIэр къэзыIэтыр псоми пщыкъуэцIэу ябзыщI гъащIэм и пэжыр и щхьэ течауэ абы зэрыщыжыIарщ. Никъусаныгъэ гуэри имыIэжу къалъытэу щытхъупсыр къызрагъэжэха ди зэхэтыкIэу щытарщ и дахэгъуэу, игъуэ нэмысу Алмэжан насыпыншэр зыукIар, илъэс бжыгъэкIэ бэлыхь мыухыжхэм Замирэт хэзыгъэтар, МэчрэIил, Хьэсбий, Феня, Ларисэ сымэ хуэдэ щIыхьыншэхэр, щхьэхуещэхэр къызыхэхъукIар, зыгъэсар.

ТхакIуэм и япэрей тхыгъэ псори гъащIэм быдэу пыщIащ, абы къыщыхъу-щекIуэкIхэрщ абыхэм я нэхъыбэр зытещIыхьар. Ауэ иужькIэ Къэрмокъуэм гу лъетэ езым и гъащIэ гъуэгуанэмрэ и щхьэкIэ и нэгу щIэкIахэмри къэбгъэсэбэп зэрыхъунум, абыхэм къызэщIэзыкъуэ къару зэращIэлъым. Къезэгъыу, IэкIуэлъакIуэу къэбгъэсэбэпмэ, ари ехъулIэныгъэм и хэкIыпIэ хьэлэмэт зэрыхъунур тхакIуэм къыщигъэлъэгъуащ «Азэмэт» роман цIэрыIуэм. Абы и лIыхъужьхэм я нэхъыбэр езы тхакIуэм фIыуэ и нэIуасэ цIыхухэм къатритхыкIащ, пэжщ, абыхэм яхэткъым ауэ сытми сурэт зытриха, дэтхэнэми къызэщIэзыкъуэ къару щIэлъщ, хьэл-щэн пыухыкIахэр иIэщ, и псэлъэкIэ Iурылъыжщ. Абыхэм я нэхъыбэм образ нэсхэр къахищIыкIащ, зи гугъу ищI я IуэхущIафэхэм уагъэпIейтей, яхэпщащ ди зэманым и цIыхухэм я гупсысэ-зэхэщIыкIи, гурылъ-гуращи, я хъуэпсапIэ-гугъапIэхэри. Аращ абыхэм къызэщIэзыкъуэ къару щIащIэлъыр, зэманым и нэпкъыжьэ белджылы щIатеплъагъуэр.



**КIыщокъуэ Алим игъэхьэщIэу**

ЗэманкIэ зэрызэкIэлъыкIуэм, хэт лIыхъужьхэр зэрызэтехуэм наIуэ къыпщащI нэхъ иужьыIуэкIэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд къыдигъэкIа «Къоджэм уигъэжейркъым» романыр «Азэмэтым» и етIуанэ Iыхьэу зэрыщытыр. А тхыгъэми щекIуэкI Iуэхухэр нэхъыбэу зэгъэщIылIари, хэт лIыхъужьхэм я IуэхущIафэхэр тхылъеджэхэм я пащхьэ къизылъхьэри, а псори зи нэкIэ тлъагъури Азэмэтщ – романитIми я лIыхъужь нэхъыщхьэрщ. Зи щIалэгъуэри, зи лэжьыгъэри зэрыщыту зыхиубыда социалист обществэм ар зэ еплъыгъуэкIэ мыбзаджэу хэзэгъащ – абы иIэщ зыщIэсын уни, фIыуэ илъагъу щхьэгъуси, бын дыгъэли, хэбгъэзыхьмэ, хуей хъумэ, зыщIыпIэ зэрыщIэпхъуэн маршыни, къулыкъу хъарзыни бгъэдэтщ. Ауэ абы къикIыркъым зыхэт гъащIэм фIыуэ щыгъуазэ, абы кууу хэзыщIыкI журналистыр а щыIэ псомкIи арэзыуэ, къэралым къыщыхъу-щекIуэкIхэр гунэс щыхъуу, ахэр къищтэу. Ар нэхъыбэри шыгъушыпсыпIэм хэзыгъэлъыр, и псэм худэмыгъахуэр жылагъуэм щыжаIэмрэ щащIэмрэ зэрызэтемыхуэрщ, бжьыпэр гъащIэм пцIым зэрыщиIыгъырщ, лей зэрахьэхэр къазэрыщIэкIуэрщ, зи гуащIэдэкIкIэ псэухэм нэхърэ зыри зымыщIэхэм зыхуей нэхъ зэрагъуэтырщ, лей, мыхъумыщIагъэхэр ерыщу щIахъумэ щхьэкIэ, ахэр гъунэжу зэрызекIуэрщ.

Къэрмокъуэм сытым щыгъуи щIэ гуэрхэр къелъыхъуэ, и художественнэ Iэзагъым хегъахъуэ, гъащIэм и къэгъэлъэгъуэкIэ IэмалыщIэхэр къегъуэт. Иджыри къыздэсым итхахэм къащхьэщыкIыу, илъэс зытIущ ипэкIэ абы къыдигъэкIащ «ХьэтIохъущыкъуей хъыбархэр» тхыгъэ гъэщIэгъуэныр. Зэ еплъыгъуэкIэ, къыпфIэщIынкIэ хъунущ ар тхакIуэм нэхъ пасэхэм итха очеркхэм къазэрыщхьэщыкI щIагъуэ щымыIэу, къыщалъхуа къуажэм щызекIуэ хъыбархэр къыщыгъэщIэрэщIэжа тхыгъэу, IуэрыIуатэм щыщ таурыхъ къызэрыгуэкIыу. Пэжщ, тхылъым ихуа тхыгъэхэр я жанркIэ зэщхьэщыгъэкIыгъуафIэкъым, абыхэм ящыщ куэдым я фэсэти къэбэрдей литературэм зэкIэ хэткъым, ауэ я ухуэкIэ-гъэпсыкIэкIэ ахэм я нэхъыбэр ди



**Илъэс 75-рэ щрикъу махуэм зеикъуэдэсхэм ирагъэблэгъэжауэ**

литературэм зыужьыныгъэшхуэ щызымыгъуэта художественнэ очеркым нэхъ пэгъунэгъущ, абы и пщалъэхэм нэхъ йозагъэ.

Зи гугъу тщIы тхылъым ихуа тхыгъэхэр, сыт хуэдэ жанруи щрети, тхакIуэм и зэфIэкIкIэ, и Iэзагъэкlэ абы цIыху телъыджэ куэд «къыщыпсэужащ», ахэр иджырей тхылъеджэхэм къацIыхуащ, гунэс ящыхъуащ; абыхэм я Iуэхущlафэхэм ягъэпIейтей, куэдым ирагъэгупсыс, зыщымыгъуазэ Iэджэ къыхузэIуах, нэхъыбэжми хураджэ.

«ХьэтIохъущыкъуей хъыбархэр» къэбэрдей прозэм и хьэлъхьэныгъэшхуэщ, нэхъапэхэм лъэпкъ литературэм зыужьыныгъэ мащIэ фIэкIа щызымыгъуэта жанрхэм ящыщ зым – художественнэ очеркым – зэфIэкI хьэлэмэтхэр зэрыбгъэдэлъыр абы къигъэнэхуащ. ЛIэщIыгъуэкIэрэ лъэпкъым зэригъэпэща хъугъуэфIыгъуэхэр къыщыдгъэщIэрэщIэж, щызэфIэдгъэувэж ди лъэхъэнэм щIалэгъуалэр хуэныкъуэщ мы тхылъым къыщыIуэта гупсысэхэм, абыхэм сэбэп, дэIэпыкъуэгъу къахуэхъун Iэджэ а тхыгъэхэм щагъуэтынущ.

Иужь лъэхъэнэм Iэпэдэгъэлэл ищIами, нэхъ пасэхэм Къэрмокъуэр и къарум щеплъыжащ литературэм и жанр нэхъ гугъуу къалъытэ драматургием и – абы и Iэдакъэ къыщIэк1ащ «ЩIакIуэ кIапэ», «ИугъащIэ лъагъуныгъэм» пьесэхэр. Япэ тхыгъэр зэманкIэ тIэкIу тпэIэщIэу, щэщI гъэхэм ди лъахэм и щытыкIам, Бахъсэн Iуфэ щекIуэкIа ухуэныгъэшхуэм адыгэхэм я гупсысэзэхэщIыкIыр зэрыригъэфIэкIуам теухуамэ, етIуанэ пьесэм зи гугъу щыщIар иджырей адыгэ унагъуэм и щытыкIэрщ, щIалэгъуалэм унагъуэ яухуэну яужь щихьэкIэ зыIууэ гугъуехь-бэлыхьхэрщ, цIыху щхьэхуэхэм я зэранкIэ ныбжьыщIэхэм къапэув лъэпощхьэпохэрщ. А пьеситIми къытращIыкIа спектаклхэр ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ театрым щагъэуващ, цIыхухэми ягу дыхьауэ щытащ. Уеблэмэ, «ИугъащIэ лъагъуныгъэм» спектаклыр театрым илъэсихкIэ зэкIэлъыкIуэу къигъэлъэгъуащ. ГурыIуэгъуащэкъым апхуэдэ ехъулIэныгъэ щиIа а жанрыр тхакIуэм IэщIыб щIищIыжар.

И ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъур зыгъэлъапIэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд илъэс щэ никъуэм щIигъуауэ и гугъуехьрэ и псэрэ емыблэжу ди лъэпкъ литературэм щолажьэ, езым и лъагъуэ абы щыпхришащ, увыпIэ лъагэ щеубыд, и цIэр мыкIуэдыжу и лъэпкъэгъухэм я гум къизынэн тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Абы и тхыгъэхэр цIыхухэм зэIэпахыу щIаджыр гъащIэм и пэжыр имыбзыщIу, зыми фIэмылIыкIыу къызэригъэлъагъуэрщ, и лIыхъужьхэм псэ зэрапытырщ, анэдэлъхубзэр къабзэу зэригъэбзэрабзэрщ.

Дэтхэнэ зы адыгэ цIыхухъуми нэхъ зэрехъуэхъу хабзэр и жьыщхьэр махуэ хъуну арщи, тхылъеджэхэм я лъагъуныгъэр къэзызэуфа, гъащIэм гъуэгуанэ дахэ къыщызэпызыча Къэрмокъуэ Мухьэмэд апхуэдэ насып къемыуэлIауэ пхужыIэнукъым. Ди гуапэщ ди ныбжьэгъуфIыр дяпэкIи куэдрэ тхылъеджэхэми, и Iыхьлы-лыджанэхэми, гъунэжу иIэ и цIыхугъэхэми тхуэузыншэну, и тхыгъэщIэхэмкIэ иджыри Iэджэрэ дигъэгуфIэну.

**ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор,*
*КъБКъУ-м и профессор*

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд

# ГУКЪИНЭЖХЭР

*ГъащIэ гъуэгуанэ къыщызэпыпчкIэ куэд ухуозэ: гуапи гуауи, фIыи Iеи, гурыхьи гурымыхьи. Ахэр е уи нэгу щIокI, е жаIэжу зэхыбох. Ауэ а псори гум къинэжыркъым. Гум къинэр езым къринэрщ. Мы стхыжхэри абыхэм ящыщ гуэрхэщ. Мыбыхэм мыхьэнэ щIагъуэ имыIэу къыфщыхъун хэфлъагъуэми, си жагъуэ сщIынукъым. Дэтхэнэри зэлъытар узэреплъ нэращ. Ауэ, си гум къинэжауэ гъащIэ кIыхьым къыкIуэцIрысхащи, сэркIэ псори лъапIэщ. ИтIанэ, мыбыхэм зэгъэуIуауэ уахэплъэжмэ, дыкъызыхэхъукIа гъащIэм нэхъ гъунэгъу дыхуащIыжу, ди псэукIэмрэ зэхэтыкIэмрэ я сурэтыр нэхъ IупщIу дагъэлъагъужу къысфIощI.*

## Сыту хъуами, гъуэгуанэфIт

Шэрий Соня и дахэгъуэу, Сотей Къанщауэ и щIалэгъуэрэ и къэфэгъуэ дахэу лъейуэ, Мухьэжыр и пшынэр зэрылъэлърэ лъэр щIигъэкIыу, Ало ЛутIэ и къуэ ПIотIэ и бэрэбанэр пIэнкIыу, ПащIэ Ахьмэд и макъ басыжьым Ригэ къалэшхуэр къигъэпсалъэу, адыгэ пшынауэхэм я зэпеуэшхуэм а гъэм пашэ щыхъуа Шэджэм щыщ Клавэ хъыджэбз дахэ цIыкIур ди гъусэу, КIыщокъуэ Алим зи пашэ ди тхакIуэхэм ятхам и фIыпIэр къаIурылъэлъу, Хьэжбэчыр зи унафэщI ди артист гупым я Iэзагъ псори къызыкъуахауэ, сэри а гуп дыгъэлым ягъахъэхэр стхыжыну журналисту сащIыгъуу 1965 гъэм и декабрь щIымахуэ уаем Латвием хьэщIэу дыщыIэт. Дыдрахьеймэ, дыгъущIэт, дыкърахьэхмэ, дыщIытэрт.

ХьэхъупащIэ Амырхъан дадэ махуэ ди нэхъыжьти, хьэзыр Iупэплъхэр адыгэ цейм къилыдыкIыу, къамэ кIэрыщIауэ утыкум кърашэрти, зы усэ цIыкIу жиIэрт. ИтIанэ Аргудан цIэрыIуэм и нартыху хьэсэ бэвхэр пасэм баналъэу зэрыщытам къыщыфIигъанэрти, Зеикъуэ мэл мин 40 зэраIэм нэсрэ езыми лIыжьитI и гъусэу ди радиом уэрэд зэрыщыжиIэм щиухыжу кIыхьу ирикъутэкIырт. Дадэр адыгэбзэкIэт зэрыпсалъэри, Алим урысыбзэкIэ зэридзэкIыжырт. Аргудан бани, Зеикъуэ мэли хэмытыжу зы гъэщIэгъуэн гуэрхэр яжриIэрт, дадэ махуэр цIыхубзкIи мыхуэмыхуу щIигъужырти зэщIигъэдыхьэшхэрт, Iэгуауэшхуи къыхуаIэтырт.

Ди щIали нэхъыжьи я щыпэлъагъу Клавэ цIыкIу яфIэщIэщыгъуэу дэгушыIэрт. Ар Ригэ ныщIэкIуар пшынэ еуэн къудейтэкъым. Яшэну къылъыхъури пIалъэ къратати, здихьын пхъуантэдэлъ щыкуэд Ригэ къыщищэхуну арат. Къалэм дыщыдыхьэкIэ, къищэхур дилъхьэу, шумэданышхуитI ныздрихьэжьэрт. Клавэ езыри бзаджэ цIыкIути, зыгуэр къызэрыдэгушыIэу, шумэданыр IэщIигъэувэрти къищэхур дилъхьэу къыкIэлърихьэкIырт. А махуэм къыдэмыгушыIа гуэрым шумэданыр иритыну хуежьати, сэ сыбдэгушыIакъым, жери Iихакъым. Ауэ Клави къикIуэтакъым: «вэсэмахуэ укъыздэгушыIащи къепхьэкIынщ, тхьэ...» – жиIэри IэщIигуащ...

Апхуэдэ гушыIэхэр гъунэжт икIи абыхэм гъуэгуанэр тынш, щIэщыгъуэ къащIырт. А зэманым зекIуэу щыта гушыIэ цIыкIухэм ящыщ зы Къанщауэ Ригэ ныздихьати, ар псоми къыджьэдэнат.

Зыгуэрым хьэщIэ лъапIэ къыхуэкIуати, уэлэхьи, сеуэнурэ ди выгъэшхар пхуэзукIынутэм, ауэ Къущхьэхъу щыIэщ, жи. ХьэщIэм «хьэуэ-хьэуэ, абы ухэмыт», – жи. «АтIэ сеуэнурэ гъэлъэхъу пхуэзукIынут, ауэ ари хъуакIуэ дахуащ», – жи. ХьэщIэм и «хьэуэхэм» я ужькIи хэгъэрейр увыIэркъым. «АтIэ сеуэу ди гуэгушыхъужьыр пхуэзукIын», – жи. ХьэщIэм жиIэнуми нимыгъэсу

фызыр къопсалъэри «Алыхь ари модэ щIыбагъым дэкIауэ мэхъуакIуэм», – жи. Псэлъэмакъ зэпыуар хэгъэрейм негъэсыж: «Сеуэу джэд пхуэзукIын-тIэ?». «Псори фIыкIэ фышхыж», – жиIэри хьэщIэр шэсыжащ.

Псоми нэмысышхуэ зыхуэтщI, дыдэгушыIэнуи зэдмыку КIыщокъуэ Алим дежи нэсат ари, ди ныбжьэгъужьым хуэдэу «сеуэу джэд пхуэзукIынтIэ...» – жиIэрти, ди цIэр къыпигъэувэжырт.

АтIэ сытегушыIыкIыIуэри, Клавэ цIыкIу и Iуэхум нэхъыщхьэ дыдэу хэслъэгъуар сщыгъупщэ пэтащи, фыкъедаIуэ.

Ди хьэщIэгъуэ тхьэмахуэр къеткъутэкIщ, Москваи дыкъашэжри, абыи зы тхьэмахуэ щыдгъэхъащ. Ауэ, щхьэтечу жысIэнщи, хьэщIэхэр зыужэгъуа Москварэ дызищIэщыгъуа Ригэрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакут. Ригэ ди гур къыщиуIати, дэ Москва и мащIэмкIи арэзы дыхъуащ: абыи усэри, къафэри, ефэри щыгъунэжт.

ЗэIущIэшхуэ гуэр екIуэкIыу цIыху Iув къекIуэлIат. Ди республикэм и Министрхэм я советым и тхьэмадэ Ахъуэхъу Аслъэнбийрэ Шэрджэсым я Совминым и Iэтащхьэ Къардэнымри нрихьэлIат, Москва и тхакIуэхэм ящыщу хьэIусыпэ зратри къэкIуат. Ди тхакIуэхэри утыкурыкIуэт, ди артистхэм зафыщIыжырт. Ауэ абы ди Клавэ цIыкIу щыдигъэлъэгъуа концертым хуэдэ зыми илъэгъуатэкъым. Арати, и чэзур къэсри пшынэ еуэну Клавэ утыкум къитIысхьащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, къэкIуэжмэ ар зышэну къылъыхъуа щIалэр Ахъуэхъухэ ящыщт, Аслъэнбийм къызэрыIуплъэу Клавэ укIытэри и щхьэ тIэкIур пшынэм къуигъэпщкIуащ, арщхьэкIэ емыуэфу къыщылъэтри ижыжащ. Ауэ артистхэм я унафэщI Хьэжбэчыр и къамэр къихауэ хьэзыру адэкIэ къыщытти, «ди напэр тыбох...» жери етIуанэу утыкум кърigъэхьэжащ. АрщхьэкIэ, и пшынэр зэгуихри, «гъуртIэ-гъуртIэ» тIэкIу фIэкIа къыхуимыгъэкIыу, аргуэру ижыжащ. Псори дыкъэуIэбжьат. Хьэжбэчыр къыхуилъри ещанэу Клавэ сценэм кърigъэхьэжащ, арщхьэкIэ къыщIидзэри зыри къыхуимыгъэкIыу аргуэру ижыжащ.

ХьэщIэхэр Москва щыщ тхакIуэ цIэрыIуэ къомым дахэсти, сэ къызбгъурысыр къыщызэупщIым: «Это адыгэ шуткэ къафэ...» жызоIэ. Ар зыжесIа тхакIуэр къызэфIоувэри, сэ жесIар гъэщIэрэщIауэ щысхэм яхуеIуэтэжри, Iэгушхуи ирегъауэ, Клавэри утыкум къэрашэжри фIыщIэ хуащI. Ауэ абыкIи зэфIэмыкIыу а гъэщIэгъуэным нэхъ гъэщIэгъуэныж къытехъуащ. Концертыр зэриухын хуейр Къанщауэрэ Сонярэ ягъэзащIэ адыгэ къафэт, ислъэмей тращIыхьыжуи, Соня хъарзынэу къофэ, ауэ Къанщауэ къытхуэмыщIыхужу зызэфIешри утыкум итщ. Зэм зречри йолъ, итIанэ къызэфIощIэжри и ныбэм йопхъуэ. Клавэ къыщыщIар тщIэрт, ауэ Къанщауэ и лажьэр къыдгурымыIуэу ерагъкIэ утыкум йокIыж. Насып диIэти, зыри къыдэупщIакъым, ауэ Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ.

КъызэрыщIэкIымкIэ, дыгъуасэ лъандэрэ Къанщауэ и кIэтIийнэфыр къеузырти, нобэ къыщыхьэпауэ къимыгъафэу арат. Утыкум къикIыжри, ар занщIэу дохутырым яшащ, зэгуагъэжри и кIэтIийнэфыр някъуэкъауэ хъуауэ кърахащ...

Мы гъуэгуанэр къетхьэлIэу илъэс 43-рэ и пэкIэ Налшык дыкъэсыжа нэужь стхыжауэ щытащ Клавэ и пшынэуэкIэри, Къанщауэ и кIэтIийнэф къафэри. Иджы фигу къэзгъэкIыжауэ аркъудейщ. Сыту хъуами, гъуэгуанэфIт.

# Уэрэдым моторыр дежьууэ

Зэгъусэу Ригэ дызэрыщыIэрэ зэныбжьэгъужь дыхъуарэ дызэгушыIэгъуу екIуэкIыурэ, ПащIэ Ахьмэд махуэ гуэрым сыщыхуозэ Ленинымрэ уэрамышхуэмрэ КIыщокъуэм и цIэр иджыблагъэ зыфIаща нэхъ уэрам цIыкIумрэ я зэблэкIыпIэм деж. И «Жигули» хужь цIыкIум егъэщIауэ щытщи, дызэ-

щIоупщIэ, Ригэ дыщыщыIари, нэгъуэщI Iэджи дигу къыдогъэкIыж...

– НакIуэ-тIэ, иджы, ди щхьэр щIедгъэщэнщ, Ахьмэд, жьакIэупсыпIэм деж ущIыщытыр арагъэнщ, – щыжысIэкIэ:

– Уэ кIуэи зегъэгъэдахэ, Мухьэмэд; сэ нобэкIэ апхуэдэ Iуэху сиIэкъым. Зы журт цIыкIу къэсшауэ ящри мобы щIэсщи, зэфIэкIмэ, ар Колонкэм есшэхыжын хуейщ, – жи.

Ахьмэд зи Iуэху зэрихуэ журтыр къызгурымыIуэу си дамэр щыдэсшейм, фIэфIыпсу кърегъажьэри къысхуеIуатэ.

– Мы ди Налшык журт цIыкIухэр си ныбжьэгъушхуэщ сэ, Мухьэмэд. Уэлэхьи, уэ дзыхь пхузощIри бжызоIэ, ауэ ахэр мыхъуамэ, мы дуней къызэIыхьам сыхэкIуэдэнкIэ хъунутэм, – тIэкIу зэрырихьэжьэIуар къыгурыIуэжри зыкъызэжьэдикъуэжауэ, Ахьмэд и Iуэху зытетым нэхъ гупсэхуу щыгъуазэ сещI:

– СыщыщIалэ цIыкIухэм щыгъуэ ди къуажэ Нартан накIуэу щытащ Ефим жари журт сатуущI гуэр. «Адыгэхэр фызгъэунэну сыкъэкIуащи, мы си хьэпшып къомыр псынщIэу фщэху, жылэр къызэжэу зэбграмых щIыкIэ...», – жиIэрти ди куэбжэм и шызакъуэгур нрихулIэрт. Абы Яшкэ жари щIалэ цIыкIу дэщIыгъути, мобы сату ищIыхукIэ дэ тIум Iэджи дгъахъэрт. Дызэбэнурэ, сыбэлэрыгъауэ лъакъуэпэщIэдз къысхуищIри сыкъытридзат. ДызэгъэзауэттIэ щыжысIэм, адыгэр пэм мауэ, жери идакъым... Сытми, апхуэдэурэ зэныбжьэгъу дыхъури я дежи зэ-тIэу сыкъашауэ щытащ. Иджы а Яшкэ цIыкIур нэхъ журт сондэджэр ехьэжьахэм ящыщ хъуауэ сымыщIэххэу дызэхуозэж. И журтэгъу сондэджэрхэм сакърígъэцIыхуащи, сахузэрыгъэгъуэтыркъым. Щхьэщэ къысхуащIу къызолъэIухэри мы си машинэмкIэ зыкърызагъэшэкI. Моуэ Хьэрунхэ я деж сынэгъэс жари, зы километрыфIкIэ пшамэ, тумэн зытхух кърaнэри йокIыж. ИтIанэ а журт сондэджэр цIыкIухэр гъэщIэгъуэнщ. Ахэр Iэджэм япыщIащи, зым икIмэ, адрейм дей кIуэн хуей мэхъу. Машинэ бэджэнд къащтэри сыхьэтым тумэнипщI ирату зыкърырагъэшэкI. Хамэм апхуэдиз идот, уэ удикъуэшщ, жари къыстракIутэ. Моуэ дынэгъэс жаIэу къыщыппэувкIэ, уоукIытэри ибогъэтIысхьэ, щикIыжхэкIэ жумартщ. Апхуэдэу цIыхугъэ схуэхъуа гуэр зыщIыпIэ сшэуэ, уи уэрэдхэр фIыуэ солъагъу жери зы жесIэну къызэлъэIуащ. ФIыщIэшхуи къысхуищIу и щхьэр къысхуигъэщхъри гъуэгупщIэм хуэдиз уэрэджыIэпщIэуи къыщIимыгъуу идакъым. Ар и журтэгъухэм яжриIэжа? Иджы псори къызолъэIури уэрэд жызагъэIэ. Уэлэхьи, Мухьэмэд, зысчэтхъэжу мазэкIэ сценэм уэрэд щыжысIэм къызатым хуэдиз зы махуэм си машинэм кърaнэм си журт цIыкIухэм. Ахэр бзаджэу ди гугъэ щхьэкIэ, хуабжьу жумартщ. Щэн-къэщэхуным деж зыгуэр къыдагъэкIми, я хьэлэлщ, армыхъум нэгъуэщIкIэ укъагъэпцIэнукъым. Ахэр япэ зыхуэзэ машинэхэм итIысхьэркъым. Зэ дзыхь къыпхуащIамэ, удрахьеинущ. Зи щхьэр езыгъэщу мобы щIэс си Яшкэ цIыкIу и къуэшым нысэ къишауэ къызжеIэ, мы ди хьэгъуэлIыгъуэр зэфIэкIыху тхухэт, тхуэгъэдахи, унэ уасэ къэблэжьауэ усшэжынщ, жи. Ар хуэздакъым, ауэ хъуэхъуакIуэ сыкIуащ, уэрэд зытIущ жысIати, мазитI-щым си улахуэм хуэдиз си жыпым кърамылъхьэу ядакъым.

Аращ, Мухьэмэд, си Iуэхур зытетыр, къэзжыхьыр мащIэу, уасэр тIуащIэу журт цIыкIухэр къызошэкI, уэрэд яжесIэу. Зы журт уэрэд зэгъащIи, ахъшэ къэп уиIэщ, жари къыспаубыдати, схузэгъэщIакъым. Мес, си Яшкэ цIыкIуи щIалэ зригъэщIыжауэ къокIуэжри, Колонкэм сшэжынщ, уэри кIуэи уи щхьэ згъэузар егъэщ, – жери Ахьмэд Яшкэ зыбгъуригъэтIысхьэри ежьэжащ, сэри щхьэегъэщыпIэм сыщIыхьащ, «мыр зэгуэр птхыж мыхъуну пIэрэ?» жысIэу сегупсысурэ.

# Хэти сыти жрыреIи, хьэгъуэлIыгъуэ тIэкIур фIыщ

ЛIэщIыгъуэкIэрэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуа ди адыгэ хабзэ дахэр, зым зы кIэриудмэ, адрейм нэгъуэщI гуэр къыхилъхьэурэ Iисраф ящIу, Iуэхур лэкъумхъуэжым фIэкIыу шумэдан зэхуэхьым щынэса зэмант. Зеикъуэм я колхоз цIэрыIуэм и тхьэмадэ нэхъ цIэрыIуэж Къардэн Барэсбий нысэ къишауэ кIэлъыкIуэ дыкIуат. Барэсбий сэрэ дызыхьэблэт, дыкъыздэхъуауэ дызэрыцIыкIурэ дызэныбжьэгъут, абы и щхьэгъусэ КIуакIуэ сэри зэдэлъхузэшыпхъум драбынти, я хьэгъуэлIыгъуэм и курыкупсэм сыхэтын хуейт.

Арати, егъэлеяуэ зекIуэ шумэдан зэхуэхьыжым цIыху нэхъыбэ хэтыху, здэкIуэми къыздэкIуэжми я щIыхьыр нэхъ иIэт хуэдэу увати, дэри гупышхуэу дахуеблэгъат пхъур зейхэм. Гуп бэлэрыгъауэ дызэрыщымытыр къигъэлъагъуэрт Барэсбий и анэш Бгъэжьнокъуэ Хьэчим, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь лIы цIэрыIуэр, дызэритхьэмадэм, Баксаненок къуажэм щызэхэт колхоз пэрытым и председатель, Барэсбий и ныбжьэгъуфI, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Тхьэкъуахъуэ Башир, хьэIусыпэ зрат жыхуаIэм хуэдэ нэгъуэщI цIыху зыбжани къызэрытхэтым. Дыздеблэгъари, ыздикIам хуэдэу унагъуэ хуэщIати, щIым дынамыгъэсу дагъэлъапIэ. Ди Iэнэр узэдащ, ди фадэр хэплъыхьащ, ди пшынауэм къуажэр къегъаджэ, хъуэхъу, щытхъу, гушыIэ жыхуэпIэхэр гъунэжщ. ХьэгъуэлIыгъуэр дахэн папщIэ зыри къыхуэткъым. УзыщIэсыр сыт хуэдизу мыунэшхуэми, хьэгъуэлIыгъуэм къезэвэкIыркъэ? Дэри зэву дызэхэст. Ди нэхъыжь Бгъэжьнокъуэ Хьэчим жьантIэм дэст, хьэщIэ нэхъ пажэ, нысащIэм и тхьэмадэ Къардэн Барэсбий абы къыбгъэдэст, абы къакIэлъыкIуэу Тхьэкъуахъуэ Башир, Зеикъуэ колхозым и партком Къалмыкъ Мухьэб, сэ, нэгъуэщIхэри детIысэкIат.

Моуэ хъуэхъуэн яублэри бжьэ зы-тIу къащтауэ, Барэсбий щIашыну цIыху къагъакIуэ. Апхуэдэ щыIэн хуейтэкъыми, ар ямыдэу щыщIэупщIэм, хьэгъуэлIыгъуэм фыз хэгъэрейуэ щыIэм я цIэкIэ къэкIуауэ арат джакIуэр. Барэсбийр щIэкIри, дыгузэва щхьэкIэ, гузэвэгъуэ къызэрымыхъуар и нэгум къищу пыгуфIыкIыу щIэх дыдэу къигъэзэжащ. Ди щIыбагъымкIэ блэкIыжын хуейти, си Iэблэр гуеч жысIэу къызэпIэскIуащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, лажьэ зиIэр сэрат. Дыкъежьэну унэм дыкъыщыщIэкIым Барэсбий пщIантIэкум итт, шхыдэу, щIалэщIитIми джэдэхъу абрагъуэжь яIыгът и бжьакъуэ зэрызымкIэ. Уэлэхьи, Мухьэмэд зэрыжиIэм хуэдэу тщIынмэ жери, Барэсбий сэ зыкъысхуегъазэ: «Мо дыздэкIуэхэм мыр нышу здэтшэмэ, дауэ къащыхъуну пIэрэ?». «Дауэ къащыхъун, председателым езым ещхьыркъабзэу джэдэхъу абрагъуэжь къытхуишащ, жаIэнщ», – жызоIэ.

Арати, дэ машинэхэм зидгуашэщ, джэдэхъум ирагъэгъэзэжщ, тIы абрагъуэ къыщIашри ар здэтшащ. АрщхьэкIэ, дэ дыкъэсыным япэкIэ джэдэхъум и хъыбар зыIэрыхьа хэгъэрей фызхэм ар къыпхуадэнт. Барэсбийр щIашри, «Джэдэхъу бжьэисэм дыпэплъэурэ тIы бэлацэжь зэкIэрылэлу къытхуебгъэшащ...», – жаIэри къагъэсысат. Сыт ищIэнт, машинэр джэдэхъур къишэну игъакIуэщ, езыр наIэщIэкIри нытхыхьэжат...

Къардэн Барэсбий и тIыжьыр зэрыхэкIуэдам нэхъ лажьэ щымыIэу ди кIэлъыкIуэр зэфIэкIауэ дыкъыщежьэжым, къайгъэ дыхэхуэ пэтащ. Барэсбий а къыщыщIашам нэхъ зэгуэзыгъэпахэм ящыщ зым сэлам щрихыжым и Iэгум итIэхъуащ. Фызыр къайгъэзэхэшэ гуэру къыщIэкIри, гушыIэр псалъэмакъ ищIащ. Абы илIри, фIыуэ ефауэ хьэгъуэлIыгъуэм щыIэти, и IэштIымыр игъэдалъэу къэуващ.

Iэмал имыIэж щыхъум, Барэсбий и щхьэгъусэ КIуакIуэ Iущ цIыкIу утыкум къихьащ: «Си лIыр уи фызым и зы Iэгум итIэхъуамэ, уэ си IэгуитIми къитIэхъуэжи, фызэпэкIуэжащ» – жиIэу и Iэхэр щыхуишийм, гупыр

зэрыгъэдыхьэшхыжри, хьэгъуэлIыгъуэри дахэу иухыгъащ, сэри сигу къинати, схуэмыбзыщIу стхыжащ.

Хэти сыти жрыреIи, хьэгъуэлIыгъуэ тIэкIур фIыщ.

# Хьэм акъыл имыIэу жызыIэр хэт?

Си бын нэхъыщIэ хъыджэбз цIыкIум хьэ дахэ дыдэ цIыкIу къратащ. Сэ зэи слъэгъуатэкъым а хьэ лъэпкъым хуэди, хуабжьу сфIэдэхащ. Апхуэдэу жыпIэ хъунумэ, пэж дыдэу, хьэ цIыкIур тхьэIухудт. Езыр уэсым хуэдэу хужьрэ IэпапIэ фIыщIэ цIыкIухэр (хэт нэхъ  ину, адрейр нэхъ цIыкIуу) и лъакъуэм къыщыщIэдзауэ и пэнцIывым нэс, зы хабзэ гуэрми темыту, хэпхъауэ.

Си Барсик цIыкIу ди гъунэгъу матушкIэ ябгэм щхъухь къригъэшхыу зэрылIэрэ сигу ирихьын хьэ згъуэтыжыртэкъыми, мыбы хуабжьу сыщыгуфIыкIащ, дагъуэу хуэсщIари зы закъуэщ: зэрыхьэбзырт. Езыр зэрыдахэм екIуну «Леди» цIэр фIащри, унагъуэм тщыщым хуэдэу псори десащ. Ди мызакъуэу, ди Леди цIыкIу хьэблэми фIыуэ къалъэгъуати, шоколадри, лы курыхри и пэрыхьэтт. СфIэфIтэкъым къыхуадзыр ишхыу унэхьэр есэну, ауэ абы щхьэкIи къагъанэртэкъым. Псом хуэмыдэжу, дыщэ къэщэху-щэжыным хэт ди хьэблэ фыз цIыкIум ипхъу закъуэм зы кIэнфет жьэдилъхьэхукIэ, ди Леди зы къыхуихьырт. Ди хьэр абы апхуэдизкIэ фIыуэ къилъагъурти, – «кхъыIэ, зыщызгъэнщIыху севгъэплъ» жиIэрти, и хьэгъуэм деж тIысырт. Хьэ цIыкIуми къыгурыIуэрт фIыуэ къызэрилъагъури, «сэри фIыуэ узолъагъу» жриIэж щIыкIэу и кIэ цIыкIур зэпымычу хуигъэкIэрахъуэрт. Зэгуэрым, абы здеплъым, фыз цIыкIум жеIэ:

– Мы фи Леди хьэфIыщэщ, ауэ мо и кIэ цIыкIур зэ игъэкIэрэхъуэху зы сом нэхъ мыхъуми къыкIэрыхуу щытамэ, сыту фIыщэт.

– СлIот пщIэнур? Къэпщыпынут?

– Алыхь, а дыщэ къэщэхун-щэжыным зы махуэ сыхэмытыжынт, сыкъыхэкIынти Леди къыкIэрыщэщыр къэсщыпу щIэздзэнтэм.

– Щыгугъ абы, къодгъэщыптэмэ.

– Сытыт, Iей, къыщIэзвмыгъэщыпынур?

– Хьэр дыдейщи.

– Куэд Iей жыфIэнуи фэ, сыт щхьэкIэ, сэракъэ ар зигу къэкIар.

– А къыпIэщIэлъэлъу зепхьэ дыщэ къомым щыщу зы пщэхъу сыту и пщэм къыумылъхьэрэ, апхуэдэу фIыуэ щыплъагъум.

– Ар дяпэкIэщ. НэхъыфIыIуэкIэ сыхуэупсэнущи солъыхъуэ.

ГушыIэри я фIэщри зэхэзэрыхьыжу, Леди апхуэдэ псалъэмакъхэр иращIэкIырт.

Мазэ зытхухыу къытIэрыхьа хьэ цIыкIур илъэс щынэблагъэм, и пIэм иувэри, нэхъ дахэж хъуат, губзыгъэ дыдэт, хъумакIуэфIт. Унагъуэм щыщхэр дыкъыщыкIуэжкIэ, ди щхьэр имылъагъу щIыкIэ ,ди лъэ макъымкIэ дыкъищIыхурт, хамэхэри ищIэрти лъэбакъуэ лей къаригъэчыртэкъым. КIэщIу жыпIэмэ, хьэ ущIыхуей хьэлыфI псори ди Леди хэлът, ауэ нэгъуэщI зы дагъуи иIэт. Ар ди щIымахуэр тIэкIу къызэрытехьэлъэрт. Ар нэхъ щыдгъэпсынщIэн щхьэкIэ хьэунэ зэпэщ хуэтщIат. Абы и закъуэтэкъым: хьэр зрата хъыджэбзымрэ и анэмрэ зэгурыIуауэ, сэ самыгъащIэу, нэхъ жэщ щIыIэхэм деж, унэм къыщIашэрт. СышхыдэкIэ мыхьэнэ иIэтэкъыми, ари сагъэдат.

Зэманыр кIуэурэ, хьэ цIыкIур ин хъури, лIы хуей хъуащ. Ауэ, мо епхауэ, дгъафIэу, фIэфIыпсу тасышхуэм ирагъэтIысхьэрэ къабзэу ягъэпскI Леди дахэ цIыкIур, хьэ хабзэм тету, лIылъыхъуэ уэрамым дэдутIыпщхьэн ди гум тхуидакъым. Ауэ, ди хьэм и мэр ящIихьауэ, хьэблэхьэр ди куэбжэпэм щызэблэкIырт. Ди Леди цIыкIуи куэбжэм ежэлIэрей хъуати, дэри ар зэрепха кIапсэр нэхъ кIэщI тщIащ. АрщхьэкIэ, игъащIэм къекIуэкI  хабзэр, псэ зыпы-

тыр бэгъуэн папщIэ Алыхьым къахуигъэщIа хабзэр, къызэрыпхуэгъэувыIэн зэрыщымыIэр къыдгурыIуэри, ди Леди хуэфэщэн хьэхъу къыхуэтлъыхьуэу щIэддзащ. Хэт ищIэнт абы апхуэдиз бэлыхьи пылъу? Хьэхъур езым и лъэпкъэгъуу щытын хуейщ, итIанэщ пшыр дахэ къыщыщIэхъуэнур къыджаIэри, дыщIэупщIэурэ Налшык къалапщэ лъэныкъуэмкIэ къыщыдгъуэтащ хьэхъу иIэу пщIэкIэ бэджэнду иту фыз гуэр.

ТелефонкIэ депсалъэри къыджиIат и хьэхъум и гъуэлъыжыгъуэ мыхъу щIыкIэ дыкIуэнуи, пшапэ зэхэуэгъуэм я бжэм дыIухьащ. Унэшхуэм и етIуанэ къатырт щыпсэури, уэзджынэр зэрытескъузэу хьэ къуэлэн дахэшхуэ пщэхъукIэ иIыгъыу фыз гъур цIыкIу къыщIэкIащ. Хьэм и бани, и къалъи зы ищIри, си Леди зызыгъафIэ нысащIэ цIыкIури сэри блыным дригулIащ, си гъусэу нысфIэкIуа унэгуащэр щтэри къежэхыжащ. Фыз къуэгъу цIыкIумрэ сэрэ ди хьэ зырызыр пщэхъукIэ тIыгъыу дэкIуеипIэ зэвым зыкъомрэ дыщызэрызехьэри, нэгъуэщI щымыхъум, дыкъехри бжэIупэм дыIууващ. Хьэхъум Iэжьэкъур иреч, нысащIэри игъащтэри и гур ириудащи, ди къуагъым тхукъуэкIыркъым. Фызми, и жьэ пIащIэр имыгъэувыIэу, бэджэндыпщIэр сом щитхум щегъэжьауэ сом миным нэсщ жи, е къилъхум щыщу сыхэдэу зы хьэ цIыкIу къызэфтын хуейщ, жи., ТелефонкIэ дыщызэпсэлъами, къытригъэзэжурэ ардыдэр къызжиIэри, хъунщ жетIат.

Аращи, хьэри цIыхури дызэхэзэрыхьыжауэ дызэрызохьэ, гъуэгурыкIуэ зэхэзекIуэхэри къызэхуос. Ди Леди и гур тIэкIу къызэрыгъуэтыжа хуэдэт, ауэ нетIэ щауэр къедэхэщIэным и пIэкIэ къызэрыжьэхэлъар гущIыхьэ щыхъуауэ, мор малъхъэ тхуищIыну зикI идэртэкъым.

ЦIыху зэхэзекIуэри етауэ нэхъыбэ къохъу, къыджьэхэплъыхьурэ щэхуу зыгуэрхэри къабж. Сэри, нэчыхьытх тхьэмадэу хьэгъуэлIыгъуэ сыкIуэ нэхъей, си кIэстум нэхъыфIыIуэри щыстIагъэщ, джанэ хужьым галстыку фIыцIэ дэслъхьэщ, си шляпэ щIэрыпсри къытезгъэсри сыкъежьат. ИтIанэ, хьэ Iуэхури симылэжьэжу, си тхьэкIумэр тезгъэхуауэ сыздэдаIуэм зэхызох:

– Тхьэ ара си гугъэм, – жи зым.

– Азалыхь ещхьыркъэпсым, Iэджэрэ слъэгъуащ сэ ар, – жи адрейм...

Абы хэту, си ныбжьэгъужь, си къуажэгъу, а унэ дыдэм щыпсэу Щоджэн Хьисэ тхъуэплъ хъужауэ (зы бжьэ ефаи хуэдэт) утыкум къохьэри:

– Сэлам алейкум, Мухьэмэд, – жи.

– Уалейкум сэлам, Хьисэ.

– Мыр лIо, мы хьэжэжым щхьэ уахэт?

– Жьы ухъурэ делэ ухъужмэ, апхуэдэу мэхъу-тIэ, – жызоIэ, нэгъуэщI жэуап сымыгъуэту.

Хьисэ къызбгъэдыхьэнми нэмыс щIыкIэ, нетIэ зэIущэща фыз дахэшхуитIми къыпащэ:

– ЖысIатэкъэ ар Къэрмокъуэр зэрыарар?

– Тхьэ «ЦIыхубэ тхакIуэ» жаIэу къыщыфIащам телевизоркIэ слъэгъуатэм.

– Алыхь сэ ар къыщыфIаща зэIущIэ дыдэм сыхэтатэм, ауэ мы хьэ зэрышхым къэкIуэну хуэзгъэфэщакъым армыхъу...

ДызытекIухьа Iуэхуми зыри къимыкIауэ, «Сэ пщэдей си хьэр фи унэ нэсшэнщ...» жиIэу ди псэупIэр зэзыгъэщIа фыз къуэгъу цIыкIум сэлам есхыжщ, сызэригъусэр закъримыгъэщIэну лъэныкъуэ зезыгъэза унэгуащэри къэзгъуэтыжри, дыкъэкIуэжащ.

Хьэхъушхуэр къишэщ жьэIупхъуэ Iулъуи, пщэдджыжьым фыз уэд цIыкIур къэкIуащ. Къишами къэзышами лъэкI къагъэнакъым, ауэ Леди япэ сэламу къыжьэхэпхъуа хьэхъур зыбгъэдигъэхьакъым, хуэдзэлэшха мыхъумэ...

Мы Леди и гуэныхь къыдохь, жытIэу а псалъэмакъыр ди унэм илъурэ, нэгъуэщI Iуэху къытехъуащ. «Щихухэр иджыри мэкI» романым щыщу ещанэ тхылъыр къысIэщIэтхыхьри къыдэкIауэ, университетым и библиотекэм и

жэрдэмкIэ зэIущIэ ящIри тепсэлъыхьат. Абы хэта си ныбжьэгъу гуп унэм къезгъэблэгъауэ дызэхэст. Мо цIыху зэхэзекIуэм куэбжэр Iухауэ къагъанэри...

Ди хьэблэм дэлъ хьэ зэмыфэгъу къомым къахэщуи гу лъумытэу зы хьэхъу бацэшхуэ яхэтт хужьрэ гъуэжьу зэхэлъу. ХьэкIуащэ Андрей ди тхьэмадэу зэхэс гупым IэпэтэрмэшкIэ сакъыхеш си къуэш нэхъыщIэ Хьэмид: «Уи малъхъэр къэкIуащи, щIэкIи сэлам ех», – жи. Ди пхъур зышара си гугъэу, «Ди малъхъэр иджыри малъхъэишэ тщIакъым, дауэ къызэрыкIуэнур», – жысIэурэ сыкъыщIэкIмэ, Ледирэ ди гъунэгъу хьэ гъуэжьыжьымрэ я псэр зы чысэ илът...

ЕтIуанэ махуи ещани хьэ гъуэжьыжьыр ди куэбжэм къебгъэрыкIуащ, ауэ къыдагъэхьакъым, дэри гуэныхь къэтхьащ. Абы щхьэкIэ зыри къэнакъым. И пIалъэр къэсри, Леди анэ бэлыхьу къыщIидзащ. Хэт езым ещхьу, хэт я адэм ещхьу абы хьэпшыр пщыкIутI къилъхури, мыщэм хуэдэу ипIащ, дахукъуэплъ мыхъумэ, дабгъэдимыгъэхьэу и дзэр тхузэригъэшхыу.

Иджы мы къезгъэкIуэкIа къомыр щIэстхыжа нэхъыщхьэр мыращ: езым зыкъытхуигъэмалъхъэ щхьэкIэ, хьэ гъуэжьыжьым къыпыкIынур къыпыкIати, дэ зыкIи дыхуеижтэкъыми къыдэдгъэхьэртэкъым, зэзэмызэ ныкъуэплъыж мыхъумэ, езыми дыщыгъупщэжат. Бынымр сысейщи, дэнэ кIуэн, къэхъумэ сыкъагъуэтыжынщ жиIэ хуэдэт. Ауэ, дунейр аракъэ, Iуэхур уздэгугъэм къыщыщIидзрэ?

ПащIэм и цIэкIэ щыIэ уэрамым тет ди унэм пэмыжыжьащэу, Максим Горькэм и цIэкIэ щыIэ уэрамымкIэ барак жыхуаIэм хуэдэ унэ зыкъом щызэхэтщ. Пэжщ, тIэкIу телъэщIыхь-зэпалъэщIыхь защIри, ахэм унэ тэмэм фIащыжауэ щытащ Совет къэралышхуэм щиуэлиигъуэ лъэхъэнэм, ауэ и цIэр зэрахъуэкIами, баракхэр зэрыбаракыу къэнэжауэ нобэми зэхэтщ, хэт зыгуэр къыгуищIыхьрэ и псэупIэр нэхъ ин ищIу, хэти зыгуэр гуикъутыкIыу, ауэ илъэс къэс а баракхэр Iуахыу абы щIэсхэм унэ тэмэм кърatыну хъыбар зэхахрэ ягъэгуфIэу, пцIыуэ къыщIэкIыжрэ ягъэнэщхъейуэ.

Ауэ мы си тхыгъэм барак Iуэхуи зэрихуэркъым, жысIэну сызыхуейр хьэ гъуэжьыжьыр а баракхэм деж иIэ пхъэнкIий идзыпIэм къыхэхъукIауэ икIи хэпсэукIыу къызэрекIуэкIырт. Арати, ди Леди къызэрыхуэдмыгъазэм нэхъ гукъеуэ имыIэу псэу хьэ гъуэжьыжьымрэ абы и гъусэ хьэ зеиншэ къомымрэ цIыху гущIэгъуншэ гуэр бий бзаджэу яIэу къыщIэкIащ. «ЖэщкIэ сагъэжейркъым», – жиIэри, абы нэхъ щхьэусыгъуи имыIэу, щхъухь яхузэхилъхьэри хьэхэм я шхапIэ пхъэнкIий идзыпIэм къыхикIутащ. Щхъухьыр зыIухуэр хэт и пIэм къимыкIыу абдеж щылIэм, хэти и псэр ирихьэжьэурэ зэтелIащ. Хьэ гъуэжьыжьым и чэзу къэсри, къугъыу, гъуахъуэу щIидзащ. И щхьэр кърихьэжьэри, дэкIыпIи дэпщыпIи къызэпичри, укъызыдыхьэну мытынш дыдэ ди пщIантIэм и псэр нихьащ, ауэ Леди зыдэлъ бжэIупэ пщIантIэ цIыкIур щхьэхуэти, абы дыхьэфакъым. Дэри къэхъуар дымыщIэу, хьэ гъуэжьыжьыр делэ хъуащ жытIэурэ дышхыдащ, дыхъущIащ. Ауэ хьэр делэ хъуатэкъым. Зи псэм къигъэгузэва, зи гъащIэр зэриухыр къызыгурыIуа псэущхьэ губзыгъэ тхьэмыщкIэр и бынунэм яхэплъэжыну и щхьэр нихьауэ арат. Къызыдэмыпщыф бжыхь тIэкIум и щхьэр къыдэгъэжауэ гызу, къугъыу, Леди гузавэу къыпэджэжу, хьэ гъуэжьыжьым и псэр хэкIащ.

Абы и ужькIэ сэ схужыIэнукъым хьэм акъыл имыIэу, абы хуэныкъуэ къэплъыхъуэнумэ, дэ ныбжьэгъуфIым хуэдэу къытхущыт, дыкъэзыхъумэ, зи бзэр мыпсалъэ а псэущхьэ угъурлыхэм лей езых цIыхухэм къытхэплъэ.

Леди бын иIэну дыщIыхуейр, абыхэм ящыщ нэхъыфIыIуэ зы езым и пIэ къидгъэувэну арат, ауэ мо хьэпшыр тхьэIухуд цIыкIу къомыр, зылъымысым зигъэгусэу, ежауэ зэбграхри дэ къытлъысыжакъым... Абы и ужькIи Леди тIэунейрэ бын игъуэтащ (зэм пщыкIуплI, аргуэру пщыкIутI), ауэ ахэри зэбг-

рахри езыр къэдгъэнауэ нобэми ди хъумакIуэ сакъщ. Ди благъэ, ныбжьэгъу, гъунэгъу къыткIэлъыкIуэхэр и кIэ цIыкIур игъэкIэрахъуэу кърегъэблагъэ, хамэхэр куэбжэ цIыкIум къыфIигъэкIыркъым.

Мыри вжесIэнущи, ауан сыкъэвмыщI. Леди псалъэркъым, ауэ адыгэбзэ къыгуроIуэ: «Мыр къокIуэ», «IукI», «Уи гъуэм кIуэж», «Умыбанэ». УкIийугуомэ фIэфIкъым, къобэн, езыр къэбгъэнауэ нэгъуэщIым куэдрэ уепсалъэми – аращ. ПщIантIэм хьэулей гуэр щызеджадэмэ, щыкIэщIэпхъуи щыIэщ, ауэ иджыри къэс зыми едзэкъакъым.

Уэлэхьи, хэти сыти жрыреIэ, ауэ сэ ди Леди делэу схужымыIэну. Мы ди дуней дахэр зыуцIэпI цIыху еIуящIэ къомым Леди ейм хуэдэ акъыл яIащэрэт.

## Лъапсэмрэ къуэпсымрэ

Дунеишхуэм щекIуэкI псори Алыхь Iэмырщи, Абы и унафэм утепсэлъыхьыжыныр емыкIуи гуэныхьи зыпылъщ. Сэри апхуэдэ мурад сиIэу аракъым, си нэгу щIэкIа гуэрхэр, сызыхэта гъащIэр сигу къэзгъэкIыжу аркъудейщ.

Ди анэ-адэм зэкъуэшищрэ зэшыпхъуищрэ дыкъалъхуати, абы дригуфIэу, нобэм къэс зыри тхэмыщIауэ допсэури, фIыщIэр Алыхьым ейщ. Батэкъутэр зыгъэш къулыкъущIэшхуи, еджагъэшхуи, нэгъуэщIышхуэ гуэри къытхэмыкIами, дуней дызытетым дезэгъыу, дызыхэтым дахэзагъэу, тхузэфIэкI дләжьу дыкъокIуэкI, щIэблэ тэмэм къытщIохъуэри, тхьэм дыхуэарэзыуэ допсэу. ГъащIэм щынэхъыщхьэ Iуэхухэм ящыщщ унагъуэ тэмэм ухъунри, ари къыдэхъулIащ. Ауэ псоми дигу къеуэ гуэр щыIэщи, аращ зи гугъу сщIынур.

Дэ тхуэдэ унагъуэшхуэхэм я бынхэр зэбгрокI, унагъуэ щхьэхуэ мэхъури, зыр адэм къыбгъэдонэри щIапIэжьым къонэ. Ар зытехуэр нэхъыщIэрауэ хабзэщи, а нэхъыщIэр щIалэмэ, тэмэм дыдэр аращ. А тэмэм дыдэм хуэдэу мэхъури, ди къуэш нэхъыщIэр ди адэм къыбгъэдонэри, мыдрейхэр дызэбгрокI. Ди къуэш нэхъыщIэм, езым къыхихыни хунамыгъэсу, адэ-анэм яфIэфIыр къыхуэтшэри унагъуэ дгъэтIысыжауэ еуэ-ирагъэшхыу псэурт. Дэри къуажэжьыр, дыкъыщалъхуа лъапсэжьыр дигу къихьэмэ, ди зэхуэсыпIэр арат. Псори хъарзынэ хуэдэт. Ауэ ди лъапсэм щIалэ цIыкIу къызэримыхъуэр ди адэм хуабжьу игу къеуэрт: «Фэ фи бынхэр Налшык къыдэкIыу мыбы къэкIуэжынукъым, мы хъыджэбз цIыкIу закъуэр арщи, хамэ унэщ, лъапсэншэ дыдэ дохъу. Ауэ сыт мыгъуэр тщIэн, Алыхьым къытхуищI ди унафэщ...».

Ди адэр хъуапсэрилэуи, зыгуэрым лейуэ тепсэлъыхьуи и хабзэтэкъым, ауэ мы и гукъеуэр хуэбзыщIыртэкъыми, зэкъуэш нэхъыжьитIым ди тхьэкIумэм иригъэкIыртэкъым, дэ зыгуэркIэ дыкъуаншэ нэхъей. Уеблэмэ, си къуэш курыт Хьэмид зэгуэрым и фIэщу къызжиIэпат езыр къуажэм Iэпхъуэжу щIапIэжьым итIысхьэжыну. Ауэ абы Iэджи пыщIати, зэрыжиIам фIэмыкIыу къэнэжат. Ари ди адэм зэхихыжри, сэ къысхуэшхыдат, ара хъунщ ар къэкIуэжу зымыдар, жери. Шхыдами пэжт. Хэт хуейт езым къыбгъэдэсу, Iэбэм япэу къигъуэт, и анэ къилъхуа и къуэш нэхъыщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэр къалэ щIэращIэм дэкIыжу къуажэм дигъэтIысхьэжыну. Ауэ щыхъукIи, сэ ар щыпсэуа Тырныауз къалэ пхыдзам къыдэсшыжри Налшык къэсшэжат, псэукIэ хъарзыни зэригъэпэщат. Ди адэм зыдищIыщэрт, армыхъу, езы си къуэшри хуейуэ си гугъэтэкъым лэжьапIэ къилъыхъуэу къуажэм дэувэжыну.

Ди адэм и гукъеуэр зы анэ къилъхуа псоми къытпкърыхьауэ екIуэкIыурэ, ди адэр и пащIэкIэ щIэгуфIыкIыу ди деж Налшык къэкIуащ: «Е щIалэ махуэ хъунхэ, мы къуажэм зикI фыныдыхьэжыркъыми, фи гугъэр сыт?» Абы щыгъупщэжат тхьэмахуэ кIуам дызэрыкIуэжар. Ди адэр къыщIыпыгуфIыкIри къэтщIащ: ди къуэш нэхъыщIэм и щхьэгъусэр уэндэгъут. Абы япэкIэ уэндэгъуахэри, иужькIэ апхуэдэ зэрыщыIэнури зыуи кърымыдзэжым хуэдэу,

ар пэплъэрт и гум щигъафIэ насыпым – лъапсэм щIалэ цIыкIу къралъхуэным. Дэри нэхъуеиншэу дыпэплъэрт абы. ДызыгъэгуфIэм и гуфIапщIэр щIэгъэлъауэ зэрыщытынум нэгъунэ дытепсэлъыхьырт. Ди адэм игъэшха жэмыщIэ бэгъуари триIуат къытхуалъхуну дызыпэплъэ щIалэ цIыкIум: ди Къэрмокъуэ лъэпкъым и къыщIэдзапIэу къэтщIэж Хьэмырзэ и къуэ Мусэ и къуэ Лъостэнбэч и къуэ Мухьэжид и къуэ Къэралбий къыхуалъхуну щIалэ цIыкIум фIищыну цIэри игъэхьэзырат ди адэм: Мухьэмэд. Уи къуэ нэхъыжьыр Мухьэмэдщ (ар жыхуаIэр сэрат), уи къуэш нэхъыщIэ Маци Мухьэмэд и цIэу къуэ иIэщ. Ар Мухьэмэду куэдщ, щыжраIэкIи ди адэм идэртэкъым: а къытхуалъхуну бегъымбар цIыкIум бегъымбарыцIэ иIэн хуейщ. А жыхуэфIэ Мухьэмэдхэм КъурIэн къызэгуахакъым, итри ящIэркъым, мыр сэ схуэдэу къурIэнаджэхэм кIуэуэ муслъымэн къабзэ сщIынущ, Алыхьым жиIэмэ.

Зыпэплъэр щIалэ цIыкIуу къыщIэмыкIмэ, сэ срагъэкIыжыну къыщIэкIынщ жиIэу, нысащIэри къэгузавэу и шумэданыр игъэхьэзырыжауэ хужаIэурэ гушыIэрти иридыхьэшхыжхэрт. ГушыIэр хэбгъэкIыу нэхъ кууэ уегупсысыхукIэ гукъеуэми хэхъуэрт. Псори дыкъыщалъхуа икIи дыкъызэрыхъукIа ди лъапсэжьым зэгуэр и дамыгъэр (унэцIэр) фIэкIуэдынкIэ е ихъуэжынкIэ зэрыхъунур псоми дигу къеуэрт.

Ауэрэ, Алыхьым иуха пIалъэр къэсри, нысащIэр Бахъсэн лъхуапIэ унэм яшащ, зыми хъыбар дамыгъащIэу. Ди адэм хуэдэу, ди мылъхуанэри тIорысэт, узыншагъэшхуи иIэтэкъыми, абы сыткIэ ущыгугъынт. Ди къуэш нэхъыщIэри укIытэри лъхуапIэ унэм кIуэуэ Iуувакъым, арыпами, сытыт ялъэкIынур? Ди адэм «Алыхьым зэриухам фIэкIынукъым», – жери тхьэ зэрелъэIуа къомым щыгугъырт...

Псори дызыщIэхъуэпса щIалэ цIыкIур дунейм къызэрытехьам и хъыбарыр Зеикъуэм япэу ялъэIэсащ, ауэ лъхуэгъуей хъууэ нысащIэр сымаджэ зэрыщIэхъухьыжам я гукъыдэжыр икъута хъури, дэ хъыбар къыщыдагъэщIар етIуанэ махуэрщ.

ГуфIэгъуэм чэф дищIауэ, ди шыпхъухэми загъэхьэзырыху дапэмыплъэу, Хьэмид сэрэ Бахъсэн лъхуапIэ унэм дынэсащ. АрщхьэкIэ...

Зыкъомрэ дыщытащ, зыгуэрхэр зэблэжащ... ИтIанэ, хъэлат хужь зыщыгъ цIыхубз нэщхъей къыдбгъэдыхьэри «Сабийр къытхуегъэлакъым, и анэм и псэр тхъумащ...», – жери кIэщIу пичри IукIыжащ...

Ди махуэ уэфIышхуэм щыблэ къыхэуащ...

Зи псалъэр занщIэу къысхуэщIэжакъым, ауэ жиIар сигу къэкIыжащ: лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэр гуауэм упэщIэтыфынырщ...

Къэхъуам и кIыхьагъкIи, и бгъуагъкIи дыпхыплъри къыхэтхаращ: нэмыплъысами, теплъэкъукIами, сабийм и Iуэхур зыхуей хуэзакъым. Iэпсэулъэпсэууэ дунейм къытехьат. Зи псэр яхъумауэ жыхуаIа анэми апхуэдэ шынагъуэ иIатэкъым...

«А Iэмыгъуэ-угъурсыз псэншэжьым сыту Iейуэ Iэрыухьэт мы фи сабий дыгъэ нурыр...», – зэрыжаIам къикIыр къыдгурыIуами, зыри пэдмыдзыжу сабий хьэдэр къытIэщIалъхьэжри дыкъежьэжащ...

Сабийр си IэплIэ ущIам илъу куэбжэм сыщыдыхьэжым, къытпэплъэм хуэдэу, пщIантIэкум ит ди адэр гуфIэу къытпежьащ: уэ мыбы къысхуахьыжа дыгъэ шырыр, мы бегъымбар цIыкIур...

ГуфIэгъуэми гузэвэгъуэми деж зызыIыгъыф, шыIэныгъэ ин зиIэ ди адэм сытегузэвыхьу си нэр тезубыдащ. Абы щыгъуэу си гугъэжщ сэ япэу гу щылъыстар цIыхум и нэгум гуфIэмрэ гузэвэгъуэмрэ зэрыщызэблэкIым. Си гум къина, си нэгуи къыщIэна мыхъумэ, ар зэзгъэщхьын абы щыгъуэ къысхуэгъуэтакъым, ауэ къыздесхьэкIыурэ жьы къыздэхъуауэ нобэми си нэгу щIэтщ. И лъапсэм къинэн къуэрылъху пэплъэ ди адэм зыпэплъэм и хьэдэ тIэкIур щыIэщIэслъхьэм, абы и псэм игъэва псор хэт ищIэн, и нэр щыункIыфIыкIри и пIэм иджэрэзыхьащ, сэ сепхъуэнми сыхунэмысу зыкъи-

щIэжри «Тобэ Iистофриллахь, – жиIэри куууэ бэуащ. – Тобэ! Ялыхь, уигу къызумыгъабгъэ...». Сэ ди адэм и нэпс игъащIэм слъэгъуауэ сщIэжыркъым, ауэ абы щыгъуэ къыIэщIэкI пэта нэпс шыугъэр лIыгъэкIэ зэриубыдыжарауэ къыщIэкIынщ, а сыхьэтым гуфIар арауэ умыцIыхужыну, и фэр шэхум хуэдэу пыкIат, и жьэри мащIэу дыщIэуэу.

Ди адэм къигъэщIа лIы гъащIэ ныбжьым себэкъуащ сэ мыр щыстхыж нобэ, нэпс Iэджи сфIехуэхащ, ауэ ди адэм абы щыгъуэ къыIэщIэмыкIыу иубыдыжыфа и нэпс къудамэ къыкъуэплъам хуэдэу шыугъэ щыIауэ си фIэщ хъуркъым. Дауи, адэшхуэм хуэдэу лъапсэмрэ къуэпсымрэ зыхэзыщIэ нэгъуэщI щыIэкъым. Сабий цIынэр балигъым хуэдэу дгъейри щIэтлъхьащ. Псори дыкъыщалъхуа адэ лъапсэжьым къуэпс къызэримынар нобэми ди гукъеуэщ.

# Шыгъу IэмыщIэ

КъэпIуэтэжын бэлыхьи хэлъкъым мыбы, ауэ дышхэу дунейм дытетыхукIэ шыгъур ди гъусэщи, слъагъухукIэ мыр сигу къокIыж.

Арати, зауэр щIидзэри, зеикъуэдэсхэр япэу зыхуэныкъуэхэм шыгъур ящыщ хъуащ. КъуажэкIэм деж Бахъсэн Iуфэ «Гъуамэжь» жари псы шыугъэ тIэкIу къыщыщIэжырти, абы къыхэпхыфыр уи Iыхьэт. Ар къагъавэрт, ягъэжэбзэжырти, хьэнтхъупс, шей сытхэм хакIэрт.

Нэхъ къуажэкум Бахъсэн Iуфэ дежи иIэт апхуэдэ псы шыугъэ къызыщIэж кумб. Ауэ къуажэ былымымрэ чэзууэ абы кърахулIэ колхоз гъэш фермэхэмрэ къыплъагъэсыртэкъым. Си адэ къуэш Мацэ гъэш фермэм и унафэщIт а зэманым, зауэм ямыша щIыкIэуи, и фермэр кърахухырт а псы шыугъэм ирагъэфэну. Сэри садэIэпыкъуну сыкIуати, гуимыкIыжт слъэгъуар. Мо былым гужьеяхэр бжьакъуэпэкIэ зэрыукIырт: зи мэ къащIихьэ псы шыугъэм я Iупэр нэсын папщIэ.

Апхуэдэт зэманыр, езы зауэми хуэдэу, абы кърикIуахэри гужьеигъуэт.

Тыкуэным, къэралым шыгъукIэ щымыгугъыж цIыхухэм зэралъэкIкIэ хьэрычэт гуэрхэр ящIэрт. Апхуэдэу, дэ дызыхэт, гъуэмылэзехьэуи сыщылажьэ ди бригадэм щыщу нэхъ зэфIэкI зиIэ щIалэ гуп шыгу зэщIэщIакIэ ирагъажьэри шыгъуу къахуэшэр къашат. Ар бригадэ унэм дэт ерыскъы гъэтIылъыпIэм щIэт чей абрагъуэм IункIыбзэ тIуащIэ етыжауэ щахъумэрт, а чейр зыщIэт гуэщышхуэм щIыхьэну хуитыныгъэ зиIэр бригадэм и завхоз Бгъэжьнокъуэ Iэминт, абы IункIыбзэIухыр дзыхь зыхуищIри си закъуэт. Арыншэуи хъунутэкъым. Iэмин зауэм ямышауэ лIыжьт икIи шыгъу чейм хэIэбэн хуей хъуху абы хунэсыртэкъыми, сэ сриIуэхутхьэбзащIэт.

Iэмин лIы тIасхъэ дыдэтэкъым, ауэ нэхъапэм ар бригадиру, си адэ къуэшыр учетчикыу зэдэлэжьати, сэ фIыуэ къысхущытт. Пэжыр жыпIэнумэ, шыгъум сэри тIэкIу сыхэуэрт, ауэ зы IэмыщIэм зэи фIэзгъэкIыртэкъым. Iэмини ищIэ си гугъэт ар, ауэ зыри жиIэртэкъым. ЩIалэ цIыкIу IэмыщIэм сытыт ихуэнури, си жып лъабжьэр щIигъанэ къудейти къыскIэрыщыртэкъым. Ауэ а си IэмыщIэ цIыкIум из шыгъур ди хьэблэ цIыкIум я псэхэлъхьэжт.

Зэрыхьэблэуи зэрыкъуажэуи ящIэу си анэшхуэр егъэлеяуэ цIыху хьэлэлт, жумартти, ди гъунэгъу мэжалIэу тIысу шхэнутэкъым. Арати, сэ махуэ къэс къэсхь шыгъу IэмыщIэр хэдзэгъуэ зырыз-тIурытIу хьэблэ физым ятригуашэрт. КъызэрыщIэкIымкIэ, а шыгъу IэмыщIэр гуэшынри ауэ сытми Iуэху къызэрыгуэкIтэкъым. Шыгъур зыхуигуэшхэр щынэхъ мащIэ япэ зэманхэм шей бжэмыщ цIыкIу зырыз ялъысырт. Аурэ лъэIуакIуэр нэхъыбэ щыхъум, шей бжэмышхыр щIэгъэлъауэ мыхъуу телъэщIауэ щхьэIууд ищIащ. Ари щахуримыкъужым, тIум зы шей бжэмыщ яриту хуежьащ. Къандисэрэ ДисIэфIрэ физыжьитIым ялъыса шей бжэмышхыр яхуэмыгуэшу гукъанэ къыхэкIыжати, Iэпхъуалъэ зырызу яхуигуэшу щIидзащ. Нанэ сыт щыгъуи

«Ялыхь, я гуэныхь къызумыгъэхь», – жиIэрт. Зэхуэдэ хуэмыщIкIэ шынэу арат ар щIыжиIэр. IэпхъуалъэкIэ гуэшынми гукъанэ къикI хъуащ. Фызхэм щхьэж и Iэпхъуалъэ къахьрэ абы ирыригъэкIутэу арат. Дуней факъырэм цIыхур апхуэдизкIэ нэплъыснэIус ищIати, Iэпхъуалъэхэр зэрызэхуэмыдизым къыхэкIыу псори зы IэпхъуалъэкIэ ягуэшу хуежьащ.

Шыгъу IэмыщIэр яхуримыкъуж щыхъум, Нанэ ар зылъымысхэм джэдыкIэ зырыз, нартыху хьэжыгъэ тIэкIу е и пхъуантэжьым и лъащIэм къыщигъуэтыжурэ фошыгъу кIанэ цIыкIу зырыз яхуигуэшырт. «Ялыхь, ди къэтхэр узыншэу къытхуэхьыж, я шапэIудз щIы...» – жиIэурэ Тхьэ елъэIурт.

Шыгъу IэмыщIэри дыухащ, зауэри иухащ, Нанэ и тхьэлъэIур Алыхьым къабыл ищIри, и къуитIри къэкIуэжащ. Шыгъу ямыгъуэтыжу щыщытар ящыгъупщэжа нэужь, Нанэ и жьэм жьэдэкIакъым: «Си Нэху къысхуихьурэ згуэша шыгъу IэмыщIэращ си щIалитIым къэрэгъул бжыхь яхуэхъуу псэууэ зауэм къыхэзыхыжар...». Сэри си фIэщ хъужауэ, балигъ сыхъуху зризгъэщIэгъуащ абы. Иджы мис, лIыжь сыхъуа пэтрэ, сщымыгъупщэжауэ сотхыж.

# Шыгъуэ фэкъум тес Лэкъумэн

Лэкъумэн жари Къэрмокъуэ лъэпкъым лIы хэIэтыкIа диIащ. Бригадиру лажэрт, мэкъумэш и пIалъэ ищIэрт, ерыскъыкIэ фIыт. И шыгъуэ фэкъум тесу ялъагъумэ, Лэкъумэн къокIуэ жаIэу цIыхур хуэтэджырт, зэман гугъум хуэщIауэ, и бзаджагъкIи и Iыхьэ иIыгът. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэрал псом цIэрыIуэ щыхъуа зауэм и пэ илъэсхэм Ленин орден зи бгъэм къыхалъхьахэм ящыщт Лэкъумэн. Си сабиигъуэ-щIалэ цIыкIугъуэу срихьэлIат а зэманми, сэри Лэкъумэн зи унафэщI бригадэм гъуэмылэзешэу сыщылажьэрт.

Лэкъумэн хъыбар Iэджи иIэт, абыхэм ящыщу нэхъыщхьэр и Ленин орденым ехьэлIахэрт. Ар къыщратар Москват, и бгъэм къыхэзылъхьари езы Калинин дыдэрт. ФIыуэ сощIэж, орден лъапIэр хэлъу къуажэм къыщигъэзэжам, щIым темыувэу къыдэшэжын хуейщ жаIэу алэрыбгъу унагъуэхэм къыIахыурэ зэхуахьэсауэ зэрыщытар. Машинэм къыщикIыжынум щегъэжьауэ къуажэр зэхуэсауэ къыщыпэплъэм нэсыху алэрыбгъу траубгъуат. Лэкъумэн абы тету кIуэурэ, лъэбакъуэ зыбгъупщI къэнат алэрыбгъур яхуримыкъуауи, абы нэса иужь къэувыIэри и щхьэр игъэкIэрахъуэурэ и Iэр ищIат жаIэ, «мыбдеж алэрыбгъу щхьэ темылъrэ», къригъэкIыу.

Ауэрэ щIыми есэжщ Лэкъумэни, а орденыр къыхезыгъэлъхьа щIым нэхъыфIыжу тележьыхьу ежьэжащ. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, жылэм я щхьэр зыхуагъэщхъ орден лъапIэр кIуэдащ. Мышынэу ар зыдыгъун щыIэтэкъым, унагъуэр къызэрагъэдзэкIащ, хьэблэр зэхэлъэдэжащ, бригадэми къуажэми афIэкI псалъэмакъ дэлътэкъым. ЛIэныгъэм зэрытезэкIухьынум хуэдэу, цIыхухэр гузэвакIуэ къыхуэкIуэрт. Зэманыр цIыхур губгъуэм щит гъэмахуэти, колхоз лэжьыгъэри яфIэмыIуэхужу, Лэкъумэн и орденым лъыхъуэрт. Шур шууэ, лъэсыр лъэсу бригадэщIыр щIащыкIырт: дэтхэнэ хьэсэм хыхьа, дэнэ деж щепсыха, щытIыса? Партком зызылыгъуэжри къыдэкIат бригадэ унэми, нэмэз зыщIу тет пщыIэхъумэ лIыжьым жьэхэлъат жаIэ, мыбы къытекIи орденлъыхъуэ ежьэ, жери.

Ди адэ къуэш Мацэ а бригадэм учетчикыу щыIэти, орденлъыхъуэхэм я курыкупсэм хэтт. Махуэм тIэкIу едзэкъэну къыдэлъэдэжати, и шыплIэм сыфIыдэтIысхьэри сэри бригадэ пщыIэм зыдезгъэхьат. КъуажэмкIэ сыдэплъмэ слъагъу фIэкIа, зэи си лъэ здынэмыса, си нэр къызыхуикI «ТхьэелъэIупэ Iуащхьэм» зезгъэхьри щIакIуэ схуиубгъуауэ дытести, Мацэ къызжиIар фIыуэ сощIэж: «Иджы мы жылэр зылъыхъуэ Лэкъумэн и орденыр уэ къэбгъуэтыжамэ, лIыхъуужь уащIынут». «Уэлэхьи, самыщIынт», жызоIэ. Езы Лэкъу-

мэн ипхъу Мэржан кӀэнауэпсым ихьу ГъукӀэлӀ Мухьэмэд къыщыхихыжам щыгъуэ ар лӀыхъужь ящӀыну зэрыжаӀауэ щытар игу къызогъэкӀыж. «А тӀур зэхуэдэ?» – жи Мацэ...

Къуажэр тхьэмахуэкӀэ зылъыхъуа орденыр зыми щамыгугъам къыщагъуэтыжащ. ЛазычкӀэ Зеикъуэр еджэу урыс лӀыжь жьакӀэ хужь цӀыкӀу тыкуэным тетт. Абы деж зыгуэр къищэхуну Лэкъумэныр щӀыхьати, къищэхуар къищтэщ, и бохъшэр къыщыгъупщэри къыщӀэкӀыжат.

Лазычым бохъшэм дэлъ орденыр къаритыжри, жылэр тыншыжащ. Ауэ тыкуэнтетыр Ӏуэху ящӀащ: «Щхьэ бгъэпщкӀуа орденыр?» – жари. Ауэ мо лӀыжь Ӏущ цӀыкӀум зытригъэхьакъым: «Бохъшэр къыщыгъупщати, къыщӀэупщӀэм естыжыну схъумащ, сэ абы сыт дэлъми сщӀакъым», – жиӀэри...

Зейм ещхьу цӀэрыӀуэт Лэкъумэн сыт щыгъуи зытес шыгъуэ фэкъури. Абы зыри шэсыну хуиттэкъым. Бригадэ унэр Бахъсэн Ӏуфэ Ӏуту лъэгум дэтт. Лэкъумэнхэ я унэр мыдэкӀэ гъуэгу нэхъыщхьэм тетти, шыр сэ сигъэшэжырт, пщэдджыжькӀэ щыдызигъэши щыӀэт, ауэ сыт щыгъуи къызжиӀэрт сымыгъэхьэмкӀэну. Сэри сыщышынэрти, жиӀэм сыфӀэкӀыртэкъым.

Зэгуэрым зейм и Ӏизынныншэу шэсащ абы лӀы гуэр, КӀурашын Хьэжысмел жари. Ди унэм фэтэру щӀэст ар. Ди хьэблэм гъэш щӀэхупӀэ пункт цӀыкӀу дэтти, абы и унафэщӀу арат Хьэжысмел, ауэ абы щыгъуэ ар тхъэжу узыгъэпсэу къулыкъути, щӀыхьышхуи хуащӀырт. Сытми, Хьэжысмел и ныбжьэгъу-ефэгъухэм баз япихьэри, Лэкъумэн и шыгъуэ фэкъум шэсащ. Абыи къыщымынэу, шыр зейм я куэбжэм ирихулӀэри, «Ялыхь, мыр мыфэкъуу е фэкъущэу щытамэ, сыту шыфӀыщэт», – жиӀэурэ щӀопщымкӀэ зэприхулэкӀыу щӀидзащ. ӀэуэлъауэМ къигъэушыжа Лэкъумэн къыщӀэкӀмэ, арат. И шы гъэфӀар и куэбжэм кърахулӀэжауэ ӀуаукӀыхьырт.

– А си фоч зэгуэтыр къыщӀэхыт, ЛакӀуэ, – жиӀэу Лэкъумэн и щхьэгъусэм щеджэм, шыр куэбжэм фӀидзэри Хьэжысмел Ӏужыжащ.

Шы зэхаукӀам Лэкъумэн игу щӀэгъури, етӀуанэ махуэм шэсакъым. Ӏужажэ гуэрхэм къыжраӀат мыр къозыщӀар моращ, егъэгъэтӀыс, враг народщ ар... – жари. Ауэ, сыт хуэдизу мылӀы гуащӀэми, Лэкъумэн ар яхуидатэкъым, «Хьэуэ, дауэ щымытми, ар хамэ къуажэщ, хьэщӀэщ», – жиӀэри.

# Топджэгум

Нобэрей топджэгуркъым зи гугъу сщӀынур. 1965 гъэм ди «Спартак» дунейнэхум РСФСР-м пашэныгъэр щиубыдауэ щыщытам щыгъуэ къэхъуа тӀэкӀущ. Топджэгу Ӏуэхуи зесхуэркъым, абы къыщыхъуа гуэр сигу къэкӀыжауэ аращ.

Си гукъэкӀыжыр нэхъыщхьэу зэхьэлӀари псоми фӀыуэ тлъагъу, фӀыуи тцӀыхуу щыта, Совет Союзым и ЛӀыхъужь щыхуэфащэм къылъамыгъэсауэ мо гъэ дыдэм цӀэр къызыфӀащауэ щыта Къуэныкъуей Назирщ. Абы куэд щытхъуащи, сэ къытезгъэзэжынкъым, ауэ зы псалъэу жысӀэнщи, Назир гуимыкӀыж цӀыху гуапэу, хьэлэлу, щэныфӀэу, ныбжьэгъу пэжу щытащ. И лӀыгъэм и гугъу пщӀымэ, лӀыгъэ зыхэмылъ ЛӀыхъужь ящӀыркъым, ауэ щыхъукӀи, зауэр зэфӀэкӀа нэужь, илъэс куэд дэкӀыжауэ, ар зыфӀащыжыр зырызыххэт.

А зырызхэм ящыщ Назир си гъунэгъуу зы лъэхъэнэ псэуащ. СэзыгъэцӀыхуауэ щытари си малъхъэгъу, МВД-м щылажьэ полковник Дудар Мухьэмэдт. А тӀур зауэм ипэхэм еджапӀэ городокым щызэрыцӀыхуауэ зэныбжьэгъути, уэрамым щызэхуэзауэ Назирым мобы жриӀащ пэшиплӀ хъу фэтэрым щыщу зы пэш къызэрыратыр. Фэтэрыр зыхуэзэр къыщыжраӀэм, сэри абдеж сызэрыщыпсэур жиӀащ Дударым.

А зэманым фэтэрхэр хуабжьу зэпэубыдат, ауэ итIани обкомым и инструктор къызэрыгуэкIри унагъуитI зыщIэс фэтэрым зы пэш цIыкIу щиIыгъыу пхущIэсынутэкъым. Ауэ лъыр къыпыжу зауэм хэта, Дыщэ Вагъуэм щIыгъу нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэри зи бгъэм къыхэлыдыкI Къуэныкъуей Назир а пэш закъуэм щыгуфIыкIыу щIэст.

АтIэ, Назир ехьэлIа гукъэкIыж тIэкIур мы къезгъэкIуэкI къомым хэмызэрыхьыж щIыкIэ вжесIэнщи, махуэ гуэрым дызэгъусэу а гуимыхуж 1965 гъэ топджэгум дыкIуат. ДыздэкIуэм, гъуэгум дащыхуозэ ди адыгэ театрым и артист цIэрыIуэ гуп: Сонэ Мухьэрбий, Болэ Мурат, ТIыхъужь Алий, сымыщIэж нэгъуэщI гуэрхэри, ди режиссер цIэрыIуэ Ерчэн Леонид я пашэу. Назиррэ абыхэмрэ си гуапэу зэрызогъэцIыху, ахэр зэрызиныбжьэгъум срипагэу, Назир деж лъапIи сыщрихъуу.

ДыздэкIуэм, Назир моуэ гузавэу, Iэнкун къэхъуа хуэдэу къысфIощIри соIущащэ:

– Сыт, Назир, щхьэ упIейтейрэ, си ныбжьэгъухэр уигу иримыхьауэ ара?

– СыкъэпщIащ, Мухьэмэд, сыпIейтейщ. Ауэ сыбгъэцIыхуахэр сигу иримыхьауэ аракъым – хуабжьу гуапи сщыхъуащ, ауэ садемыкIункIэ, садэмыхъункIэ сошынэ, ахэр нэмысышхуэ, щэнхабзэ ин зыхэлъ цIыхушхуэхэщ. Сэ адыгэм куэд лъандэрэ сахэтыжакъыми, абыхэм я деж емыкIу къыщысхьмэ жызоIэри согузавэ. КхъыIэ, закъыкIэрыдгъэгъэхуж.

– Сыт жыпIэр, Назир, ахэр щIалэжьщ, цIыху фIыуэ ялъагъу, ныбжьэгъур яфIэфIщ...

– Сэ сщIэ мыгъуэрэ, сэ дзэ къулыкъу ткIийм куэдрэ сыхэтащ, адыги сымылъагъуу, мыхъун гуэр къызжьэдэкIрэ емыкIу къэсхьмэ...

– ХьэIэ, хьэIэ, апхуэдэ щыIэкъым.

– АтIэ, зыгуэркIэ сыкъыщIэхуэмэ, уэ уи Iуэхущ, Мухьэмэд.

– Дэгъуэщ, гумызагъэ, – жызоIэри, Назир и гур фIы хуэсщIауэ стадионым докIуэ. ЗэкIэлъхьэужьу дотIысэкI, сэ нэхъыщIагъэкIэ ижьырабгъу кIапэр зылъызгъэсауэ, Адыгэ хабзэмкIэ апхуэдэу щытын зэрыхуейри зыгуэрым къыжеIэри, ари имыщIэу къызэрищIар Назир и гуапэ мэхъу. ИтIанэ, абы къыпищэ щIыкIэу, Мухьэрбий къеIуэтэж зауэм и пэкIэ мыпхуэдэ топджэгум къыщыхъуауэ щытар: Къалмыкъ БетIалрэ абы къыкIэлъыкIуэ унафэщIышхуэмрэ зэбгъурысу топджэгум здеплъхэм, къулыкъущIэшхуэр зыбгъурыс нэхъыщхьэжым йоупщI, жи: слIо, товарищ Калмыков, мы къомым зы хьэфэтоп зэпаубыдауэ къызэремыхьэкIыу, я топ зырыз къахуэдмыщэхуфу Къэбэрдей-Балъкъэрыр апхуэдэу дыкъулейсыз?

А гушыIэ тIорысэр Мухьэрбий апхуэдизкIэ гъэщIэрэщIауэ жиIати, Назир фIэгъэщIэгъуэн дыдэ хъуащ, ар зэхэтхыурэ дужэгъужа пэтми, дэри дридыхьэшхащ... Арати, Назир игурэ и щхьэрэ гъэтIылъауэ гупым къызэрытхэзэгъар солъагъури, сэри согуфIэ, топджэгури, зэрыхабзэу, хэт кIийуэ, хэт гуоуэ йокIуэкI. А лъэхъэнэр псоми дащытекIуэ ди гъэти, а махуэри арат.

Топищ дэдгъэкIа пэтрэ, мо адыгэ нэпсей къомыр кIийрт: еуэ, еуэ, еуэ! Аргуэру топищ дагъэкIми, аргуэру щы жызыIэнухэрт кIийр. Адыгэм ягъафIэ Iэпщэ Александр а зэманым и уэлиигъуэти, абы топыр къыIэрыхьэху Мухьэрбий къызэфIэувэрти и Iэшхуэр игъэдалъэрт: «Еуэ, Сашэ, уащымысхь, иджыри зы яхуиукIэ!». Сашэ топыр яфIыкIуэцIрихри, гъуащхьэм нэхъ пэгъунэгъу и джэгуэгъум иритащ. Зритам ихъу-илъ зищIри топым еуащ, арщхьэкIэ гъуэм хуэмызэу ищхьэмкIэ щхьэпрылъэтащ. Абдежым Мухьэрбий къыщылъэтащи, и макъ лъэщым къызэрихькIэ мэгъуахъуэ. «А зи анэр ауэ, моуэ хъун лъакъуэIушэжь...» жиIэу ирекъутэкI.

Назир, а махуэм хьэрэм-хьэлэлкIэ зыхезгъэлъхьа Дыщэ Вагъуэр и Iэ лъэныкъуэмкIэ игъэпщкIущ, адрей Iэ лъэныкъуэр и нэкIум Iуилъхьэри къыткIэщIэкIуэсыкIыжащ...

Сэ зыкъомрэ селIэлIащ Назир а гупым яхэсшыжыну, ауэ схузэфIэкIакъым. Иужьым сэрыншэу зэныбжьэгъу хъужхэри, Назирри яхэзэгъэжащ, уеблэмэ, къыщылъэтрэ кIийуэ ирагъэсащ, ауэ яхуэхъуэнакъым, топджэгум щыкIуэкIэ, и Дыщэ Вагъуэри зыхилъхьэжакъым.

# ЗОЯ е ЧП

Дызэсэжауэ ди хьэблэ цIыкIум унагъуэ зыкъом дыщызэхэсщ. Урыси, сонэи, адыги, балъкъэри, журти, тэтэри... Илъэс Iэджэ щIащи, къыхэпIэнкIыкI щымыIэу дызозэгъ. Уеблэмэ, жьэрымэ зыгъажьэхэм апхуэдэ хабзэ зимыIэхэм хуахь лэкъум хуабэхэр яфIэIэфIыпсу яшхыу зэрахьа тепщэчым зыгуэр къыщралъхьэжи щыIэщ. Зы щIалэжьи къытхэсщ хьэблэм БорикkIэ еджэуи, кIуэ а зыр зэзэмызэ «пщIэгъуалэм» зэрышэсым и гугъу умыщIмэ, псори хъарзынэ хуэдэт. Абы и ныкъусаныгъэри дэ ди лажьэу убж хъунут. ЛIы IэпщIэлъапщIэжьт ари, хэт и уэздыгъэ мыблэми е и псы къижыпIэр зэIыхьами... Борик къэсырти зэригъэпэщыжырт. Зы бжьэ хутрагъэувэми и хьэрэмтэкъыми...

Борик матушкIэ щхьэгъусэ дахэшхуэ иIэт ТамарэкIэ еджэу. А тIур зэрызэмызэгъри хьэблэм къызэрытхэщ щымыIэу илъэсхэр кIуэрт. Ауэ зэгуэрым я къайгъэр унэм щIэмыхуэж хъури, щIыбым къэсащ. Димыгугъауэ Тамарэ жьэшхуэ зэщIихырт, Борис абы жэуапу иритри хэIэтыкIауэ «ЗОЯ!» е «ЧП» – жиIэу арат. Iеи фIыи къидмыхыу а цIэ лейхэр иужькIи зыкъомрэ зэхэтхащ. СыщIэупщIати, къысщабзыщIащ. Си къуэш нэхъыщIэ Хьэмид къыдбгъэдэт унэм щIэсти, арат абы я бжэр зэтауэ и гъунэгъу дыдэр. Абы ищIэрт ЗОЯ-ми ЧП-ми къикIыр, ауэ сыщеупщIым, «урихьэлIэмэ, къэпщIэнщ» – жиIа мыхъумэ, къыфIигъэкIакъым.

Ди унэр моуэ нэхъ щхьэхуэу щытщ, пщIантIэ тIэкIуи диIэу. ПщIантIэ щыхъукIэ, хьэ дэлъын хуейщ, жытIэри зы Барсик цIыкIу дгъафIэу, езыри хьэфIыщэу дыIэт. Епхауэ тIыгъыт ари, щыдутIыпщ зэзэмызэм ди гъунэгъухэр къызэхижыхырти къэкIуэжырт. Зыми зэран хуэхъуртэкъым, Тамарэ и джэду гъэфIэным бэлэрыгъауэ ирихьэлIэмэ, щIигъэIэ мыхъумэ.

Зэгуэрым, джэду гъэфIар жыгым дрихуеяуэ Барсик дэбэнейуэ и щIагъым щIэту Тамарэр кърихьэлIэжри, хьэр къигъэпщIэуащ. Абыи къыщымынэу, Тамарэм тхьэ иIуащ хьэр имыгъэпсэуну. Ар и гъунэгъу цIыхубзым зэхихащ, ауэ дэ зыри хэтщIыкIакъым.

Ди Барсик цIыкIу хамэм ебэнырт, ауэ хьэблэм дэсхэм закIэрикухьу цIыкIуми инми я ныбжьэгъужьт. МыдэкIэ ди унагъуэм ар тщыщ зыуэ ябжырт. Ишхыр дэ тшхырт, унэ цIыкIу иIэу хуабэу щIэст, итIани, щIымахуэм щIыIэ дыдэ къыщыхъукIэ, жэщкIэ унэм къыщIанэрти пщэдджыжьым щIагъэкIыжырт.

Махуэ гуэрым Барсик, хьэблэр къызэхижыхьри, зэрыщымыт хъуауэ къежэкIыжащ: гужьеяуэ къижыхьырт, зытридзэрт, пщIэурт, гъуэгыпэрт... Узыр зэ хэкIырти, щэIуу щылът, «фыкъыздэIэпыкъу» къыджиIэм хуэдэу, и нэр къижу къыдэплъырт. Аргуэру къыпкърыуэжырти, и псэр кърихьэкIыу къижыхьу хуежьэрт. Апхуэдэ уз гуащIэ гуэр хьэм къеуалIэмэ, аркъэ ебгъафэмэ къригъэлу жаIэу зэхэсхати, си къуэшымрэ сэрэ пэлыштофым нэс жьэдэткIащ. ТIэкIуи нэхъыфI зэ къэхъуат, ауэ аргуэрыжьу къыщIидзэжащ. Къару иIэху къижыхьащ, зыхыфIидзащ, къыщылъэтыжащ, и къарур иухри, ди IэплIэм зыкърнгъэукIуриежащ.

Iэсэ хъуа Барсик шэи шхуи жьэдэткIащ, къэдгъэжьын ди гугъэу и ныбэ тIэкIур тшытIэурэ и щхьэр едгъэзыхат, сыт хуэдмыщIами, хьэр къытхуегъэ-

лакъым. Псори зэфIэкIауэ Борик и нэр къижу къытхэлъэдащ: ар зи IэщIагъэр Тамарэщ, жи. Абы цIэ лейуэ фIэсща «ЗОЯ»-м къикIыр фщIэну фыхуеймэ, «Змея особо ядовитая» жиIэу арщи, мис фолъагъу. ЧП-м къикIри «Черная пантера» жиIэу аращ.

АбыкIэ зэфIэкIамэ нэхъ къэсщтэнут, ауэ зэфIэкIакъым. Хьэр хьэщ, ауэ ар зыщыгугъыр цIыхурщ. И гъунэгъу фызым зэрыжиIэмкIэ, Тамарэ щIегъуэжауэ, жор ищIурэ дэлъэIуеяуэ жеIэ къыхуигъэгъуну. Алыхьыр тэмакъкIыхьщ, гущIэгъулыщ, ауэ апхуэдэ лейр гъуркъым. Мазэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу, сымаджэ хъури, Тамарэ хэгъуэлъхьащ, къэмытэджыжуи уз бзаджэм ихьащ. Хьэ цIыкIум ирищIари тщыгъупщэжри, щIэзылъхьэжар дэ хьэблэрщ.

## Алыхьым зэриухам хуэдэу хъуащ

Илъэс 85-рэ къэзыгъэщIауэ иджыри езыкъутэкIыу псэу Аслъэн дадэ къызжиIэжащ мы хъыбарыр.

Си джэгу хэтыгъуэ-къэшэгъуэт. Ар къысIэрымыхьэмэ, сылIэн сфIэщIу сызыпылъ хъыджэбз дахэр хьэгъуэлIыгъуэм къыщызгъэуджу дыздыхэтым: «Мы утыкум ди гурыIупсыр къажэу куэдрэ цым-цым жоуэ димыту, сеуэу ныжэбэ усхьын», – жызоIэ. И дамэр дришейри зыкъысхуигъэфIэIуа мыхъумэ, хъуни-мыхъуни къызжимыIэу си япэкIэ къэзыгъэуджу сэ къызыIэпысха щIалэмкIэ еплъэкIащ. Сэри, абы къисхаи щымыIэу, «апхуэдэурэ укъыдэнэжынущ уэ...» – жысIэу сыдэгушыIэурэ сыкъыздекIуэкIым, нетIэ къызыIэщIэсха, пащIэ дахэ зытет щIалэм сIэпихыжащ.

Аурэ, уджыр ягъэувыIэри, къэфэным щIадзэжащ. Си къэфэгъуэ чэзур къыщысынум сыпимыгъаплъэу, си ныбжьэгъужь Зулхьэчим къыскIэрыхъыжьэри, езыр зыпылъ хъыджэбзыр здэщыIэ нэгъуэщI джэгу гуэрым сишащ. Дезэшыху дыкъыщыфащ, дыщыуджащ, джэгур яухри щхьэж и унэ дызэбгрыкIыжащ... Сыкъэсыжмэ, ди пщIантIэм зы шыгу зэщIэщIа дэтщ и вожэр бжыхьым едзэкIауэ. Ди анэр унэбжэм итщ: «А щIалэ, ныжэбэ жэщым дэнэ ущыкIуэда? Нысэ къыдахьэлIащ...». «Хэт?!» – жызоIэ, си жьэр Iурыхуауэ. ПащIэ дахэ зытет егъэджакIуэ Лъостнащ (ар ди анэмкIэ ди Iыхьлыт) сэ сызыпылъ хъыджэбзыр къигъэкIуасэри, ди деж кърихьэлIауэ арат. Къэхъуар си фIэщ схуэмыщIу, нысащIэр зыщIэс пэшым сыщIэлъэдащ си нэшхуитIыр къиху.

Арат. ИлъэситI хъуауэ сызыпылъ, ныщхьэбэ къыщызгъэуджым зи дамэр дэзышея си хъыджэбзыр жэщитI фIэкIа джэгум щимылъэгъуа щIалэ пащIэ дахэм къигъэкIуасэри ди деж кърихьэлIауэ си лэгъунэм щIэт гъуэлъыпIэ гъэщIэрэщIам зигъэнэмысыфIэу кIэрытт. Лъостнащи, мэзым щIэтым я нэхъ дахэ щыхьыр зэ уэгъуэм къизыуда щакIуэжьым хуэдэу, зыIурыбзаеу адэкIэ къыщытт.

НэгъуэщI къысхуэнэжатэкъыми, нысащIэм соупщI:

– Мыр пэж?!

– Пэжщ, тхьэ.

– Дауэ ухъу?

– Алыхь Iуэхущ, Абы зэриухам хуэдэу хъуащ...

Сэ щауэкъуэт сыхъунутэкъыми, си щхьэр дэсхри, нысащIэр зейм и унэ ирашэлIэжыху сыкъекIуэлIэжакъым. ФIыуэ слъагъуу, езыми сыкъилъагъужу къысщыхъу си къэшэным апхуэдэу щIищIар нобэми къысхуэщIакъым.

* * *

Си ныбжьэгъужьым жьы хъужыхукIэ къыхуэмыщIа щхьэусыгъуэр мырауэ пIэрэ жызоIэ: зи ишэгъуэ хъыджэбз хьэзырыр илъэситIкIэ къигъэбырсейри къыщимышэм, зышэн щIалэ хьэзыру къыкъуэкIри, дэкIуауэ аркъудейщ.

# Холестерин

Дунейм ехыжауэ зи дыуэщI дыхэтым «сылIэмэ, цIыху щIэувэнщ» жиIэу иригъэщIа гъущапIэм, «унэм нэхърэ нэхъыфIщ» жаIэу щызэхэсхэр зыщIэсым щытхъункIэ ирикъуа нэужь, щIызэхуэсахэри ящыгъупщэжауэ къэхъуа-къэщIа, дыхьэшхэн гуэрхэр жаIэу щIадзащ. ЛIам хьэдэIусу хуаукIа жэмыбгъэ пшэрым фIыуэ хэшхыкIыу лэпс пщтырыр тезыфыхьыжа ныбэиз гупыр зи щхьэфэ имыIэбэр укIуэдыж жыхуаIэм хуэдэт. Ахърэтым къыщыщIадзэрти, дызытет дунейм къэсыжхэрт, абы и лъагапIэу ялъытэ Кремлым нэсырти, абы дыхьэ-дэкIхэм я Iуэху зэрахуэрт, я мылъкур ябжырт, ябжар зэралъытэр доллэркIэти, ари ямыдэжу еврэм нэсхэрт. Хэт жаIэм ежьурт, хэти шхыдэрт, зи дзэм дэтIыхьу щыс лIы плъыжьышхуэм, сахокIыж жыхуиIэу, къыхидзащ:

– Ей, чирасиныр ес мыгъуэ!

– АтIэ, ар езымыгъэсын гуэр жыIэт уэ!

– Уэлэхьи, сэ Чубайси сымыубыну. СлIо, ди уэздыгъэр къигъэблэркъэ! Гайдари сыхуэмыпсэлъэну. Факъырэ дищIащ жывоIэ. АтIэ, хъуржын зэпедзэкI фи плIэм идзауэ къэфкIухьрэ? ЩIакхъуэ Iыхьэ вгъуэтыркъэ?

– Ей, плъыжьыжь, изрэ ныкъуэрэ зэрыщIэркъым!

– СлIо, дагъэр къызыпыж машинэжьра изыр? Фи нэм къыщIэуэр?

– Шатэщ а уи машинэжьым къыпыжыр – дагъэкъым.

– Мы си ныбэм изщ абы си Iыхьэу къыхэкIыр.

– Апхуэдиз къыумыгъэкIуэкIыу къажеIэж мыбыхэм зымахуэ дызэбгъэдэIуа уи шатэ ефэкIар, – жи Хьэбил.

– СлIо абы жыпIэжыну хьэлъыр. Хьэмащэ шэ заводым гъэшхэкI къесшэхыну сагъэкIуати, удужэгъуащ жари шатэ литрищ къысхурагъэхъуакъым. Мастерыжьым абыкIэ сыхуэтхьэусыхэри, ар къыщысхуимыгъэщIагъуэм, шатэ крушкIи сефэну къысхуашиякъым жысIэри, сызыщIэмылъэIуари пцIыуэ щIызгъужащ. Ар емыкIуу къызащIауэ жиIэурэ хъущIэ зищIри, кIуэ, уи бидон цIыкIум литрипщI пхурагъэхъуэнщ управленэм хуепшэхынуи, хуит узощI – хэфыкI уи ныбэм ихуэр, жи. Апхуэдэуи сщIащ. Шатэми си ныбэми сыщысхьакъым. Езы угъурсызыжьми, ишэчыжри, литрищ чэмауэ щиIуэжащ. Сыт щыгъуи, пцIы хэмылъу, сэ шатэ литр щхьэкIэ зыкъэзухуэнутэкъым, ауэ литрищыр пцIыщ.

– Хъунщ, литрищыр иригъэлеяуэ дощI, ауэ зы литр жыхуэпIэм уефэфыр пэж?

– Запрэстэм, уэлэхьи! СлIо шатэ литрым хэлъыр? Зэ гъэщIеигъуэщ. Уэ езым абы щхьэкIэ къэбгъэзэну?

– Литр, жи. Сэри ныбэ цIыкIу дыдэ сщIэткъым, ауэ, уэлэхьи, стэкан из семыфэфыну, – жи Хьэбил, и щхьэр игъэкIэрахъуэурэ.

– Ар узэресэщ, Хьэбил, сэ сыщIалэжь цIыкIуу шкIахъуэу фермэм сыщытеса лъандэрэ сыапхуэдэщ, литр жыхуэпIэр запрэстэщ.

– Тобэ, ар сыт ныбэ, – жери къыткIэщIэдэIухьу адэкIэ къыщыс ефэндым игъэщIэгъуащ. Абы къыбгъэдэс Хъалид и щхьэр игъэкIри щIэупщIащ:

– Догуэ, апхуэдиз шатэм и ужькIэ уи холестериныр дауэ хъурэ?!

– Уэлэхьи, абыи сыхуэгъэзам. АбыкIи сыкъимыкIуэт, – жи. Ар зищIысыр зыщIэхэр зэщIодыхьэшхэ.

А холестериным къикIыр гурагъэIуа нэужь, езыри кIыхьу тедыхьэшхыхьыжащ. Иджы шатэ илъагъуху, зыхуэарэзыжу мэдыхьэшхри, итIанэщ щефэр.

# Къасболэтым псыр ехь

Дунеижьыр къыщыхъуар хэт ищIэн, ауэ дэ зэрытщIэж лъандэрэ Бахъсэныпсыр йожэх. Къызыхэжа мылыжьхэм хуэдэу щIыIэу, зи лъапэ къыщIэжа Iуащхьэмахуэ абрагъуэм хуэдэу лъэщу, зэрыуэрыр и набдзэу, къыпэувыр ириуду, ириудар гущIэгъуншэу ирихьэхыу йожэхри-йожэх Бахъсэныжь. Абы и Iуфэм къыщалъхуа, и мылыпс щыIэмкIэ зи сабий Iэпкълъэпкъыр зыпсыхьа сэ ди адыгэ литературэм зы лъэбакъуэ цIыкIу хэсшиеу, тхылъ къыдэзгъэкI хъуну къыщысфIэщIым, зызэзгъэщхьар си хъуэпсапIэ а псы лъэщырти, иджы къэзбж си тхылъ тIощIрэ зыхыблым ящыщу япэу къыдэкIам цIэуэ фIэсщари аращ – «Бахъсэн уэр». СщIэркъым си творчествэм апхуэдэ уэрагъ иIэуи, ауэ си хъуэпсапIэр арат. Ар зэрыхъуари зэрыхъунури Тхьэращ зыщIэр. Ауэ сэ сщIэр зыщ: ди Бахъсэн уэрыжьым пэувыфа къару щыIэкъым, цIыхубэм фIэкIа. «УкъыщIежэхыр дэрамэ, зыгуэркIэ сэбэп къытхуэхъу», жаIэри зеикъуэдэсхэр пэуващ псы уэрым. Зыдэт псыхъуэм къыдашри гъуэгущIэ хуаухуащ. И блынхэр цементкIэ быдэу ягъэжри, абы даутIыпщхьащ «дяпэкIэ тIэкIу нэхъ сабыру ежэх, мы пхуэтщIа жапIэр уи гъуэгущи, гъуэгу махуэ, зыгуэркIэ сэбэп ухъумэ, хьарзынэщ» жраIэри. «Фэракъэ сыкъыщIыщIэжри, сыщIежэхри», – жиIэри, Бахъсэнри жыIэщIэ хъуащи, илъэс 60-м щIигъуауэ нуру къэлыдауэ хьэлэлу къытхуолажьэ.

Сэ си сабиигъуэ-щIалэцIыкIугъуэр ирихьэлIэри си гум къинауэ сощIэж а кIэнауэм тращIыхьа Бахъсэн ГЭС-м ехьэлIа гуэрхэр. Уеблэмэ, а кIэнауэм и псыпэр щаутIыпщам абы и пэ иту ежэхахэм сащыщщ. КъимыдэкIэ, «Бахъсэн АлэщокъуэкIэ ирашэхыу а бгыжьым кърагъэлъэху Тхьэм сигъэпсэу...» жызыIэгъа ди гъунэгъу БжьыхьэлIхэ я лIыжьыр, апхуэдэу Алыхьым иухыу, а махуэ дыдэм дунейм зэрехыжари сощIэж. СощIэж Зеикъуэ къуажэ кIыхьым и курыкупсэмкIэ кIуэцIрашу зи щхьэр ущIауэ къагъэна псы уэрым цIыху бэлэрыгъа куэд хутыкъуауэ хэхуэурэ зэритхьэлари, Iэщ куэд зэрыхэкIуэдари. Ауэ, властым IэщIэкIыу щыта щыуагъэхэм хуэдэу, ари цIыхупсэм пудыныгъэу лъысахэм ящыщу псыжапIэ шынагъуэр ущIауэ нобэми къызэрынаци, гузэвгъуэ Iэджи къуажэм къыделъхьэ.

Илъэс зыбжанэ и пэкIэ зеикъуэдэс гуэрым жиIэу зэхэсхащ мы кIэнауэм дэхуэурэ цIыхуи 150-м нэс псым итхьэлауэ, ауэ сэ абы пэжкIи пцIыкIи щыхьэт сытехъуэфынукъым. КъезбжэкIыфынущ си ныбжьэгъу, си благъэ Iэджэу а псым итхьэлахэр. Ауэ апхуэдэ къалэнкъым мы стхыжыр зытеухуар – си нэгу щIэкIа гукъинэж гуэрщ.

Налшык журтхэм ящыщ гуэрхэр накIуэу щытащ зауэм и пэкIэ Зеикъуэм, мастэ-Iуданэм щегъэжьауэ цIыкIуфэкIу гуэрхэр шызакъуэгукIэ нашэу е чы матэшхуэ изу нахьрэ ящэу, яхъуэжу.

Сэ сыщысабийм си анэшхуэ Дадий мыгъуэм сигъафIэрти, журт Хьэрун деж къыщищэхуа щыгъын щIэщыгъуэ Iэджи сщыгъащ. Зэгуэрым Хьэруныр шызакъуэгукIэ нэкIуауэ, и хьэпшыпхэри хъарзынэу ищауэ, ихъуэжауэ, ди хьэблэ Iэщыхъуэ гуэрым Къущхьэхъу кърихужа адыгэ мэл фIыцIэ пшэрхэм нрихьэлIэри зы гъэлъэхъу бэгъуа къищэхуащ. И лъакъуэр яригъэпхыни имыдэу, «сэ сфIэкIыу дэнэ кIуэн ахъшэ хъушэ зыщIэста си мэлыр» жиIэри и шызакъуэгум иригъэтIысхьащ. Мэл Iэлыр шызакъуэгум пхуисынт – къелъэ-

ри ежьэжащ. КIэнауэм нэсри псым хэлъащ. Хьэрун тхьэмыщкIэр псым ихь мэлым кIэлъожэх, «Си ахъшэ къомыр псым ехь!» – жиIэу кIийуэ.

Журт Хьэрун и ахъшэ хъушэ Бахъсэныпсым ихь щхьэкIэ зеикъуэдэсхэм зыкъыпхуагъэхъеинт? «Гъэбэгъуауэ Алыхьым къыпхилъхьэж», – жари зэфIагъэкIащ. Хьэрун мэлыр къезыщам хуэкIуат «си ахъшэр къызэтыж» – жери, «сэ си жэмыр нэгъабэ ихьат а псы дыдэми, зыми зыри къызитыжакъым. ИкIи сыдэуакъым. Мэлым и лъакъуэр сыгъэпх жысIати, бдакъым», – жиIэри зытригъэхьакъым. Хьэрун афIэкIа Зеикъуэ мэл къыщищэхужакъым.

Ауэ, пыIэшхуэ зыщхьэрыстIэгъа мы гукъэкIыж тIэкIур къыщIезгъэжьар аракъым, атIэ, мис мыращ.

Бахъсэн ГЭС-м и кIэнауэр Зеикъуэ щыкIуэцIрашым лэжьыгъэшхуэ ирахьэлIащ. Абы щыгъуэ машинэр мащIэти, псори шыгукIэ кърашалIэрт. ПсыжапIэр къызэрыдращIей мывэкIэщхъхэр Бэхъсэн псыхъуэ шыгукIэ, выгукIэ къыдашырт. Абы ахъшэ къыщалэжьыну Осетием къикIауэ цIыху куэд ди къуажэм дэст шыгу зэщIэщIакIэ лажьэу. Ахэр сыт хуэдэу хахуэт, гушхуэт, шы бэлыхьи яIэт. ЗеикъуэпхъухэмийахуеплъэкIырт...

Къасболэт жари лIышхуэ гуэр яхэтат осетинхэм. ЗикI ящыщ фIэкI умыщIэну, къуажэм яхэсыхьыжат ар, фызабэ гуэрым хыхьэжри. ГЭС-р яухыу адрейхэр кIуэжа нэужьи къэнати, къуажэм щыщ хъупауэ екIуэкIырт. Ди хьэблэт ар зыдэсри, къысхуэза нэужь мо лIы кIыхьышхуэм сыкъипхъуатэрти «О-о-у, мы Кармоко кIалэ цIыкIур лIышхуэ зэрыхъуа...» – жиIэурэ ди уэрамыпэм егъэкIэкIа щиху кIыхьышхуэхэм сынегъэс жысIэу сыдридзейрт, сэри сыгуфIэу унэм сыкъэкIуэжырти, «Къасболэт сыдридзеящ...» – жысIэу сIуэтэжырт.

Апхуэдэурэ, махуэ гуэрым, Къасболэт е ефат, е сыщIигъанэмэ сеплъынщ жиIа, Iэджи жаIэ, пэжыр хэт ищIэжын иджы. Пэжыр арти, Къасболэтыр ди щIыбагъ бгы лъапэмкIэ блэкI кIэнауэм хэхуащ. Сэ абдеж щыхъуакIуэ ди мэл тIэкIум сыплъэну сыздыдэкIым, аузыр къигъэчэным хуэдэу къигъэпсалъэу кIий макъ шынагъуэ зэхызох: «О-у-у, жылэ махуэ хъун, Къасболэтым псыр ехь!».

КIэнауащхьэм сыщхьэщылъадэмэ, солъагъу: и лъакъуэ кIыхьымкIэ зэм къыдэуейуэ, зэми щIилъэфэжрэ щIигъанэу Къасболэт ирехьэх. Сэри сыкIийуэ сыкIэлъожэ, ауэ сыт и мыхьэнэт? Насыпыншэри гъуахъуэу мэкIий: «Къасболэтым псыр ехь». Зэхэзыхахэр къыдэжащ, кIапсэ хадзар зыубыда Къасболэт къыхалъэфыжащ. Псыр къызэрыпыжу, и жыпым иIэбэри, псым иримыха и бохъшэжьыр кърихащ: псынщIэу жэ тыкуэнми, мыбы дэлъым къыщIэкI водкIэрэ кIэнфетрэ къытхуэхь, жери сэ сиутIыпщащ. Аракъым гъэщIэгъуэныр. Къасболэт къыхэзыхыжахэм яхэтат Мысост гушыIэреи, абы жиIаращ: «Уэлэхьи, Къасболэт, мы ди псыжь закъуэр тфIэпхь ди гугъэри дыбгъэгузэват, армыхъумэ уэ езыр уихьами, укъыхэдмыхыжынут...»

Къахуэсхьа аркъэм ефа нэужь, Къасболэт псым хэхуауэ заригъэумысыжакъым, «и кууагъым сеплъыну арат, ауэ мы ди Бахъсэн гушыIэ хэзагъэркъым...» – жери къэувыжащ.

Къасболэти ар къыхэзыхыжахэри дунейм зэрехыжрэ Iэджи щIащ. Бахъсэныжь и уэрыгъэр зыкIи къимыгъэтIэсхъауэ, ноби йожэх, сэри мыр сигу къинати фхузоIуэтэж.

## ЛIыхъужьым игу къеуар

Щоджэн ТIэлашэ зэрыкъэбэрдейуэ яцIыху. Ар Бырс Анзоррэ Къалмыкъ Хьэжмуратрэ я гъусэу ди республикэм щыщу япэ дыдэ Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь хъуахэм яхэтащ.

ЛэжьакIуэшхуэу, лIыжь хъарзынэу дэсащ Зеикъуэ (и ахърэт фIы ухъу).

ТIэлашэ цIыху жьэ нахуэу, партымрэ властымрэ и гум пхыкIати, къулейуэ псэууэ щытахэр илъагъу мыхъуу, езыми хьэл гъэщIэгъуэнхэр хэлъу щытащ. Ауэ зи гугъу сщIынур абы теухуауэ жаIэж хъыбар зэмылIэужьыгъуэхэр-къым – сэ си нэгу щIэкIа зы теплъэгъуэ цIыкIу къудейщ.

ТIэлашэ и къуэ Менлырэ сэрэ дызэныбжьэгъуу дыкъыздекIуэкIащ, зауэм и пэкIэ къуажэ школым, нэхъ иужькIэ пединститутым дыщызэдеджащ, къуажэ адыгэ джэгухэм дыздыхэтащ, зы хъыджэбз дыщыздэпылъаи къэхъуащ. Менлы цIыху хьэлэлт, цIыху пэжт, егъэлеяуэ къабзэлъабзэт, школ унэфэщIуи куэдрэ Зеикъуэ щылэжьащ, пасэу дунейм ехыжащи, жэнэт Iыхьлы хъуауэ Тхьэм къыщIигъэкI.

Куэдым ящIэж декабрым и 21-м 1949 гъэм Сталиныр къызэралъхурэ илъэс 70 зэрырикъур егъэлеяуэ Iэтауэ зэрагъэлъэпIар. А зэманым ар зэрагъэлъэпIам щхьэкIэ «егъэлея» псалъэр къыбжьэдэкIауэ укъащIэмэ, егъэлеяуэ щIыпIэ жыжьэ укъыщагъэхутэныр зырикIт. Сэ а лъэхъэнэм пединститутым сыщеджэрт 3-нэ курсым сыхэсу. Сызэреджэм хуэдэурэ «Ленин гъуэгу» адыгэ газетым жэщ корректору сыщылажьэрти, фIыуэ сощIэж илъэс 70-р ягъэлъэпIа нэужь Сталиным и юбилейм теухуа хъуэхъухэр мазэ бжыгъэкIэ зэрытеддзар. ИужькIэ журналист Iэзэ хъуа ТIыхъужь Зэмахъи корректору лажьэрт абы щыгъуи, къыжьэдэцIэфтри «уа, мыр иджыри куэдрэ теддзэну?» жиIати, щIэщтэжри абы и псэм хьэзабу телъар Алыхьырщ зыщIэр. Ауэ ар сэ зырт зэхэзыхари, бзыщIауэ къэнащ. ИтIани, зыгуэр къыбжьэдэкIынщ уэ жиIэу, Зэмахъ тхьэмыщкIэм си хъуреягъыр Iэджэрэ къиуфэрэзыхьащ...

АтIэ, тIэкIу дытещхьэрыукIащи, иджы ТIэлашэ деж дгъэзэжынщи, Къэбэрдей псом щыщу ар хэтащ Сталиным теухуа гуфIэгъуэр щаIэтым. ТIэлашэ къэкIуэжати, зи лъэ вакъэ изылъхьэу Зеикъуэ дэсыр хузэблэкIырт. Сэри си зыгъэпсэхугъуэ махуэу ирихьэлIэри къуажэм сыкIуэжауэ, Менлы сэрэ дызэхуэзащ. Сэ япэ зизгъэщыну езмыкуу, езы Менлы: «Ди адэр Сталиным зэрыбгъэдэсам и хъыбар къыпхуезгъэIуэтэжынщ», – жери я деж сишащ.

Жьы дыхъуащ, иджы щхьэ пцIы сыупсыжын, си ныбжьэгъум сригъусэу я унэм сыщишэм сыпIейтейрт, уеблэмэ тIэкIуи сышынэрт. СыщIэшынэр ди адэм къызжиIэжар си гум къэкIыжауэ арат. Колхозхэр щызэхэхьагъащIэм ди адэр мэлыхъуэ пщыIэм пщафIэ хуэдэу тесу ТIэлашэ (колхоз Iэщым и унафэщIхэм ящыщт) техьауэ елъагъу кIэлош зэрылъыгъыр, икIи кIэлошкIэ колхоз мэлым уахэтщ жери къыщIэгубжьауэ щытащ. Ар мыхъуххэми, ТIэлашэ игу къобгъэнкIэ хъунут, езым и гум хыхьэу Сталиныр фIыуэ зэрилъагъум хуэдэу уэри умылъагъуу шэч къыпхуищIмэ. Абы илеижу а зэманым къуажэм зы нэщIэбжьи къыщыхъуат: зэныбжьэгъу щIалэ гуп ефэу зэхэсти, тIэурэ-щэрэ Сталиным и узыншагъэкIэ ефащ. Аргуэру нэгъуэщI зым ар къыщыхилъхьэм, нэхъ зы жьэ нахуэ яхэсти пэрыуащ. Куэдщ ар жиIа мыхъумэ, нэгъуэщIи хэлъакъым, ауэ бзэгу яхьа хъури, щIалэр ягъэтIысат. Тралъхьа щымыIэу къаутIыпщыжащ ар, ауэ итIани цIыхур шынэрт. Сэ абыкIэ, Менлыи щыгъуазэу, шынагъуэ дэнэ къэна, сызэрыгушхуэн сиIэт. Институтым и комсомол организацэм и бюром сыхэтт, ди курсым сристаростэти, си къалэнхэр щIыхь пылъу згъэзащIэрт.

А зэманым хабзэу щыIащ щIыпIэ Советым щыщIэдзауэ ищхьэ дыдэм нэс щыхахкIэ, Сталиным и цIэр къагъэлъагъуэу. Ауэ здыхахынур зырати, адрей щIыпIэхэм вождым и щIыхьыр Iэта щыхъуауэ къэнэжырт. АтIэ, лекцэ зэхуакум кIэлындорышхуэм студентхэр щызэхуашэсри, сэ къыхэслъхьат Сталиныр щIыпIэ Советым хэтхыну икIи сылъэIуащ а си жэрдэм лъапIэр къыздаIыгъыну. Нобэ хуэдэу сощIэж ди егъэджакIуэ Къардэн Бубэ цIыкIу мыгъуэм «ущыуэнщи, ди напэр тепхынщ уэ» – жиIэу си тхьэкIумэр къыс-хуиIуэнтIауэ зэрыщытар. Сыщыуакъым, ауэ сыпщIэнтIат, сыпщIэнтIами, апхуэдэ дзыхь къызэрызагъэзам цIэрыIуэ сищIауэ си студентэгъухэр къызэхъуэхъурт...

Сызыхуаша ТIэлашэ зыгуэркIэ губгъэн къысхуищI хъужыкъуэмэ, мо псори гурыфIыгъуэу сиIэт, и фIэщ мыхъумэ, и къуэ Менлы си щыхьэтт.

ТIэлашэ и закъуэу пэшым щIэст. И бжэр Iухати, кIэлындорым сызэрытехьэу къэслъэгъуащ. И Iэр и щхьэм щIэгъэкъуауэ ар шындэбзий щхьэгъубжэмкIэ плъэрти, ди Iэуэлъауэ тIэкIу зэхихами къеплъэкIакъым, уеблэмэ, зигъэхъеякъым. ТIэлашэ лIы задэ бжьыфIэшхуэт, бухъар пыIэ дахэ щхьэрыгът, зикI пащтыхь бжаблэм итхэ жыхуаIэм хуэдэт. Езыри гъэжам хуэдэу стIолым IэдакъэкIэ тегъэщIауэ щысщ, дэри нэхъ быдэжу дыжауэ ди бауэ макъыр зэхэтхыжырт.

Апхуэдэхэм деж дакъикъэр сыхьэт пэлъытэ мэхъури, зэманыр кIуэгъуейщ, ауэ Менлы зигъэхъейртэкъым, дауи, и адэм и пIалъэ езым нэхъыфIу ищIэж хъунт. ФIыуэ дыщытауэ, Менлы сыщеплъым, абы и Iэпэр лъагэу адэ ишийуэ и адэм и дежкIэ къишиижу и щхьэм щытеуIуэжым къызгурыIуащ мобы и щхьэр иджыри Москва Сталиным деж щыIэщ, жиIэу IэтэрмэшкIэ къызэрызжиIар. Насыпыжьыр Алыхьым къыдитри, дыкъыщиуду дыдыхьэшхакъым, армыхъумэ и къуэри сэри дызэригъэхьынкIэ тIэу еплъынтэкъым.

МащIэрэ дыщыта, куэдрэ дыщыта, сытми, Менлы и анэ ерыскъыкIэ жумарту хъыбар зиIэм жэмыкуэ хуабэ тепщэчышхуэ шху фалъэ щIыгъуу и щхьэгъусэм къыхуихьри къыщIыхьати, къэкIуамрэ къызыхуэкIуамрэ абы и фIыгъэкIэ дызэтехьащ. ТIэлашэ дымауэ щIыщысыр шхыным пэплъэу ди гугъа щхьэкIэ, абы и нэр зытедияр вождышхуэм и сурэт шындэбзий щхьэгъубжэм тетрат...

И къуэр здигъашхэу къыщIэкIынтэкъыми, абы и гугъу имыщIу, сэ сигъэтIысыну хэтащ ТIэлашэ, ауэ щхьэусыгъуэ сщIыри сыхуэмытIысу, си гурыIупсыр къажэу фIыуэ слъагъу жэмыкуэ хуабэм зыхэзгъэкIыжащ.

ТIэлашэ шхэщ, зызэпилъэщIыхьыжри, а сурэт гуэрымкIэ плъэуэ гъэжам хуэдэу, тIысыжащ. Щысщи-щысщ, дэри дыщысщи-дыщысщ. Сыщхьэукъуэмэ жызори, сыгузавэу си куэ лыпцIэм сопIэскIу.

Зэгуэр ТIэлашэ, мащIэу зигъэпсчэуIури, тIэкIу къытхуеплъэкIащ. ТIэлашэ хуэму, гъэхуауэ къулыкъущIэ псэлъэкIэ иIэт.

– АтIэ, Къэрмокъуэ и къуэ цIыкIу, нобэ мо ди дыгъэ нур налкъут-налмэсым сызэщIишэпащи, нэгъуэщIи сщIэжыркъым. Сыжажэ Къылшыкъуэ уэрэд щыхуиусым «Сталинурэ уэ ди дыщэ дыгъэ...» жиIэу зэфIигъэкIа щхьэкIэ, ар ди дыгъэ налкъутналмэсщ. И нурым Чремлышхуэр къегъэнэху. Дуней псор зэтезыIыгъэр ди вождышхуэрщ. Илъэс минкIэ сыпсэуами, сэ абы и Iуэхур схуэухынукъым. Дуней насыпыр зэрыщыту сэ къызитащ, абы и нурыр къыстридзэу и нэгум сыщиплъакIэ. Ауэ зы гукъеуэ сиIэу сыкъэкIуэжащи, ар зыми жезмыIами фэ зэныбжьэгъуитIым фщызбзыщIынкъым, – жери дыкъэщтащ, ауэ зыдубыдыжауэ додаIуэ. – Сэ моуэ, цIыху зыбгъупщI хуэдэкIэ нэхъ сыпэмыжыжьэу, Сталиным и нэгум сиплъэу сагъэтIысат. Псори здэрт, ауэ сэ сыщIызэгуэудыр мо ди налкъутналмэсым а Читайм я нэзэвыжь цIыкIур зэрыбгъэдагъэтIысхьэпарт. Зи си гум схутегъэхуакъым ар...

Абы и ужькIи псэлъащ ТIэлашэ, ауэ аращ сэ абы нэхъыщхьэу къыхэзубыдыкIар. Сэ зыгуэр жысIэну къысхуихуакъым, езыри зыкIи къызэупщIакъым.

Ди пщыхьэщхьэ зэIущIэм псом нэхрэ нэхъыфIу хэслъэгъуар Менлы и анэм жэмыкуэ хуабэ тхуищIауэ къытпэплъэу къызэрыщIэкIарщ...

Гуэныхь къэсхьмэ, Тхьэм къысхуигъэгъу, ауэ нобэми шэч сощI Сталиным Мао Цзэдун зэрыбгъэдэсар ТIэлашэ апхуэдизу гущIыхьэ щIыщыхъуар езыр къагъанэу мор зэрыбгъэдагъэтIысхьар ару.

Сталиныр лIауэ Зеикъуэм нэщхъеягъуэ зэхуэс щыщекIуэкIами срихьэлIащ сэ, егъэджакIуэу къуажэм сыщылажьэу. Зэхуэсахэр Москва радиокIэ къратыкIыу Молотовым, Маленковым, Берие сымэ къапсэлъам едэIуа нэужь, ТIэлашэ къагъэпсэлъат, Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьщ, вождыр илъэгъуауэ щытащ жаIэри. Дауи, жиIэнухэмкIэ ар партым и райкомым и лэжьакIуэ гуэрым иущият, къэнахэр зэрыпсэуным и гугъуи щIы жаIэри. Мобы иригъэлеиIуэри, лIар лIащ, къэнахэр дыпсэун хуейщ, фIыуэ фылажьэ жиIэу къикIыу и псалъэр щиукъуэдийм, едаIуэхэр игъэгузэват. Ауэ япэм мо и гум щIыхьауэ щытам и гугъу зэримыщIар хъарзынэу ищIат.

# Уджпхырыху

Шыгъушэ НэIиб жари Зеикъуэ щIалэ хьэлэмэт дэсащ лэжьакIуэшхуэу, ехьэжьауэ цIыху хьэлэлу, нэщхъыфIэу, гушыIэ дахэ хэлъу, псом яцхьэжу дахащэу къафэу, езыр сэ нэхърэ нэхъыжьми, си ныбжьэгъушхуэу.

НэIиб зауэм хэтыну и ныбжьыр нэсыпатэкъым, ауэ зауэм щыгъуи, абы и ужь илъэс гугъухэми лэжьыгъэм я нэхъ хьэлъэр зи фэм дэкIахэм я пашэу щытащ. Абы теухуауэ куэд жыпIэ хъунущ, ауэ сэ зи гугъу сщIынур ар гукъинэж щIысщыхъуа и джэгу хэтыкIэ, и къэфэкIэ дахэрщ, икIи къытехъуауэ щыта зы Iуэху дыхьэшхэнщ.

Зауэ зэманым, абы и ужь илъэсхэми адыгэ къуажэхэм гузэвэгъуэшхуэ дэлъащ. ЦIыхур ныбаджэт, IэпцIэлъапцIэт, зы хьэдагъэм адрейр къытехъуэу зауэм хэкIуэдауэ зи хъыбар къахьхэр ягъеижырт. Фронтыр гъэшхэн хуейти, лэжьыгъэр зымащIэкIи къамыгъэтIасхъэу лIыжь-фызыжьхэм, фызабэхэм, балигъ мыхъуа сабийхэм иралъэфэкIырт, щысхьи псэхуи щыIэтэкъым. Арыншауэ зэрымыхъунури ящIэрти, зыщIезыгъэхи тхьэусыхи щыIэтэкъым. ГъэщIэгъуэныр арти, апхуэдиз гуауэмрэ гугъуехьымрэ зыдэлъ къуажэм адыгэ джэгур щызэпыуртэкъым. Фызышэ хьэгъуэлIыгъуэр мащIэми, нэгъуэщI щхьэусыгъуэ гуэрхэри къыкъуэкIырт. Я благъэ нэгъуэщI къуажэ къикIрэ къахуэкIуамэ, джэгушхуэ хуащIырт. Гуауэм иужьыгуа цIыхур Iэмал имыIэу нэщхъыфIагъэ гуэри хуейт. Арыншэу псэуфынухэтэкъым.

Мы стхыжыр си нэгу щIэкIауэ сэ фIыуэ сызыщыгъуазэщ. Балигъ мыхъуа щIалэгъуалэр нэхущым щыщIэдзауэ кIыфI хъуху белкIэ кIэртIоф къэттIыжу, нартыху къыдэтчу е мэкъу деуэу, Iэнэ тщтэуэ губгъуэм дитауэ, жэщым къуажэ джэгум дыкъехрэ хьэгъуэлIыгъуэм дыхэтауэ пщэдджыжьым лэжьыгъэ хьэлъэм дыпэрыхьэжырт. Дэнэт апхуэдиз къару къыздикIри. Къуажэм дыздэкIуэн джэгу щымыIэмэ, жэщхэсу дыздэщыIэ бригадэ пщыIэм джэгушхуэр щызэхэдублэрт. Зыр лIэмэ адрейм зэрызимылIэжыр арауэ къыщIэкIынщ цIыхур зыгъэпсэури, сыт хуэдэ гуауэми хьэзабми къезыгъэлри.

АтIэ, мис апхуэдэ къуажэ хьэгъуэлIыгъуэ джэгум и пащтыхьт Шыгъушэ НэIиб. Ар зыхэмытыр джэгу мыхъуауэ къалъытэрт, здэмыкIуам къакIуэрти яшэрт. НэIиб къафэу щытеткIэ, пшынэри зэрылъэлъырт, Iэгури щIаудырт. Мо щIалэ цIынэ дахэшхуэм зиупцIыжу лъапэкIэ къафэу, къыпыгуфIыкIрэ и нэхэр ипIытIу щыплъагъукIэ, уи гур къигуфIыкIырт, дуней гуауэр пщигъэгъупщэрт, упсэуну гукъыдэж къуитырт.

Зэгуэрым, хэтхэми сщIэжыркъым, щхьэусыгъуэри сщыгъупщэжащ, джэгушхуэ щыIэт, НэIиби хэту. Иджы ди адыгэ джэгухэм хъарзынэу къыщофэ, ауэ удж хэтыжу слъагъуркъым. Абы щыгъуэ уджыр ехьэжьауэ екIуэкIырт. Арат щIалэгъуалэм я зэпсэлъапIэр, зэпылъыпIэр. Фэеплъ бэльтоку, гъуджэ цIыкIу хуэдэ гуэр гупыж зэхуащIыми, уджырат щызэIахри.

АтIэ, зи гугъу сщIы джэгум щIалэгъуалэр къэфэнкIэ щрикъури, уджыр ирагъэжьащ. НэIиб зыпылъ хъыджэбзыр псоми ящIэрти, ар зыгуэрым къыдишырти Iэпэгъу къыхуищIырт е езыр дэкIырти кърищажьырт. А жэщым джэгум щыIэтэкъым НэIиб зыпылъ хъыджэбзри, зыхуэзэр къигъэуджырт. Сытми, хамэ къуажэ къикIа хъыджэбз мыцIыху гуэр къыIэщIэлъагъуэри, НэIибым къигъэуджыну къыдишащ. Моуэ утыкум зыкъыщигъэкIэрэхъуауэ НэIибыр мэгушыIэ:

– Мы хъыджэбз хьэщIэм, къэкIуэным и пэкIэ письмо къысхуитхащ фи къуажэ сынэкIуэнущи, сумышэу сыкъыдэкIыжынукъым жери, – письмом лъыхъуэ хуэдэу и жыпым иIэбэ зещI НэIиб. – Иджы мыр ныжэбэ згъэкIуэсэнущи, хьэщIэр зейхэм къыджепIакъым жывмыIэж...

МафIэм хуэдэу къызэщIэна хъыджэбз хьэщIэр и Iэпэгъуу НэIибыр йоуджэкI, мыдрей къомри тIурытIу и ужь иуващ. НэIиб и гушыIэн къикIати, «Уа мы хъыджэбз хьэщIэр си Iэгум къитIэхъуащ...», – жери цIыхур зэщIегъэдыхьэшхэ.

А и Iэгум къитIэхъуауэ жыхуиIэ хъыджэбз хьэщIэм и Iэр НэIибым хуиту къритыртэкъыми, зы плIанэпэ иригулIауэ зэрызехьэрт. Ауан сыкъэпщIащ жери арат хъыджэбзым. НэIибым зэ Iуплъэгъуэкiэ си псэр птхьэкъуащ, жиIэрти тхьэр игъэпцIырт. Абы псэлъэкIэ ищIэрт, гушыIи хэлъти зыщысхьыжыртэкъым. Хъыджэбзым, жыпIэр пцIыщ, ауан сыкъощI жери, зихъунщIэрт...

НэIибым хъыджэбзым и Iэ къримытыр нэхъ хуиту зыIэригъэхьэщ, и Iэблэр гуичым хуэдэу зрикъузылIэри:

– Ялыхь, хъыджэбз хьэщIэ, сэ уэ бжесIэр пцIымэ, мыбдеж сыкIуэцIрыгъэху, – жиIэри и шырыкъужьымкIэ пхъэбгъу лъэгум теуащ...

Абдеж дунейр къутэжащ... Насып диIэти, къутэжыпакъым. «Уджпыху», «уджхъурей», «уджхэш» жыхуаIэхэм «уджпхырыху» псалъэр щIэуэ къыхэхъуауэ арат.

Щралъхьар ямыщIэж мо пхъэбгъу лъэгу кIапэфыр, цIыху Iув къытетыр хуэмышэчу, пхыщIыкIащ икIи лъагъуныгъэр зыпкърыхьауэ къэудж зэIэпэгъу къомыр лъэныкъуэкIэ ещэтэхащ. Уджыр щекIуэкI а пэш дыдэм щIэт пэшхьэкум шыпс зэрыт шыуаныр къэкъуалъэу тети, къэлъейри къахэкIащи, хэт сес, хэти сисащ жери зэщIокIие. Сэ, зи насып нэхъ къикIахэм сахэхуэри, шыпсым щыщ тIэкIу къыслъэIэсами, и пщтырыпIэр къызжьэхэуатэкъыми сыгуфIэу сакъыхэкIащ. НэIиб и Iуэху зэрыхъуам сыщIэупщIати, шыпс ткIуэпс лъэмыIэсауэ Iуэхум гъущэу къыхэкIауэ къыщIэкIащ.

НэIиб псэужкъым, и хьэдрыхэр Тхьэм фIы дыдэ ищI. ПцIы бупсынумэ, лIам телъхьэ жаIэ, ауэ мыр пцIыкъым. Къэхъуащ, си нэкIэ слъэгъуауэ си гум къинэжащ.



# «Къэзмыгъуэту хъунукъым зэгуэр Шэ къигъэувыIэну псалъэ гуэр…»

Тхьэгъэзит Зубер тхэн зэрыщIидзэрэ илъэс хыщIым нэблэгъащ. 40–50 гъэхэм я зэпылъыпIэм ирихьэлIэу курыт еджапIэм щIэс щIалэщIэм и IэдакъэщIэкI тхыгъэхэр республикэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газетхэм, «Къэбэрдей» альманахым къытехуэу щIедзэ. Зубер и япэ тхылъыр – «Бгым сыдокI» зыфIищар – 1960 гъэм дунейм къытохьэ. Абы мыгувэу къыкIэлъокIуэ «Тэрч макъамэхэр», «Джэрпэджэж», «ЩIымрэ уафэмрэ», «Гугъэ», «Къеблагъэ», «Гуапагъэ», «Усыгъэхэр» тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

А зэманым къриубыдэу Тхьэгъэзит Зубер ди къэралым щыцIэрыIуэ усакIуэ хъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм щызекIуэ литературэ саугъэт лъапIэхэри къыхуагъэфэщащ. А пщIэ лъагэр Тхьэгъэзит Зубер къилэжьащ и гуащIэдэкI хьэлэлкIэ.

Поэзием къежьапIэ хуэхъу хабзэр дахагъэрщ. ЩIэи гъуни иIэжкъым цIыхур къэзыухъуреихь дунейм дахагъэу хэлъым. Къэнэжыр зыщ: ар къэлъагъун хуейуэ аращ. Зи псэр Iиблис езымыщэжа дэтхэнэми хузэфIэкIынущ а дахагъэр къилъагъуну, абыи гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къритынущ. Ауэ, къилъагъу къудей мыхъуу, а дахагъэр гурэ псэкIэ зыхищIэу, езым илъагъумрэ зыхищIэмкIэ нэгъуэщIым дэгуэшэфыр усакIуэщ:

*Дыгъэм, иджыри къыщIэмыкIыу,*
*КъуэкIыпIэр плъыжьу къриIат,*
*Сыздеплъым, си гур къигуфIыкIыу,*
*Дахагъэм си псэр къиуIат.*

«Зыкъэтплъыхьынщи – хэку дахагъэр шабзэшэу ди гум пхыкIынщ», – щыжеIэ Зубер нэгъуэщI и зы усэм. Удэзыхьэхыу гурыхьщ Тхьэгъэзитым ди нэгу къыщIигъэхьэ дунейр. Абы дыгъэр щабэу къыщопс, псыхэр Iэдэбу щокIуэсэх, жьыбгъэми гуапэу IэплIэ къыщыпхуещI. Пэжщ, дыгъэр пшэм щыщIилъафи, псыхэр къэукъубийуэ хъийм щикIи къохъу, ауэ псори зэры-

зыгъэубыдыж, псори зэзышэлIэжу зэгурызыгъаIуэ къаруи щыIэщ абы... Ар – щабагъэщ, гуапагъэщ, лъагъуныгъэщ.

*Гуапагъэр ару сфIощIыр*
*Мы щIыр зэтезыIыгъэр.*

Зубер Iупщ1у зэхех щихуитI зэбгъэдэтым гухэлъ зэрызэхуаIуатэр, тхьэмпэ цIыкIуитIыр зэрызэпсалъэр... Дауи, ар хэт и дежкIи сыт щыгъуи нэрылъагъукъым. Хэбгъээзыхьмэ, ар пцIышыпсэу къэзылъытэхэри гъунэжщ. Ауэ, тщIэ-дымыщIэми, гуапагъэрэ лъагъуныгъэкIэ быдэу псыхьауэ щымытамэ, мыпхуэдиз мыхъумыщIагъэ щалэжь щIыр «факъырэ кхъуейуэ» зэгуэщэщу зэрыхэкIуэдэжрэ куэд щIати... УсакIуэ Тхьэгъэзит Зубер ар псэкIэ зыхещIэ. Абы псалъэ хэщыпыхьакIэ захуегъазэ къэзылъхуа хэкум, зэфэ псым, зытет щIым, зыпIа къэралым.

*Пхуэсщ1 лъагъуныгъэр бжьэ гуащIэщ,*
*Нэхъ гуащIэ хэт еIуба!*
*Уихуам, уислъхьэнти си IэплIэм,*
*ПхуэсщIынт семышу ба.*

*ЦIыху пэжхэм си гур хуэпэжу*
*Уэращи сэ сызыпIар,*
*Си гум уихункъым щIы фIыцIэу*
*Быдзышэ хужь сыщефар!*

«ЩIы фIыцIэу быдзышэ хужь сыщефа» – си фIэщ хъункъым мыбы зэ къеджауэ зыщыгъупщэжын щыIэну! Мы сатырийм фIэкIа имытхатэми усакIуэ щыпкъэ хужыпIэ хъунти Зубер. КIэщIу икIи екIуу абы къиIуэтэфащ куэдым я гум къыщыпIэжьэжьами, я Iупэм къэсыпами, иджыри къэс зыми къыжьэдэмыкIа.

Усэм, усакIуэм, поэзием, искусствэм, абы и лэжьакIуэхэм ятеухуа тхыгъэ куэд иIэщ Тхьэгъэзитым. ЖыпIэ хъунущ мыр Зубер тхэн зэрыщIидзэ лъандэрэ дэзыхьэх темэшхуэхэм ящыщ зыуэ. Щитха зэманрэ я къэIуэтэкIэ-къэгъэлъэгъуэкIэ IэмалхэмкIэ зэтемыхуэми, а тхыгъэ псори зыкIэ зэщхьщ: усакIуэм къызэрилъытэмкIэ, искусствэм и пщэм дызытет дунейм къыщыдохуэ нэгъуэщI зыгуэрым хуэмыгъэзэщIэн къалэн лъагэ – абы кхъахэри щIалэ гуащIэмащIэри бланэ къещIыжыф, цIыхухэр гъунэгъуу зэрешалIэ, цIыхупсэхэр нэхъ нэху зэхуещI, псори зыгъэгулэз Iейми цIыхумрэ цIыхугъэмрэ къыщыжу – ткIийуэ пэщIоувэф, и пкъыр зэрылантIэми аукъудей къимыгъэувыIэу...

УсакIуэ IэщIагъэм куэд щIауэ егъэгупсысэ Зубер. Сыт ар жэщыбгми щIэмыжейр? «Хэт елъэIуар?» «Сыт ар зыхуейр?» Фызабэ нэпсми щхьэ гугъу иригъэхьрэ? Вагъуэми вагъуэижми щхьэ нэсрэ? Залымыгъэм йоныкъуэкъу: «захуагъэр дыгъэу цIыху псом ягу ипсэу» щыхъуну зэманым щIохъуэпс ар. ИкIи, «къигъэувыIауэ усэм фочышэ Абы игъащIэм имылъэгъуами», «КъыфIощI нэху щыхукIэ и гур мыусэм, Пщэдджыжьым дыгъэр къыщIэмыкIын!»

Художественнэ псалъэм и къарур инщ. Ауэ щыхъукIэ, сыт ягъэ кIын ди лъэхъэнэм и пащхьэ къит Iуэхугъуэ нэхъ пIащэ дыдэр абы, а псалъэм, и пщэ далъхьамэ?

*Къэзмыгъуэту хъунукъым зэгуэр*
*Шэ къигъэувыIэну псалъэ гуэр.*

Мы зы жыIэгъуэри пхурикъунщ къалэн мытыншхэм Зубер зэрызарипщытыр къэрибгъэлъэгъуэну.

Тхьэгъэзит Зубер ди щIалэгъуалэм нэхъыфIу яцIыху икIи ялъагъу усакIуэхэм ящыщщ. Ар къызыхэкIри гурыIуэгъуэщ: литературэм къызэрыхыхьэ лъандэрэ Зубер тоусыхь щIалэгъуалэм, лъагъуныгъэм, насыпым. Зи насып къэкIуэгъуэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я гум щыщIэр, я гухэлъ куухэр гъуэзэджэу къыщыIуэта усэхэр и куэдщ абы. Зубер и лирикэр нэхущ, гуапэщ, псэм йохуэбылIэ, и лирическэ лIыхъужьыр щыпсэу дунейми удимыхьэхыу къанэркъым. Арагъэнущ ди макъамэтххэми Тхьэгъэзитым и усэхэм щIэх-щIэхыурэ зыщIыхуагъазэр.

Тхьэгъэзитыр сабийхэми IэкIуэлъакIуэу яхуотхэ. Абы къыдигъэкIа тхылъхэм яхэтщ еджакIуэ ныбжьыщIэ дыдэхэм яхуэгъэзауэ зыщыплI.

Литературэм зэрызрагъэужь Iэмалу зыбжанэ щIауэ къогъуэгурыкIуэ зы бзэкIэ щыIэ тхыгъэ купщIафIэр нэгъуэщIыбзэкIэ зэрадзэкIынри. Зубер мы Iуэхуми хуэIэижьу зыкъигъэлъэгъуащ. Абы адыгэбзэкIэ екIуу зэридзэкIащ Пушкиным, Лермонтовым, Некрасовым, Блок, Шевченкэ сымэ, нэгъуэщI классикхэми я тхыгъэ зыбжанэ. Зубер адыгэбзэкIэ къигъэпсэлъащ балъкъэр усакIуэ гупышхуэ, Кулиев Къайсыни абыхэм яхэтыжу. Ауэ нэхъ лэжьыгъэшхуэу Тхьэгъэзитыр зыпэщIэтар грузин усакIуэ Шота Руставели и «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлI» поэмэ уахътыншэрщ. Поэмэр адыгэбзэкIэ зэридзэкIыным Зубер тригъэкIуэдащ илъэсипщI.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуа Тхьэгъэзит Зубер и творчествэр ди лъэпкъ литературэм и тхыдэм зэрыхыхьэрэ куэд щIащ. Абы и тхыгъэ нэхъыфIхэр хрестоматиехэм ихуащ, курыт еджапIэхэми университетми щадж, критическэ, къэхутэныгъэ, дипломнэ лэжьыгъэхэр траухуэ. Зубер ящыщщ адыгэ поэзиер зыгъэбжьыфIэ ди усакIуэ нэхъ пажэхэм. Куэд щIащ абы и творчествэр адыгэ литературэм и тхыдэм едзыгъуэ екIуу зэрыхэувэрэ.

**КЪЭЖЭР Хьэмид,**
*КъБКъУ-м и доцент*

◈ ◈ ◈

# *Тхьэгъэзит Зубер щхьэкIэ жаIахэм щыщ*

Ди щIэблэм яхэту поэзием и бгы лъагэм Тхьэгъэзитри докI, езым и лъагъуэ тетыжу. Литературэр фIыуэ зылъагъухэр, абы къыщыхъухэм кIэлъыплъхэр Зубер фIыкIэ щогугъ. КъызэрытфIэщIымкIэ, «Бгым сыдокI» цIэр зыфIища и япэ тхылъым ахэр къигъэпцIакъым. Я гъэпсыкIэкIэ а тхылъым ит псори зэхуэмыдэ пэтми, тхылъым еджэхэм абы къыщагъуэтынщ гур зыгъэгупсысэн псалъэ хъуэрхэри, пащIэм щIэзыгъэгуфIыкIын гушыIи, щхьэхуещэхэр ауан зыщIи, бзитIщхьитIхэм нэлат езыхи.

**ТЕУНЭ Хьэчим**
*1960 гъэ*



Тхьэгъэзитым и усыгъэхэм сыт щыгъуи щIэщыгъуагъ гуэр хэмылъу къанэркъым. Аращ ар адрейхэм емыщхь нэхъыбэу зыщIыр.

Дэ мащIэфащIэ ттхакъым ди хъыджэбз дахэхэм, гъатхэм и щIэрэщIэгъуэу ахэр зэдгъапщэм теухуауэ. Ауэ Тхьэгъэзит Зубер абыхэм нэгъуэщIынэкIэ еплъащ, хъыджэбзымрэ гъатхэмрэ зэуIуу ди нэгу къыщIигъэуващ, гуфIэгъуэ, гухэхъуэгъуэ къыдиту. Апхуэдабзэу уигъэгуфIэу ар тотхыхь тенджызыми, къуршми, щIымахуэ жэщми, жьыбгъэми, зэманми. Абы и усыгъэхэм дэ щыдолъагъу талант щIэщыгъуэ.

**КУЛИЕВ Къайсын**
*1973 гъэ*

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ усакIуэ, талант зыбгъэдэлъ Тхьэгъэзит Зубер и IэдакъэщIэкIхэр я темэкIэ зэмылIэужьыгъуэщ. Абы етх къыщалъхуа и лъахэм, Лениным, и хэкуэгъу къыдэпсэухэм, природэм, нэгъуэщIхэми теухуа усэхэр. Зубер хузэфIокI бгырысхэм я къафэ «Ислъэмейм» и дахагъ узытхьэкъур и усэхэм щыдигъэлъагъун, и адэшхуэм, ныбжькIэ Пушкиным и ныбжьым, усэ езыр къызыхуеджэм, усакIуэр иджыри псэууэ зи гугъэм, и гугъу хьэлэмэту къытхуищIын....

Абы и усэхэм щопсэу цIыхубэм и Iущыгъэ псор, дахагъэуи фIагъэуи и лъэпкъэгъухэм ябгъэдэлъыр.

**ТИХОНОВ Николай**
*1963 гъэ*

Тхьэгъэзит Зубер фIагъ хэлъхэм щыщ зыщ абы ди усыгъэм и фIыпIэр жыджэру зэрызыхилъхьэр. Абы фIыуэ къыгуроIуэ бгыщхьэм утету уплъэмэ, нэхъыбэ зэрыплъагъур. Ауэ ар лъэныкъуэкIэ къыщыту къыхэплъэ къудейкъым, атIэ лэжьыгъэм и курыкупсэм езыр хэтщ.

**ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Iэдэм**
*1962 гъэ*

Тхьэгъэзитыр творчествэм и гъуэгу зытеувам тэмэму ирокIуэ. Ар япэ къыIэрыхьэ псалъэр рифмэ зэрищIыным пылъ мыхъуу, хэгупсысыхьауэ мэлажьэ. Абы лIыгъэ хэлъу къызэренэкIыф псори дызэсэжа, дыужэгъуа, бадзэм хуэдэу ди хъуреягъкIэ щыву усэ-нэмыщIыс мыхьэнэншэхэм зыдригъэхьэхыныр.

**КИРЕЕВ Михаил**
*1962 гъэ*

Зубер и усэхэр купщIафIэщ, жьы ящIэтщ жыхуаIэм хуэдэщ, абыхэм я нэхъыбапIэм къаIэтыр цIыхухэр зэщIэзыIэтэ гупсысэщ, ирахьэжьа Iуэхур тегушхуауэ и кIэм нагъэс, щIагъэхуабжьэ, ди зэманым жыджэру зыдаужь. Нобэм и лъынтхуэхэр япкърылъ пэтми, ахэр зэпкъралъхьэурэ, щIохъуэпс гупсысэ гуащIафIэкIэ зэрызапсыхьыным, къэкIуэнум хуопабгъэ, цIыху гъащIэ нэгъэсам и нэщэнэ лъапIэхэр нэхъри гъэбыдэным хьэлэлу хуолажьэ.

**СОКЪУР Мусэрбий**
*1980 гъэ*

Сэ сщIэрт къэбэрдей усакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат... Тхьэгъэзит Зубер илъэс куэд щIауэ зэрелэжьыр Шота Руставели и поэмэ «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлIыр» зэдзэкIыным...

Иджы, мис, къыдэкIащ, Налшык къикIри къысIэрыхь ьащ а тхылъыр... Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я дежкIэ ар мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ.

**ЛОХВИЦКИЙ Михаил**
*1982 гъэ*

Тхьэгъэзит Зубер адыгэ поэзием къыхыхьащ зыми емыщхь макъ иIэу икIи и тхыгъэхэмкIэ псоми яжриIащ езым и усэбзэ, и дуней еплъыкIэ, и художественнэ гупсысэкIэ зэриIэр.

Тхьэгъэзитым и поэзием куэд къызэщIеубыдэ, куэдым я щхьэфэ йоIэбэ, куэдыр игу пцIанэмкIэ сэтей къещI, ахэр гукъинэж пщохъу. Апхуэдэу гъащIэм бгъэдыхьэф усакIуэхэр гъуэтыгъуафIэкъым, ауэ Тхьэгъэзит Зубер Тхьэм къигъэщIащ УсакIуэу.

**ХЬЭХЪУПАЩIЭ Хьэжбэчыр**
*1994 гъэ*

Зубер и усэхэр Iэсэщ, щабэщ, гум йохуэбылIэ, лирикэ дахэкIэ гъэнщIащ. Ар сытым темытхыхьами, уи нэкIэ плъагъум хуэдэу уи нэгум къыщIегъэувэ. Усэхэм ящыщ дэтхэнэми уегъэпIейтей. И поэзие псор зэрыщыту къапщтэмэ, езым и щхьэ ехьэлIа защIэ хуэдэуи щытщ, ауэ цIыху псоми я гурыщIэри къыщыгъэлъэгъуащ.

УсакIуэ гъэщIэгъуэнщ Зубер. Ар Iуэхушхуэхэм, кIуэд зимыIэхэм къызэрыгуэкIыу тотхыхь. Ар щынэрылъагъущ усакIуэм и усэ куэдым. Аращ къарууфIэ зыщIри.

**СОЗАЕВ Ахъмэт**

Дэтхэнэ усакIуэри хущIокъу псалъэр езым зэрыхуейм хуэдэу игъэIурыщIэфу, усэм абы щиубыдын хуей увыпIэр тэмэму къыхуэгъуэту щы-

тыным. Ар къару куэди, зэман мымащIи зытекIуадэ лэжьыгъэ гугъущ, тхэн щIэзыдзэхэм щыщу зэхъулIэри зырызщ. Апхуэдэу зэрыщытыр пасэу къыгурыIуащ Тхьэгъэзит Зубер. КъыгурыIуа къудейм къыщымынэу, Тхьэм къыхуигъэфэща IэщIагъэм ерыщу пэрыувэри, ди литературэм лэжьыгъэшхуэ щызэфIигъэкIащ. Абы и лирикэр, гум, псэм дыхьэ и усэхэр хэмыту нобэ уи нэгу къыпхущIэгъэхьэнукъым къэбэрдей поэзиер.

Зубер и усэхэм я гъэпсыкIэр, я теплъэр къапщтэмэ, гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым ахэр Iэзэ дыдэу зэрытхам. Тхьэгъэзитым гулъытэшхуэ хуещI усэхэм япкъми я зэщIэжьыуэми, зэгъэпщэныгъэхэмкIэ, образхэмкIэ гъэпсынми. Ар гумызагъэу йолэжь дэтхэнэ зы псалъэми, рифмэми.

Куэд илэжьауэ, нэхъыбэж зэфIигъэкIыну и мураду Зубер IущIащ и илъэс 75-м. Зи юбилейр дгъэлъапIэ ди ныбжьэгъум дохъуэхъу иджыри тхылъ гъуэзэджэхэр и къалэмыпэ къыщIэкIыну, куэдрэ тхуэузыншэну!

**КЪАГЪЫРМЭС Борис**

◈ ◈ ◈

# ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

## ГЪАЩIЭМ ПЩIЭНШЭУ ИЩIКЪЫМ ТЫГЪЭ

**ГъащIэм пщIэншэу ищIкъым тыгъэ,**
**Тыгъэу иIэр блихкъым зым, —**
**ХьэщIэ къыпхуищIам гуфIэгъуэ,**
**Гуауэм ухуещIыж бысым.**

**УиIэтамэ лъагэу уэгум,**
**УщIэхъуэпсу нэхъ лъагэж**
**УещIри —**
**Жэщи махуи уи гум**
**Зы пыIэпIэ имыIэж.**

**Къыхигъахъуэм уи щIэныгъэм,**
**КъэпщIар мащIэ къыпфIегъэщI.**
**Убгъэдишэм лъагъуныгъэм,**
**КъыпкIэлъешэ уэ гухэщI.**

**Къызумытыт, гъащIэ, зыри**
**Сэ си гуащIэ зыхэмылъ, —**
**НэгъуэщI Iэм игъэхьэзыру**
**КъысIэщIэплъхьэм IэфI щIэмылъ!**

**УхыгъэфIкIэ сэ согугъэ,**
**А си гугъэр къысхуэгъэхъу, —**
**Сыхэгъахуэ уи гуащIэгъуэм,**
**Сыхэгъэни уи гущIэгъу!**

**Уезыхьэкlым, гъащlэ, «уэхукlэ»,**
**Къыпхуэдыджым —**
**Си гур щlогъу.**
**...Сэ пхуэсщl тыгъэр нэхъ лъапlэхукlэ**
**Уэ нэхъ лъапlэ укъысщохъу!**

## КЪЫЗЖАIЭР ХЪУРКЪЫМ СЭ СИ ФIЭЩ

**Щlыху lей дунейм щыкуэду жаlэ, —**
**Къызжаlэ пэтми — мыхъу си фlэщ.**
**Щlыхуфl дунейм щымащlэу жаlэ, —**
**Къызжаlэ пэтми — мыхъу си фlэщ.**

**Пцlыр лъакъуэ кlыхьу сэ къызжаlэ, —**
**Къыстежу къэхъуми —мыхъу си фlэщ.**
**Пэжыlэр кlэщlу сэ къызжаlэ, —**
**Ар згъэунэху пэтми — мыхъу си фlэщ.**

**Щlыхубзэр тlасхъэу сэ къызжаlэ, —**
**Сыlууэ пэтми — мыхъу си фlэщ.**
**Щlыхубзыр пцlылъэу сэ къызжаlэ, —**
**Сыlущlэ пэтми — мыхъу си фlэщ.**

**Зэшыгъуэ къыстеуэну жаlэ, —**
**Сигу мафlэ илъщи — мыхъу си фlэщ.**
**Сэ жьыгъэ къысхуэкlуэну жаlэ, —**
**Ар — сиlэщ къуэи — мыхъу си фlэщ.**

**Дунейр къутэну сэ къызжаlэ, —**
**Ар — сэ сытетщи — мыхъу си фlэщ.**
**Сылlэну куэдым сэ къызжаlэ, —**
**Ар — слъэкl солэжьри — мыхъу си фlэщ!**

## САБИИГЪУЭ

**Пщыхьэщхьэ хъуамэ —**
**Еджэн хуэдэ —**
**Зыlуилъхьэрт нанэ и нэгъуджэр.**
**Дызэхуишэсти хьэблэ цlыкlухэр,**

**Дыщlигъэдэlурт хъыбар lэджэ.**
**Си тхьэкlумитlыр тегъэхуауэ**

**Къэспхъуатэрт псысэу сэ зэхэсхыр.**
**Хэмылът зы псалъэ шэч къытесхьэу**
**Нанэ иӀуатэм имыухыу.**

**Жаншэрхъыр кърихуэкӀт Сосрыкъуэ,**
**Бажэм дыгъужьыр къигъэпцӀэфырт,**
**Батыр благъуащхьэр пигъэлъэтырт,**
**КъуийцӀыкӀу иныжьхэм ятекӀуэфырт.**

**ФӀым ер хигъащӀэм —**
**Сэ сыгуфӀэрт,**
**Ер фӀым текӀуамэ —**
**Си гур хэщӀт...**
**Щытащ си гъащӀэр насып защӀэу**
**Сэ таурыхъхэр хъуху си фӀэщ.**

## АДЫГЭ КЪАФЭ

**Адыгэ къафэ,**
**Адыгэ къафэ,**
**Адыгэм псэ иӀэм — иӀэр уэращ.**
**«Адыгэ щӀылъэ,**
**Адыгэ уафэ», —**
**ЖиӀэм Алим — жезыгъэӀэр уэращ.**

**Уэ уи макъамэу**
**Дуней гъэдахэм**
**ЩӀэдэӀум и псэм зэуэ зехъуэж:**
**Гуауэм иӀыгъыу**
**Зигу хъуари махэ**
**ГуфӀэгъуэ ӀэплӀэм занщӀэу йохуэж.**

**ГуфӀэгъуэ зиӀэм**
**И деж нэӀуси —**
**Дамэншэщ ахъумэ — уэгум ихьэнт,**
**Ди Ӏуащхьэмахуэ**
**Щхьэщэ къыхуищӀу**
**Спутник ӀэрыщӀым бгъурыувэнт.**

**Адыгэ къафэ,**
**Лъахэр зыгъафӀэ,**
**МылӀэжыныпсэ зыми Ӏумыт.**
**Уэ хьэгъуэлӀыгъуэм**

**Ущобзэрабзэ,**
**Хьэдагъэ къэхъум — уи бзэр еубыд.**

**Адыгэ къафэ,**
**Адыгэ къафэ,**
**Уэ ныпхузиӀэщ нобэ зы лъэӀу.**
**Сэ сынолъэӀур —**
**ПхуэсщӀкъым унафэ —**
**СылӀэм — хьэдагъэм уи макъ щыгъэӀу.**

**Ар хабзэщӀэкъухэм**
**Ягу иримыхьми,**
**Си фӀи, си егъуи уэ къодэӀуэнщ:**
**Си гур бэуэхукӀэ**
**ЗыхамыщӀами,**
**Лъэтэжа си псэр къагурыӀуэнщ...**

## УЭРАЩ МО ВАГЪУЭР ЗЭДЖЭР

**Си лъахэм и щӀэблэщӀэ,**
**Зи гъащӀэр Тэрчу уэр,**
**Мо вагъуэм нащхьэ къищӀу**
**И деж ириджэр уэрщ.**

**Уи гугъэм дамэ тетщи,**
**Ар щӀэхыу ирежэпхъ,**
**ХъуэпсапӀэр бзийуэ щытмэ,**
**ГъащӀэр абы и жэпкъщ.**

**Уэращ мо вагъуэр зэджэр, —**
**Уи дамэр лъэщу шэщӀ,**
**Уи гугъэр гъащӀэм пыщӀэ,**
**ЖумыӀэу махуэ-жэщ.**

**ЩӀыхугъэр гъуэгугъэлъагъуэу**
**Нып плъыжьу гум щыӀыгъ,**
**Хуэхъуахъуэ зи гуфӀэгъуэм,**
**Зи нэщхъеягъуэм дэгъ.**

**Нэ жанкӀэ хэплъэ гъащӀэм,**
**ЗыхуэпщӀу ем гулъэф...**
**Нэхъ быдэу тетыр зи щӀым**
**Нэхъ жыжьэ мэлъэтэф.**

**Зэгуэр уэ лэгъупыкъум**
**Шы цӀахуцӀэу ибг зибдзэнщ,**
**Утелъэдэнщ Шыхулъагъуэм,**
**Дунейр къэбгъэӀэсэнщ.**

**ХэщӀапӀэ дыгъэр пхуэхъуми,**
**Сщыхъункъым гъэщӀэгъуэн.**
**Къэлэжь, ныбжьэгъухэр хъуахъуэу,**
**Уи егъухэм я губгъэн.**

**Уэ дунеищӀэ плъагъуми,**
**Уи лъахэм къыхуэзэш,**
**ВагъуэкӀэ блауэ щыгъэ**
**Къыхуэхьи къэгъэзэж.**

**Къехъуапсэу а телъыджэм**
**ЛъэӀу Ӏэджи уэ зэхэх,**
**Ауэ а щыгъэр уи щӀым —**
**Уи анэм — уэ фӀумых.**

**Ди Ӏуащхьэмахуэ и пщэм**
**Худэлъхьэ тыгъэу ар, —**
**Арацщи уи лъэм щӀэпщэу**
**Уэ улъэтэф зыщӀар!**

## ЛЪАГЪУНЫГЪЭМ УИЩӀКЪЫМ УЭРЭДЫНШЭ

**Лъагъуныгъэм уищӀкъым уэрэдыншэ.**
**Уэр фӀэкӀ зыми имыӀа насып**
**КъыпхуэкӀуа пфӀигъэщӀу, уегъэушэ,**
**Удз гъэгъахэр гъатхэм къуегъэщып.**

**Лъагъуныгъэм уищӀкъым уэрэдыншэ.**
**Нэщхъеягъуэм и гур иреуд:**
**Нэхъ гуфӀэгъуэ иным убгъэдешэ,**
**Уэ абы и Ӏэпэр уегъэубыд.**

**УмыщӀэххэу гущӀэм къыщыушу**
**МыупщӀэжу къэхъуми щыкӀуэдыж,**
**Лъагъуныгъэм уищӀкъым уэрэдыншэ,**
**ЗещӀыф цӀыхум и гум имыхуж.**

**Хьэлэлщ лъагъуныгъэр,**
**Щыбзэхынум,**
**Игу темыхуэу уохъури фIэпсэкIуэд,**
**Дыгъэу блэ уэрэдыр щыпIэщIихми,**
**Къыпхуегъанэ гуауэм и уэрэд...**

## ГЪАЩIЭ

**Бгым къежэх жьыуэ**
**Зэм упсынщIэщ,**
**Зэм —**
**Чейм ит псыуэ —**
**Уэ ухуэмщ.**
**ПцIым**
**Лъакъуэ кIыхьыр**
**ХущIэбгъащIэу,**
**Уэ ер зи натIэр**
**УощI хьэрэм.**

**Захуагъэм куэдрэ**
**Дыпэбгъаплъэу**
**Напэншэм**
**Къохъу щебгъэкIу гъуэгу кIыхь.**
**Ауэ итIани хьэлыфI пхэлъу**
**Солъагъури**
**Узогъэз си дзыхь:**

**Гува-щIэхами**
**КъыщIогъахуэ**
**Уи гум темыхуэ**
**Зылэжьар.**
**ЩымыIэ щIым**
**Уэ нэхъ суд захуэ:**
**Ептыжыр хэти —**
**Къылъысарщ!**

*1955*

## ЗЭЦIЭДЖЭГЪУ

**Пшэ къытехьэм — бынхэм урадыгъэщ,**
**Дыгъэр гуащIэм — жьауэ захубощI.**
**Уи быдзышэр къабзэщ лъагъуныгъэу,**
**Анэм фIэкI узэщхь щымыIэу сфIощI.**

**Уэ уи бынхэр лIыгъэм хуогъэIущыр,**
**Лъагъуныгъэр уощIыр я Iэпэгъу.**
**Аращ, дауи, дгъафIэу лъахэ дыщэ,**
**УщIэхъуар уэ анэм и цIэджэгъу.**

**ПцIыр уи бийщ уэ, пэжым урителъхьэщ,**
**ГъащIэр дахэм — нэгъуэщI ухуэмей.**
**Аращ, дауи, анэм епцIыжауэ**
**КъыщIалъытэр уэ къозыхыр лей.**

**Шынэ пщIэркъым уи щIым бий къихьамэ,**
**Бийхэм я псэр уи къарум егъэн, —**
**Уи сурэтыр анэм и сурэтым**
**Ещхьу бынхэм щIащIыр арагъэнщ.**

*1957*

## КЪРУХЭР

*Гамзатов Расул*

**Зэгуэр, зэхэтхыр дгъэщIэгъуэжу,**
**Уигу-абгъуэм къру къилъэтат.**
**Уафэгур ахэм ямыхъуэжу,**
**Дигу-абгъуэм ахэр къилъэтат.**

**КъысфIощI — ар зыщIэ щремыIэ —**
**Къэзылъэтыхь псом щIы хъурейр**
**Уи къру закъуэм абгъуэу иIэм**
**Хуэдиз щамыIэ мы дунейм.**

**Зы напIэзыпIэм дэ зыдблахыу,**
**Уэ уи кърухэр мылъэтэж,**
**ЯщIащ цIыхугур абгъуэ ахэм, —**
**Бжьыхьи щIымахуи ямыхъуэж.**

**Кърум и гугъэр кIэншэщ, сощIэ,**
**Дэни ирекIуэ — къэкIуэжынщ.**
**Уэ уи уэрэдыр ди гум щощIэ, —**
**Ар гущэ щIаупскIэху псэунщ.**

**Бгым кърataщ абы къарууэ**
**Хэплъхьар — мыкIуэдыжынщ я щIыхь.**
**...Здынэмысыфхэри кърухэр**
**Уэ уи уэрэдым къелъэтыхь**

*Махачкала, 1993*

## УСАКІУЭ

*Нало Заур*

**Жэщыбгми —**
**ІипщІкІэ яІыгъщ гупсысэм.**
**Сыт ар зезыхуэр?**
**Хэт елъэІуар?**
**Пщэдейр щопсэур жылэу и усэм,**
**Хэтщ и уэрэдым**
**Махуэ блэкІар.**

**Усэу къигъэщІым**
**ЩІыгулъ щобатэ.**
**Зэмыщхь макъамэу**
**Куэд щызэпокІу:**
**Вагъуэ ижари**
**Абы къыхолъатэ,**
**Фызабэ нэпси**
**Хьэлъэу къыпоткІу.**

**ГъащІэщІэ хыхьэу**
**Лэгъунэ щІыхьэм**
**ФІыкІэ хуэупсэу итщ ар и ужь,**
**Нобэ къалъхуахэм Із делъэ я щхьэм,**
**Дыгъуасэ лІахэм къетІэщІ я лъэужь.**

**УсакІуэ гущІэм**
**Щогъ Хиросимэ,**
**Гуауэм ихузхэм**
**Йоубзэ ар,**
**Хэтщ къыр уэсылъэр и псэм,**
**Къурш псынэр,**
**Жыг тхьэмпэ щхъуантІэр,**
**Тхьэмпэ гъужар...**

**ЗэупщІыр хэтми имыщІэ пэтрэ,**
**Еззш имыщІэу мэупщІэ ар:**
**«ЩымыІэ мылІэ —**
**Ер щхьэ мыкІуэдрэ?**
**ЩІым сыт щІишэчыр**
**ЩІэщхъу зылэжьар?**
**Щіыху икІэ нэгум**

**ПщIыхьыфI щхьэ щIэкIрэ?**
**ПщIыхь Iейм цIыхуфIыр**
**ЩIиукIыр сыт?**
**ЩIылъэм хей гъуэгухэр**
**Щхьэ щызэблэкIрэ?..»**
**...ЩIым къыщыхъуну**
**Зыхуейр ар зыт:**

**Захуагъэр дыгъэу**
**ЦIыху псом ягу ипсэу**
**Мы дунеижьыр къекIам зэ нэху,**
**Ибжынт и гъащIэр**
**ГуфIэгъуэ усэу,**
**Насып и бащэт,**
**ИIэт гупсэху.**

**КъигъэувыIауэ**
**Усэм фочышэ**
**Абы игъащIэм**
**Имылъэгъуа,**
**Ауэ итIани**
**ЩIыр уэрэдыншэу**
**Мыпсэуфыну**
**Щхьэ и фIэщ хъуа?**

**Нэхущ нэсами —**
**Хэтщи гупсысэм,**
**Зыкърикуну**
**Жейми лъэкIын?**
**... КъыфIощI —**
**Нэху щыхукIэ и гур мыусэм,**
**Пщэдджыжьым дыгъэр**
**КъыщIэмыкIын!**

## АДЫГЭ УЭРЭДЫЖЬ

**«Дэ зэман бзаджэм дыхалъхуэт», —**
**КъоIур ДЫГЪУАСЭМ и макъ.**
**Къригъэжьат зыусам ар**
**КIэ зимыIэж псалъэмакъ.**

**«Дэ зэман бзаджэм дыхалъхуэт», —**
**НОБИ къыщоIу мы дунейм:**
**Дапщэ ирикIуэр мы щIылъэм**
**ФIыкIэ щыгугъыу ПIЩЭДЕЙМ?**

**Ди КЪЭКIУЭН жыжьэм къыщежьэу**
**Зэхэсх сфIощI зы псалъэмакъ:**
**«Дэ зэман бзаджэм дыхалъхуэт», —**
**КЪАМЫЛЪХУАМ къоIур и макъ.**

**Дэ ди гур, ди щхьэр зэтелъу,**
**Лъыр лъынтхуэм щищIу нэхъ уэр,**
**«Дэ ЗЭМАНЫФIЫМ дыхалъхуэт!» —**
**ЩIым къыщыIуну зэгуэр?!**

## УСАКIУЭ СУРЭТ

**ФIэинщ кърата пэшыр,**
**ФIэцIыкIущ зытет дунейр.**
**Зэпыту игу мэзэшыр,**
**Къохъу щимыщIэж зыхуейр.**

**Щыхэтым гуп — и закъуэщ,**
**Щизакъуэм — гуп яхэтщ.**
**Щылажьэм — и щхьэ закъуэщ,**
**Iуэхуншэм — лажьэм хэтщ.**

**Щилъагъу къохъу кIыфIыр нэхуу,**
**«КIыфIщ нэхур!» — тхьэ щеIуэж.**
**Зэрихуэр и мыIуэхуу**
**Зыгуэрхэм тхьэ щаIуэж,**

**Зэпыту гур мэзэшыр,**
**Къохъу щимыщIэж зыхуейр.**
**...ФIэинщ кърата пэшыр,**
**ФIэцIыкIущ зытет дунейр!**

## ГЪАЩIЭ

**ГъащIэ мыупщIэж, мыдаIуэ,**
**Сыту ужыIэмыдаIуэ!**

**Шым ибг лантIэм зыщиздзэнум,**
**Шым и лъэгум сыщIыбодзэ.**
**Уи кууупIэм зыхэздзэнум,**
**Ныджэм уэ сыкъытыбодзэ.**

**ГъащIэ мыупщIэж, мыдаIуэ,**
**Сыту ужыIэмыдаIуэ!**

**Гъыбзэм си гур щызэридзэм,**
**Уи уэрэдыр къыхыбодзэ.**
**Сэ гъуэлъыпIэм зыщиздзэнум,**
**Уи архъуанэм сыхыбодзэ.**

**Сыту ужыIэмыдаIуэ,**
**ГъащIэ мыупщIэж, мыдаIуэ…**

## ЛЪАГЪУНЫГЪЭ УЭРЭД

**Лъагъуныгъэр къакIуэщ зэи,**
**Сэ унафэ къысхуищIащ:**
**«Балигъ ухъуну зэгуэр уэ,**
**Куэдщ сэрыншэу къэбгъэщIар!**

**Вагъуэ жыжьэхэм уехъуапсэу,**
**ГъакIуэ мащIэ, гъакIуэ куэд,**
**Усэ, ухуейм умыусэ –**
**Сэр фIэкI уиIэкъым уэрэд!»**

**Абы лъандэ куэд мыщIами,**
**Гъищэ хъуауэ къысфIощIыж:**
**Тхьэусыхэ къезгъэжьами,**
**Ар уэрэдкIэ соухыж!**



# Ирехъу ди зэlущlэхэр кlыхь

Псори зыхуэарэзы цlыху къэгъуэтыгъуей пэтми, Гадиев Ибрэхьим щхьэкlэ lей зи жьэ къекlуэн ди журналистхэми, тхакlуэхэми, ар къэзыцlыху псоми къахэкlыну фlэщщlыгъуейщ. Апхуэдэу щlыщытыр, псом япэрауэ, ди ныбжьэгъур зэрыцlыху хьэрэмыгъэншэращ – илъэс плlыщlым щlигъуауэ фlыуэ соцlыху, сцlыху къудейм къыщымынэу, си ныбжьэгъужьщи, а лlыр и нэщlыбагъкlэ нэгъуэщl зыгуэрым хуэпсалъэу слъэгъуакъым, зылъэгъуа щыlэуи си фlэщ хъункъым. Хьэл-щэныфlкъэ-тlэ ар? Къимыдэкlэ, Гадиевым сыт хуэдэ гупми дэгъуэу задрегъэкlуф – абы жиlэни иlэщ, а жиlэми узыlэпишэу ущlегъэдэlуф. Ар къызыхэкlыр гурыlуэгъуэщ: Ибрэхьим лъэпкъ хабзэм, тхыдэм, литературэм фlыуэ щыгъуазэщ.

1934 гъэм Шаурдат къуажэм (Шэрэдж аузым) къыщалъхуа щlалэ цlыкlум и нэгу щlэкlащ, игъэващ леишхуэ къызытехьауэ щыта и лъэпкъым и фэм дэкlа хьэзаб псори. Епщlанэ классыр Къэзахъстан жыжьэм и щlыпlэ пхыдзам къэзахъыбзэкlэ къыщызыуха щlалэщlэр а хэкум и еджапlэ нэхъыщхьэми щlэхуауэ хъарзынэу еджэрт. Ауэ хьэм хэсми, ныбгъуэм и гур хумкlэ гъэзащ, жи. Ибрэхьим плъапlэу иlэр здраша и лъахэрат. Зи хэкум ираша лъэпкъхэр хуит къащlыжыным теухуа унафэр къэщтэным ехьэлlа lуэхухэр зэфlэмыкlыпа пэтми, Ибрэхьим къытредзэри къыщlопхъуэж. Ар апхуэдизу зыхуэпlащlэр лlот? Гъэ еджэгъуэм щlимыдзэж щlыкlэ къэсыжу ди пединститутым еджэным щыпищэну арат.

Къэрал унафэр зэфlэкlыу балъкъэр лъэпкъыр ди лъахэм къимыхьэжа пэтми, Гадиевыр зэкlуэлlахэм къагъэщlэхъуакъым: щlалэр ещанэ курсым щlагъэтlысхьащ. Ар зи фlыгъэхэу Жьэкlэмыхъу Тузер, Къардэн Бубэ сымэ, нэгъуэщlу унафэщl, егъэджакlуэ цlыху телъыджэхэм, езыр еджэгъу зыхуэхъуауэ щыта адыгэ щlалэхэм яхуищl фlыщlэр хуэухыртэкъым Ибрэхьим, абырэ сэрэ Налшык телевиденэм дыщызэдэлэжьэгъа (1960-1964) илъэсхэм щыгъуэ. 1960 гъэм и мартым телевиденэм къэувыным япэкlэ ар «Советская молодежь» газетым журналисту щылэжьат. Арат ар щlыхабжэри зи lэщlагъэм хуэlэзэ хъуа журналистхэм. Дэри тлъагъурт Ибрэхьим игъэхьэзыр нэтынхэр, – ар урысыбзэкlэуи балъкъэрыбзэкlэуи ирехъу – куэдым

зарефIэкIыр. Режиссерхэмрэ редакторхэмрэ зэгъэщIылIауэ зэдэлажьэ хабзэти, а илъэсхэм дызигъуса режиссерхэу Аттаев Мухьэмэд, Акъсырэ Залымхъан, Щоджэн Хьэбас сымэ дапщэри яхузэрымыгъэгъуэтыр Ибрэхьимт. Сыту жыпIэмэ, ар сыт щыгъуи хущIэкъурт куэдрэ «ямыгъэныщкIуа» щIэ гуэрхэр къэулъэпхъэщыным, а къигъуэтахэр удихьэхыу къызэриIуэтэным. А мурадхэр Гадиевым дэгъуэу къызэрехъулIэр къыщаIуэтэжырт блыщхьэ пщэдджыжь къэскIэ студием щекIуэкI зэхуэсхэм.

Мис а лъэхъэнэхэм къитIэщIа темэхэри Ибрэхьим, дауи, къыхуэщхьэпэжащ абы художественнэ прозэм кууэ зыщрипщыта илъэсхэм. Мыдрейуэ, Гадиевым сыт щыгъуи и Iэпэгъут тхылъхэр, журналхэр. ЖыпIэнурамэ, ар еджэнкIэ зызымыгъэнщIт, иримыкъут. Абы щыхьэт тохъуэ КIурашын БетIалрэ (ари редактор нэхъыщхьэу телевиденэм щылажьэрт) Гадиев Ибрэхьимрэ, я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр къагъэсэбэпу, Мэзкуу кIуэуэ тIури еджапIэ нэхъ зэпэубыда дыдэхэм ящыщ зым: кино Iуэхум щыхурагъаджэ ВГИК-м тыншу щIэтIысхьэфахэу зэрыщытари.

ЗэрыжысIащи, Гадиевыр сыт щыгъуи щIэныгъэм, нэхъыбэ къищIэным хуэпабгъэрт – абы и гур еджэным етат. Телевиденэм редактору, редактор нэхъыщхьэу Iэджэрэ щылэжьа нэужь, ар аргуэру Мэзкуу макIуэри КПСС-м и Парт школ нэхъыщхьэм щIотIысхьэ. Ар дэгъуэу къеухри, республикэм къегъэзэж. КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым щолажьэ. ИтIанэ илъэс тIощIым щIигъукIэ абы «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къулыкъу щещIэ – редактор нэхъыщхьэу, директору. Ибрэхьим апхуэдизкIэ цIыху вэгъэзэгът, удэлэжьэну тыншт, ныбжьэгъукIэ фIыти, абы зэи зыми и жагъуэ хуэщIынутэкъым. Арат абы сытым дежи зэныбжьэгъухэр дыкъыщIепщIэкIыр, ар псэлъэгъу, чэнджэщэгъу щIэтщIыр…

Ди ерыскъы зэIулъу, дызэдэлажьэу, дызэныбжьэгъуу апхуэдиз илъэс лъандэрэ дыкъызэдэгъуэгурыкIуэу щыщыткIэ, дауи, творческэ къуэпскIи дызэпыщIат: Ибрэхьим и къалэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэ зыбжанэ зэдзэ-кIащ, ахэр газетхэм, журналхэм, тхылъхэм къытехуащ. Абы и лъэныкъуэкIэ езы си ныбжьэгъужьми щIыхуэ зытригъахуэркъым: си тхыгъэхэр зэридзэкIыурэ балъкъэр тхылъеджэхэм я пащхьэм ирелъхьэ.

Сыт зыми сримыхулIэу, зыри къызэмылъэIуу, сэ Ибрэхьим и рассказхэр, повестхэр щIызэздзэкIыр? ПцIы щхьэ упсын хуей? Мыбдеж псом япэу бжьыпэр зыIыгъыр ди зэныбжьэгъугъэ-зэкъуэшыныгъэрщ, ди зэхущытыкIэращ. ИтIанэ и тхыгъэхэм яхэлъ гурыщIэ дахэращ. Абыхэм сыкъыщеджэкIэ, ахэр щызэздзэкIкIэ, си ныбжьэгъужьым сэрэ ди гуфIэгъуэкIи ди гуауэкIи дызэдэгуашэу дыуэршэру дызэбгъэдэсу къысщохъу.

Дызытепсэлъыхьыни къыдогъуэт дэ сыт щыгъуи. ТIури дызэныбжьщ, ди сабиигъуэр зауэмрэ зауэ нэужь илъэс хьэлъэхэмрэ хиубыдащ, итIанэ ди щIалэгъуэу дызэдэлэжьащ… ЖыпIэнурамэ, зэхуэтIуэтэжын диIэщ.

ДыщыжурналисткIэ, дытхакIуэуи зыкъыщытщыхъужкIэ, ди гурылъхэр, дызыгъэгуфIэ, дызыгъэпIейтейхэр зэрытхузэфIэкIкIэ къыдоIуэтэж. Абы и лъэныкъуэкIэ Ибрэхьим хуэмыухыу, и гущIэр сытым дежи щIиIуэнтIыкIыу зы темэ нэхъыщхьэ иIэщ. Ар лажьи-хъати зимыIэ и лъэпкъыр зэрыщыту зэщIакъуэу ди лъахэм ирашауэ зэрыщытарщ. Абы щыгъуэ зи ныбжьыр илъэс зыбгъупщI фIэкIа мыхъуауэ щыта щIалэ цIыкIум и нэгу щIэкIащ лIыжь-фызыжьхэм, насыпыншагъэр къызытепсыха анэ тхьэмыщкIэхэм, ныкъуэдыкъуэу мафIэ лыгъэм къыхэкIыжа дыгъуасэрей совет зауэлIхэм я фэм хьэзабрэ бэлыхьу дэкIар. А гуауэр тIуащIэ къыпщызыщIыр лажьэ зимыIэ лъэпкъ хейр ар зей къэралым иукIыжыну зэрыпылъаращ. УздэдгъэкIуа зауэм уи Iэ, уи лъэ, уи нэ щыпфIэкIуэдами, фашистхэм ущамыукIыфакIэ, дэ псэууэ укъыдэлынкъым, лIапIэ къыпхуэдгъуэтынщ жыпIэу дыгъуасэрей уи сэлэтыр, ар щIэзэуар нобэ пшахъуэщIым пшэуэ ипкIутэныр хьэкIэкхъуэкIагъэт. Зауэм Iутхэм я адэ-анэхэм, я щхьэгъусэхэм, я бынхэм бэуапIэ иумыту

зэхуэпхусу зэщIэгъуагэу я лъапсэм ипшыныр цIыхугъэншагъэт. Ди лъахэр зыубыду мазитIым щIигъукIэ дызыIыгъа фашистхэм ялэжьыфатэкъым апхуэдэ цIыхугъэншагъэ. Лей щызэ-рахьэм деж абыхэм хэплъыхь гуэр ящIат, ауэ хэплъыхь лъэпкъ зимыIэу лъэпкъым и лъапсэм псыр изыгъэжыхьыжар «дыдейкIэ» дызэджэу фIыкIэ дызыщыгугъхэрат. ИщIынтэкъэ-тIэ абы уи гуауэр тIуащIэ?

Аращ а гуауэр щIэмыгъущыжри. Аращ Гадиевым ар щIыщымыгъупщэжри. ИтIанэ. Мы темэр апхуэдизрэ щхьэ игъэныщкIурэ жызыIэнхэри щыIэнкIэ мэхъу. ЩIигъэныщкIуращ: цIыхухэ, къэралхэ, дяпэкIэ апхуэдэ нэщхъеягъуэ къэмыхъун папщIэ дывгъэсакъ. ЦIыхугъэ, лъагъуныгъэ дяку зэрыдэлъыным дыпывгъэлъ… Мис апхуэдэ гурыщIэ дахэ, гупсысэ куу яхызолъагъуэ сэ тхакIуэ Гадиев Ибрэхьим и къыхуеджэныгъэм. Абы и тхыгъэхэр зэрыщыту гъэпсащ апхуэдэ къыхуеджэныгъэкIэ. Ауэ иджыпсту сэ къалэну зыхуэзгъэувыжыркъым Гадиевым и тхыгъэ псори зэпкърысхыну – ахэр зыхуэдэр къэщIэнщ абыхэм къеджэхэм. ИкIи си фIэщ мэхъу «Аузым и гъыбзэ» (ар ди журналым теддзауэ щытащ), «Тыгъэ», «Хьэдис и жэуапыр», нэгъуэщIхэми къеджэхэр щIемыгъуэжыну. Абыхэм фIым укъыхуагъэуш, ем зыщыхъумэн зэрыхуейм укъыхураджэ – художественнэ творчествэм и Iэмалхэмрэ и хэкIыпIэхэмкIэ.

ЦIыхум фIыкIэ уахуэупсэу, ди лъахэр зей лъэпкъ зэкъуэшитIыр дяпэкIи уи гуащIэдэкIыфIхэмкIэ куэдрэ дыбгъэгуфIэн ухъу, си къуэшыжь. Уи ныбжьэгъухэр дынохъуэхъу къэбгъэщIа илъэс 75-м иджыри апхуэдиз пыпщэжу узыншагъэрэ ехъулIэныгъэрэ уиIэу утхуэлэжьэну.

**ЕЛГЪЭР Кашиф**

◈ ◈ ◈

ГАДИЕВ Ибрэхьим

# Гум и щэхухэр

***Рассказ***

«Фочышэ илъэтауэ блоцIэфт зэманыр», – жиIэрей хъуат иужьрей лъэхъэнэм Анастасие Борисовнэ. Ар Софят япэ дыдэу зэрыхуэзэ лъандэрэ илъэс пщыкIущ дэкIат, итIани дыгъуасэ хуэдэщ ар къыщыхъуар.

– Узахуэщ, Насте, – мэщатэ Софяти, и псэлъэгъум жиIахэм хагъэплъаеуэ. – СыщIалэху зэманыр зэрыкIуэм сегупсысакъым. Вы жьажьэм хуэдэу абы гъуэгур хигъэщIырт. Иджыпсту нэр зытемыпыIэ пцIащхъуэу блолъэтри йожьэж... Ауэ сыт пщIэн? Псори Алыхь IэщIагъэщ.

А илъэс пщыкIущым къриубыдэу Анастасие Борисовнэ иджы еплIанэ къокIуэ Хьэсэней. КъэкIуэху къэскIи ар бысымхэм яшэ санаторэхэм, дохутыр нэхъыфIхэм ирагъэлъагъу. Тхьэм и шыкуркIэ, ахэр икIи къыхуощхьэпэ: хэпщIыкIыу нэхъыфI хъужащ и узыншагъэр. Ауэ, илъэс бжыгъэхэри дэнэ пхьын, нанэм Iыхьшыхьу къекIухь. Зэ зы щIыпIэ деж, зэми нэгъуэщI щIыпIэм деж узым зыкъыщрегъащIэ. Пэжщ, нанэр а псоми есэжащ. ЗыщыгуфIыкIращи, узым хиубыдапэркъым, и лъэ зэрехьэ. А зэрыщытым нэхъыкIэ мыхъумэ, пу-пу, абы удэкIуэтэнт!

Софятрэ абырэ зэм щIихьэнти, щыгъэтыжыкIэ ямыщIэу, псэлъэнхэт, зэми заущэхунти, дзэхупс яIурыгъэлъэда нэхъей, псалъэ жамыIэу щысынхэт. Ахэр зи щхьэфэ имыIэбэр укIуэдыжт, ауэ зи гугъу ямыщIу зы Iуэху щыIэт:

ар Анастасие Борисовнэ и унагъуэм, абы и бынхэм ехьэлIахэрат. Налшык къэкIуэну къежьэху къэскIэ ар егупсысырт а Iуэхур зэ сэтей къызэрыхъунум, абы бзыщI зэримыIэм, ауэ щыхъукIэ, фызыр тегушхуэрт псори езым и жьэкIэ Софят къыхуиIуэтэну. АрщхьэкIэ зэрызэхуэзэху щIегъуэжырти, и щэхур нахуэ къимыщIу, Ленинград здишэжырт. УкIытэм къыхэкIрэт е Iуэхур зыIут псори и къуэ Атлы къыхуиIуэтакIэт, езы Софяти зэи зыкIи щIэупщIэртэкъым.

– НакIуэ, Насте, щIыбым. Жыг щIагъым упщIэ щыпхуэздзащи, абдеж зыщыдгъэпсэхунщ, – жеIэ а махуэм Софят.

ПсыкIэху псы хущхъуэм зыщагъэпскIахэ нэужь, автобусми емыжьэхэу, нобэ лъэсу мэзымкIэ къызэпрыкIыжыну къежьэжахэт. Ар ягу ирихьати, цIыхубзитIым мурад ящIат дяпэкIи псы хущхъуэм щыкIуэхэкIи къыщыкIуэжхэкIи автобус Iуэху зэрамыхуэжыну. Пэжщ, затIэщIурэ псы цIыкIу гуэрхэм икIын хуей хъухэрт. Ауэ ари къатехьэлъэртэкъым, шэм и хьэтыркIэ пIастэр яшх жыхуиIэм хуэдэти, мэз хьэуа къабзэм, удз гъагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм гу ящыпхуэн папщIэ, лъэсу зэпыпч гъуэгуанэри къохьэлъэкIыртэкъым.

– Ерэн фалъэшхуэ, щIыIэ хъужауэ, къыфхуэсхьащи фефи феплъыт. Ар сытым хуэдэу IэфI! – жиIэу нанитIым къапожьэ хъыджэбз нэ фIыщIэ цIыкIу щхьэ баринабзэр. Губзыгъэ цIыкIущи, фалъэр япэ зыхуишийр и анэшхуэракъым – я хьэщIэращ.

– Си дэIэпыкъуэгъу цIыкIу! Си нэм и хъуахуэу си псэм и нэху цIыкIу! Ерэным хуэдэу фIыуэ уаулъагъуи! – дуней гуфIэгъуэр зиIэ Софят и къуэ нэхъыщIэм ипхъу Налмэс цIыкIу и щхьэфэм Iэ делъэ. Абы ехъуэпса Анастасие Борисовнэ и тэмакъыщIэм къыщIэгъуэлъхьауэ бауэкIэщI къэзыщIар ерагъыу ирекъухыжри, сабийм IэплIэ, ба хуещI. Ар зи гуапэ хъуа цIыкIуми я хьэщIэм зрекъузылIэ, и щхьэ тхъуам Iэ делъэ. И анэшхуэр къызэрыщытхъуами модрейр къызэрыхуэгуэпами ягъэгушхуа сабийр пцIащхъуэу мэлъатэри йожьэж – куэбжэм деж къащыпэплъэ и анэри игъэгуфIэну жэуэ арат. Абы кIэлъыплъу щыт цIыхубз тIорыситIым я Iупэхэр зэтож, я нэгум нурыр кърех. А щытыкIэ дахэм аитIур зэщхьыркъабзэ ищIат.

– Ситу унасыпыфIэ, Софят! КъуитIрэ пхъуитIрэ, абыхэм я быну пщIантIэм дэз уиIэщ.

Софят и нэкIущхьитIыр хуабэ къохъу, ихъуреягъкIэ дунейри нэхъ щIэращIэ хъуауэ къыщохъу – и ныбжьэгъум и псалъэ гуапэхэм къызэщIаIэтащ ар.

– АтIэми, фIы дыдэр сыт? Уи къуэхэри уи нысэхэри упэIэщIэкъым. Уипхъухэмрэ уи малъхъэхэмрэщи, къыпхэсым хуэдэхэщи, укъабгынэркъым. Абыхэм я бын дыгъэлхэр-щэ?! ЖыпIэнурамэ, жьыщхьэ махуэ ухъуащ. Уи насыпщ. Сынохъуапсэ, ауэ сынофыгъуэркъым, – тIури тIэкIурэ щым мэхъу – псалъэр къахудэмышеину аращ. ИтIанэ хьэщIэр хуэмурэ щIоупщIэ:

– Уи пхъуитIым языхэзым убгъэдэсамэ мынэхъыфIу пIэрэт?

Софят щхьэнтэ къыщIехри, тIуми зрагъэщI. ТIэкIу дэкIа нэужь:

– Джэдкъуртыр и джэджьейхэм яхуосакъри ятеплъэкъукIыркъым. Шынагъуэ гуэр илъэгъуа – псори зрешэлIэжри и дамэ щIагъым щIегъэзэгъэж... Хъыджэбзхэр сысеижккъым – нэгъуэщI унагъуэ яхыхьахэщ, – жеIэ Софят хэплъэурэ. – Дауи, Насте, цIыхухъуIэмрэ цIыхубзыIэмрэ я гуапагъкIэ, я щабагъкIэ зэи зэхуэдэ хъунукъым. Минрэ нысэм фIыуэ укъилъагъуми, ар пхъум хуэдэу пхуэхъунукъым. Ауэ хабзэр хабзэщ. Сэ сызипхъухэм сакъыхэкIри, мыбы унэгуащэ сыщыхъуащ. Унагъуэр зэтеIыгъэн хуейщ...

– Уипхъухэри уэращ къэзылъхуар, зыпIар. Иджы ахэр хамэ унэ ихьахэщи...

– Аращ игъащIэми ди хабзэр: пхъур хамэ унэ йохьэри... Я щхьэгъусэхэм, я гуащэ-тхьэмадэхэм, я бынхэм якIэлъоплъ, якIэлъоIэбэ, я унэхэр зэрахьэ... Мис, жыжьэ щхьэ укIуэрэ, сэри сыаращ...

– ХабзэфIщ ар, – жеIэ Анастасие Борисовнэ. – Нэхъ тэмэмри арагъэнщ. Пэжщ, дэтхэнэ зы лъэпкъми езым и хабзэ иIэжщ. Ауэ сэ къызгурымыIуэ

гуэрхэри хэлъу къыщIэкIынщ фи хабзэм. Псалъэм папщIэ, уи къуитIри уи ныситIри къыпхэс щхьэ мыхъурэ? Апхуэдизу фIыуэ фызэрылъагъухэрэ пэткIэ, дауэ зыбгъэдэбгъэкIыфахэ? Зы унэм фыщIэмыхуэми, фызэгъунэгъуу фыпсэу хъуртэкъэ?

– Ди хабзэжьхэр къыщежьар ди дежкъым, Насте. Си щIалэхэми ар ящIэ, – жеIэри Софят къыпогуфIыкI. – Хъыджэбзхэр унагъуэ хъуа нэужь, щIалэ нэхъыжьым къедгъэшащ. Хабзэм ипкъ иткIэ, ар зыхэдгъэкIри, дызэдэIэпыкъуурэ унагъуэу дгъэтIысыжащ. Зэрыплъагъущи, щIыр къыдомэщIэкI. Ар зы. ПщIантIэ Iэзэвлъэзэвым дызэрыдэгъэхуэнутэкъым. Къимыдэкlэ, зэрылI-зэрышхыу зэхэсахэмэ, ахэр апхуэдэу фIыуэ зэрылъагъунутэкъым. Си нысэхэр, зэрыплъагъущи, нэ фыгъуэ зиIэ зытрамыгъаплъэм хуэдэхэщ. ЗэтIолъхуэныкъуэм хуэдэу зэщхьыркъабзэхэщ. Езыхэм хуэдиз дыщэкIэ уэстынкъым!

– Узахуэщ, Софят: си нэкIэ солъагъу абыхэм я цIыхуфIагъыр.

– НтIэ, нетIэ къезгъэжьаращи, ди хабзэмкIэ, адэ-анэм къабгъэдэнэр нэхъыщIэращ. Мис, уи нэгу зэрыщIэкIщи, ди гуфIэгъуэри нэщхъеягъуэри зэдэтIэту допсэу...

– Алыхьым и шыкурщ! Мылъкути щIыти жаIэу зыгуэрхэр зэпамыубыду, зэщымыхьэу зэбгъэдэкIмэ, я насыпщ. АтIэми, благъэщIэхэри Iуэхум къыхэIэбэ хъуамэ, уи жагъуэ зэрыщIу, узэщыхьэу...

– Тхьэм и фIыщIэкIэ, дэ абыхэм дыхэткъым. Ауэ ар нэхъыбэу зи фIыгъэр сабийхэм я адэ дунейм ехыжаращ. Армыхъу уасэти, къыхуэщIэ-ныхуэщIэти жызыIэурэ зэщыхьэхэр дэри диIэщ. Ауэ дипхъу щедгъаши ди къуэ къыщедгъаши бынхэм я адэм занщIэу иукъуэдияуэ щытащ: къыхуэщIэ-ныхуэщIэкIи уасэкIи псалъэмакъ дяку къыдэдгъэхьэркъым – щхьэж хузэфIэкIыр, быныр дыдейщи, яхудощIэ, – жиIэри, абы тетуи дыкъыздекIуэкIащ. – Алыхьым къигъэщIам яхэт хъунтэкъым унагъуэкIэ, IыхьлыкIэ, бынкIэ, благъэкIэ а тхьэмыщкIэ мыгъуэм и фэгъу цIыху къаугъэншэ. – Софят и нэпсыкIэр гъэпщкIуауэ щIегъэкI. ЗегъэпсчэуIури, и псалъэм адэкIэ пещэ: – КхъыIэ, Насте, си щхьэ сыщытхъужу, дыдейхэм сапхущытхъуу къызыщумыгъэхъу... Нобэ ди Iуэху мыIейуэ плъагъу щхьэкIэ, дэри зыгуэрхэм дыхэтагъэнщ...

– Иджыри къытызогъэзэжри, унасыпыфIэщ, Софят! ДапщэрэсыкъэкIуами, къуэрылъху-пхъурылъхукIэ хэхъуэ уиIэу сыкърохьэлIэ. Абы нэхъ насып сыт щыIэ-тIэ?! Уи насып нэхъыбэ Тхьэм ищIи, ахэр пхуигъэузыншэ, пхуигъэпсэу!

– Уи фIэщ хъун, Насте, сэ къуэрылъху хэхи пхъурылъху хэхи сиIэкъым – псори си зэхуэдэу фIыуэ солъагъу. Мыгувэу епщыкIутхуанэ цIыкIу къытхуалъхуну дыпоплъэри, узыншэу дунейм къытехьэн ухъу!..

– Алыхьым жиIэ! НасыпыщIэ къыфхуздихьыну Тхьэм сыфхуолъэIу!

– Уэри абы насып Тхьэм къыпхудигъакIуэ! – и ныбжьэгъум гуапэу поджэж Софят.

Анастасие Борисовнэ и къэкIуэгъуэ къэс апхуэдэ псалъэмакъхэр щекIуэкIырт зэныбжьэгъуитIым яку. ИтIанэ хьэщIэр ежьэжырти, къыздикIа къалэ жыжьэ Ленинград кIуэжырт. Къытригъэзэжу къэкIуа – аргуэру псоми щIэрыщIэу къытрагъэзэжырт. Арагъэнт зэныбжьэгъуитIым къащIыщыхъур зэманыр псынщIащэу елъэтэкIыу.

Анастасие Борисовнэ егупсысырт хъыджэбз щхьэц утIэрэза цIыкIу Налмэс и анэр зэрыщымыта зэрыхъуам. Къыщыса япэ махуэ дыдэм абы гу лъитат, япэхэм хуэмыдэу, ар нэхъ жьажьэ зэрыхъуам, щIэх-щIэхыурэ уи нэгу зыкъыщIимыгъахуэмэ нэхъ къызэрищтэм. ИкIи игу къегъэкIыж и нысэм кIэлъыплъурэ Софят жиIэгъар: «ЩIыхубз уэндэгъухэм щхьэкIэ дыдейхэм жаIэращ: «Зи лъхуэгъуэ цIыхубзыр лъакъуэ лъэныкъуэмкIэ жьантIэм дэтщ,

адрей лъэныкъуэмкIэ мащэ бжьэпэм щхьэщытщ...» Алыхьым къихъумэ нысащIэ цIыкIур...»

Анастасие Борисовнэ Атлы япэ дыдэу щилъэгъуа гъэм езым и къуэрылъху Димэ Атлы ипхъу Налмэс цIыкIу иджыпсту зэрыт ныбжьым итынт. Дими зы пкъымызагъэ гуэру щытат. И къуэрылъхур щIыгъуу Хьэсэней къэкIуакъэ – щIалэ цIыкIур бзэхырт занщIэу. УлIмэ, уэ къащIэт абы мэзыр щыщIищыкIымрэ ар зыхэс псымрэ. Къыщигъэзэжри пшапэр зэхэуа нэужьт. Атлы зэрыжиIэжымкIэ, а махуэм Димэ и шылъэр куэдым нихусат: уи къуакIи, уи бгыкIи, уи псыхъуи, уи гуэли зэщIигъэхьат. Сабий хьэрэмыгъэншэм шынэ жыхуэпIэр ищIэртэкъым. И анэшхуэм хуит къищI закъуэмэ, Атлыхэ я благъэ мэлыхъуэхэм, мэкъуауэхэм я деж жэщкIи къыщынэ къэхъурт.

– КъэкIухьлъакъуэ, уи анэм гъуэгум укъытрилъхухьами ярейт уэ! – жиIэурэ и къуэрылъхум щыгуфIыкIырт Анастасие Борисовнэ, щIэгуфIэр сабийм узыншэу къызэригъэзэжарат.

Дыгъуасэ пщэдджыжьышхэ нэужьым дэкIынхэу загъэхьэзырауэ Димэу плъагъур къоуври зигъэартисту, зигъэусакIуэу гукIэ жиIэу щIедзэ: «Си нэкIэ слъагъуну сыхуейщ пшэ къащхъуэ-хужьхэр къетIысэхыурэ мэзхэм, аузхэм, къырхэм IэплIэ къызэрыхуащIыр! Си нэкIэ слъагъуну сыхуейщ Гуэл ЩхъуантIэ щIэншэхэр къызэрыушыр!» Абы пэджэжу Атлы жеIэ: «Умыгузавэ, си ныбжьэгъу цIыкIу, абыхэм нэмыщIыж, дэ дедэIуэнщ бжей мэзыжьым жэщкIэ игъэIу уэрэдхэми!»

Сыхьэт нэхъ дэмыкIыу, зэныбжьэгъуитIым дагъэзыкI. Ауэ Анастасие Борисовнэ и къуэм и тхьэкIумэр хуеIуантIэ, Атлы йолъэIу: шэджагъуэ щыхъум къэвгъэзэж. Ар зэлъытар Димэщ – хьэщIэм и жыIэр тIу хуэщIынукъым хэгъэрейм.

Димэ Ленинградя щагъафIэрт – езым и унагъуэ дыдэм къыщыхуащIэнтэкъым ар Фарухьхэ я деж зэрыщагъэудафэм хуэдэхэр. «И сабиигъуэм щыгъуэ щIалэ цIыкIум гуфIэгъуэшхуэ имылъэгъуами, си ныбжьэгъухэм я деж и насыпыр къыщикIат, – егупсысырт Анастасие Борисовнэ. – Хьэуэ, сэ Атлы япэ дыдэу щыслъэгъуам, Димэ Налмэс цIыкIу нэхърэ тIэкIукIэ нэхъыжьу къыщIэкIынт...» – ари щIегъуж и гупсысэм.

Софят сабырыбзэу, ауэ, зыгуэрым щыгуфIыкI пфIэщIыну, и Iупэхэр зэтежу щылът. И ныбжьэгъур жейуэ къыщыхъуагъэнщ. АрщхьэкIэ мобы и нэбдзыпэ къехатэкъым.

... Езым и гъащIэм ехьэлIауи нэгъуэщIхэм ятеухуауэ и нэгу щIэкIауи ирехъуи, Анастасие Борисовнэ дзыгъуэ гьуанэ дихьэн хуэдиз щыгъупщэжатэкъым, абы имыщIэж зэрыщымыIэмкIэ игурэ и щхьэрэ зэтелът. Мес, и нэгум щIэтщ и Димэ, и ныбжьэгъухэу Фарухьрэ абы и унагъуэмрэ, Софят, Атлы сымэ. МащIи хуэдэкъым ар. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, егупсысыжыпэмэ, зыфIэтхьэмыщкIэжщ – и щхьэ закъуэ-и лъакъуитIу и дунейр кърихьэкIыу къыщохъуж. ГукъэкIыжхэм къаIэщIэкIыжыну пылъ пэтми, закъыIэщIихыжыфыркъым.

И щхьэгъусэ Василий Семенович дунейм ехыжа нэужь, цIыхубзым и къекIуэкIыкIа хъуар куэдым ящIэртэкъым, къыфIэбгъэкIмэ, абы щыгъуазэтэкъым Анастасие Борисовнэ нэхъыфI дыдэу къэзыцIыху, езыми – пщIэшхуэ зыхуищIу Ленинград дэс зэщхьэгъуситI Фарухьрэ Раузэри. Пэжщ, ахэр къалэкум пэжыжьэт, абы къыхэкIыу зэныбжьэгъухэр щIэх-щIэхыурэ зэрылъагъуфыртэкъым. Димэ жыпIэнущи, ар сабий дыдэт. И къуэ Захарщи, я нэхъыбэ дыди илъэсым тIэу къекIуэлIэжми арат – апхуэдэт абы и лэжьыгъэр. И нысэмрэ езымрэ зэмызэгъыу зэбгъэдэкIыжат.

Анастасие Борисовнэ илъэс нэблагъэкIэ щылэжьащ спортсменхэм я хэщIапIэ хьэщIэщ хуэдэм. Абы къекIуалIэрт зи щIалэгъуэ дахэ хъыджэбзхэмрэ щIалэхэмрэ. Ахэр зыкъомкIэ зэщхьт я нэжэгужагъкIэ, я хьэл-щэнкIэ, я бжьыфIагъкIэ. Апхуэдэу къыпфIэзыгъэщIыр я ныбжькIэ зэрызэщхьэщыкI

щIагъуэ зэрыщымыIэрагъэнт. Ауэ пхужыIэнутэкъым а псори зы къупхъэм къиджэлауэ: зыгуэрхэмкIи зэщхьэщыкIхэрт. ХьэщIэщым къекIуэлIахэм абы зэрызыщаIэжьэ махуэ бжыгъэ тIэкIум къриубыдэу абыхэм гупсэхуу якIэлъыплъырт Анастасие Борисовнэ. Ахэм я насыпым езыри щыгуфIыкIырт, езым и щIалэгъуар мобыхэм я нэгу ирилъагъуэт. Апхуэдэ бын дыгъэл зэраIэм щхьэкIэ языныкъуэхэм я адэ-анэхэм ехъуапсэрт, пэжщ, абыхэм къахэкIырт Анастасие Борисовнэ зыхуэмыарэзыхэри зэхуэшхыдэхэри. А махуэ зыбжанэм и кIуэцIкIэ зэса щIалэгъуалэм хьэщIэщыр къабгынэу ежьэжа нэужь, цIыхубзым ахэр занщIэу щыгъупщэжырт – мобыхэм я пIэм нэгъуэщIхэр къиувэрт.

Атлы яхэту хьэщIэщым къеблэгъа гупыр спортсменхэтэкъым – Москва къикIа студентхэт. Ахэр къыщыкIуар апрелым и пэщIэдзэхэрат.

Абыхэм мазэм щIигъукIэ зыщаIэжьащ а щIыпIэм. А щIалэгъуалэ гупым щыщ дэтхэнэ зыри фIыуэ и гум ириубыдат цIыхубзым. ХузэмыгъащIэу гугъу зыдехьыр сыт жыпIэмэ – я цIэхэмрэ ахэр лъэпкъкIэ зыщыщхэмрэт. Абыхэм яхэтт тыркумэнхэри, къэзахъхэри, якутхэри, урысхэри, нэгъуэщIхэри.

Атлы и цIэр тыншу игу ириубыдащ, ар къызыхэкIар апхуэдэцIэ игьащIэм зэхихауэ зэрыщымытарахъунщ. Къыдеджэхэр гушыIэурэ Атлы къызэреджэр Шууейт. Атлырэ Азербайджаным щыщ Тофикрэт пащIэ зытету гупым яхэтыр. КъызыхэкIар къыпхуэмыщIэну, Анастасие Борисовнэ и гур Атлы нэхъ кIэрыпщIат. Ар щIалэщIэ дыдэт, зэрыхьэрэмыгъэншэр, гу пцIанэ зэриIэр нэрылъагъут. Ара хъунт цIыхубзым Атлы дапщэри псэлъэгъу щIищIыр, абы сытри щIыхуиIуатэр. ЩIалэ цIыкIур а псом сыткIэ хуей жимыIэу, зэгуэрым цIыхубзым кърегъажьэри, Атлы хуеIуатэ абы Анастасие къызэрыфIащауэ щытам и хъыбарыр.

– Си цIэр къысфIэзыщар поп Ипполитщ. Ди унэр члисэм и гъунэгъуу щытт. Япэхэм щыгъуэ къуажэ къэс езым и члисэ иIэжу щытащ. Къуажэр нэхъ къулеиху, и члисэри нэхъ зэпэщт. Попым пщIэшхуэ хуащIырт, фIэлIыкI иIэт. Ар зи унэ ихьэм ехъулIауэ зилъытэжырт, а унагъуэм адрейхэр ехъуапсэрт. Нэхъ хуэщIа дыдэу псэухэри попым еубзэрт, ар къахуеблагъэмэ, гуфIэхэрт. Абы ныбжьэгъу, кIуэгъужэгъу зыхуащIыну куэдым я нэ къикIырт. Ауэ езыр дэни къыщыкъуэхуу щыттэкъым – и щхьэм и пщIэр ищIэжу дунейм тетт. Пэжыр жыпIэмэ, ящIэр ящIэжу мэпсэу попхэр.

Си адэ Борис Илларионович хуэкъулейт, езыр жыгей пхъэ дакъэжьым хуэдэт. Поп Ипполитрэ абырэ тхьэмахуэм зэ фIыуэ загъэпсэхурт. ЩысынкIэ иримыкъухэурэ, нэху къащытещхьэ къэхъурт. Сэ сыкъыщалъхуа а пщыхьэщхьэм моитIум гъунэ иралъа къудейуэ арат. Сэ зэран сахуэмыхъуамэ, аитIум я ефэ-ешхэр, зэрихабзэу, зэпыч имыIэу нэху щыху екIуэкIыну къыщIэкIынт. «Абы щыгъуэ ди щIыхуэ къыптехуащ: тшхыри итфри тщыбгъэгъупщэжауэ щытащи, къэпшыныж», – жаIэурэ ахэр Iэджэрэ къыздэгушыIащ.

Си адэ шыпхъу нэхъыщIэр, зэрыжаIэжхэмкIэ: «Уэ-уэ-уэу мыгъуэщ! Сабий лIа къытхуалъхуащ! – жиIэрэ, дунейр икъутэу пщIантIэм къыдэлъэдат. – Ееуей хъарып! Хуабэ цIыкIущ, ауэ бауэркъым!»

АрщхьэкIэ фызгъалъхуэ IэщIагъэм хуэIэкIуэлъакIуэ гуэру къыщIэкIынти, «Уи лъакъуитIыр иубыдщ, укъиIэтщ, кхъуэ шырым хуэдэу уиутхыпщIщ, уи пэм ипщэщ, уи бынжэр пиупщIри...» – симыгъалIэу сыкъригъэлауэ зэрыщытам теухуауэ Iэджэ къысхуаIуэтэжырт. Дунейр къэзгъэпсалъэу сыкIияуэ жаIэжырт. А кIий макъыр зэхэзыха къомыр унащхьэр траудыным хуэдэу дэлъеяхэт. Хьийм икIыпауэ дунейм темыхуэжыр нетIэ сызыгъеижа си адэ шыпхъурат: «ДехъулIащ! ДехъулIащ! Хъыджэбз цIыкIу къытхуалъхуащ!» – жиIэу сакъыIэщIичауэ жылэр къыкIэрыщIауэ сыкърихьэкIырт.

Фызгъалъхуэм дунейм тет тыгъэр хуащIарэ пэткIэ, си адэ шыпхъум ари фIэмащIэу щыгъын фэилъхьэгъуэ хуищIат. Ар ауэ сытми адэ шыпхъут езыр?!

Джатэ къихам хуэдэт, жаIэжт. Ар сэ сщIэжыххэркъым. Сэ сыкъалъхури куэд мыщIэу, зыгуэрым дэкIуасэри щIэпхъуэжауэ щытащ.

СылIэу сыкъызэрыхъужауэ щытам теухуауэ Ипполит си адэм къыжриIэрт: «Апхуэдэхэри къохъу. Насып зиIэр фызгъалъхуэ IэкIуэлъакIуэ къыIэрыхьэ сабийращ. Ар IэмыкIуэлъэмыкIуэ гуэру къыщIэкIмэ, дзадзури, анэри, унагъуэри унэхъуащи, пхъэмбей цIыкIур гъэхьэзыр... Иджы, плъагъуркъэ, псоми Тхьэм гущIэгъу къытхуищIри, фызгъалъхуэ Iэзэм и фIыгъэкIэ сабийри къызэтенащ, Iуэхум дыхэмынэщхъаеу, псори дэгъуэу зэфIэкIащ... Е мыхъу фIы хъужыркъым, жи. ЖаIэр, пщIэркъэ, зи псэр хэкIыу къэхъужар лIэщIыгъуитIкIэ мэпсэу. ФехъулIащ!..»

Апхуэдэ гуфIэгъуэшхуэм хуэфащэ пщIэ хуумыщIу дауэ къэбгъэнэнт? Ди адэр мажэри цырибон бащырбэшхуэ, ерыскъы къехь. Си зэранкIэ зэпагъэуауэ щыта ефэ-ешхэм щIадзэжри, нэху щыху Iэнэм бгъэдэсхэщ. ИтIанэ Iэнэм къыпэроджэлхэри шэджагъуэ хъуху мэжейхэр. Бадзэр ящхьэщихуу абыхэм ябгъэдэсащ си адэ шыпхъур.

Сытми, зэ къызэщоужхэр. Попым, цырибон стэчанышхуэр ирекIыхри, жеIэ: «Мы уи пхъум хуэдэ хъыджэбз цIыкIухэм, Борис, ижь-ижьыжхэм щыгъуэ цIэуэ фIащу щытар пщIэрэ? ПщIэркъым! Анастасиещ-тIэ! Абы къикIыр пщIэрэ? ЛIэуэ къэхъужа! ЕтIуанэу къалъхужа! Апхуэдэхэр лIэщIыгъуитIкIэ мэпсэу, жи. Аращи, хъарып цIыкIум Анастасие фIыдощ...»

Атлы зэдэIуа хъыбарыр фIэгъэщIэгъуэну и щхьэр егъэкIэрахъуэ. ЗыкъэзыIэтыжа Анастасие Борисовнэ и нэр щоункIыфIыкI, и щхьэр мэкIэрахъуэри лъэныкъуэкIэ йощIэ. Атлы пхъуэуэ къиубыду шэнтым тримыгъэтIысхьамэ, ар джэлэну зэрыщытам шэч хэлъу къыщIэкIынтэкъым. И щхьэр къыфIэхуауэ здэщысым, къыщиудауэ зэщоджэ. Атлы ар псы ирегъафэ. Зыкъомрэ щыму щысщ. Атлы абдеж щытщ.

– Уи анэм бын... дапщэ... иIа? – ерагъыу къыдрешей абы. И нэпсыр нэкIущхьитIым псыхьэлыгъуэу къожэх. Ари илъэщIыркъым. И щхьэри зэрехьэхауэ щысщ.

– Хы... – къызэреупщIам къыдэуIэбжьащ Атлы. – Ди нэхъыжь дыдэр Жанбект. Зауэм щыщIидза япэ махуэ дыдэхэм къэрал гъунапкъэм щаукIащ. Абы къыкIэлъыкIуэр Жашырбект. УIэгъэу зауэм къикIыжри, илъэси дэмыкIыу абы илIыкIыжащ. ИтIанэ си шыпхъуитIыр. ИтIанэ Жэшау. Ар сэр нэхърэ нэхъыжьщ. НэхъыщIэ дыдэр сэращ, – зэкIэлъигъэпIащIэу псалъэрт Атлы. Апхуэдэу щIищIыр гукъэкIыжхэм къэрагъэблыжа гуауэм къыхишыжу Анастасие Борисовнэ цIыху сурэтым кърышэжыну арат.

Иджы Анастасие Борисовнэ макъкIэ магъ, ар щIихъумэнуи пылъкъым, и нэпсри илъэщIыркъым:

– Васерэ сэри быних диIащ... Мобы ... зауэ мыгъуэжьым къикIыжу... къэзыгъэзэжар зыщ... Ди етIуанэ щIалэращ... Ари и уIэгъэм... илIыкIыжащ...

Нанэри щIалэ цIыкIури щымщ. ИтIанэ Анастасие Борисовнэ зыгуэр къоджэ. ЗызэпилъэщIыхьыжурэ, щIокI ар. Атлы абы йожьэри щысщ. АрщхьэкIэ мобы къигъэзэжыркъым. Щымыхъужым, Атлы унэр тIэкIу зэлъыIуехыжри щIокI – къалэм кIуэну арат.

Анастасие Борисовнэ пщыхьэщхьэм хьэщIэщым къигъэзэжакъым. ЕтIуанэ махуэми къыкъуэкIакъым. Щэбэт пщэдджыжьым хьэщIэщым къокIуэ зымахуэ Анастасие Борисовнэ къеджэу щIэзыша лIыр. Абы физыжь гуэри и гъусэщ. «Мис узэрылэжьэнухэр, – жеIэри, пэгун, жыхапхъэ, хъыдан сыт хуэдэхэр фызыжьым ирегъэлъагъу. – Лэжьыгъэр уигу иримыхьрэ уIукIыжыну ухуежьэмэ, хъыбар сыгъащIи уи пIэкIэ нэгъуэщI зыгуэр къэтщтэнщ», – жиIэу щыIуигъэзыкIыжым, Атлы абы кIэлъожэри къегъэувыIэ.

– Умыгузавэ, щIалэ, Анастасие Борисовнэ лажьэ иIэкъым, – жэуап къет лIым, бэлътоку кърихауэ и нэгъуджэр илъэщIурэ. – Уэ ухэт езыр? Анастасие Борисовнэ Iуэху гуэркIэ ухуейуэ арат?

– Си цIэр Атлыщ. Сыстудентщ. Мэзкуу сыкъикIащ, зэкIэ мыбы сыщопсэу.

– ГурыIуэгъуэщ мис иджы. Анастасие Борисовнэ зи гугъу къысхуищIар уэращ, – жеIэри лIыр и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI. Сэлам кърихыу и Iэр къеший: – Сэ си цIэр Фарухыц. Си унэцIэр Габдуллинщ. НакIуэ, тIэкIу къэткIухьынщ. Ухуеймэ, Насте дежи дыIухьэнщ, – жиIэу лIым Атлы и Iэблэр къеубыдри ирешажьэ.

ЗэрыжиIэмкIэ, Фарухь Ленинград щыщт. И анэр ищIэжыртэкъым – езыр цIыкIуу анэншэу къэнат. Мы къалэм зы вакъапхъапIэ хуэдиз иIэ хъункъым абы имыцIыху – зи Iэпыдзлъэпыдз сатуущIым Iуэхутхьэбзащ Iэу кърихуэкIыурэ, и лъэр зытемыува къэнакъым. СатуущIыр езыр егъэлеяуэ зы гъумыщIэжь гуэрти, удэмыIэпыкъуу къызэфIэувэфынутэкъым, и ныбэр апхуэдизкIэ къелэлэхырти, и лъэгуажьэпэхэм тоуэ жыпIэнт. АрщхьэкIэ зы ныбэхуэфI гуэрти, и ефэн-ешхэныр щIигъачэртэкъым. Хъарчевнэ гуэрым щIэтIысхьэнти, Iэнэм пэрысу и Iуэхухэм я унафэхэр ищIынт. А унафэхэр гъэзэщIа хъун папщIэ, Фарухь махуэ псом кърихуэкIырт. ЩIалэ цIыкIум и адэр къэзакъхэм сэшхуэкIэ щаукIам, езым и ныбжьыр илъэс пщыкIухи ирикъуатэкъым. Демонстрацэм хэтахэр зэбграхужа нэужь, Фарухь и адэм и хьэдэр къигъуэтыжщ, езыхэр щыпсэу къалэбгъум деж къихьыжри щIильхьэжащ.

Ауэрэ революцэр къохъей. ЩIалэщIэр абы жыджэру хэтщ. А лъэхъэнэращ Фарухь цIыхугъэ щыхуэхъуар щIалэ жьэрэIурэ, гушыIэрей Васе–Василий Семенович. АитIур ныбжьэгъушхуэ зэхуохъу. Граждан зауэр иуха нэужь, зэгъусэу заводым щолажьэхэр. Ахэр зэгъунэгъууи псэухэрт. Хэку зауэшхуэм и зэман хьэлъэу Ленинград къапхъэным щиIыгъам унагъуитIыр зэхохьэжыпэри зэхэсхэу зэдопсэу – апхуэдэу нэхъ тыншт зым адрейм зыщIигъэкъуэн папщIэ. ИкIи нэхъ зэрыгъэхуабэхэрт.

– ГъащIэм си щIыфэм фэлъыр тIуащIэ диха пэтми, ар къызытегуплIэпауэ абы щIипIытIэр Анастасие Борисовнэт, – пещэ адэкIэ Фарухь. Абы къиIуэтэжа хъыбарымкIэщ Атлы къызэрищIар Анастасие и къекIуэкIыкIар. – ГъущIым дыкъыхащIыкIами ярейт ди щIэблэр. Армыхъу дэ хьэзабрэ гугъуехьу дгъэва къомым дауэ дыкъела? А псор къыщыдгурыIуар ди ныбжь нэса нэужьщ: ди къуэхэм я къэшэгъуэ, дипхъухэм я шэгъуэ хъуа нэужьщ. АрщхьэкIэ а хьэгъуэлIыгъуэхэри гуфIэгъуэншэт – зауэр къэхъейри... Ди щхьэ Iуэху зетхуэжыну хущIыхьэгъуи гукъыдэжи димыIэжу дыкъэнат. Революцэти, граждан зауэти, НЭП-ти, колхозти, фин зауэти жыпIэми, дэ ди нэгу щIэмыкIамрэ дымыгъэвамрэ укIуэдыж! Ауэ хьэзаб псом я леижт зауэм ди пщэм гъущI уэрдыхъур къыщидзауэ ныбэ гузэвэгъуэмрэ уаемрэ дыщагъэгуIэжа лъэхъэнэ бзаджэр. Ар зауэ IэнатIэм нэхърэ нэхъ хьэлъэт – зауэм уIутмэ, уи бийр е уэ хэбгъэщIэнщ, е уэ абы укъиукIынщ. Iэщэм я нэхъ шынагъуэр къэпщтауэ ущызэзауэкIэ, тIум языхэзыр хокIуадэ мыгъуэ. Ауэ хьэлъэ дыдэр сабийр, зи ныбжь хэкIуэтар шхын щхьэкIэ лIэуэ, щIыIэм ису плъагъунырщ. Ауэ щыхъукIи, апхуэдэм зыкIи удэмыIэпыкъуфу, уэ езым уи псэр пыхуу... – ахэр къэзыIуэтэж Фарухь абдеж зэщхь хъуар зи щхьэ хуэпсэлъэж, хуэтхьэусыхэж цIыхурат – абы щыгъупщэжа хуэдэт и гуауэр зыхуиIуатэ зэрыщIыгъур. Атлыи ар щхьэжэ ищIыртэкъым – абы ищIэрт бэгу зиIэр тIэхъуалэщи, гуауэ зиIэр псэлъалэщ зэрыжаIэр.

– АдрейхэмI фор IукIэ язу щымытами, Анастасие Борисовнэ ишэча бэлыхьым хуэдэм уи бий дыдэри пэIэщIэ ухъуи. Зым зыр и ужь иту щхьэкIуэ хъыбариплI къыIэрыхьат. И къуэ нэхъыжь дыдэ Иван, и нэхъыжьыщхьи, илъэс тIощIрэ хырэт къигъэщIар, ар зэрыс кхъухьыр щыщIрагъэлъэфам. ИтIанэ Василий, Виктор, Владимир сымэ хокIуадэ. И щIалэхэм яцыщу Семен къигъэзэжати, сыт ямыщIами, ажалым къахуегъэлакъым. НэхъыщIэ дыдэр Захарти, зауэм яфIэкIуэну сыт хуэдизрэ ныкъуэкъуа? И къуэшхэм

я хъыбар гуауэ зауэм къызэрикIыу дэжырти кIуэдырт – и къуэшхэм ялъ ищIэжын папщIэ яфIежьэну арат. Ауэ сабийр дэнэ бгъэкIуэнт? Мылицэм къаубыдырти къашэжырт. ИтIанэ, и адэм гъусэ хуащIри, заводым лэжьакIуэ ягъакIуэ. Армэм яшэ хъуну и ныбжь щынэсам, заводым къыIуагъэкIыжыркъым. Пэжыр жыпIэмэ, ари зауэм уIутыным нэхърэ зыцкIэ нэхъ тынштэкъым. Зауэр увыIэу илъэситI дэкIа нэужь, институтым щIотIысхьэри, ар хъарзынэу къеух. Фызи къешэ. А хьэгъуэлIыгъуэм и ужькIэ Василий Семенович зы мази псэужакъым.

Гъуэгуанэ къахуэнэжар зэракIуа сыхьэт никъуэм и кIуэцIкIэ Фарухьи Атлыи псалъэ къажьэдэкIыжакъым. Уэрамхэр зэпаупщIмэ, адэкIэ-мыдэкIэ ягъэшурэ, ахэр унэшхуэ гуэрым носри, етIуанэ къатым докIуей. Бжэм тоуIуэхэр. Iэуилъауи щыIэкъым. Фарухь бжэм жьэхоуэ, арщхьэкIэ IукIыркъым.

– Рабочэхэр къалъыхъуэну кIуагъэнхэщ.

– Сыт рабочэ? – егъэщIагъуэ Атлы.

– Мы фэтэрыр Насте къызэрыратрэ куэд щIакъым. Унэр жьы хъуащ. Фэтэрым нэхъапэкIэ зыгуэрхэр щIэсащ. Зэгъэпэщыжын хуейщ. Абы ещIэжын хуей жыхуэпIэм ущIэмыупщIэ... Дызэгъусэу рабочэхэр къэдгъуэтыну дызэгурыIуати... Къызэмыжьахэу аращ.

Унэм къыщIэкIыжахэм заплъыхь – зыхуейхэр къаIэщIэлъагъуэркъым. ИтIанэ жыг щIагъым щIэт тетIысхьэпIэ кIыхьым тотIысхьэхэр.

– Уэ дэнэ деж ущыпсэур, Фарухь?

– Си къуэмрэ сэрэ Гатчинэ дыщопсэу. ЩIалэм езым и унэ иIэщ. Ар гъущI гъуэгум щолажьэ. Унэр инщ, дэгъуэщ. Станцми пэгъунэгъущ: лъэсу укIуэми, дакъикъипщIым унос. Зэгъусэу упсэуныр нэхъыфIщ, – жеIэ. ПщIантIэм къыдыхьэжа Анастасие Борисовнэ къелъагъури, Фарухь къотэдж. ЦIыхубзым пожьэ. Арати, абдеж Атлы еупщIыфакъым Фарухь бын дапщэ иIэми.

– Аннэ Дмитриевнэ мыр узэригъусэр къищIэмэ, жиIэнур пщIэрэ, Насте? – ЩIалэ цIыкIум йоплъ Фарухь.

– Ауэй, зыхуей дыдэр жрыреIэ. ЛIо, зы сыхьэтыпи сригъусэну сыхуимыту ара-тIэ мыбы? – Анастасие Борисовнэ и Iэр ещI. – Атлы, си щIалэ цIыкIу, сыту фIыт уэри укъызэрыкIуар! Упсэуащэрэт уэ! – Анастасие Борисовнэ дуней гуфIэгъуэр иIэщ. Атлы егъэщIагъуэ: тхьэусыхэу, гъуэгыу хьэщIэщым щилъэгъуа фызыжь бгыухуэрауэ пщIэжынкъым иджыпсту абы и папщхьэм къит цIыхубзыр – ар захуэу зэфIэтщ, нэхъ щIалафи къытеуэжащ. – Мыр си къуэрылъху цIыкIущ. Димэщ и цIэр. ФызэрыцIыху.

Зи ныбжьыр илъэситхум итын щIалэ щхьэцыгъуэ, нагъуэ цIыкIум лIышхуафэ зытригъауэу къабгъэдохьэ ахэм. Сэлам къарихыу, тIуми я Iэр къеубыд.

– ФынакIуэ, щIалэфIхэ, си хэщIапIэм феплъ, – жеIэри Анастасие Борисовнэ Димэ и Iэпэр еубыд. Йожьэхэри дэкIуеипIэмкIэ драгъэзей.

«Фэтэр Iей хуэдэтэкъым, ауэ фIыуэ къызэгъэпэщыжын хуейщ», – игукIэ жиIэу Атлы зэпеплъыхь зыщIыхьа фэтэрыр.

– Ущыпсэу хъунущ. ЗыгъэпскIыпIэр щхьэхуэу хэтщ. ПщэфIапIэр инышхуэщ. Балкони иIэщ, – жеIэ Фарухь.

ХьэщIэхэр балконым тохьэ.

– Нанэ, унэлъащIэ лъэпкъ щIэткъыми, – жиIэу Димэ фэтэр нэщIыр зэпеплъыхь. – Ди деж унэкIуэным и пэкIэ дауэ мыбы узэрыщыпсэуар? Унэ лъэгум уилъа? И, зо?

Анастасие Борисовнэ укIытауэ и хьэщIитIым йоплъ.

– Сэ... Сэ... Мыбы сыкъэIэпхъуа щIыкIэкъым, си щIалэ цIыкIу. Мы унэм пэмыжыжьэу зыщIыпIэ сыщыпсэуащ...

– НтIэ ди гъусэу щхьэ умыпсэурэ? МащIэрэ сыкъожьа сэ? ИтIани ди

деж унакIуэркъым. Иджы унэкIуэну-тIэ, нанэ? КхъыIэ, накIуэ! Сэ сыт хуэдэу сигу укъэкIрэ!..

– Хъунщ, тIасэ. Уэ цIыкIур дяпэкIэ нанэ и гъусэу упсэунущ. Зыхуумыгъэгусэ уи нанэ. Абы псом нэхърэ нэхъыфIу илъагъур уэращ. Пэжкъэ, Насте? – Фарухь и ныбжьэгъум къыщхьэщож. ЩIалэ цIыкIум и щхьэфэм Iэ делъэ. Зи щхьэр къыфIэхуауэ унэкум ит нанэр фIэгуэныхь мэхъу. – Раузэ дэнэ кIуа? Унэр зэзыгъэпэщыжынухэмрэ фэрэ фызэгурымыIуауэ ара? Абырэ сэрэ ди хъыджэбзым и деж дыкIуэну дызэпсэлъауэ щытати...

– Сэ жаIэр естыну арэзы сыхъуат. Ауэ Раузэ къысхуидакъым, – жеIэри ерагъыу къыдрешей Анастасие Борисовнэ. – ЗэрыжиIэмкIэ, Раузэ рабочэ гуэрхэр ецIыху. Абыхэм епсалъэу ягурыIуэну кIуащ, – нанэм и гур тIэкIу мэпыIэж. И нэгуми лъы нэхъ къыщIолъэдэж. – Раузэ и къэкIуэжыгъуи нэсащ. Абы дыпэплъэурэ, Димэ сэрэ къэткIухьу арат...

– Фэтэрыр щызэвгъэпэщыжкIэ ефхьэлIэну псори фиIэ? – щIоупщIэ Атлы.

– Хьэуэ, си щIалэ цIыкIу – зыри диIэкъым. ЗытетщIыхьар рабочэхэм псори къыздашэнщ жытIэу арат, армыхъу дэ дэнэ къитхын мыгъуэ? КъэсщэхунIауэ сыхунэсакъым.

– Зыхуеиныщхуи щыIэкъым. Лэч банкIитI-щы, сэху пэгун, пэгунитI, цемент тIэкIу. Къэдгъуэтынщ псори, – жеIэ Фарухь.

– АтIэ, фызыхуеинухэр къэвгъуэт. АдэкIэ псори сэ си Iуэхужщ, – къопсалъэ Атлы. – ЩIалэ зытхух гъусэ сощI, сыкъокIуэри – жиIэу ар Фарухь и дежкIэ йоплъэкI. Ауэ Фарухь зэплъыр Димэт.

– Мыбдежщ нэхъ нэху дыдэри, нанэ и гъуэлъыпIэр догъэув. Сэ мис мыбдеж си гъуэлъыпIэщ. Си кхъухьышхуэри кхъухь цIыкIухэри мыбдеж щызэхэтынщ, мыбдеж си машинэр... – щIалэ цIыкIум псори зэрегъэзахуэ. Абы хэту Раузэ къыщIолъэдэж. И блэгущIэм щIэлъ сумкэр къыщIепхъуэт, ауэ щигъэтIылъын щимылъагъум, ар аргуэру и блэгущIэм щIелъхьэж. АпхуэдизкIэ къэгубжьащ, и нэм къыщхьэрипхъуащи, Атлы пэшым зэрыщIэтым гу лъимытэххэу кърегъажьэ:

– Дызэрефэн, тшхын къэвгъэхьэзыр. Май махуэшхуэм и дауэдапщэхэр зэфIэкIмэ, дынэкIуэнщ, жаIэ! Хуеяхэтэкъэ напэншэхэр?! – къэгубжьауэ мэкIий Раузэ. – Гузэвэгъуэм ирихулIа цIыхухэм я фэр ирах: уаситI къытрауд. Ди деж къыщыкIуэнухэр зыпэрыт IэнатIэр яуха нэужьщ... Я щхьэхэр ящIыжын папщIэ захуэдгъэхьэзырын хуейщ! Ар ямылъагъуу уз яулъагъу, зинэкIэ къалъхуа бзаджэнаджэ гуп!..

– Я щхьэ зэрыхьщ, Раузэ. Ахэр къытхэмытуи, зыгуэрурэ дыкъикIынщ, – жеIэ Фарухь. – Мы щIалэм жэрдэм хъарзынэ къыхилъхьащ: щIалэ гуп щIыгъуу къэкIуэнурэ... Аракъэ, Атлы?

– Упсэу, си щIалэ! – жеIэри Раузэ Iэ лъэщкIэ къекъуз Атлы и Iэр. – Уэ ущIалэ дыдэ цIыкIущ. Ди анэкIэ укъызэджэми, содэ. Дауэщ жыпIа, тIасэ, зэрыфщIыну фи гугъэр?

Атлы и мурадыр къыжеIэ.

– Узахуэщ, си щIалэ цIыкIу. Си псэр зышхын, гъащIэ кIыхь Алыхьым уищIи!

Атлырэ и ныбжьэгъухэмрэ етIуанэ махуэм къыщыкIуахэм, ахэр зыхуеину псори къагъэхьэзырат бысымхэм. Хъыджэбз цIыкIухэм блынхэм зрат, щIалэхэм нэхъ лэжьыгъэ хьэлъэхэр ящIэ. Фарухьщи, Димэ зыдигъэIэпыкъуурэ, балконыбжэр, щхьэгъубжэр ялэ. Анастасие Борисовнэ щIыхьэхушхыным и ужь итыну ягъакIуэ.

Атлырэ зы щIалэрэ етIуанэ махуэм къокIуэри унэ лъэгум етIуанэу лэч щахуэж. Арати, Май махуэшхуэм ирихьэлIэу фэтэрыр зэщIэлыдэжу хьэзыр мэхъу.

Майм и 1-м и саулыкъукIэ екIуэкIа демонстрацэр зэфIэкIащ. Мэзкуу

къикIа студентхэм Ленинград и уэрамхэм зыкъомрэ къыщакIухьащ, сурэтхэр зытрагъэхащ. ИтIанэ загъэпскIыну Петергоф кIуахэщ.

– Ей лIыхъужьхэ! Псы щIыIэм зыхэвдзэн фышынэу ара? – Атлы псынщIэу зетIэщIри псым хопкIэ. ЗыщIигъэмбрыуати, и щхьэр къыхегъэжыжри, – фыкъаплъэт мыдэ Кавказым и бдзэжьей къуэлэнхэр псым зэрыщесым! – жиIэу аргуэру зыщIегъэмбрыуэж.

Сыхьэтыр плIыхэм деж щIалэгъуалэм кхъухькIэ Ленинград къагъэзэж. Атлы и ныбжьэгъухэм защимыгъэнщIу йоплъ. Нэщхъей къохъу: игури и псэри зыкIэрысыхьа мо щIалэ телъыджэхэр, щхьэж и унэ бжэн лъакъуэу, зэбгрыкIыжынурэ ежьэжынухэщ. Ахэр имылъагъужу дауэ иджы абы зэрыхуэшэчынур? Сыту зэманыфI зэдагъэкIуа абыхэм?! МащIэ яIэми, куэд яIэми зэдашхыу. ЗэрыжаIэу, хэт цIэ дапщэ хэсми ящIэу, я щэхукIи я нахуэкIи зэрыщIэхэу... Ауэ сыт пщIэн? ЩIэдзапIэ зиIэм кIэух иIэщ.

Кхъухьым къикIыжахэ нэужь, Атлы и гъусэхэм зэкIэ сэлам ярехыжри, езыр Анастасие Борисовнэ и деж лъагъунлъагъу макIуэ. Бжэм теуIуэмэ, къыпежьэIакъым. Аргуэру тоуIуэ – зэрыIэуэлъауэншэщ. Бжэр Iуихрэ щIыхьэмэ, пэшым щIэсIакъым. ПщэфIапIэмкIэ щIоплъэри, Анастасие Борисовнэ, и щхьэр щхьэгъубжэ дакъэм тегъэщIауэ, хоплъэри щысщ. Гур мыплъэмэ, нэм илъагъуркъым жыхуаIэраци, радиом едаIуэу щысым къыщIыхьами гу къылъитэркъым.

– Дауэ ущыт, Анастасие Борисовнэ? ЛIо, уи закъуэ хуэди? – щIалэр нанэм бгъэдохьэ. Мор, къыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуурэ, къоплъэкI, къыбгъэдыхьар къилъагъуу хуумыгъэфэщэну, езым и нэр зыгуэрым теплъызащ, и жьэр зэщIихыу псалъи жиIэркъым. Атлы шэнт къещтэри нанэм бгъэдотIысхьэ.

– Анастасие Борисовнэ, уигу къыдэмыжу ара?

– Мы ер зи унэм ихьахэм дызрагъэдаIуэм уеплъыркъэ! – нанэм и гур къозауэ икIи къэгубжьащ. – Абыхэм ящIэ телъыджэм еплъи тIысыж! ЩIапIэкIуэдыр зыхуэкIуэн Паулюсыр Сталинград деж гъэр къыщащIауэ, итIанэ ар ди лъэныкъуэ къэхъуауэ, дэ къыдгуэт Германым щыпсэууэ жаIати... Иджыри къэс яхуэмыгъэIэсауэ, дэри шыпсэ дыщIагъэдэIуауэ къыщIокI...

Абдеж Атлы и дыхьэшхын къокIуэ. ИтIанэ нанэр фIэгуэныхь мэхъу.

– А зи гугъу ящIу зэхэпхыр нэмыцэ Паулюсыракъым, Анастасие Борисовнэ. Ар Пауэрсщ. Америкэм щыщ летчикщ. Ди къэрал гъунапкъэм щэхуу къихьауэ Свердловск деж къыщраудыхащ, – жиIэу нанэм и Iэ зэлъахэм щабэу йоIусэ. А гуапагъэм псэ къыхилъхьэжу къэщIэрэщIэжа пфIэщIыну, нанэм и нэгум лъы къыщIолъэдэж. ЩIалэм къыжриIахэм егупсысурэ:

– Сыт мыгъуэ цIыхухэр щIызэрымыгъэтыншыр? – жиIэу хьэлъэу мэщатэ.

Атлы нанэм хуеIуатэ Пауэрс теухуауэ радиокIэ къату зэхихахэри, газетхэм къриджыкIахэри. ИкIи игукIэ зыщотхъуж: сыту фIыт нетIэ нанэм зэрыщымыдыхьэшхар. Зауэр зэриухрэ, Анастасие Борисовнэ зи гугъу ищIа Паулюсыр гъэрыпIэм зэрихуэрэ илъэс тIощIым нэс дэкIа пэтми, нанэр иджыри а зауэм хэтщ. ИлъэсищэкIэ псэунуи дощIри, абы и дежкIэ а зауэр иухыну къыщIэкIынкъым – и щхьэгъусэри, и къуэхэри абы хэкIуэдащ. Ауэ щыхъукIэ, апхуэдиз гуауэр къыхуэзыхьа зауэм абы и дежкIэ кIэ иIэкъым.

Атлы и хъыбарыр иухыртэкъым. Ауэ щIалэм къыгуроIуэ: нанэм сэри, абы хуэсIуатэхэри дриIуэхукъым икIи къызэдаIуэркъым. Арати, и псалъэр печ.

– Иджыпсту, си щIалэ цIыкIу, уэрэ сэрэ тщIэнури? Шей дефэнщ! – и ныбжьым хуумыгъэфэщэну, псынщIэу къыщолъэт, Iэуэлъауэу щIедзэ. – Сэ сщIэр пщIэрэ? ЗыщIыпIэ сыщыIауэ къызэрызгъэзэжу самоварыр къызогъэув. Шейр къызогъахъуэри, ди дейхэм сабгъэдэсу, абыхэм садэуэршэру сыщысу къызыфIызогъэщIри, си гуауэр тIэкIу сщхьэщокIуэт. Мис иджы, уэ укъэкIуащи, си щIалэхэм ящыщ гуэр шей къыздефэ сфIэщIу... Алыхьым уигъэгуфIи – сыбгъэгуфIащ... Уи унэ ущIэсу зылъытэж, умыукIытэ, тIасэ... Сэ хэт мыгъуи къыскIэлъыкIуэжрэ?.. Фарухь игу урихьащ, къыпщытхъуащ.

Абы си гугъуи къыпхуищIагъэнщ, – и жьэри и Iэри мыувыIэурэ, нанэм Iэнэр къегъэув. Тхьэм и шыкурщ – цIыху сурэтым къихьэжащ.

– Щэбэт махуэ къэскIэ кхъэм сокIуэ – лъагъунлъагъу. Абыхэм Iэджэрэ садоуэршэр. СыкъокIуэжри шей садофэ. Нобэ радиом къитхэм седэIуа нэужь, си Васе цIыкIу сыдэуэршэращ: ар дауэ? Паулюс гъэр къащIауэ, ар ди лъэныкъуэ къэхъуауэ жаIэу къекIуэкIыурэ, иджы къэхъужар сыт? Кхъэм сыкъикIыжри щхьэхуэпсалъэ сыхъуауэ сыщысщ. Уи фIэщ хъункъым, си щIалэ цIыкIу, уэ сыббгъэдэсу сыкъэплъагъу щхьэкIэ, сэ иджыпсту си Ванюшэ и деж сыкIуэу гъуэгу сытетщ. А си къуэ нэхъыжь Иван щаукIар дэнэми пщIэрэ? Тенджыз ФIыцIэращ. АтIэ, мис а си къуэ нэхъыжьым и деж сыщыIэу арат иджыпсту. Ванюшэ сыщIыгъури сыкъэкIуэжауэ, кхъэм сыдэту адрейхэм срагъусэу арати... Арат Iэуэлъауи щIызэхэзмыхар. Кхъэм сыт щызэхэпхынт?.. Мис иджы – уэ укъэкIуащи, псэлъэгъу, уэршэрэгъу сиIэщ. Тхьэм уигъэпсэу, си щIалэ цIыкIу, – зи щхьэр зи лажьэ мо нанэр ищIэми щIищIэми егупсысыркъым. Абы зэхихи хуэдэкъым самовар къэкъуалъэм и макъыр. Сытми, жьым кърихьэкIым ещхьу, макIуэри самоварыр егъэункIыфI.

– Си щIалэ мыгъуэхэм бзаджагъи къэгъэпцIэкIи ящIэртэкъым. Я нэхъыжьыр Васети, ар апхуэдизкIэ цIыху хьэлэлти, и джанэр зыщихыу къуитын жыхуэпIэр зырикIт. Мыдрей нэхъыщIэхэри абы дэплъейрти, я Iыхьэр уагъэшхынут. Псори я анэ къилъхуам хуэдэу ялъагъурт.

Хьэрэмыгъэ, пцIы упсын жыхуэпIэр ялъагъу хъуртэкъым. Арауи къыщIэкIынщ си Захар зытекIуэдэжар. ЦIыхубз псор зэхуэдэ мыгъуэ-тIэ? Хэти и щхьэгъусэм тегужьеикIауэ и дунейр ехь. Хэти и лIыр гъуэгу жыжьэ техьэу щежьа махуэр и IутIыжщ – цIыхубз щхьэхуещэхэр, зи бостеикIэр зыщымызагъэхэр куэд хуей? ЛIыр ящхьэщыкIамэ, жэталэу хохьэж. Си Захар цIыкIу мыгъуэри гъуэгуанэ жыжьэ техьэрейт – и лэжьыгъэ IуэхукIэ. Iэджэрэ къэтауэ къигъэзэжа? Абы пежьэну иIэр сэ зырат. ДызэIущIэрт. Гуапэу IэплIэ, ба зэхуэтщIырт. Мобы зиплъыхь мыгъуэрт – и щхьэгъусэр къилъыхьуэу арат. АрщхьэкIэ – къыпемыжьар дэнэ къипхынт?.. Сэ си жагъуэ хъууэ зыкIи зыкъезгъащIэртэкъым – уи быным хуумышэчын щыIэ? ЩIалэр институтым кIуэрт – и фызым и деж. Сэ си щхьэр фIэлэлу сыкъэкIуэжт. Сэ къыспэплъэ си ныбжьэгъухэр къызэрехьэжьэрт – я гугъэт си къуэри си нысэри си гъусэу сыкъэкIуэжауэ. АрщхьэкIэ къэкIуэжар си закъуэ мыгъуэти, зыкъызамыгъэщIэну я гугъэми, я жагъуэ зэрыхъуар я фэм къиIуатэрт... Пэжщ, тIэкIу дэкIами, си Захар цIыкIу, и фызри щIыгъуу, къакIуэрт си деж. Ар сэркIэ гуфIэгъуэшхуэт. Абы тхьэлъэIушхуи есщIэкIырти, нэху щыху ефэ-ешхэу, къафэхэу, уэрэд жаIэу зэхэст. Ауэ, ухуеймэ, уи гур къихи уи Iэгум илъу хуэший – си нысэм зикI сыкъилъагъу хъуртэкъым. Ар къызыхэкIри сщIэртэкъым. Дэ дызэхуэфIын щхьэкIэ Раузэ лъэкI къигъанэртэкъым: е езыр къакIуэрти къытхуэхьэщIэрт, е дэ дригъэблагъэрти зыкъыттриукIэжырт. АрщхьэкIэ си нысэ инатым и дзэлыфэ итIыртэкъым – и адэр зыукIар сэра нэхъей, и нэгу сыщIигъэплъыртэкъым. Сэ хуэспщэфIар зыIуилъхьэртэкъым – езыр пщафIэрти шхэжырт. Ауэ сэ псори сшэч мыгъуэрт – быным, абы и быным я хьэтыркIэ. Сыт пщIэнт-тIэ? Алыхьым къыптрилъхьар шэчын хуейт. Ауэ схуэмыхьар сыт? Си Димэ цIыкIу сэ стрихыу и анэм и деж щишаращ. А гуауэм сыкъелыну си гугъакъым. Къыздигъуа уи гугъэр сыт? Ар, нобэрей зэманым дэхъун хуэдэу, уэ пхуэпIынукъым, пхуэгъэсэнукъым, жи. Си анэр, жи, зэманым докIу. Абы щIыгъумэ, си къуэр тэмэму къэхъунущ. Сыт сщIэн мыгъуэт? Ари дэзгъэхуащ си гум. Быныр къэзылъхуахэм зэдапIыжмэ нэхъыфIщ жысIэри, езыхэр къыщIэзнэу, сэ фэтэрым сыкъыщIэкIыну мурад сощI. А сигу илъыр Захар хуэсIуэта щхьэкIэ, сызэхихаи-сызэхимыхаи – жэуап лъэпкъ къыпысхыркъым. Абы иужькIэ уигу фIы щыщIэнт? Си лъэр щIощIэ. Блэ зэраукIа мо угъурсызри щытщи, пхуэфащэр къыпщыщIа жыхуиIэу, и

дзэлыфэр къысхуетI. Алыхьым гущIэгъу къытхуищIри, абы щыгъуэ Димэ цIыкIу сабий дыдэт – дэ дызыхэт псалъэмакъ мыфэмыцхэр къыгурыIуэртэкъым. Армыхъу а псор абы къыгурыIуэу щытамэ, игъащIэкIэ игу къыдэмыжыжыну, сабийр гуфIэгъуэншэу къэдгъэнауэ арат. Захар тхьэмыщкIэри шэми шхуми ес. КъысIумыплъэфрэ и щхьэр ехьэхауэ щIокIри... Сэри си лъэр щIэнауэ сыщытщ. А махуэм фIэкI, игъащIэм къэмыхъуауэ, сыкIэлъыщIэкIыуи кхъухь тедзапIэм нэс сыдэкIуэтатэкъым. АрщхьэкIэ быным уимыгъэщIэн щыIэ? ЗысхуэмыIыгъыу сыщIожри, кхъухь тедзапIэм сожэ. СыкъыкIэрыхуами, кхъухьым итIысхьа Захар Iэ хузощI. Си нысэри абдеж щыслъагъуркъым. Сыт сщIэн мыгъуэт? Си нэпсым къызэпижыхьауэ, гукъыдэж лъэпкъ симыIэу къызогъэзэжри, си щхьэр схуэмыIэту сыкъокIуэж...

Дунейр сфIэмыIэфIыжу абы и ужькIэ махуищкIэ къэскIухьащ. Ауэ псэун хуейтэкъэ? ЛэжьапIэ, псэупIэ къэслъыхъуэу щIызодзэ. Сешащи, си лъэм сызэрахьэжыркъым, ауэ си щхьэр къесхьэкIыу къыздэскIухьым, ди унэм сыкъэблэгъэжауэ, сыплъэмэ, солъагъу: цIыхухъурэ цIыхубзрэ зызэрашэкIауэ ба зэхуащIри щытщ. Си нэр щхьэи яхуэза мыгъуэт абыхэм? Слъагъур си фIэщ мыхъуу, си пIэм сижыхьащ. Мобыхэми гу къыслъатащ, дауи, ахэри къэщтагъэнщ. ЦIыхубзыр хэт уи гугъэнт? Си нысэ дотэрат! ЦIыхухъури Захар и ныбжьэгъу нэхъыфI дыдэу ибж Николайт. Сэ моитIум сопль, езыхэр сэ къызоплъ. ИтIанэ зрачри, лъэныкъуэ зрагъэзыж.

Сэ фи хьэщIэщым соув. Илъэс псокIэ сыщыпсэуащ дэкIуеипIэ щIагъым хьэщ хуэдэу иIэ къуэдзапIэ тIэкIум. Лэжьыгъэм сыхьэтыпэ сыкъыдэхуамэ, уэфI, уей, уэшх, уэс жызмыIэу сабий садым сыжэрт – Димэ цIыкIу сымылъагъуу схуэшэчыртэкъым. А цIыкIум сэ зэуэ фIыуэ сыкъилъагъуэрти!.. Сэри си псэм хэлъми хэзмыхыным хуэдизт. ЖыпIэнурамэ, абы щхьэкIэ зызгъэлIэфынт. Ауэ Iуэхушхуэр, сызыщышынэр лIот? Си нысэ джаурым сыкъилъагъумэ, сэри сабийми фIы щIыдигъэхынутэкъым. Арат нэхъыбэм абы сыхукъуэплъу, езы цIыкIум зыкъезмыгъэлъагъуу сыкъыщIэкIуэжыр. КъимыдэкIэ, сыткIэ сыхуейт сыкъимыутIыпщыжу сабийр згъагъыну?

Захаррэ и фыз дотэмрэ сыкъалъыхъуэу сакъыхуэмыгъуэтами сщIэркъым. Ауэ сэ абыхэм я Iуэху зесхуэжакъым. Си нэр къызыхуикIыр Димэ цIыкIут – ар зэскъузылIэу, ба хуэсщIу сIыгъын папщIэ дуней фIыгъуэр уэстыфынут. Махуэм къриубыдэу а цIыкIум и деж щэ, плIэ сыщыкIуэ къэхъурт. ИужькIэ сымаджэрилэ сохъу. Си хьэщым щIыIэ щысхыхьа е дахэ-дахэу сызэрызыкIэлъымыплъыжым къыхэкIа? Пыхусыхуми, щIыIэ узми, плъыржьэрми сагъакIуэртэкъым. Ауэ Димэ и деж кIуэнри щызгъэтыртэкъым – абы сыIумыплъэу схуэшэчынутэкъым. Бэлыхь сыщыхэхуар сабийр садым къамышэж хъуа нэужьщ. Къэхъуар сыт? Сымаджэ хъуа? Зыгуэр къыщыщIа? Сэ а гъэм си фэм дэкIам си бий дыдэри Тхьэм щихъумэ, – Анастасие Борисовнэ и Iэр ещI.

– Сабий садым и гупэм зы жыгыжь итщи, сэр нэхърэ нэхъыжьу къыщIэкIынщ. ИлъэситI хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, а жыг щIагъым сыщIэсащ – сабийхэр къыщIашыным сыпэплъэу. Зыгуэр къызэрызбгъэдыхьэр IупщIу, лъэ макъ зэхызох. Къоcри сэлам къызех. Макъыр щабэщ, гурыхьщ. СыкъеплъэкIынущи, хъуркъым – зыкъысхуэIэтыркъым. Мобы си Iэблэр къеубыдри, сыкъегъэтэдж. Сеплъмэ, си Захар и щыкъу анэращ. Фызыжь дахэщ. И щхьэр къысхуещI. Бэлътоку къабзэ дыдэкIэ и Iэпхъуамбэ цIыкIухэр елъэщI. Фэуэ тетщ – сэ зыгуэр къызжиIэну хуейщ: и Iупэхэр мэпIэжьажьэ. НокIукI-къокI. ИтIанэ жеIэ:

– ПщэдеймыщкIэ Светэ лIы докIуэ... Абы и Iуэху зыIутыр къыбгурыIуэн хуейщ. Зыми шэч къытрихьэркъым – Захар щIалэ хъарзынэщ... Дауэ иджы ар къызэрыбгурызгъэIуэнур?.. Уэрщи, игъащIэм сигу уэбгъакъым... Ауэ, сыт пщIэн, Светэрэ Захаррэ я акъыл зэтехуэркъым... Ежьэурэ ар куэдрэ къызэрытыр-щэ?.. Сережэрэ Светэрэ нэхъ зэрызэхуэфащэм пцIы хэлъкъым – я

хьэл-щэнкIи, я дуней тетыкIэкIи... Сыти жыIи, зэгъусэхэщ. Зы еджапIэ щызэдолажьэхэр...

НэгъуэщI зыгуэрхэр жиIами сщIэжыркъым. Абдеж сэ сызэгупсысыр си Димэ цIыкIути, фызым жиIэ псор си тхьэкIумэм къихьэртэкъым... Си хьэщым сокIуэж. IэлъэщI зытызолъхьэри, Василий и деж сыкIуэну сожьэ. Си бгыр иубыдыхукIэ кхъэм сыдос. СыкъыщыкIуэжам пшапэр зэхэуакIэт. Си нысэм и IеицIэ жысIэнуи сыхуейтэкъым. Си Захар къыхыфIидзэу щежьэжакIэ, хузиIуэхур сыт? СэркIэ тIури зыкъэ, ар мо Николайм дэкIуэми, мыдрей Сергейм ишэми. И анэм жиIэри плъагъуркъэ?.. Ахэр хуэкъулейуэ мэпсэу. Ахъшэм и бэлыхь хэтхэкъым. Зи сом кIапэ зэтемыхуэхэм, ахъшэ щIыхуэ къэзыщтэхэм ящыщкъым. Iэбэмэ къащтэн щаIэкIэ, я фызышэ хьэгъуэлIыгъуэри дэкIагъэнщ. Захари Тхьэм жыхуиIам хуэзэнщ, фызыншэу къэнэнкъым. Димэ цIыкIу сэ къызатыжу дызэдагъэпсэуамэ, нэгъуэщI сыхуейтэкъым.

Нэхъ иужькIэ наIуэ къызэрыхъуамкIэ, Анастасие Борисовнэ Димэ щхьэкIэ хьэзаб трагъэлъакъым – Светлани Захар и щыкъу анэу щытами я арэзыныгъэ хэлъу, щIалэ цIыкIур и анэшхуэм кърагыж.

Мэзкуу кIуэжыну щежьэжыну махуэм и пэ къихуэу, Атлы щIохьэ Анастасие Борисовнэ и деж – нанэмрэ сабиймрэ Хьэсэней иригъэблэгъэну арат.

Абы лъандэрэ илъэс щэщI дэкIащ. Сыту псынщIащэу блэлъэтрэ-тIэ зэманыр!

Пшапэр зэхэуэу хуожьэ. Димэрэ Атлырэ иджыри къэкIуэжакъым. ДяпэкIэ удэзгъэкIмэ плъагъунщ, чыцI лъакъуэ Iей, игукIэ мэшхыдэ нанэр. Софят хуеплъэкIмэ, и ныбжьэгъур бгъуэтмэ, къащтэ. Насте жейуэ къыщыхъури, и Iуэху Iыхьэ ищIэну ежьэжат. Ари Iэджэ зи фэм дэкIа пэтми, Iуэхуншэу зы дакъикъэ пхущысынукъым.

ПсыкIэху щыкIуэхэкIэ, къыщыкIуэжхэкIэ Софят и къекIуэкIыкIам теухуа хъыбар нэщхъеягъуэхэр и ныбжьэгъум щыхуиIуатэ щыIэт. Зауэр, ахэр япхъуатэу хэкум зэрырашауэ щытар, гъаблэ гъэхэр... ЖыпIэн мащIэт? Зауэм къыIукIыжа и къуэр лъахэм кърамыгъэхьэжу Курыт Азием зэрагъэкIуар, ар езым и IэплIэм зэрилIыхьар, и щхьэгъусэ Алий и хьэдэр хамэщIым зэрыщыщIалъхьар... А гуауэ псоми къелащ-тIэ ар. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, тхьэусыхэрейкъым...

– Нанэ, дыкъэкIуэжащ! – дунейр икъутэу къыдолъэдэж Димэ. Абы и ужь иту къыдохьэж Атлыи.

– Нанэ! Мы щынэ дахэ цIыкIур плъагъурэ? Ар Атлы и ныбжьэгъу мэлыхъуэ гуэрым къызитащ! Мыбы зэрызищIым къеплъыт!

Жьыбгъэ гуакIуэ къыкъуэуам жыг щхьэкIэ баринэхэр щIегъэхъае. А жьы щIыIэтыIэр Анастасие Борисовнэ и нэкIущхьэми гуапэу къытолъэщIыхь. Нанэм и Iэр щынэ дахэ цIыкIум делъэ. Ар щогуфIыкI нэщхъыфIэу къыхудэплъей щынэ угъурлы цIыкIум. КъыпфIощI а псоми гъащIэр щIэращIэ дэхъу.



# Зи ІэщІагъэхэр екІуу зыгъэзащІэ

Адыгэ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІахэм ящыщ зыщ 1939 гъэм Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуа Апажэ Ахьмэд: ар усакІуэщ, тхакІуэщ, и усыгъэхэм, прозэ тхыгъэхэм къадэкІуэу, зы едзыгъэу зэхэлъ пьесэу абы и къалэмыпэм къыщІэкІахэм къыхэтхахэри ди журналым къытехуащ.

Макъыфl зиlэ адыгэ щlалэр хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиомрэ телевиденэмрэ я уэрэджыlаклуэ гупми. Ар щылэжьащ КъБР-м Щэнхабзэмклэ и министерствэми. Илъэс зыбжанэ лъандэрэ Щхьэлыкъуэ курыт школым щыегъэджакIуэщ.

Ахьмэд пасэу тхэным гу хуищIащ. Къуажэ школ нэужьым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къэзыуха Апажэр фIыуэ щыгъуазэщ дунейпсо художественнэ литературэм и фIыпIэхэм. Iеймрэ фIымрэ зэрызэхигъэкIыфын щIэныгъэрэ Iэзагъэрэ зыбгъэдэлъ Ахьмэд и тхыгъэ нэхъыфIхэм яхыболъагъуэ ар тхакIуэ IэщIагъэм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр. Абы щыхьэт тохъуэ Апажэм и IэдакъэщIэкIыу газетхэмрэ журналхэмрэ щIэх-щIэхыурэ къытрадзэ тхыгъэхэр. И прозэ тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъри («Зыпэмыплъа лъагъуныгъэ») гурыхь ящыхъури, критикхэми щIэджыкIакIуэми псалъэ гуапэхэр хужаIащ.

Апажэм и творческэ лэжьыгъэр гулъытэншэу къызэрымынэм, и тхыгъэхэм хуэфащэ пщIэ зэрагъуэтым и щыхьэтщ «Къэбэрдей усэм и антологие» тхылъышхуэу нэгъабэ къыдэкIам абы и усэхэм щыщхэри зэрытрадзар.

Зы ныбжьыр илъэс блыщI ирикъуа ди ныбжьэгъуфI Апажэ Ахьмэд дохъуэхъу узыншагъэ быдэрэ ехъулIэныгъэфIрэ иIэу дяпэкIи куэдрэ тхуэлэжьэну.

◈ ◈ ◈

АПАЖЭ Ахьмэд

## СИ САБИИГЪУЭМ ЩЫIЭФIЫГЪУЭМ

**Си сабиигъуэм щиIэфIыгъуэу**
**Сэ псори щызищIэщыгъуэм,**
**Сэхураныщхьэ гъэгъауэ**
**Слъагъуху ар дыгъэм езгъэщхьырт,**
**СылъэмыIэсу, лъапэпцIийуэ,**
**Къесшэхти стелъу гугъуехьыр,**
**Сыдихьэхауэ и дахагъым**
**Дэслъэу си Iэпэхэр и напэм,**
**СIыгъырт зыкъомрэ седэхащIэуи,**
**ПысщIыкIмэ, жысIэу сыхуэсакъыу**
**ЩызутIыпщыжкIэ сыпIейтейуэ,**
**Сэ сышэсыжырти си чышым,**
**Сихъу-силъу, си джэгуэгъу цIыкIухэм**
**Сакъытежыну сыхуейуэ,**
**Сахэлъэдэжырт сылъейуэ!**
**Мо махуэ кIыхьу хуабэвэхым,**
**Жьэражьэу дыгъэр щхьэгум щитым,**
**Дунейр тIэу пкIэгъуэ къысщымыхъуу,**
**Хьэ джэгур сщIырэ си гур хэхъуэу,**
**Теспхъуэту си лъэр къэплъа пшахъуэм,**
**Сыдэтт сэ фIыщэу слъагъу ди псыхъуэм.**

## ГЪАЩIЭ

**Зи щэхухэр зыми къыхуэмыщIэу**
**Дэ псоми ди судыщIэу, гъащIэ,**
**СщIэркъым сэ щыIэу уэ нэхъ гуащIэ,**
**СыщогупсыскIэ, сохъу гумащIэ.**
**Узэрыгугъум сигъэщтауэ**
**Сытхьэусыхэркъым, зэгъащIэ,**
**Е сыбгъэфIащэу сыщыкIауэ**
**Сыхъуауэ аркъым сэ еIуящIэ.**
**Сэ уи IэфIагъыр фIыуэ сощIэ,**
**Дыдж укъыщыхъури зыхызощIэ.**
**Ауэ дапщэщи сщIэр сфIэмащIэу**
**ФIы гуэр злэжьыным сыхуопIащIэ.**
**Урещхьщ зыкъомкIи уэ пщIыхьэпIэм,**
**Ухэткъым зэикI ди гугъапIэм,**
**Ауэ итIани напIэзыпIэм**

**Зыр щIыбогъанэри насыпкIэ,**
**Адрейм хуумыщIу зы гущIэгъу,**
**Йогъэжыхьыжыр псыр и щIапIэм.**
**Арщхьэ, сыт хуэдэу умыткIийми,**
**Бзаджэ зыщIауэ фIым щыгугъым,**
**Хьэрэму псэун зи нэрыгъым,**
**Къысхуогъу жызыIэу удэфам,**
**Анэ быдзышэу ирифам**
**И хьэкъыр зымыгъэпэжам,**
**ЗебгъэцIыхужу а щыкIам,**
**Уэ пхэлъщи ину зы захуагъэ,**
**Уи пIалъэ зыщIэм тхьэусыхэу**
**КъыпхуищIкъым зыкIи уэ губгъэн.**
**Аращи, куэдрэ сумыгъафIэми,**
**Сэ, гъащIэ, уэ сыпхуэарэзыщ,**
**СызэролъэIури мы зырщ:**
**Си гуащIэм къихьыр, мащIэ-куэдми,**
**ЗыгуэркIэ цIыхум хуэхъумэ щхьэпэ,**
**Сесащи сщыхъуу ину гуапэ,**
**Сымыхъуу цIыхухэм япэIэщIэ**
**Си гъащIэ Iыхьэу къэзгъэщIам,**
**СынасыпыфIэу сыпсэуауэ**
**Зыслъытэжынти, сигу зэгъауэ,**
**СыщылIэ махуэм фIыщIэ пхуэсщIу,**
**СыгуфIэу дунейм сехыжынт.**

## ГЪАЩIЭМ И ДЕРСХЭР

**Псалъэр кIэщIрэ купщIафIэм,**
**Къару иIэщ хуэдэу мафIэм.**
**Псалъэр кIыхьрэ гупсысэншэм,**
**Ещхьщ дэ нэф купщIэншэм.**

* * *

**Хьэлэмэтыщэу лъэщщи псалъэм и къарур,**
**Абы къеIуатэ гупсысэм я нэхъ куур.**
**Пхуэмылъытэну инщи псалъэм хузэфIэкIыр,**
**Абы къыптрегъакIэр дамэ е уеукIыр.**

* * *

**Iущагъ зыхэлъым къыIурылъэлъуэ,**
**Емыгупсысу къипсэлъкъым псалъэ.**

**Мэпсэу апхуэдэр ипэкӀэ плъэуэ,**
**ИщӀэжу и щхьэ и пӀалъэ.**

* * *

**Щымыӏэу щытми уэ нэхъ Ӏущ,**
**ЦӀыхум уащӀыфыр гуитӀщхьитӀ.**
**Ауэ гуитӀщхьитӀыр сытым щыщ,**
**Умыхъумэ зиӀэ напитӀ!**

* * *

**ШыӀэныгъэ уэ пхэлъыныр,**
**Шэч хэмылъу, лӀыгъэщ.**
**Ауэ къуапэс псор пшэчыныр**
**ИкъукӀэ тхьэмыщкӀагъэщ.**

* * *

**УцӀыхуу, пхэлъу пагагъэ,**
**Зыбгъэдэмылъым къуаншагъэ**
**КӀэлъызепхьэным напэншагъэ,**
**СщӀэркъым сэ щыӀэу нэхъ икӀагъэ!**

* * *

**Ещхьыну хуейкъым зыри кхъуэм,**
**Яхьынуи фӀэфӀкъым зыми кхъэм.**
**Ауэ упсэу нэхърэ хуэдэу кхъуэм,**
**НэхъыфӀщ, уахьыжмэ пасэу кхъэм!**

* * *

**Псэр зэрыӀэфӀыр псоми ящӀэ,**
**ЛӀэныгъэм зыри щӀэмыхъуэпс.**
**Ауэ къэсамэ уи уахътыр,**
**Ажалым ищӀэркъым хьэтыр.**

* * *

**Мылъку фӀэкӀа зымылъагъуж тхьэмыщкӀэ,**
**Апхуэдизу диным щхьэ уикӀа?**
**Псори иӀэу, зэрыкъулейм щхьэкӀэ,**
**Уэ плъэгъуа ажалым ӀэщӀэкӀа?**

* * *

**«СхузэфӀокӀ сэ нобэ...» — жыпӀэу,**
**Си къуэш, узэмыкӀуэкӀ!**
**ЩыкӀа куэдым къащӀэныжу**
**Мы дунейр къокӀуэкӀ!**

* * *

**Зи гурыфӀыгъуэу лэжьыгъэр**
**Дунейм тет цӀыхум и насыпщ.**
**Ауэ ефэныр зи нэрыгъыр,**
**Ар хэту щытми, хъарыпщ.**

* * *

**Пщыхьэщхьэм хуабжьу зыщытхъужу**
**ЛӀыр кӀуати «жэщ мэкъуауэ»,**
**Пщэдджыжьым къахуэмыцӀыхужу**
**КъокӀуэж ар фӀыуэ къакъуауэ.**

* * *

**«Хуэмызар лӀыфӀщ» жыхуаӀэр хьэкъщи,**
**Хэти Ӏуувнущ абы имыщӀэххэу.**
**Ауэ абдеж хэкӀыпӀэу щыӀэрщи,**
**Уэ лӀыгъэ уиӀэмэ, укъимыкӀуэт удзыхэу!**

* * *

**ЦӀыху хьэлэлыр делэ пщыхъуу**
**Зэи утемыгушхуэ!**
**ЩыщымыӀэу уэ уи гугъэм**
**КӀуэцӀылъщ абы гушхуэ!**

* * *

**Дахагъэм гъащӀэр пщещӀ щӀэщыгъуэ,**
**Къуетыф абы икӀи гуфӀэгъуэ!**
**Упсэумэ пхэмылъу фыгъуэ,**
**Тхьэм уещӀ зылъысхэм ящыщ фӀыгъуэ.**

* * *

**КъызэритӀасэм хуэдэу и акъылым**
**Мэпсэу дэтхэнэ зыри зэрылъэкӀкӀэ.**
**Ауэ ущещхьым деж хьэкӀэмэлым,**
**Щхьэ уефыгъуэн хуей уэ нэгъуэщӀ къофӀэкӀкӀэ.**

* * *

**Уэ лӀыгъэ уиӀэмэ, ар мытыншми,**
**ЕкӀуэкӀ зэманым декӀуэкӀыф.**
**Абы уимыщӀ зэи гулъытэншэ**
**Хуэфащэ пщӀэр плъегъэсыжыф.**

* * *

**Уэ нэгъуэщIым хуэпщIмэ пщIэ,**
**Уи щхьэращ зыхуэпщIыжыр.**
**Куэдми-мащIэми фIыуэ пщIэм**
**И уасэращ бгъуэтыжыр.**

* * *

**«Щыблэр зэуэнхэ!» - жиIэу псоми ебгыу,**
**Ди хьэблэм дэсти зы фызабэ ябгэ,**
**ИукIыжащи гуузу езыр щыблэм,**
**Дерс яхурехъу ар иджы хьэблэ щIэблэм.**

* * *

**ДызэхуэзэхукIэ, угуфIэжу,**
**Тхьэ щыбоIуэж сыкъэбгъэпэжу.**
**Ауэ аргуэру си нэр къижу,**
**СыкъэбгъэпцIащ уэ нэхъ Iеижу.**

* * *

**Зи щэхухэр зыми къыхуэмыщIэу,**
**Дэ псоми ди судыщIэ гъащIэ!**
**Ыыту уIэфI уэ икIи угуащIэ,**
**ПIалъэу къыдэптри сыту мащIэ.**

* * *

**Бзылъхугъэм, анэм ину пщIэ хуэзыщIу**
**Лъэпкъ куэд щыIакъым ди адыгэм хуэдэу,**
**Ауэ иджы къэзылъхуахэр хьэм памыщIу,**
**Бын дапщэ щыIэ, лъэпкъ напэр ягъэпуду.**

* * *

**ФIэщхъуныгъэр япэкIэ узышэщ.**
**Гугъэр гъащIэ дамэу узыIэтщ.**
**Мурад дахэ зиIэр зыгъэгушхуэу**
**Ар цIыху зэрыхъунум и щыхьэтщ.**

* * *

**Зи Iуэху хуэмыхъуу къыщIэхуауэ**
**Къулейсыз хъуаркъым тхьэмыщкIэр,**
**АтIэ къузгъуну къалъхуауэ**
**КIэпIейкIэм цIэ тезыукIэрщ.**

* * *

**Iуэху Iей зезыхьэр хьэрэмщи,**
**Ихьынщ и гъащIэр фэжагъуэхьу.**
**IуэхуфIым щIэкъур цIыху тэмэмщи,**
**Псэунщ гурыхьу, фIыщIэ къихьу.**

* * *

**Сыщытыфкъым сэ IэхъуэтегъэкIыу,**
**СыкIий-сыгуоууи си мыхьэл.**
**Iуэху къыспэщылъыр зэфIэзмыгъэкIыу,**
**Дэсхауи сщIэжкъым сэ махуэл.**

* * *

**Мы ди гъащIэ кIэщIым пыщIа гугъуехь хъушэм**
**Къелу, абы и кIэм хэт иплъэжыфар?**
**Си гугъэжа щхьэкIэ сэри батэр згъэшу,**
**Мыхьэнэншэу мащIэщ нобэм къэс сщIэфар.**

* * *

**Зым и мылъкуи семыхъуапсэ,**
**ЦIыхум къысхуащIэкIи сымыпсэу,**
**Сыузыншэу сисыжщи си лъапсэ,**
**Ар и уасэщ сэркIэ дуней псо!**

* * *

**Хуэдэ щымыIэу зилъытэжу**
**Кууэ щIэныгъэ бгъэдэлъми,**
**Къыдалъхуа бзэр зэзымыпэсыжу**
**ЩыкIар тхьэмыщкIэщ, дыщэм хэсми.**

* * *

**Ей, си бзэ, си псэ, си дуней!**
**Си адыгэбзэу бзэм я лей!**
**ПщIэ къыпхуамыщIу, нэмыплъ къуату,**
**Уэ сыту куэдрэ къуаха лей!**

* * *

**Ей, си бзэ, си псэ, си гугъапIэ!**
**Си гурыфIыгъуэ, си гъэфIэн!**
**Уэ уи дахагъым езгъэпщэн**
**Щымыщэу сэркIэ улъапIэщ!**

Драматургие



КЪАНЫКЪУЭ Заринэ

# Нагъуэ и унагъуэр

***Драмэ***

ХЭТХЭР:

***Азэмэт*** *– зэкъуэшищым я нэхъыжьщ, илъэс 40 ирикъуакъым, ауэ абы фIыуэ щхъэдэхауэ фэ тетщ, Iэчлъэчщ.*

***Шумахуэ*** *– курытщ. Илъэс 35-рэ мэхъу. Таксистщ.*

***Мурат*** *– зэкъуэшищым я нэхъыщIэщ. Илъэс 33-рэ и ныбжьщ, щIэныгъэлIщ.*

***Ларисэ*** *– Мурат и щхъэгъусэщ, илъэс 30-м щхъэдэхащ. Къалэм къыщыхъуащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхъэ иIэщ, лажьэркъым.*

***Лимэ*** *– Шумахуэ и щхъэгъусэщ. Илъэс 30-м итщ. Къуажэм къыщыхъуащ, курыт еджапIэр къиухащ, щэ-къэщэхум хэту бэзэрым тетщ.*

***Данэ*** *– Азэмэт сымэ я шыпхъущ, илъэс 24-рэ мэхъу. IэщIагъэ хэубыдыкIа иIэкъым.*

***Нагъуэ*** *– зэрыбыным я анэщ. Илъэс 60-м нэблэгъащ. Iэрызехьэщ.*

***Марят*** *– илъэс 40 и ныбжьщ. Зэи дэкIуакъым. Медсестрауэ еджащ, лIыжь-фызыжь Iэрызехьэхэм якIэлъоплъ.*

***МелыIыч цIыкIу*** *– мыр унагъуэм исхэм я дежкIэ нэрымылъагъущ, уэгум къехауэ Нагъуэ и унагъуэр къихъумэу унащхъэм къытесщ. И теплъэкIэ – илъэситщIым ит щIалэ цIыкIущ. Жьэпшынэ IэщIэлъщ.*

**ЯПЭ IЫХЬЭ**

*Пщэдджыжьщ. Нагъуэ и унэм къыщыушащ, езым нэмыщI, и къуитIымрэ и ныситIымрэ. ПщIантIэм дэт «Москвичыжьым» йопэщэщри Шумахуэ щытщ. Лимэ сумкIэ хъэлъэхэр унэм къыщIиухыурэ багажникым ирегъэувэ. Нагъуэ, и бзэр псалъэркъыми, фалъэ нэщIым бжэмышхкIэ йоуэ, унэм щIэсхэм ящыщ ириджэу.*

**Шумахуэ.** Ей, мамэ къоджэ! Сэ пщIантIэм сыдэтрэ пэт зэхыхох, фэ дэгу фыхъуа?

**Лимэ** *(пIащIэрэ губжьауэ).* Сэри зэхызох!

**Шумахуэ.** НтIэ, щхьэ умыкIуэрэ?

**Лимэ.** МыкIуэмыжэ сыхъуащи! Си нысэгъур ирекIуэ, ар зыщIыпIи къыкIэрыхуркъым. НакIуэ, псынщIэу шей дегъафи дыдэгъэкI!

**Шумахуэ.** Маршынэр зэщIэзгъэнэху мамэ деж плъэ!

**Лимэ.** Сыхьэт мэхъури зэщIыбогъанэ уэ ар! ДызэрыдэкIыу мэкъутэри,

си щхьэр пIийуэ гъуэгум сытетщ! Аргуэру къуэтэнщи, щыс! Бэзэр зэхэкIыжыгъуэращ итIанэ сэ сыщынэсынур!

**Шумахуэ.** Утемыбжэ иджы!

**Лимэ.** Алыхьыр къеуащ абы... Сыт сэ сытебжэкIи сытемыбжэкIи? Къэблэжьыр кIэрокIуадэ... УзыхуэлIыщIэр мы маршынэжьращ!

*Нагъуэ фалъэ нэщIым йоуэ, макъыр нэхъ ину иригъэщIу.*

**Шумахуэ.** КIуэи мо къаджэм деж плъэ е Ларисэ жеIэ дэ... дызэрыдэкIыр.

**Лимэ.** Къэтэджакъым ар иджыри... Шей къызощI сэ...

**Шумахуэ.** Сэ сыхуейкъым...

*Шумахуэ багажникыр трепIэж, Iэмэпсымэхэр зэхуехъэсыж. Лимэ пщэфIапIэм щIэтщ, емытIысэхыу шей пщтырым хоIуб епIэщIэкIыу. Ларисэ жейбащхъуэу пщэфIапIэм къыщIохъэ.*

**Ларисэ.** Доброе утро.

**Лимэ.** Нэхъ добрэжу... Ларисэ, дыдокI дэ.

**Ларисэ.** Мамэ бгъэшха?

**Лимэ.** Тхьэ, сыпIащIэрти, сыщIэмыхьэфа. КхъыIэ, уэ плъэ. Езыри нетIэ къэджащ.

**Ларисэ.** Марят къэсакъэ?

**Лимэ** *(паузэ)*. Хьэуэ...

*Ларисэ хъэкум бгъэдохъэри щIегъанэ.*

**Лимэ.** Шейр пщтырщ иджыри.

**Ларисэ.** Мурат пщэдджыжькIэ кофещ зэфэр. Хуэзгъэвэнуращ... Лимэ, уи пщэфIапIэм ухуимытыжу гугъу уедгъэхь си гугъэщ.

**Лимэ.** Хьэуэ, Тхьэ, сэ зыкIи гугъу семыхь.

**Ларисэ.** Мамэ тIэкIу фщхьэщытхын жытIэри дэри дыкъыфхэтIысхьэжащ.

**Лимэ.** Ы-ы... НтIэ. Мурат куэду Тхьэм къритыж, пщIэ щIиту мамэ кIэлъыплъын къызэрищтэрэ, сэри нэхъ солэжьэф.

*Маршынэм сигнал къет, мыдэкIэ Нагъуэ фалъэм йоуэ.*

**Ларисэ** *(хуэму)*. Дурдом...

**Лимэ.** Хъунщ-тIэ, Ларисэ, щэхуакIуэ къакIуэIамэ уепсэлъэнщ.

**Ларисэ.** Сэри сыдэсынукъым нобэ. Къалэм сыкIуэн хуейщ.

**Лимэ.** НакIуэ-тIэ ди гъусэу.

**Ларисэ.** Хьэуэ, сэ иужькIэщ...

*Мурат пщэфIапIэм къыщIобакъуэ.*

**Мурат.** Уи пщэдджыжь фIыуэ, Лимэ.

**Лимэ.** НэхъыфIыжу, Пщыкъан.

**Мурат.** ТIопIэрэ ЦIыкIурэ къэпшэжыркъыми-тIэ?

**Лимэ** *(пыгуфIыкIыу)*. А тIум уи тхылъхэр зэрызэIащIар уфIэмащIэ? Тхьэ, апхуэдизу зэран щыхъум, я пхэм уахущIэуами яхуэфащэтэмэ.

**Мурат.** Сыт-тIэ абы щхьэкIэ, тхылъым ириджэгуамэ, сабий мызэран щыIэ?

**Лимэ.** Ар содэ, уэ пхуэдэу еджэныгу хъухэмэ.

**Мурат.** УдэкIрэ? Сэри къалэм сыкIуэнущ, ухуеймэ, уздэсшэнщ.

**Лимэ.** Мори нокIуэ. Упсэу.

**Мурат.** А-а, хъунщ арамэ, узыншэу.

*Маршынэм и сигналри, Нагъуэ и тепщэч теуэ макъри аргуэру къоIу.*

**Ларисэ.** Щхьэ теуэ мыгъуэрэ мыр мыпхуэдизрэ?
**Мурат.** Сэ сыплъэнти...

*Мурат Нагъуэ и пэшымкIэ макIуэ. Лимэ щIэкIыну здэкIуэм, Марят къыщIохьэ.*

**Лимэ.** Сыту фIыт, Марят, нэхъ жьыуэ укъызэрысар!
**Марят.** Дауэ фыщытхэ?
**Ларисэ.** Дыкъызэрыбгъэнащ.
**Лимэ.** Тхьэр фIыкIэ къыпщIыупщIэ! Мы рождены, чтоб рынкIэм дытесыну!

*Лимэ щIокI.*

**Марят.** Нагъуэ дауэ нэху къекIа?
**Ларисэ.** СщIэркъым. Мурат кIуащ абыкIэ. И, Марят, сэ сыдэкIынущ. Унэм еплъыну къыIухьэIамэ, егъэплъ.
**Марят.** Ларисэ, махуэ псом мыбы сыщыIэ хъунукъым. Шэджагъуэ нэужьым нэгъуэщI сымаджэ деж сыкIуэн хуейщ.
**Ларисэ.** УмыкIуэ нэгъуэщIым деж. Дэ уи лэжьапщIэм хэдгъэхъуэнщ. Ауэ мазэм и кIэращ щоттыфынур.
**Марят.** СымыкIуэу хъунукъым, бгъэдагъэсын зыри ягъуэтыртэкъыми, къэзгъэгугъащ. Ар пIэхэнэ фызыжьщ.
**Ларисэ.** «Хъунукъым» фIэкI къыбжьэдыкIыркъыми уэ нобэ!

*Марят щIокI. Ларисэ кофе ещIри, маджэ:*

**Ларисэ.** Мурат, кофер хьэзырщ!

*Мурат къыщIохьэжри, йотIысэх.*

**Мурат.** Кофе укъыздефэнукъэ?
**Ларисэ.** Сэ сыхуейкъым.
**Мурат.** Сыт, бабыщ, нэщхъей укъыщIэхъуар?
**Ларисэ.** Си нэр къызэтезмых щIыкIэ сызэрыбынышэр къызумыудэкIыу хъунутэкъэ?
**Мурат.** Сэри? Дапщэщ сэ ар щозудэкIар?
**Ларисэ.** Узыхуэгузавэри хэт? Хамэ сабийхэм!
**Мурат.** Хэт и хамэ сабий?
**Ларисэ.** Сыт щхьа, уи къуэшым и бынхэр къебгъэшэжыну улъаIуэркъэ?!
**Мурат.** Хамэкъым, Iэу, ахэр! Псалъэ гуапэри хэт зэран зыхуэхъуар?
**Ларисэ.** Сэри тутын сефэнущ, зыми зэран сыхуэмыхъуу! *(Къотэджри тутын сахуалъэр къехь. И лIым тутын къреIыхри йофэ)*. ЩIагъыбзэ щIэмылътэмэ, зэрантэкъым!
**Мурат.** Сыт хуэдэ щIагъыбзэ?
**Ларисэ.** БжызоIэ, си нысэ, зэхэх, сипхъу!
**Мурат.** Хьэуэ, Iэу, апхуэдэукъым! «БжызоIэ, сипхъу, зэхэщIыкI, си нысэ!»
**Ларисэ.** ТIури зыщ ар! Бын зэрызмыгъуэтыр къызэбудэкIау аращ! Уэ сабий узэрехъуапсэр слъагъуху сигу зэрыхэщIыр пщIарэт... *(И гур къызэфIонэ)*.
**Мурат.** Дэри диIэнкъэ, Тхьэм жиIэмэ.

**Ларисэ.** Дапхуэдиз ахъшэ сэ дохутырхэм ятезгъэкIуэдар, зыри къимыкIыу?!

**Мурат.** Уэ ахъшэм щхьэкIэ умыгузавэ. Мис иджы уздэкIуэну клиникэр фIы дыдэу жаIэри, уеплъынщ. Дапщэщ ущежьэр?

**Ларисэ.** Тхьэмахуэ къакIуэ.

**Мурат.** Сэ билет къыпхуэсщэхунщ-тIэ.

**Ларисэ.** Си шыпхъум селъэIури къезгъэщэхуащ. Билет уасэр естыжынщ иужькIэ.

**Мурат.** Дапщэ?

**Ларисэ.** МиниплI.

**Мурат.** Мэ, етыж. *(Ахъшэ хуеший)*. КъызжепIамэ, сэ къэсщэхуфыртэкъэ?

**Ларисэ.** Iуэхукъым, уэри пхущIыхьэркъым, нобэ-пщэдей уи защитэщ. Тхьэ, абы ирихьэлIэу квартирэщIэ дыщIэсын си гугъатэмэ сэ. Къуажэм сыдэсыжыфыркъым. Мы унэми ямыщэхуныр къыхуэкIуащ!

**Мурат.** Уэращ къуажэм дыщыгъэIэ жызыIар. Удэсыну къохьэлъэкIмэ, ди унэм дгъэзэжынщ.

**Ларисэ.** Ди пэш зэвми?! Ар зи цIыкIуагъым си гур щIобэмпIыхь! ИтIанэ, дэ дымылъагъуу унэр ящэмэ, сыткIэ пщIэрэ Шумахуэрэ Лимэрэ дыкъамыгъэпцIэну? Унэ уасэр зэкъуэшитIым фи зэхуэдитIу дызэгурыIуами, къыщIахар зыхуэдизыр ябзыщIмэ-щэ? Зыри жыпIэркъыми?

**Мурат.** Псори зыгуэрт, Азэмэт и Iуэхуращ зэрыхъунур сымыщIэр.

**Ларисэ.** Азэмэт унагъуэкъым... Тутнакъым исщ...

**Мурат.** Азэмэт абы игъащIэкIэ исынукъым.

**Ларисэ.** НтIэ, сыт иджы тщIэнур? Зы унэжь уасэм зэрылъэпкъыу щыдмыгъэгугъынумэ сщIэркъым!

**Мурат.** Хъунщ-хъунщ, абы и унафэ иужькIэ тщIынщ.

*Мурат сыхьэтым йоплъ, сыкъыкIэроху жыхуиIэу, и Iэр ещIри, щIокI. Ларисэ абы кIэлъыщIокI. Данэ къыщIохьэ пщIэфIапIэм. Ларисэ къегъэзэжри, ильагъур егъэщIагъуэ.*

**Ларисэ.** Мыр сыт, Данэ? Уи мыхабзэу укъэкIуэжаи?

**Данэ.** Хъунукъэ? Мы унагъуэм сыкъыщалъхуащ сэ.

**Ларисэ.** Укъыщалъхуауэ зэхэсхащ, ауэ уи анэр Iэрызехьэ зэрыхъурэ утлъагъужыркъым.

**Данэ.** А филIхэри сэ схуэдэ дыдэу IэплIэкIэ кърахьэкIащ, ахэр къэзылъхуар щIызевмыхьэн щыIэкъым.

**Ларисэ.** Дэ дынысэщ. Уэ урипхъущ.

**Данэ.** «Уэт нысэ» жевгъэIащ, тхьэ, – пщIэкIэ унэIут къэфщтауэ, мамэ зэрывогъэхьэ.

**Ларисэ.** Уэ ари пщIакъым. И уасэ хуепту зэ нэхъ мыхъуми дохутыр къебгъэплъакъым.

**Данэ.** Уэ езым зы сом къэблэжьакъым игъащIэм, ауэ уи лIым къыхэхъуэр здэпхьын къыбогъуэт.

**Ларисэ.** Укъысщымыхьэ иджы, уэ мыгъасэр!

**Данэ.** Гъэсэныгъэм уэрат иджы темыпсэлъыхьыжар!

*Марят Нагъуэ зэрыс инвалид колясскэр къыщIегъэлъадэ пщэфIапIэм. Зы тэлайкIэ псори щым мэхъу. Нагъуэ IэщIэлъ фалъэ нэщIымрэ бжэмышхымрэ быдэу екъуз, и пхъум къыIуоплъэри и щхьэр фIегъэкIэрэхъухь. Данэ и анэм зыпщIэхедзэ.*

**Данэ.** Мамэ! Мы фалъэ нэщIри щхьэ пIыгъ? *(Ларисэ дежкIэ зыкъегъазэри)*.

Сыт мыбы фалъэ щIиIыгъыр? *(Ларисэ зыри жимыIэу щIокIыж)* . УмэжалIэ мыгъуэ къыщIэкIынщ.

**Марят.** Зыгуэр щыхуейм деж, фалъэм бжэмышхкIэ йоуэ, уэзджынэ цIыкIу иратати, идэркъым. Фалъэр нэхъ къещтэ... Иджыпсту кашэ тIэкIу хуэзгъэвэнщи згъэшхэнщ сэ.

**Данэ.** Мамэ, умэжалIэрэ? Узыхуейри пхужымыIэ мыгъуэу... СыкъэпцIыхужакъэÉ, мамэ? Угужьеяуэ укъызоплъри...

**Марят.** ТIэкIу мыцIыху укъищIа си гугъэщ.

**Данэ.** Ы-ы? НтIэ, зыкъом щIащ сыкъызэримылъагъурэ. А-а, си щхьэцыр нэгъуэщIыфэу злащи арагъэнщ! Ма-амэ, си щхьэцыр зэрызлара апхуэдэу укъыщIызэплъыр?! ПщIэжыркъэ, сэ мазэ къэс си щхьэцым и фэр сохъуэж! Укъызэшхыдэрти абы щхьэкIэ! Иджыри... укъызэшхыдэфыну щытамэ нэхъыфIти... Мамэ, зыкъом щIауэ сылэжьапIэншэщ. Аращ зыри къыщIыпхуэзмыхьар, IэнэщIу сыкъэкIуэжынутэкъым, зыгуэр къэзлэжьыххэу щытамэ. ЛэжьапIэфI дыдэкIэ сыкъагъэгугъэ! Парикмахерскэ гуэр щIэуэ къызэIуахынущи, абы сыкъащтэнущ! *(И макъыр щэху ещIри)*. Илъэс мэхъу ар къызэрызэIуахрэ...

*Нагъуэ и нэгум зыри къищыркъым. Сценэр кIыфI мэхъу. ИужькIэ макъамэ къоIу. МелыIыч цIыкIу зытес унащхъэр къыхонэхукI – ар жьэпшынэ йоуэ...*

*Сценэр къокIэрэхъуэкI, къызэщIонэхуэжри, пщэфIапIэм щIэс Марятрэ Данэрэ уаIуоплъэ. Марят куэзыр едз.*

**Данэ.** Сыт иджыри къысхуикIыр?

**Марят.** Тхьэ, уи унагъуэкIэ ... хьэргъэшыргъэ гуэр ухэтынумэ.

**Данэ.** А сызыхэтар хьэргъэшыргъэкъэ? КхъыIэ, нэгъуэщI гуэр къысхуих...

**Марят.** Пшапэ гъуэгу, гъуэгу мыжыжьэ къыпхуокI...

**Данэ.** Ахъшэ къысхэхъуэну?

**Марят.** Ахъшэ гуэри къыпхэхъуэнущ... мэ. Мыр ахъшэкъэ? *(Марят и жыпым кърехри, Данэ тхылъымпIэ ахъшэ хуеший)*.

**Данэ.** Мыр сыт?

**Марят.** Уи анэм къуитыжауэ аращ. ЛэжьапIэ уувыху, зыгуэр пхуэхъунщ жери.

**Данэ.** Ар уэ дауэ... къызэрибжиIар? Мамэ псалъэркъым.

**Марят.** И гум илъыр и нитIымкIэ къыуегъащIэ абы. Мыр и пенсэращи, модрейхэм...

**Данэ** *(и гур къызэфIонэри магъ)*. Мамэ щхьэкIэ си гур мэкъутэ, и къуэхэращ и узыр зи лажьэр. Иджы ныкъуэдыкъуэм и пенсэ тIэкIур IэщIагъэкI. Си дэлъхуитIым фыз къаша щхьэкIэ, зы насып яIэкъым. Сэри е си насып мыхъу, е зы сом къысхуэмылэжь, сызэпхъуэнур сымыщIэу сыкъэнащ. ЩхьэегъэзыпIэ гуэр сиIамэ, нэгъуэщI сыхуейтэкъым.

**Марят.** Уи анэри гузэвэнтэкъым, щхьэегъэзыпIэ уиIамэ.

**Данэ.** Си дэлъхуитIым зэи сакъыфIэIуэхуакъым. Иджы я фызхэм къагъэдэIуащи, ди лъапсэр ящэу Азэмэтрэ сэрэ Iыхьэншэ дащIыну аращ я мурадыр. Мамэщ яхуэмыгъалIэр, армыхъу псоми Iэмал къыхуагъуэтат. Азэмэт дежкIэ ди пщIантIэм зы хьэ дэлъамэ нэхъыфIт, а и къуэшитIым нэхърэ, зи мыхъу, къыдыхьэжмэ, гуфIэу зриупсеинт! Езыхэм я фызхэм зраупсеящи – зыри ялъагъужыркъым. Гунэф хъуахэщ. Къыщамышэм я къуэш нэхъыжьым деж щIэупщIакIуэ кIуэрт. Иджы ямыIауэ фIэкIа пщIэнкъым. Шумахуэ ахъшэ сиIэкъым жи, Мурат щIэныгъэлIщ, егъэджакIуэщи, тутнакъым ис и къуэшым

зыщедзей. Сэри сынэхъ щIагъуэкъым. Илъэс дапщэ хъуа? Тутнакъыбжэм сыIухьакъым.

**Марят** *(куэзыр трилъхьэм еплъурэ)*. Данэ, узэримыгугъауэ насыпыфIэ дыдэ ухъунущ!

**Данэ.** Аууей, сэ слъэгъуам зэкIэ срокъу. Тхьэ, Марят, уэратэмэ насып зыхуэфащэр. Си фIэщ хъуркъым уэ зы гуэныхь птелъу!

**Марят.** Гуэныхь зимыIэ щыIэкъым, сэри сыаращ...

**Данэ.** Тхьэм щхьэкIэ, къызжеIэ уэ гуэныхьу пщIар зыхуэдэр.

**Марят.** Си анэм гущIыIэу сыхущытащ. Сэ зырат быну иIэр. ЗыгъэлIэну узыр къыщеуэлIам, сыбгъэдэсыжащ, зесхьэжащ, ауэ Iейуэ къызэхьэлъэкIырт хуэсщIэр...

**Данэ.** ЩызепхьэжакIэ, сыт уи гуэныхьыр?

**Марят.** ЦIыхум къохьэлъэкIыу хуэпщIэ нэхърэ, хуумыщIэххэмэ нэхъыфIщ...

*Шумахуэ пщэфIапIэм къыщIохьэ.*
*Марят куэзырыр зэщIекъуэжри къызэфIоувэ.*

**Шумахуэ.** Уарэ, хьэщIэ диIи!

*Шумахуэ и шыпхъум IэплIэ ирешэкI, Данэ йокIуэтыж.*

**Данэ.** Шыпхъур хьэщIэу ябжмэ, сыгъэхьэщIэ!

**Шумахуэ.** УкъызоцIыхужри согуфIэ, узэрызмылъагъурэ незэман!

*Марят щIокI.*

**Данэ.** СыкъыщIумылъагъур сыкъыдыхьэжкъыми аращ, сыкъыщIыдэмыхьэжым и щхьэусыгъуэм уэ фIы дыдэу ущыгъуазэщ, си дэлъхушхуэ.

**Шумахуэ.** Данэ, уэ зыми удихуакъым!

**Данэ.** Уи фызым «дэкI» жимыIа щхьэкIэ, си насып зэрызэхуэмыхьуар зэпымыууэ си нэм къысхущIиIурт, сызэрылэжьапIэншэр къизиудэкIырт.

**Шумахуэ.** Уэри уи жьэм къихь къыумыгъанэу жепIащ.

**Данэ.** Къысщремыхьэ-тIэ!

**Шумахуэ.** Зы унэм фыщыщIэскIэ, фызэгурыIуэн хуеящ. Сэ фызэзгъэкIужу фякум сыдэтыфынутэкъым!

**Данэ.** «Ущхьэпсщ, унагъуэ хъарзынэм ухэзэгъакъым», – къызжиIэну езыр щIагъуэ, а бэзэртес кIэломпIэжьыр!

**Шумахуэ.** «Щхьэпс» зыхужумыгъэIэ абыи нэгъуэщIхэми. Зэ удэкIуэри укъикIыжащ, етIуанэм нэчыхьыншэу убгъэдэсщ... Ар уфIэмащIэ, цIыхум ягъэхъыбарыну?!

**Данэ.** Къыбдалъхуар къыпкъуэмытмэщ хамэр къыщыптегушхуэри къыщыпхуэпсалъэри! Си дэлъхуитIри сэр нэхърэ фынэхъыжьу, ахъшэ хъарзынэ къыфхэхъуэу, итIани зыкIи зыкъысщIэвгъэкъуакъым. Седжэну си нэ къикIрэ пэт, севгъэджакъым. Фи къуэш тутнакъэщым исым зэ нэхъ мыхъуми гъуэмылэ хуэфхьыну фигу къэкIыххэркъым тIуми!

Си щхьэр фхэсхынщ жысIэри, сыдэкIуати, аркъэ фIэкI унагъуи жьэгугъи хуэмейуэ къыщIэкIащ! ЕтIуанэу сызыдэкIуар... дизэриблагъэ дыдэр къасщIэри, сыкъикIыжащ аргуэру!

**Шумахуэ.** Сыт ди благъэ дыдэщ жыхуэпIэр? Уи щхьэр тэмэм уэ?

**Данэ.** Сэ лажьэ сиIэкъым. Уэращ, Шумахуэ, къаплъэнэфыр! Уи фызым зэзэмызэ кIэлъыплъ, и лъакъуитIыр зэрихъэу бэзэрым къыщытекIыжкIэ, зэрефар бэянми, зы псалъэ пхужеIэнукъым!

**Шумахуэ.** Бэзэрым си фызым и закъуэкъым тесыр, адрейхэм зэрызамыщIуи абы зищIыркъым.

**Данэ.** Ы-ы-ы.

**Шумахуэ.** Сыт бэзэрым тетхэм я лажьэр, зо? Бэзэрым тетхэм лажьэ яIэмэ, зэры-Къэбэрдейуэ бэзэрщ!

**Данэ.** КъэпкIэ хьэпшып къезылъэфэкIхэм Истамбыл бэзэрым нэмыщIауэ, Тыркум нэгъуэщI екIуэлIапIэхэри щаIэщ.

**Шумахуэ.** Уи жьэр щIэстхъынщ, а жыпIэр сыт?!

**Данэ.** Си жьэр щIэптхъын и пэ, уи фызым и лъакъуитIыр къутэ. ИщIэу хъуар апхуэдэу хуэбгъэдахэурэ екIуэкIмэ, уи бынитIми дытригъэплъэжынукъым абы!

**Шумахуэ.** Сыт къэбвыр?

**Данэ.** И дыщым щIалэ цIыкIухэр щIыщигъэIэр, тщегъэужри аращ. Зыри зэрыжызмыIэм щхьэкIэ, и мурадыр къызгурымыIуэ и гугъэщ!

*Данэ щIокIыж. Марят Iуэху иIэу пщэфIапIэм къыщIохьэж.*

**Шумахуэ.** Марят, мамэ и пенсэр къахьатэкъэ? МазитIым ейр зэтрихьауэ къахьын хуеящ.

*Марят щымщ.*

**Шумахуэ.** «Ауэрэ ет щыIэ», – жыпIэу ара? Сыхуэмыныкъуэу щытамэ, уэлэхьи, къэзмыщтэнут.

Маршынэр къутэри къэзгъэзэжащ. ЗэрезгъэщIыжын сиIэкъым.

**Марят.** Ахъшэр Данэ ирызигъэтащ.

**Шумахуэ.** Аращ ар къыщIыдыхьэжар! Ахъшэ хуейти! Уэлэхьи, иумытыну-тIэ кIэпIейкIэ!

*Марят «щэхуу» жыхуиIэу, лъаIуэу и Iэр и жьэм Iуелъхьэ, сымаджэр здэщыIэмкIэ и Iэр ещI. Данэ здэщыIэмкIэ имыгъакIуэу, Марят Шумахуэ пэщIоувэ.*

**Марят.** Сэ сIыгъщ ахъшэ. Уэстынщ. ИужькIэ къызэптыныжынщ!

**Шумахуэ.** Сыхуейкъым сэ уи ахъшэ!

**Марят.** НтIэ, дэнэ къыздипхынур? Уи шыпхъум иIыгъыр къытепхыжыну ара? Фи анэм ар къиищIэмэ, къытехуэнущ!

**Шумахуэ.** Къыздисхынури сщIэркъым...

**Марят.** Шумахуэ, уи Iуэху хэлъкъым къызжепIэнуми ухуитщ тхьэ, ауэ сыноупщIынут зыгуэркIэ... Таксисту удэтщ къалэм, къэблэжьи щыIэкъым... Ар дауэ?

**Шумахуэ.** Сэ сычастникщ. Иджыпсту таксихэр къалэм дэхуэркъым.

**Марят.** Ари пэжщ, ауэ тIум щыгъуэми... тхьэ сымыщIэ, уэ пщIэншэ дыдэу умылажьэмэ...

**Шумахуэ.** Аращ ... солажьэ пщIэншэу...

**Марят.** Ар дауэ?

**Шумахуэ.** Марят, зыгуэр бжесIэнущи, дызэдищэхущ...

НэгъабэлъандэрэсылIыщIэщ... Гъуэгум куэд къыщагупсыс иджы. Къэхъур къызгурымыIуэу, маршынитI хъууэ бордюрым сраубыдылIэри, язым и рулым дэсыр къысщыхьащ, укъызжьэхэуащ жери. Адрейр абы и щыхьэту къэуващ. Иджы къэзлэжьыр езмытыну сыхуимыту, зы гуп къыстесщ. ИномаркIэр егъэщIыжыныр лъапIэщ, ауэ абы къыщынэжкъым ахэр зыхуейр. Махуэм къысхэхъуэр мащIэ-куэдми, пщыхьэщхьэ къэс сIэщIач. Сэ схуэдэу лажьэхэм къахэхъуэр зыхуэдизыр ящIэри, тумэнитху дэздзыхыну Iэмал щызимыIэ щыIэщ.

**Марят.** Асымыгъуэт, сыт а жыпIэр?!

**Шумахуэ.** Зыми жумыIэ ... Ахэр зэрыIыгъщ... ЦIыху яукIыныр я нэбжьыц хэхуауэ къащыхъуркъым. Зэ къыпщыхьами, уаутIыпщынукъым...

**Марят.** Щхьэлажьэу ущIыдэтыр ара мыгъуэ?!

**Шумахуэ.** ГурыфIыгъуэу дунейм щызиIэр си сабиитIрати, езгъэшхын щIакхъуэ Iыхьэ къысхуехьэлIэркъым... Фызыр зэгуопри, ахэр и дыщым щIишэжар аращ. Зи лъакъуитI къыщIэмыувэ си анэм и пенсэм щхьэкIэ сыныкъуакъуэу сыкъэнащ... Абы урихъункъэ щхьэлажьэ?..

*Данэ къыщIолъэдэж. И дэлъхум бгъэдолъадэри, IэплIэ хуещI.*

**Данэ.** Шумахуэ, сэ псори зэхэсхащ! Сыт мыгъуэ-тIэ иджы тщIэжынур?! УаIэщIэукIэ мыгъуэмэ-щэ?! Апхуэдэуи дауэ упсэун? Уагъэпсэуну а хьэбыршыбырхэм?!

Сэри сыкъэкIуэжауэ дунейм тетыр птызотхъуэ! Уи физми кIэрымылъ кIэрызолъхьэ! Си жагъуэ къищIащи, езыми игу хэзгъэщIыну сыхэтщ. Сэ делэм си щхьэм фIэкI къысфIэIуэхукъым! Къысхуэгъэгъу, Алыхьым щхьэкIэ! Фи быным семыгупсысу сопсалъэ! Алыхьым зэдывигъэпIыж жысIэным и пIэкIэ, Iей дыдэхэр ятызоIуэ цIыкIуитIым!

Си насып аргуэру хъуакъыми, псори согъэкъуаншэ! Сэ акъыл симыIэмэ, адрейхэм сыт я лажьэ мыгъуэ?!

*Данэ мэгъуэг, Шумахуэ и щхьэр къыфIэхуащ, и нэпсыр щIелъэщIыкI.*
*IэплIэ зрашэкIауэ зы тэлайкIэ щытщ. Марят щымщ.*
*Данэ и гур зэрыхэщIыр къапщIэу, адрей пэшымкIэ щIохьэж.*

**Марят.** Шумахуэ, маршынэр уимыIэжмэ, сыт къуащIэн?

**Шумахуэ.** Маршынэр симыIэжми?.. Сэ водителу фIэкI зэи сылэжьакъым. Рулым сыбгъэдэмысмэ, сыт сызэрыпсэунур?

**Марят.** Таксопаркым кIуэ. ЗэращэхукIэ маршынэр щэж... таксопаркым уувмэ, узыгъэлажьэхэм ящымышынэу, апхуэдэу зыри къыптегушхуэнукъым.

**Шумахуэ** *(къэгугъэжауэ)*. СщIэркъым...

*Лимэ пщэфIапIэм къыщIэбэкъуащи, и щхьэгъусэмрэ Марятрэ*
*зэрызэпсалъэр елъагъу. Iэнэм тель куэзырым йоплъ.*

**Лимэ.** Мыр сыту фигу зэхуитхьэщIыкIа фэитIум!

**Марят.** Дауэ ущыт, Лимэ?

**Лимэ.** Дауэ сыщыбгъэтын, бэзэрым сешыху сытетауэ си лIым сыздишэжыну хъунщ жызори сэ сожьэ, езыр къэкIуэжауэ уэ къыпкIэщIэсщ. ТIэкIу сыкъепэсэуа? *(Шумахуэ зыхуегъазэри)*. Зэран сыфхуэхъуа, зо?

**Шумахуэ.** ЖыпIэр сыт иджы?...

**Лимэ.** Слъагъуращ сызыщIэупщIэр?

**Марят.** Аргуэру... къутащ маршынэр. Си мыIуэху... зесхуэ хъунщ жысIэурэ, чэнджэщ изот. Апхуэдизрэ щыкъутэкIэ, пщэжамэ нэхъыфIт жызоIэ...

**Лимэ** *(щэху)*. Уэ пщIэми сщIэркъым, ауэ уи мыIуэху защIэщ мы унэм щызепхуэр. *(И макъым нэхъ зригъэIэтурэ)*. Уи Iуэху зыхэлъыр мо зы фызыжь сымаджэрати, абы узэрыбгъэдыхьэ щыIэкъым. Къэнэжар арати, си лIым куэзыр удоджэгури пщэфIапIэм ущIэсщ!

**Шумахуэ.** Сыт а жыпIэр, зиунагъуэрэ?!

*Данэ къыщIохъэж.*

**Лимэ.** А, си пщыпхъушхуэ, укъэкIуэжа? Сыту фIыт. Нэхъ дэгъуэж ухъуаи! Аслъэн дауэ щыт?

*ФэрыщIу IэплIэ зэрашэкI.*

**Данэ.** Уэри уIейкъым! Бэзэр босын?
**Лимэ.** Бэзэр мыгъуэ яущI. Бомбэ щIалъхьащ жаIэри, дыкъыдахужащ.
**Шумахуэ.** Къагъэуа-тIэ?
**Лимэ.** Хьэуэ.
**Шумахуэ.** Бэзэрым къащыхуэмыгъэуа бомбэр дэ къытхэбдзэну ара-тIэ укъыщIэкIуэжар?
**Лимэ.** КхъыIэ, уэри сызэгуумыгъэуд. Уэ уи маршынэм бомбэ щIэмылъмэ, лажьэ!
**Шумахуэ.** Къутащ.
**Лимэ.** ЩIыж-тIэ, куэзыр умыджэгуу!
**Данэ.** Сэ джэш езгъэдзауэ арат.
**Лимэ.** Сыт къыпхуикIыр?
**Данэ.** Си лIым сыпыкIауэ къокI.
**Лимэ.** КхъыIэ, щыгъэт иджы! Алыхь, щIалэфI дыдэм, зыхуей зымыщIэжыр уэращ армыхъу. Пхуэмыгъуэтыр сыт?
**Марят.** Сэ Нагъуэ и дежкIэ сыкIуэнщ.
**Данэ.** Хьэуэ, Марят, сэ сыкIуэнщ. Мамэ хадэм исшэнущ. ТIэкIу згъэбэуэнщ...
**Лимэ.** Марят, сомэжалIэ. Тшхын гуэр щIэлъ? Уэри щхьэ ущыс?
**Шумахуэ.** Сыт-тIэ узыхуейр?
**Лимэ.** Зы джэд къэубыди фIэгъэж. Си пщыпхъур згъэхьэщIэнущ.
**Марят.** Сэ адрей сымаджэм и деж сыкIуэнщ-тIэ, псори фыщыщIэскIэ.
**Лимэ.** Дышхэмэ укIуэнщ!
**Марят.** Хьэуэ. Къызэжьэнухэщ.

*Шумахуэ сэр елъ. Данэ Нагъуэ кърешэкI. Лимэ пщэфIапIэм щоIэуэлъауэ.*

*Сценэр кIыфI мэхъу. МелыIычыр жьэпшынэм йоуэ. Сценэр нэху къохъуж. Марят хъэкум кIэрытщ, шхын гуэр здигъэхъэзырым, дзапэ уэрэд кърешу. Зыгуэр куэбжэм къызэрыIухъар зэхехри, епIэщIэкIыу щIокI. Марят къыщIохъэж, Азэмэт и ужь иту къыщIохъэ.*

**Марят.** Нобэ унэм еплъар уэрат-тIэ? Зыгуэрым ищэхуну триухуащи, къытригъэзэнущ жаIащ. Уэрмырауэ пIэрэ ар?
**Азэмэт.** ... НтIэ... Сэращ...
**Марят.** Ар сыту щIэх къэбгъэзэжа-тIэ? Унэр уигу ирихьа къыщIэкIынщ...
**Азэмэт.** Унэр Iей хуэдэкъым...
**Марят.** Тхьэ, мыр зыщэхэр дэмыс.
**Азэмэт.** Хэт зыщэр?
**Марят.** Унэр зейхэм. ЗэкъуэшитIри я фызхэри дэкIащ. Уэ пщыхьэщхьэращ къыщыппэплъар...
**Азэмэт.** Куэд щIа унэр зэрыфщэрэ?
**Марят.** Илъэс мэхъу...
**Азэмэт.** Уэ езыр хэт ухъуну?
**Марят.** Сымедсестращ сэ. Я нанэ и лъэр къыщIэувэркъыми, сыкIэлъоплъ.
**Азэмэт.** НтIэ... ар зэхэсхащ... *(Зеплъыхь, унэлъащIэ тIэкIур зэпеплъыхь)*. НэхъыфI къэхъужыркъэ сымаджэр?
**Марят.** НэхъыфIщ тхьэ. Зэрыщытам елъытауэ, IэджэкIэ нэхъыфI хъуащ.
**Азэмэт.** Уэрмырауэ пIэрэ ар зи фIыгъэр?

**Марят.** Апхуэдэу щхьэ къыпщыхъуа?

**Азэмэт** *(Марят зэпиплъыхъыпэурэ)*. УцIыхубз нэфIэгуфIэщ уэ! Сымаджэм дежкIэ цIыху нэфIэгуфIэр хущхъуэшхуэщ.

**Марят** *(къэукIытауэ)*. Унэм уеплъыну иджыри?

**Азэмэт.** И лъабжьэр пэшиплI мэхъу, и щхьэм ущIэс хъуну пэшищ тетщ. ДэкIуеипIэр... жьы хъуащи, макъ ещI...

**Марят.** Хьэуэ, ищIыркъым макъ...

**Азэмэт.** НакIуэт-тIэ, дегъэплъыт...

*Марят ифIэщыпэу Азэмэт щIыгъуу щIэкIынут, ауэ Данэ къыщIохьэри, псори зы тэлайкIэ щым мэхъу.*

**Марят.** Данэ, мыр щэхуакIуэращ. Къытригъэзэзауэ унэм йоплъыр...

**Данэ** *(Азэмэт зэпеплъыхь. Щэхуу къыхогъыкI)*. Азэмэт!

**Азэмэт.** Мыр зэрыхъуа! Усабийуэ си нэгу ущIэтщ уэ иджыри!

**Марят.** Азэмэт... АIей, сэ щэхуакIуэщ жызори...

*Азэмэт, сабийхэм зэредэхащIэм ещхьу, и Iэр Данэ и щхьэм ирегъажэ. Данэ и дэлъхум IэплIэ хуещI.*

**Данэ.** Азэмэт... УкъэкIуэжыпа?

**Азэмэт.** НтIэ, сыкъэкIуэсэжа уи гугъэ?

**Марят.** Тхьэ, фIы дыдэмэ, илъэситIри ари хъарзынэу кIэрагъэхуаи!

**Азэмэт** *(Марят щхьэкIэ)*. Мыр дэнэ къыздифхар?

**Данэ.** Мурат пщIэ иритри къищтащ. Мамэ кIэлъоплъ. Уэ абы иджыри укъилъэгъуакъым!

**Азэмэт.** Хьэуэ, сыкъилъэгъуакъым.

**Марят.** Азэмэт, Нагъуэ жесIэнщ укъызэрыкIуэжар...

**Данэ.** Хьэуэ, мамэ сэращ зыгъэгуфIэнур!

**Азэмэт.** Зэ, къэувыIэ. СыноупщIынущ зыгуэркIэ.

**Марят** *(здыщIэкIым, Данэ къигъэгугъэу)*. Сэ зыри жесIэнкъым...

**Данэ.** Азэмэт, си IитIыр пыгъукIми схуэфащэщ. Сынэтхакъым...

**Азэмэт.** Сыт-тIэ унышIэмытхар? Уи закъуэкъым, адрейхэри нэтхакъым.

**Данэ.** Уи къуэшитIым уеупщIмэ, я щхьэусыгъуэр къыбжаIэнщ. Сэ сынышIэмытхар... сыпщыукIытэрти аращ. Си Iуэхур щIагъуэу къекIуэкIакъым, Азэмэт... ЛIы сыдэкIуэри – илъэс сисакъым. ЕтIуанэм нэчыхь едмыгъэтх щIыкIэ... сыкъыбгъэдэкIыжащ... Е седжакъым, е сылажьэркъым...

**Азэмэт.** Сабийуэ къэзгъэнар фызыжьым хуэдэу и гугъэр гъащIэм хихыжауэ сыкърихьэлIэжащ... Модрей тIум ягъеяр сыт?

Си къуэшитIым арат сэ сазэрыщыгугъар?

Ди шынэхъыщIэр еджэурэ набгъэ зэрыхъуар сощIэ, ауэ письмо кIапэ хуэмытхыжыну арат?

**Данэ.** Азэмэт, дэ... дыхэкIуэдэжа си гугъэщ... унагъуэкIэ укъыдэджэну... дэ дызэкъуэткъым... ЗэкъуэшитIри зэрызэпсалъэ щыIэкъым. Сэращи, сыкъамылъагъумэ нэхъ къащтэ...

**Азэмэт.** Ди анэр... псэлъэжакъэ?

**Данэ.** Хьэуэ.

**Азэмэт.** УкъищIэрэ? УкъищIэмэ, зэи сэ сыту къысщIэмыупщIарэ?

*Марят къыщIохьэж.*

**Марят.** КъыпщIэупщIащ, Азэмэт. Уэр щхьэкIэ сыт щыгъуи зэрыгузавэр къызегъащIэ...

**Азэмэт** *(Марят дежкIэ и щхьэр ещIри, Данэ йоупщI)*. Ей, мыр дэнэ къыздифхар? ИгъащIэм мы унэм щIэса фIэкI пщIэнкъым...
**Данэ** *(пыгуфIыкIыурэ щIокIри, и анэм зэрепсалъэр зэхэпхыу)*. Мамэ, къызэпта ахъшэр гуфIапщIэу бжы – Азэмэт къэкIуэжащ!

*Данэ Нагъуэ зэрыс шэнтыр хуэмурэ къыщIегъэлъадэ. Азэмэт и анэм бгъэдотIысхьэ.*

**Азэмэт.** СыкъэкIуэжащ, мамэ...
**Нагъуэ.** МэтIэ... си къуэ цIыкIу...

*Нагъуэ магъ, Азэмэт и щхьэм Iэ дильэурэ.*

**Данэ.** Мамэ, укъэпсэлъэжаи! Азэмэт, мамэ мэпсалъэ!
**Марят** *(щэхуу)*. Зыкъом щIащ абы и бзэр къызэриутIыпщыжрэ...
**Данэ.** НтIэ... щхьэ къыдэмыпсалъэрэт?
**Марят.** ФеупщI езым...

*Сценэр кIыфI мэхъури къыщIонэж. ПщэфIапIэм щызэрызохъэ Лимэ, Ларисэ, Марят сымэ. Нагъуэ шэнтым исү къахоплъэри щысщ. Фалъэмрэ бжэмышхымрэ IэщIэлъщ.*

**Лимэ.** Марят, уэ зыхыумыщIыкI мыбдеж къыщекIуэкIыркъым. Унэм и документхэм уатемыплъамэ, здэщылъам деж щхьэ щымылъыжрэ?
**Ларисэ.** Сэ здэщыIэм сыщIэупщIэркъым! ИджыступцIэ къэгъэтIылъыж! Уэращ къэзыщтар, нэгъуэщI абы еIусакъым!

*ЗэнысэгъуитIым зэуэ зыгуэр ягу къызэрыкIар наIуэу, зоплъыжхэр.*

**Ларисэ.** Данэу пIэрэ документхэр къэзыщтар?
**Лимэ** *(Марят жриIэу)*. Данэ иIыгъмэ, уэращ езытар.
**Марят** *(сабыру, игурэ и щхьэрэ зэтелъу)*. Тхылъхэр Данэ къищтауэ си гугъэкъым.
**Ларисэ.** Абы и сабырагъым еплъыт! И зы нерв хъейркъым!
**Лимэ.** Мыр IуитIбзитIщ, блэ зэраукIа башщ!
**Ларисэ.** Сыт абы къикIыр?
**Лимэ.** Бзаджэжьщ жызоIэ!
**Ларисэ.** Дапхуэдэу абы документхэр къызэригъэсэбэпынур?
**Лимэ.** Сэ сщIэрэ?

*ЗэнысэгъуитIыр зоплъыж, зыгуэр ягу къызэрыкIар къапщIэу. ТIури фызыжьым дежкIэ йоплъэкI.*

**Лимэ.** Мор хэмыIэбауэ уи гугъэ? *(Нагъуэ еплъурэ)*.
**Ларисэ** *(щэхуу)*. Тхьэ, ар нэхъ гъэпсэлъэгъуей хъунумэ.

*Нагъуэ фалъэ нэщIым йоуэ, макъыр зэражагъуэр зэнысэгъухэм я фэм къощ. Данэ къыщIохьэ.*

**Данэ.** Псори фыщIэсу мамэ щхьэ къэвгъаджэрэ? Марят, сыту пIэрэ мамэ зыхуейр?

*Марят щымщ.*

**Данэ.** Марят, сыт... къэхъуар?

**Лимэ** *(щхъэгъубжэмкIэ дэплъурэ)*. ДэкIыжынущ мо къэкIуар.
**Ларисэ.** Апхуэдэ насып щыIэт, мы унэжьыр зэ тщэуэ зэпэщхьэхуэ дыхъуну...
**Данэ** *(езыри доплъ щхъэгъубжэмкIэ)*. А-а, щэхуакIуэ къэкIуауэ ара? Мы унэжьыр фхуэщэнущ, арамэ фи насыпыр зыхэлъыр.
**Лимэ.** Уэра унэм и тхылъхэр зыIыгъыр?
**Данэ** *(мэдыхьэшх)*. Вгъуэтыжыркъэ? Мис ар хъуащ!
**Лимэ.** Данэ, тIум щыгъуэми тщэнущ. Тхылъхэр къыдэтыжи нэхъыфIщ.
**Данэ.** СэркIэ нэхъыфIкъым. Сыт щIывэстыжынур?
**Ларисэ.** Уэху мыгъуэ, мырат иджы дыкъызыхуэтыр...
**Данэ.** Мис иджы фэ хурирэтитIым хуэзэр фэсщIакъэ?
**Ларисэ** *(Лимэ еупщIу)*. Сыт «хурирэтым» къикIыр?
**Лимэ** *(щэхуу)*. Мы адыгэ ныкъуэм сритэрмэшщ... «ФэделитIыр» жыхуиIэщ!
**Ларисэ.** Мы унагъуэм езым зы губзыгъэ яхэткъым...
**Лимэ.** Уи лIыр-щэ? Без пяти минут доктор наукщ!
**Ларисэ.** «Без пяти минут», – жытIэурэ, гъащIэр кIуащ...
**Лимэ.** Тхьэ, нтIэ, Мурат уэ фIыщэу укъелъагъумэ...
**Ларисэ** *(хэкъузауэ)*. Сэри солъагъу!
**Лимэ.** АIей, мыр сыт? Тхьэм кIыхь ищI фи лъагъуныгъэр!
**Ларисэ.** ТщIэнур сыт иджы?
**Лимэ.** Мо къэкIуам къытригъэзэну дыгурыгъаIуэ, апщIондэху къэтлъыхъуэнщ.

*ЗэнысэгъуитIыр щIокI.*

**Данэ.** Марят, уэ пIыгъыу ара?
**Марят** *(«нтIэ» жыхуиIэу, и щхьэр ещI)*. Нагъуэ къызэлъэIури сигъэгъэпщкIуащ. Данэ, сщIэнур сыт иджы? Документхэр...
**Данэ.** Iыгъ зэкIэ... *(Нагъуэ еплъурэ)*. Зедгъэгъэпсэхунщ. Хъункъэ, мамэ, тIэкIу зыбгъэпсэхумэ нэхъыфIкъэ?...

*Нагъуэ и пэшымкIэ яшэж.*

## ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

*Шумахуэрэ Муратрэ пщIантIэм дэтхэщ, щэхуакIуэ поплъэхэри. ПщэфIапIэм цIыхубзхэр щызэрызохъэ, Марят фIэкI къэмынэу, псори щызэхуэсащ Азэмэт хуэзахэм абы къызэригъэзэжар ябзыщI. Мурат сыхьэтым щIэх-щIэхыурэ йоплъ.*

**Шумахуэ.** Зэ къэсынуми, къэсарэт мы щэхуакIуэр.
**Мурат.** ЩIемыгъуэжауэ пIэрэ?
**Шумахуэ.** Иджыри къыздэсым къыIухьахэм ящыщу мы зыращ уасэмкIэ мыдэуар.
**Мурат.** Унэ документхэр ямыгъуэтыжмэщ кIэлъэф дыдэ щыхъунур... *(КуэбжэмкIэ маплъэ)*. Зыгуэр къыIухьащ.
**Шумахуэ.** КъыIухьар езыр къыдохьэ...

*Азэмэт пщIантIэм къыдохьэ, нэхъыщIитIыр зэуэ къоуIэбжь, итIанэ я къуэшым зрадзри IэплIэ хуащI. Ауэ Азэмэт и щIыIагъым кърегъэкIуэтыж тIури.*

**Азэмэт.** ЩэхуакIуэ фыпэплъэрэ? Сыт зэрыфщэнур фи унэр?
**Шумахуэ.** Азэмэт, укъаутIыпщыжаура?!

**Азэмэт.** Хьэуэ, сыкъалъагъуну щыхуэмейкIэ, езыхэр зэзгъэлъагъунщ жысIэри, сыкъикIуэсыкIыжащ.

**Мурат.** Амнистием ухиубыда къыщIэкIынщ.

**Азэмэт.** Амнистие зэрыщыIэр уощIэри.

**Мурат.** Къеблэгъэж, Азэмэт.

**Азэмэт.** Сыт ухуэдэ, шынэхъыщIэ? Еджагъэшхуэ ухъуа? Лъэпкъыр уэркIэ гушхуэрэ?

**Мурат.** Докторскэр нэзгъэсащ... Мыгувэу защитэ сиIэнущ...

**Азэмэт.** Шумахуэ, сыт мыбы и лэжьыгъэр зытеухуар? Адыгэ тхыдэм и куупIэм етIыха?

**Шумахуэ.** Азэмэт, накIуэ, ныщIыхьэ, неблэгъэж... Мамэ, зэрыпщIэщи, щIагъуэкъым...

**Азэмэт.** Хьэуэ, сщIэркъым! МащIэщ сэ фэ фхэсщIыкIыр!

**Шумахуэ.** Уэлэхьи, Азэмэт, си Iуэху мыщIагъуэ... Е гъуэмылэ, е зыгуэр ныпIэрызгъэхьэну схузэфIэкIыртэкъыми, сыукIытащ сынэтхэн...

**Азэмэт.** Дани укIытащ, уэри уукIытащ. Уэри ара, Мурат? Уэра къыщIэкIынщ нэхъ Iей дыдэу укIытар?

*Мурат щымщ. Йоплъых.*

Дауи, сэ армэкъым сыздэщыIар. УкъыстеукIытыхьрэт?

**Мурат.** Азэмэт, сэ...

**Азэмэт.** Ученэшхуэм къуэш зэриIэр ящIэркъэ? Езым и пIэкIэ тутнакъэщым итIысхьауэ илъэс бжыгъэ къомыр зыпшын къуэш нэхъыжь?!

**Шумахуэ.** Азэмэт! Абы щыгъуэ мыр згъэтIысын хуеякъым рулым...

**Азэмэт.** Рулым щысар Муратщ. Аращ сэ зэрысщIэр. Ауэ абы и къуаншагъэр зытеслъхьэжын и пэ нывжесIауэ щытар фи щхьэм илъын си гугъащ: дэ зы адэ-анэ дыкъыщалъхуакIэ, дызэрыIыгъын хуейщ... Сэ зыгуэрурэ сыкъелынщ... Мыр цIынэIуэщ. Еджэнуи и нэ къокI... Ирыреджэ... Фэ мыдэкIэ анэм фыхуэсакъ, шыпхъу цIыкIум фи нэIэ тевгъэт. Сэ... срамыукIыхьыпэмэ, цIыхуу сыкъызэтенэнщ... Аратэкъэ нывжесIар?..

**Шумахуэ.** Уэи, уи фэм Iэджэ дэкIам уэ...

**Азэмэт.** Си фэм дэкIам и гугъу сщIыркъым! ФэитIум сыт къыфщыщIар? Сэ сызэрывиIэр зыщывгъэгъупщэну щхьэ яужь фихьа? СылIатэкъым сэ! А зи хьэдэр гъуэгум къытевна лIыжьращ лIар, сэ сылIакъым!

Уэ сыт, Мурат, апщIондэху пщIар? Диссертацэ стхащ жыпIа? Сыту пIэрэ ар нэхъ зытеухуар?

**Мурат.** ... епщIыкIуиянэ лIэщIыгъуэм...

**Азэмэт.** А-а-а... абы щыгъуэ хабзэу къекIуэкIыу щытагъэнущ укъезыгъэлам, уи къуэш дыдэрами, утеубжьытхэжу...

Дани и лажьэр сытыт? ЩIызыкIэрывдзар сыт ар?

Уэ ученэм щIумыгъэджар сыт? Уи студент къомым яхэзэгъэнутэкъэ? Хьэмэрэ, Iулъхьэ къозытыфын фIэкI къапщтэркъэ?

**Мурат.** ... иджы сэ псори си лажьэу жыпIэ хъунущ. Ауэ япэ щIыкIэ зэхэгъэкIын хуеящ хэт сыт и лажьэми... Сэ рулыр сыубыдами, маршынэр зейр къызбгъэдэсащ... ЛIыжьыр лIарэ псэурэ дегъэплъ жысIати, Шумахуэщ зымыдар. Абы щыгъуэ дыкъыщIэмыпхъуэжу ар сымаджэщым тшамэ... апхуэдиз илъэс бжыгъэ...

**Шумахуэ.** Мэ-тIэ иджы! Сэ си лажьэу къыщIригъэдзыжащ!

**Азэмэт** *(Мурат зыхуигъазэу)*. Апхуэдиз илъэс бжыгъэр уэрат, къуэш, зейр! Ауэ ар щызытрезгъалъхьэм, уэ уцIыху си гугъащ!

Суд Iуэху уи биографием хыхьэ хъунутэкъым, аракъэ? Абы дыхуэсакъащ... КIасэ! «Си къуэ кIасэ», – жиIэрт ди адэм! «Ди къуэш кIасэ», – жытIэурэ дыдежьурт абы. КуэдкIэ дыпщыгугъырт. Уи ахъши, уи бохъши дыхуейтэкъым.

Ди лъэпкъыщIэ пIэтыну арат дызыхуейр. КIасэ ... УкIасэт, ауэ псэжьыгъэкIэ уепэсэуащ. КIасэ! Ди адэр хьэдрыхэ егъу схуэхъункIэ сышынащ, КIасэ ...

ДапщэкIэ-тIэ ди унэжьыр зэрыфщэр?

**Шумахуэ.** Уэи, мыбы къыщIэкIынышхуи щымыIэ, ауэ зыгуэр хэтлъхьэжмэ...

**Азэмэт.** Сыт хэплъхьэжынур? Зыри уимыIэу, утхьэмыщкIэу жыпIакъэ?

**Шумахуэ.** Лимэ ... си фызращ жыхусIэр... ар бэзэрым тетщи, ахъшэ гуэр-хэр егъэтIылъ...

**Мурат.** Мыр щыми ди зэхуэдэщ... Сэ ар сщыгъупщакъым...

**Азэмэт.** Хьэуэ, фщыгъупщащ! Сэ фыкъызэупщIакъым, унэр фщэуэ здэнрэ сымыдэнрэ. Ди шыпхъури уэрамым щыдэвутIыпщхьэм, абыи феупщIакъым. Ди анэри зыми хэвбжэжыркъым.

Унагъуэ зырыз фыхъуар хъарзынэщ, цIыхугъэр щыкъуэфлъхьэжар дэнэ фэитIум?

**Шумахуэ.** Азэмэт, цIыхугъэшхуэ щызекIуэркъым мы дунейм...

**Азэмэт.** ЦIыхугъэшхуэ щызекIуэркъым жыпIа? Сэ сыкъыздикIыжара зи гугъу пщIыр? Арамэ, абы, пэж дыдэу, щымащIэщ напэри цIыхугъэри. Ауэ, гъэщIэгъуэныр пщIэрэ: ущрохьэлIэ, зэзэмызэ... Напэ, укIытэ, цIыхугъэ щыIэн хуэмейуэ ягъэпса хуэдэщ, ауэ я гуфIакIэм щагъэпщкIурэ, сщIэркъым, зэзэмызэ къызыкъуахыжри, къыпхуагъаблэ, уэздыгъэм хуэдэу. УдынымрэмэжэлIэнымрэ уи къарур щIихауэ, хьэпсым урадзауэ ущисым деж, умыщIэххэу къахокI а щымыIэж цIыхугъэр гъэпщкIуауэ зыкъуэлъ гуэри, укърелъэфыж хьэпсым, укърегъэл... ИужькIэ езыр зэрыхилъэфэнур, а хьэпс дыдэм зэрырадзэнур ищIэу, къыбдоIэпыкъу. ГъэщIэгъуэнкъэ-тIэ ар? Ы-ы, Мурат, Шумахуэ, си шынэхъыщIэ цIыкIухэ, гъэщIэгъуэнкъэ?! Фэ, мыбдеж, хуиту фыздэпсэум, унагъуэ фухуауэ, лэжьыгъэ фыпэрыту, цIыхум фахэту фхузэфIэмыкIар сыт? ЦIыхуу фыкъэнэжынращ. НэгъуэщI зыкIи сэ сыфщыгугъатэкъым. Ахъшэ зэхуэфхьэси, сыкъифшыж тутнакъым вжесIатэкъым... Сэ щыуагъэ сщIа къыщIэкIынщ. НэгъуэщIым и лажьэр уэ къапщтэ хъунукъым. Уи псэм хьэзаб телъмэ, щIытелъын хуейр уэ къэпхьа гуэныхьырщ.

**Мурат.** Сэри сытыншакъым, Азэмэт...

**Шумахуэ.** Хъунщ, Мурат... ЖумыIэ зыри... Пэжщ абы жиIэр...

*Данэ унэм къыщIокIри къоджэ.*

**Данэ.** Куэдрэ фыдэтыну а пщIантIэм? ФыкъыщIыхьэж.

**Шумахуэ.** Данэ, еплъыт мы къытхуэкIуэжам!

**Данэ.** Слъэгъуащ. Сэ ар дыгъуасэ лъандэрэ солъагъу.

**Мурат.** НтIэ зыри жыпIэртэкъыми?!

**Данэ.** Сэ куэд сощIэ, ауэ мащIэщ жысIэр.

*Азэмэт, Шумахуэ, Мурат сымэ щIохьэж. ПщэфIапIэм псори щызэхуэсыжахэщ. Нагъуэ инвалид шэнтым исщ. Адрейхэр зэфIэтщ.*

**Шумахуэ.** Азэмэт, мыращ си щхьэгъусэр!

**Лимэ.** БэIутIэIуу узыхуэзэнур абы ирикIуауэ Алыхьым къыщIигъэкI, си пщыкъуэшхуэ!

**Шумахуэ** *(Мурат дежкIэ йоплъэкIри, абы зыри щыжимыIэм)*. Мыр Ларисэщ, Мурат и щхьэгъусэращ. Къалэм къыщыхъуащи, адыгэбзэ фIы дыдэу ищIэркъым... Ауэ псори къыгуроIуэ!

**Ларисэ** *(щэхуу)*. Уэху мыгъуэ...

*Мурат лъэныкъуэкIэ щытщ, Данэ гуфIэгъуэм зэрехьэ, Азэмэт тIэкIу*

*зэхэзэрыхьащ, Лимэ къэхъур фIэгъэщIэгъуэнщ, Шумахуэ зэм мэгуфIэ, зэм Iэнкунщ. Зигурэ зи щхьэрэ зэтелъ яхэткъым. Нагъуэ псоми къахоплъэ.*

**Данэ.** Азэмэт, мис ди ныситIыр. Мыр Лимэщ. Мыр Ларисэщ.

**Азэмэт.** КъызгурыIуащ.

**Данэ.** Шумахуэ дыгъэщыгъэу щIалитI иIэщ. Анэшым щыIэщ. Мыбы бын иIэкъым *(Ларисэ хуэгъэзауэ)*.

**Ларисэ.** Уэ тIэу удэкIуати зы уиIакъым. Сэ зэ сыдэкIуауэ аращ.

**Данэ.** Зэ удэкIуами, щэ ирибгъэкъуащ.

**Шумахуэ.** Сыт жыпIэр?

**Мурат.** ЗэтепIэ уи жьэр!

**Ларисэ.** Дурдом...

**Данэ** *(Ларисэ жриIэу)*. Дапщэрэ жыпIэну ар?! Ухуитщ укъытхэмысыну!

**Ларисэ.** Слава Богу, сыхуитщ!

**Данэ.** Уэ узыхуимыт щыIэ?

**Ларисэ.** Уэ-щэ? Хэдэ-хэплъэ зимыIэ уэрам хьэурджэдыжь!

**Данэ.** Дзыбэ дзыусщ жыхуаIэракъэ! Зэплъыжи псалъэ!

**Шумахуэ.** Фыбэяуж, Iэу! Данэ, щыгъэтыж!

**Данэ.** Абы куэд жиIэнущ, тхьэ, жебгъэIэмэ! *(МакIуэри паспортитI къызыкъуех.)* Лъэщыджэ хъунрэ мыхъунрэ нэгъуэщI лIы деж щызыгъэунэхуу езыращ дэтыр!

**Мурат.** УсIэщIэукIэнущ, уи жьэр зэтепIэ!

**Лимэ.** Данэ, иумыгъэлей! Нысэ жаIэ щхьэкIэ, апхуэдиз ирапэсыркъым!

**Данэ.** Сэ Аслъэн илъэс никъуэ хъуауэ сыбгъэдэсщ, фощIэ. ЩIалэ хъарзынэщ, ефэрейкъым, мэлажьэ, цIыху хэтыкIи ещIэ. Зы дагъуэ закъуэщ иIэр – цIыхубзкIэ ерыщщ. Нэчыхь схуригъэтхынут. ЗАГС-м щIэтлъхьащ ди тхылъхэр. Абыи зэ нэчыхь щиIакIэ, сэри щыаракIэ... ХьэгъуэлIыгъуи дыхэтынкъым жытIэри, дызэгурыIуат... Зы пщыхьэщхьэ ефауэ къэкIуэжащ. И курткэр щызгъэкъэбзэжым, мы паспортитIыр и жыпым къисхащ, билетхэр зэрыдэлъу. Мэзкуу зэрылъэтэну билетитIыр, я тIысыпIэхэр зэбгъурыту... Зыр уи фызым ейщ, Мурат. Адрейр... силI Аслъэнщ абы врач Iэзэу къигъуэтар!

Мобырэ сэрэ зылI и гупэ дыхэлъыну сыхуейтэкъыми, сыкъэкIуэжащ!

*Мурат билетхэм йоплъ, паспортхэри зэпеплъыхь, псори хыфIедзэ.*

**Мурат** *(Ларисэ бгъэдэкIуатэурэ)*... Си подругэ сыхуэзэнути, си шыпхъум деж сыкIуэнути, жыпIэурэ ущыдэкIым, уэ зэрызытебгъэун къэбгъуэтауэ арат!

**Ларисэ.** Ара иджыпстуи узэгупсысыр? Уи къуэшыр къэкIуэжащ – щыгуфIыкI! Я потом все объясню.

Илъэс дапщэкIэ Азэмэт уэ нэхърэ зэрынэхъыжьыр?

**Мурат.** ИлъэсихкIэ.

**Ларисэ.** Фи адэ и ныбжьу фэуэ тетщ... Апхуэдизрэ тутнакъэщым исар уэрауэ уи нэгу къыщIэгъэхьэт...

*Мурат и фызым зредзри итхьэлэну и пщэр фIеубыдыкI. ЦIыхубзхэр зэрогъэкIий. Азэмэт и щхьэр феубыдыкI, илъагъур и жагъуащэщи, зимыщIэжу мэпсалъэ.*

**Азэмэт.** Мыбы я дунейр!.. СыздэщыIар нэхъыфIи мыбы нэхърэ!..

*Нагъуэ къыхокIиикI. Абы и кIий макъыр адрейхэм ейм нэхърэ нэхъ инщ. Псори зэщIэувыIыкIауэ фызыжьым йоплъ.*

**Нагъуэ** *(зэкIэлъигъэпIащIэу)*. Шым тесыр епсыхыжри, лъэсыр сэхыжащ... Шым тесыр епсыхыжри, лъэсыр сэхыжащ... Шым тесыр епсыхыжри, лъэсыр сэхыжащ...

**Ларисэ.** Мыбы еплъыт...

**Лимэ.** Мэпсалъэ... Мамэ, укъэпсэлъэжаи! ЖиIэми сыт къикIыр?...

**Шумахуэ.** Мамэ, уэлэхьи, узэрыпсэлъэжам щхьэкIэ согуфIащэри, жыпIэм къикIми семыгупсыс.

**Лимэ.** Уегупсысамэ нэхъыфIт-тIэ.

*Мурат Iэнкунщ, Ларисэ къемыплъэкIыу щIокI.*

**Нагъуэ.** Азэмэт вгъэтIыс ...

**Лимэ.** Ари тщIэжрэ? Уи макъ иджыщ щызэхэтхыр... Уи япэ псалъэхэм ди щхьэм итыр ирахуащ тхьэ...

*Лимэ Азэмэт шэнтыр хуегъэкIуатэ.*

**Нагъуэ.** Псоми фщIэну сыхуейщ. Сэращ зи лажьэр... Азэмэт и фэм дэкIар сэращ зи лажьэр. ЦIыху езыгъэукIар сэрауэ жысIэнурэ сыкъэувынущ щыжиIэм, сыпэрыуатэкъым... Услъагъужын си гугъакъым, МэтIэ...

Уи къуэшитIым я напэм куэд трагъэхуащ... НыситIым... Ахэри зыгуэрым и бынщ... Алыхьым къахуигъэгъу... Данэ и щхьэр дихащ... Сабийуэ сIэщIэкIэрэхъукIащи, иджы къысхуэцIыхужыркъым...

Сэри си гуэныхь хэлъщ...

**Мурат.** Мамэ, дэ псоми зэрытхузэфIэкIкIэ зыпщIэдгъэкъуащ...

**Нагъуэ.** СощIэ, Мурат, сэ псори сощIэ... Сыздэфхьынур къыфхуэмыщIэу, гугъу фызэрогъэхь... Сэ зыщIыпIи сыкIуэнукъым... Фи адэмрэ сэрэ зэдэтщIа мы унэм сыщIэсыжынущ... ИкIи си цIэкIэ щытыжкъым унэр.

*Зэхахар псоми ягъэщIагъуэ, Азэмэтщ зи нэгум зыри къимыщыр.*

Тхьэ, Данэ, уи цIэкIи езмыгъэщIа, уэ уи щхьэм илъыр сэ сымыщIэт. Шумахуи Мурати ялъызмыгъэса... Азэмэти къыхуэзгъанэ щымыхъунум...

Марят и цIэкIэ езгъэщIащ мы унэр... Сыкъигъэгугъащ Азэмэт къэкIуэжмэ, абы иритыжыну...

**Лимэ.** Арат иджы... къэнэжар. Данэ, Ларисэ зихуэпауэ докIыж.

**Данэ.** ДрекIыж-тIэ!

**Лимэ.** Сэ къезгъэгъэзэнущ, тхьэ. *(ЩIокI)*.

**Азэмэт.** ЦIыхугъэ щыIэжкъым жаIэ мы тIум... А щымыIэж цIыхугъэм сэри сыхрекIыж. Си анэжьым сыбгъэдэсу, си шыпхъур зыкIэрызубыдэжауэ, диIэр мащIэми IэфIу тшхыуэ, Алыхьым жиIэм, дяпэкIэ дыпсэунщ. Ар зигу иримыхьым и гъуэгур зэIухащ, куэбжэр мес. КIыргъыжыркъым... Ар сэ сыкъэкIуэжу гущыхуэ щысхуэху гущIэлъапсэр къритхъыу вгъэкIыргъащ...

Иджы вжесIэнуращи, фэ фи адэм и щIапIэжьыр фщэнуми фыхуитыжщ. Ауэ сэ ди адэм и лъапсэжьыр фэзгъэщэнукъым. Лъапсэм дапщэ имыуасэми, сэ ар къыслъысу си гугъэщ. Абы и уасэр илъэс бжыгъэкIэ спшынащ сэ!

**Данэ** *(щхъэгъубжэм дэплъурэ)*. ЗэнысэгъуитIыр доущыкIыж!

**Нагъуэ.** ЯлIхэр кIуэнукъым. Абы ягу темыхуэн хьэдэгъуэдахэ тщIакъым. Марят, схуелъэIуи къегъэгъазэ мохэм...

*Пщыхьэщхьэщ, пшапэ зэхэуэгъуэщ. ПщIантIэм деж Азэмэт щысщ. Тутын щигъэнэну кърех. Сеныч иIэтэкъыми маджэ.*

**Азэмэт.** Марят, кхъыIэ, а щхьэгъубжэмкIэ сеныч къысхудэдз.

*Марят сенычыр къыхущIехри кърет.*

**Азэмэт.** Мы слъагъур сфIэгъэщIэгъуэнщи...

**Марят.** Сыт апхуэдизу бгъэщIагъуэр?

**Азэмэт.** Нур къыпщхьэщихыр.

Мо сыздисам, зонэращ жыхуэсIэр... зы щIалэ цIынэ гуэрым лей ирахыну щыхьахэти, сыкъыщхьэщымыжу хъуакъым... а зэм къезгъэлат, ауэ сэ удын зэздзахэм къысхуагъэгъуакъым. Си щIыбагъымкIэ къыдыхьэри гъущI ломкIэ си щхьэм къеуахэщ. МахуищкIэ сыщылъащ абы щыгъуэ, зыкъэзмыщIэжу. *(ПогуфIыкI).* Си нэгу къыщIыхьэр пщIэрэт? Жэнэтым сыщыIэу. Хур хъыджэбз гуэр къысщхьэщытт, зыгуэркIэ селъэIунумэ къыспэплъэу... Абы урещхьыркъабзэщ уэ...

*Марят погуфIыкI.*

Дахэ дыдэщ хужыпIэнтэкъым... *(Марят и нэгур къызэхоуэж, Азэмэт абы гу лъитауэ).* Ауэ, моуэ-щэ, нур гуэр щхьэщытт... уэри аращ...

ЩIыIэм срисхьэрти, «Си Iэр схуэгъэхуабэ» жысIэу селъэIуным сынимыгъэсу, сызыхуейр къищIауэ, схуигъэхуабэрт...

**Марят.** Уэ уи IитIыр хур хъыджэбзым игъэхуабэу хьэпсым уисами, иджы шхын хуабэр упщIыIужмэ игъэхуэбэжынукъым. НыщIыхьэжи едзакъэ.

**Азэмэт.** Мыр сыухмэ. *(Тутыныр ирегъэлъагъу).*

**Марят.** УзыншагъэмкIэ зэранщ.

**Азэмэт.** Гукъеяуэм дыхэкIамэ, узыншагъэри зыгуэр хъунт.

*Нагъуэ коляскэм ису къыщIокI, Марят щIохьэж.*

**Нагъуэ.** Уа, МэтIэ, сыту хуабжьу ухэгупсысыхьрэ.

**Азэмэт.** Сызэгупсысын сиIэщи аращ. Нобэ къуажэ администрацэм сыщыIащ... Спортзалыр къызатыжыну селъэIуати, ядакъым. «Сабий гуп къэсщтэнурэ згъэсэнущ», – яжызоIэ сэ делэми... «Зэкым» сабий дзыхь къыхуащIын?

**Нагъуэ.** НтIэ, сытым тебухуэрэ?

**Азэмэт.** ЩIы арендэу къеIытхынщ, Iэщ дгъэшхэнщ жызоIэ. Мэкъу сеуэнщ, мо тутнакъэщым сизыгуа маршынэжьым гу пысщIэнщи, къэсшэжынщ. КъызищIар есщIэжынщ. ХэкIуэдэжа мы лъапсэри къэIэтыжын хуейщ.

**Нагъуэ.** Алыхьым пхузэфIигъэкI, си щIалэ! Уи адэм и псэри тыншыжынти, гукъеяуэу диIэри щIэтIубэжынтэкъэ итIанэ?..

**Азэмэт.** Тхьэм дигъэлъагъу...

**Нагъуэ.** Мурат къыдыхьэжат нобэ...

**Азэмэт.** Сыт-тIэ жиIэр?

**Нагъуэ.** СигъэгуфIэну арат – Данэ лэжьапIэ къыхуигъуэтащ. Ларисэрэ абырэ зэбгъэдэкIыжыпащ-тIэ...

**Азэмэт.** Шумахуэ дэнэ здэщыIэр? Дапщэрэ жесIа мы маршынэжьыр пщIантIэм деж щимыгъэувыну!

**Нагъуэ.** Ари пIащIэу дэкIыжащ. И лэжьапIэщIэм къыкIэрыху хъунутэкъым. Пщэдджыжьым жьыуэ и щыкъум кIуат, бынунагъуэр къишэжын и гугъэу. И фызым зытригъэхьакъым... ПщIэншэрыкIуэ хъуащ Шумахуэ...

**Азэмэт** *(и щхьэ хужиIэжу).* ЩIалэ цIыкIуитIым ди Iуэху хэлъыжккъым– тIэ... НэхъыщIэм бын иIэххэкъым, сэраци...

Мо гъущIыпэ гъуамэм щIалэ цIыкIуитIыр дэшыгъуэм деш, къэшэжын хъуамэ, нэщIу къегъэзэж. Лажьэр къызэрыкIар аращ аргуэру!

*Азэмэт щолъэтри, уадэшхуэр къегъуэт. Маршынэм бгъэдохьэри, и къару къызэрихькIэ зэхекъутэ. Нагъуэ гузавэу абыкIэ маплъэ.*
*Абдж щащэ макъым иужькIэ Азэмэт къыхокIиикI – и Iэр иуIэжащ.*
*Нагъуэ гужьеяуэ маджэ, унэм Марят къыщIож, къэхъуар ельагъури, щIолъэдэж, Азэмэт и Iэр зэрипхэн къыщIихауэ, лъыр псынщIэу зэригъэувыIэн яужь итщ.*

**Азэмэт.** ПщIыхьэпIэу слъэгъуат си Iэр схуагъэхуабэу...
**Марят.** Иджы мис, уи Iэр буIэжащ... УIэгъэр куу хуэдэкъым, Азэмэт, псынщIэу хъужынущ.
**Нагъуэ.** ГъущIыпэм лажьэ имыIэми, уигу тебгъэпщэхащ!

*Марятрэ Азэмэтрэ зыми гу лъатэжыркъым, унэмкIэ щIохьэжхэр.*
*Нагъуэ и нэгур зэIухащ, жиIэр и гум хыхьэжу, мэпсалъэ.*

ГъущIыр гъущIщ. Абы псэ хэткъым. Псэ зыхэтхэм я гур жырщ иджы... Псэ зыхэгъэт, МэтIэ! Уи гур жыр умыгъэхъу. Псым хэлъ мывитIрэ пэт зоунтIэIу. Тхьэм иухам дыфIэкIынкъым. Игу фIыкIэ дыкъэкIыну сэ солъэIу!..

*Сценэр кIыфI мэхъу. МелыIыч цIыкIур къыхонэхукI. Ар хуэмурэ унащхьэм къох. Нагъуэ гъунэгъу къыхуохъу. Иджы тIури къыхонэхукI.*
*«Къэтэдж», – жыхуиIэу, МелыIыч цIыкIум и Iэхэр Нагъуэ хуещI. Нагъуэ тельыджэр къельагъури, къызэфIоувэ, хуэмурэ йожьэри, макIуэ – и лъэр къыщIэувэжащ...*

*2007 гъэ*

# Псалъэр бгъэувмэ, вым хуэдэщ

Пасэ зэманхэм щыгъуэ апхуэдэ дыдэу щытащ, – псалъэм лъэкІыр вым я нэхъ лъэщым и гуащІэми къимыхьу: джэгуакІуэм и псалъэм езы пщышхуэ дыдэхэр фІэлІыкІырт, уэрэдусым и пщІэр лъагэт, тхакІуэ-усакІуэхэм я Іэдакъэ къыщІэкІыр, Агънокъуэ Лашэ и псалъэкІэ жыпІэмэ, ерыскъым палъытырт.

ЦІыхур псэ зыІут псоми ящхьэ зыщІыр бзэ зэрыІурылъращ. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, мы дунеижьыр къызэригъэщІрэ хэт и цІэр тхыдэм фІы щІэнкІэ къыхэнами, хэт цІыхубэр къигъапцІэу я нэхъ Іейкіэ игъэщхьэрыуами, дэтхэнэми Іэмал нэхъыщхьэу къигъэсэбэпар псалъэрщ. Нобэ, – е зэманым зыдригъэкІуу зихъуэжа, хьэмэрэ нэгъуэщІ щхьэусыгъуэ гуэрхэм къыхэкІа – сытми, эстетикэм и хабзэ нэгъэсакІэ зэщІэузэда псалъэр зи Іэпэгъухэм я жыІэр цІыхум я фІэщ мыхъужу къэнащ. Псалъэ пэжыр хьэрэм ящІыным нэсащ пцІым зигу зэщигъэуахэм. Абы къыхэкІыу, шынагъуэ щыІэ хъуащ обществэ псом фэбжь тезыдзэн мыгъуагъэ гуэр къэхъункІэ. Абы и щыхьэткъэ, псалъэм папщІэ, иджырей балигъхэм я нэхъыбэм сериал купщІэншэ еплъын ищхьэкІэ кІуэн эстетикэ Іуэху зэрызэрамыхуэжыр, щІалэгъуалэм анэдэлъхубзэ тхылъым нэхърэ дискотекэр нэхъ къащтэ зэрыхъуар, лъэпкъым и гугъапІэу диІэ ныбжьыщІэ цІыкІухэми анэдэлъхубзэм и Іэфіыр зэраІэщІэкІыр. Пэжщ, «сабыншыку оперэ» жыхуаІэм уи щхьэр гугъу иригъэхьыркъым, махуэм улэжьамэ, ущІэжеикІыну хъарзынэщ. Дискотекэри, дауи, Іей зэфэзэщкъым, ари къызэзыгъэпэщымрэ зэрызэрагъэпэщымрэ елъытащ, ауэ апхуэдэ къудейкІэ щІэблэм и узэщІын къалэныр зэрыщыту гъэзэщІа хъуну зи гугъэхэр куу дыдэу хоукъуэ.

Мыгъуагъэр къакІуэмэ, зым зыр кІэрыщІэжауэ къызэрошажьэ: абы и гъусэу мэятэ утыкуакІуахэу, ауэ, утыкур яубыда нэужь, я щхьэ хуэфІын фІэкІа лъэпкъми жылагъуэми зыгуэркІэ хуэщхьэпэн жыхуэпІэр зимыгуращэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ щапхъэхэр къыпхуэхьынущ литературэм ехьэлІауи. Псом хуэмыдэжу иужь зэманым тыкуэнхэм щІэз къэхъуащ усэ мылъхуэсхэр зэрыт тхылъ гъэщІэрэщІахэр, уэрэд купщІэншэхэм эфирыр яубыдащ. Ахэр литературэ дыдэм зэрещхьыр нартыху фор бжьэ фом зэрещхьым хуэдизщ. ЗэхэщІыкІ тэмэм зымыгъуэта цІыхухэр, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэр, абы егъэщхьэрыуэ, бжьэхэм губгъуэ гъэгъам къраха фом и ІэфІыр игъащІэм зымыгъэунэхуахэр фошыгъупскІэ къызэрагъапцІэм хуэдэу.

ПрозэмкІэ зыкъэбгъазэми, нэм занщІэу къыщІоуэ цІэрыІуэ хъуным хуэнэхъуейуэ мазэ-мазитІым къриубыдэу тхылъ пІащэ къыщІезыгъэдз «романистхэр». ГъэщІэгъуэнращи, тхакІуэ-усакІуэ Іэзэ зэрыхъун талант

Алыхьым къаримытами, я Iуэхур зэрыдагъэкIыным ахэр хуабжьу хуэIэзэхэщ, я тхылъхэри Лев Толстой и Iэдакъэ къыщIэкIам хуэдэу къытрагъадзэ, ТхакIуэхэм я союзым зэрыхэхьэн гъуэгуи тыншу къагъуэт, ныкъуэцIалэныкъуэтхьэщIу дунейм къытраутIыпщхьа я «тхыгъэ лъапIэхэм» лъэтеувэ Iэта иращIэкIри, езы КIыщокъуэ Алим зэхимыха щытхъупсхэр зылъагъэсыф. НэхъыкIэжыращи, гъащIэм зэщхьэщиударэ ерэ фIырэ зэхэзымыщIыкIыж цIыху цIыкIуми ар апхуэдэ дыдэу къафIощI. А псори щыпэкIу утыкум анэдэлъхубзэм и IэфIыр зыIурылъ тхакIуэ-усакIуэхэм лъэувыпIэ къащылъысыжыркъым. КIэщIу жыпIэмэ, зыхузэфIэкIым бжьыпэр еубыдри, езыр зыхуеймкIэ еIуантIэ, ар иужькIэ лъэпкъым къызэрыщIэкIуэжынур зыкIи кърамыдзэу.

А псори псыдзэ къиуам и гущIыIу телъ тхъурымбэ фIейщи, псыр зэгуэр жэбзэжынщ. Зи пщIэр куэду ехуэха лъэпкъ тхакIуэ-усакIуэхэм къалэн нэхъ хьэлъэу нобэкIэ я пащхьэ къиувэр етIощIанэ лIэщIыгъуэм мыIейуэ зызыужьауэ щыта адыгэ литературэми, анэдэлъхубзэми, лъэпкъым и щэнхабзэ дахэми, езы тхакIуэхэм я пщIэми яхуэфэщэн увыпIэ егъэгъуэтыжын зэрыхуейрщ. Тхьэм и фIыщIэкIэ, лъэпкъымрэ абы и щэнхабзэмрэ зигу иригъухэр иджыри щыIэщ, ахэр жьантIакIуэу щымытми, я бгъэр кърагъэкIыу утыку куэдрэ къимыувэми. Абыхэм ящыщ зыуэ си щхьэкIэ къызолъытэ адыгэ усыгъэр фIыуэ зылъагъухэм куэд щIауэ яцIыху Бицу Анатолэ. Апхуэдэу щIыжысIэм и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ абы иужьу къыдигъэкIа, «КIуэцIрыкIыбжэ» зыфIища тхылъыр. Мыр къызэрыдэкIрэ зэман гуэр кIуами, критикэм гу зылъитахэми ящыщкъым, модэ къежьам тету, езы авторми лъэтеувэ хуищIын Iуэху лъэпкъ зэрихуакъым. Абы щыгъуэми, мы тхылъым утепсэлъыхьыну къелэжь.

Пэжыр жысIэнщи, тхылъыр къызэрызэIуих «Шулъагъуэ» усэр, и образхэмкIи, макърэ ритмикэмкIи нэмыгъэсауэ къысщыхъури, зымащIэщ иIэжар зэрытхылъу а зым и фэр есплъыным. АрщхьэкIэ абы къыкIэлъокIуэ тхылъ псом фIэщыгъэцIэ хуэхъуа … КIуэцIрыкIыбжэ усэр. – Ар зэи ямыгъэбыдэ, сыт щыгъуи хэти игъуэт щхьэегъэзыпIэм ухуэзышэ бжэщ. Абы и къуагъым фIыгъуэ къуэлъми, къуэмылъыххэIами къэщIэгъуафIэщ, зыри щагъэпщкIуркъым. Зыгуэр къуэлърэ – цIыху кIуапIэ хъунущ, гъащIэм и зы Iыхьэу щытынущ, къуэмылърэ – абы щыгъуэм хуеин щыIэкъым. Апхуэдэу къелъытэр Бицум и усакIуэ пщIантIэри. Абы игури кIуэцIрыкIыбжэщ.

*КIуэцIрыкIыбжэр сфIэIейкъым –*
*Къысхуокlуэ хьэщIэу хэт хуейми…*

Етхыр усакIуэм. Зэ еплъыгъуэкIэ, дауи, ар фIыщ, – куэд къыпхуэкIуэныр, куэдым уалъытэныр, куэдым укъалъагъуныр. ФIыт ар, дауи, къыпхуэкIуэ псоми я хьэлъэр уэ псэкIэ зэбгъэзэхуэн хуэмеятэмэ, уэ къуахьэлIэ гурыгъухэр езыр-езырурэ зэфIэкIыжу щытатэмэ, арщхьэкIэ, зи гур хэти хузэIуха усакIуэм хэт и хьэлъэри и псэм къытощIэ:

*Ауэ къызет гукъеуэ –*
*СеукIыр сэ жьы зэпеуэм…*

ГъащIэм и хабзэр аращ – гу пцIанэу дунейм утетмэ, хэт и узыфэри уэри къофыкI. Апхуэдэу щыхъукIэ, усакIуэмрэ абы зи Iуэху къезыхьэлIэхэмрэ я зэхуаку зыри дэмытыжу зэхошыпсыхьри, езы усакIуэми и гукъеуэхэр тхылъеджэм хуеIуатэ, дзыхь хуещIри, усакIуэ гурыщIэм къыщыкъуалъэ бэмпIэгъуэ куэдыр усэбзэкIэ къарекIут.

Мис абдеж къыщрегъажьэри, тхылъым узыIэпишэурэ макIуэ. УзыIэпызышэри авторым и Iэзагъым и закъуэкъым (пэжыр жыпIэмэ, зэзэмызэми,

а Iэзагъыр къыщымынаIуэ гуэрхэми урохьэлIэ), атIэ нэхъыщхьэр нобэрей тхылъеджэр зыхуэныкъуэ псалъэу гум къыбгъэдэкIырщ.

Илъэс тIощIым нэблэгъащи, ди поэзиер политикэм и IуэхутхьэбзащIэщ: абы зэм щхьэтечауэ усакIуэм куэд зыхимыщIыкI социальнэ Iуэхугъуэ гуэрхэр бэракъыу еIэт, зэми, политикэм зыпыIуидз къыфIэщIыжу, щхьэзакъуэ гухэлъым тоусыхь. ТIум щыгъуэми абы гъащIэ зыхэтыр зэгъуэкI ещI, гъащIэм и пэжыр ирегъэкIуэтэкIри, псалъэ лъабжьэншэкIэ тхылъеджэр къыдишэхыну хуожьэ. Ауэ ар зэ къохъулIэнщ, тIэу къохъулIэнщ, ауэрэ ебгъэлей хъумэ, уи псалъэри уэри уаIэщIэужэгъуэнущ. Армырауэ пIэрэ ди литературэм нобэ къыщыщIар?

Бицум и тхылъым зыфI хэлъмэ, мышынэу, укIытэ нэпцIым зыдимыщIу абы гурылъ къабзэр къызэриIуатэращ. Абы игу ирогъу нобэ зи фэм бэлыхь дэлъ дэтхэнэ цIыху къызэрыгуэкIми, ар догуфIэ нобэ фIы къызэхъулIэ дэтхэнэ псэ хьэлэлми. Апхуэдэу жытIэ щхьэкIэ, гуфIэгъуэм деж хэти и гум уэрэдыр кърещ, дамэгъу пэжрэ псалъэ гуапэрэ нэхъ хуэныкъуэр мыгъуагъэ къызыщыщIаращ. Арауэ къыщIэкIынущ Бицум и тхылъми нэщхъеягъэр щебэкI зыщIари. Абы и щапхъэу къэпхьын мы тхылъым мымащIэу итщ: «МелыIычитI», «ХьэрэкъуакIэ дыхьэжа щIалэгъуэм…», «И хьэлакъым си гум зэи…», нэгъуэщI усэхэри. «Сыт щIэзмылъагъужыр сэ гуфIэгъуэ?», «Пшагъуэр щхьэ си гъуэгу къытрихьа?» – мы псалъэхэр авторым и щхьэ хужиIэжауэ къыпщыхъуми, ди зэман хьэлъэм ар дыдэр зи щхьэ хужызыIэжын, ахэр езыхэм я гъыбзафэу зылъытэныр гъунэжщ. АбыкIэ зым и гуфIэгъуэр адрейми и гуфIэгъуэ мэхъу, зым и гукъеуэм адрейм игури къресыкI. Лирикэр жылагъуэ псом и щэнхабзэм щыщ зы Iыхьэ щыхъур апхуэдэхэрауэ къыщIэкIынщ. Абы къыдокIуэ щхьэзакъуэм деж къыщызэтемыувыIэ, цIыхубэм зэдай проблематикэр:

*Сэ куэдрэ согупсысыр*
*Си гур хэщIу:*
*Ди нобэм,*
*Тлъагъуу ди нэкIэ, цIыхупсэр*
*Ахъшэ жьгъейуэ ещI щыкъуей!..*

Жылэр щыIэпхъуэм гуащэрэ пэт къаз еху, жаIэ. Зэманыр щышынагъуэм деж лирик нэхъ хьэщыкъри жылагъуэм и дэгызэ хъун хуейщ. Гуныкъуэгъуэр куэдщ, ахэр умылъагъу зыпщIу уи гухэлъыр рифмэрэ метафорэ гъэщIэгъуэнкIэ зэбгъэкIукIэ жылагъуэм и гум дыхьэ усакIуэ ухъунукъым. А жылагъуэм и узыфэм уи гур кърисыкIыу лъэпкъ псом хэкIыпIэ къыхуэплъыхъуэу щытын хуейщи, ар фIыуэ къызыгурыIуэ усакIуэм мыпхуэдэу етх:

*Зыплъыхьыт, шынэхъыщIэ,*
*Уи нэр жанщ,*
*КIуэдыжыркъэ адыгэхэр,*
*Арати…*
*ЦIыхухъухэр*
*ПщIантэхъумэу къэнэжащ,*
*ЦIыхубзхэр щыIэщ «зекIуэ»*
*Эмиратхэм.*

Дунейр, зэрыщымытауэ, зэблэдза хъуащ – лъабжьэу щытар щхьэкIэ хъури, щхьэкIэр лъабжьэ палъэу щIым хасэжащ. Зэгуэр зекIуэ ежьэрэ жылэ псор зыхэпсэукIын фIыгъуэ къезыхьэлIэу щыта лIыхъухэм я лIэужьыр «пщIантIэхъумэщ», КъуэкIыпIэм къикIа хьэщIэри, КъухьэпIэмкIэ къикIа

зекlуэлlри дахагъкlэ къэзыхьэхуу тхыдэм ихуахэм къащlэтэджа иджырей «Iэдиихухэр» бэзэрым тетщ, я Iэщхьэлъащхьэр дэхьеярэ, кхъухь джабэ хуэдиз я бгы задэхэм цы Iув Iэлъэщl къепхэкlауэ, дыщэ идэрэ дэнлъэчрэ щlыным хуэIэкlуэлъакlуэу щытын хуея Iэхъуамбэхэр пхъашэ хъури уфlыцlыжарэ, зэм нащэ фlэIум хэлъу, зэм бжьын цlынэмрэ къуэнтхъурей псыфымрэ хэкlуадэу. Лlым и къалэныр фызым и пщэм къыдэхуэу лlыр фызыпхъэ щыхъум деж фlы щыIэкъым: ди лъэпкъ дахэм пасэ зэманым фlыщlэрэ щытхъурэ зэригъуэтахэр хокlуэдэжри, ари щхьэкIэкlэ исауэ къонэ:

*Гупсысэт, шынэхъыщIэ,*
*Уи щхьэр нэхущ.*
*Адыгэм Iуэху иIэжкъым,*
*Мылъку нэмыщIкlэ.*
*Нэмыс абы хуищIыжкъым*
*Лlыжь жьакlэху,*
*ЩIэгъужкъым абы нобэ игу тхьэмыщкlэм…*

Зым хуэгъэза хуэдэу усакIуэм игъэпсыр и купщIэкlэ жылагъуэ проблемэм, лъэпкъпсо проблемэм екlуэлIэж псалъэщ. Мыбдежым Бицум и тхылъым, ауэ сытми усэ гуп щызэхуэхьэса хуэдэу мыхъуу, атIэ гупсысэ курыххэм я плъыфэ зэмыщхь зэпыщIахэм я къызэкlэлъыкlуэкlэр къыхощ: лирикэм и хабзэм тету, авторым япэ щlыкlэ щхьэзакъуэ проблематикэр япэ кърегъэщри, итlанэ абы жылагъуэ Iуэхухэр хуэкlуэ дыдэу ирегъэзэгъыж – зэм зыр тlэкlу япэ иригъэувэу, зэми адрейр тригъакlуэу. Тхылъым и зы Iыхьэр еух аргуэру гухэлъ гъэнэхуамкlэ. Адэ и кlэухымкlэ щыIэ усэхэр япэрейхэм яхэлъа гупсысэмкlэ псыхьауэ ди деж къосри, дэр дыдэм ди гурыгъухэр къыщыIуэтам хуэдэу псэм дохьэ.

Абыхэмрэ япэ итхэмрэ Iунэ быдэкlэ зэта зыщlу уситl итщ тхылъым: «ИгъащIэкlэ щакlуэкlэ уеджэ мыхъун…», «ЩIичащ фоч кlакхъур…» жыхуиIэхэр. ЕтIуанэр усакlуэм илъэс куэд ипэкlэ итхауэ щытми, ар сыт щыгъуи псэм ежалlэ псалъэкlэ узэдащ:

*ЩэIуащ бжэн цlыкlур,*
*И псэр щитым…*
*Лlым «щакlуэ нэсу»*
*Зибжыжащ.*
*Ауэ бжэн лlам*
*И нэкугъуитlым*
*Лlыукl сурэту*
*Ар къинащ.*

(Мы усэм сэ куэдкlэ си япэ гу лъитауэ щытащ Iустаз лъапIэу диIа Сокъур Мусэрбий).

Мыбдежым поэзиер къыщIэнахуэр усэр ди зэманым нэхъ къафIэIуэху хъуа экологием зэрытеухуаракъым, атlэ гулъытэ зыхуэфащэу усэм къыхэщыр дызэсэжа щхьэхуэфlынымрэ нэгъуэщIым и псэм тетлъхьэ хьэзабымрэ дэ тхуэмыпшыныжын гуэныхь зэрытхуэхъужым авторым гу зэрылъыдигъатэращ.

Абы и ужькlэ усакlуэм философие дахэмрэ гухэлърэ зи лъабжьэ усэ гуп къызэкlэлъегъакlуэри, тхылъ псом и нэхъ курыхыу авторым и гурыщlэхэр зыкlи щlимыхъумэу къыщигъэнэхуа Iыхьэм дыхуешэ. Ар и щхьэ къриклlуа лажьэм къыхэкlа усэхэращ, а усэхэр хуэгъэзащ дунеягъэкlэ авторыр зыlумыщlэжыну и щхьэгъусэм, нэхъ тэмэму жытlэмэ, зэи мыкlуэдыжын и псэм.

Укъызэрыгумэщlар къэбгъэнэхуэныр адыгэлlым дежкlэ тыншкъым, нэхъ гугъужщ щхьэгъусэм узэрыхуэгумэщlар псалъэкlэ хэlущlыlу пщlыныр. Пэжщ, а темэм гулъытэ хуащlыгъащ езы Агънокъуэ Лаши, Пащlэ Бэчмырзи, Хьэхъупащlэ Амырхъани, арщхьэкlэ, нобэр къыздэсым щхьэгъусэ темэр адыгэ усакlуэм дежкlэ шы мыгъасэм хуэдэу къэгъэlурыщlэгъуейуэ къонэ.

Япэкlэ къэкlуа къомымкlэ дыхуимыгъэхьэзыру, мы усэ циклымкlэ усакlуэм тхылъыр къызэlуихауэ щытыгъатэмэ, ар апхуэдэу гум емыхуэбылlэнкlэ хъунт. Жысlэну сыхуейкъым авторым и гущlагъэщlэлъ нэхъ лъапlэхэр укlытэу тхылъым и кум хигъэпщкlуауэ. Мыр нэхъ зэщхьыр – нэхъ курыхыу щыт усыгъэхэр адрей абы хуэфэщэжхэмкlэ екlуу къэгъэтlылъыхьауэ аращ, налкъут цlыкlу зэщlэпщlыпщlэхэм адрей нэхъ кlанэшхуэр къызэраухъуреихьым хуэдэу. Абыхэм нэхъыщхьэр яхэкlуадэкъым, атlэ нэхъ lупщlу къахощ. Сыщыуэу гуэныхь ин къэсхьынкlи сошынэ, итlанэми жызмыlэу хъунукъым – сэ къызэрысфlэщlымкlэ, мы тхылъыр, Бицум и тхылъ псоми я нэхъыфl зыр, щlитхар «Си гъащlэр зырикlт, уэ ухэмытам» зыфlища циклыращ. Мыбдежым щызэхуэхьэсыжащ илъэс иримыкъу ипэкlэ итхари, илъэс щэщl, нэхъыбэж ипэкlэ итхахэри. Ауэ ахэр телъыджэу зокlу, я кум бэуэгъуэ дэмыту зы жэщ-махуэм къриубыдэу яусам хуэдэу. Абы щыгъуэми, ар апхуэдизу гурыщlэ щэхущи, усакlуэм ахэр, и дзыхь къыдигъэзу, дэ къыдигъэлъагъу щхьэкlэ, мыр къехъулlати, мыдрейр нэхъ фагъуэ хъуати, жытlэу критикэ тщlыныр къысхуегъэзэгъыркъым, сытошыныхь «алгебрэкlэ гармониер» къэспщытэу сыхуежьэмэ, авторым къыдбгъэдилъхьэ гухэлъхэм я телъыджагъыр кlуэсэну. Ахэр икlи усэщ – поэзием и хабзэм тету гъэпсащи, ауэ ахэр икlи гупсысэ щэхухэщ – гурыгъу иным къыпкърыкlащи. Зы щапхъэ закъуэ къэсхьынщ, езы Анатолэ циклым псалъащхьэ хуищlари хэту:

*Телъакъым уи цlэр махуэ къэс си lупэ –*
*Апхуэдэр си щхьэ къысхуемыгъэзэгът.*
*Къысхуегъэкlуакъым мыпхуэди си напэ –*
*Уи lэблэр сэ уэрамхэм щызмыlыгът…*
*Итlани сэ уэ сызэрыпхущытыр*
*Гухэлъ уэрэдкlэ куэдрэ къэсlуэтащ.*
*Жызоlэ нобэ, зыкlи сымыукlытэу:*
*«Си гъащlэр зырикlт, уэ ухэмытам!»*

Сыт хужыпlэ хъун иджыри мы усэ гупым? Ахэр псэмрэ гумрэ яку къыдэзышар мы дунейуэ зэ закъуэ фlэкlа къытлъымысынум щызекlуэ фlыгъуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. А фlыгъуэр зымыгъэунэхуу дунейм ехыжар мыпсэухам пэлъыти, ущыуэнкъым. Ауэ, ар игъэунэху къудейм къыщымынэу, псэкlэ фlыуэ илъэгъуам гъащlэр дэзыхьа дэтхэнэри тlуащlэу насыпыфlэщ, и гъащlэм гууз хэтауэ щытми.

Зи гугъу сщlа циклым къыкlэлъыкlуэу нэгъуэщl зы итщ тхылъым. Ар зытеухуар усакlуэм псэлъэгъу ищlахэмрэ ищlынкlэ зыщlэхъуэпсхэмрэщ. Хэт, атlэ, абы и «псэлъэгъухэр»? Лъэпкъым и набдзэхэу, Андемыркъан хуэдэ лlыхъужьхэращ, Темыркъан Юрэ, Кlыщокъуэ Алим, Бэрбэч Хьэтlутlэ, Лъостэн Владимир, Сокъур Мусэрбий, Бжэlумых Хьид сымэ хуэдэ уардэхэращ, Къэшэж Иннэ, Бещтокъуэ Хьэбас, Елгъэр Кашиф сымэ хуэдэ усакlуэхэращ, нэгъуэщlхэри абыхэм ядекlун защlэщ. Бицум ахэр е щытхъупскlэ игъэлъапlэу, е тхьэпэлъытэу ибжауэ къыхихыу аракъым, атlэ мо и псэм къехуэбылlэ цlыхухэм я теплъэмрэ щэнымрэ и нэгу къыщlигъэувэурэ, езым и поэтическэ фантазием зригъэlэту аращ. Хэти хуэныкъуэщ апхуэдэ «уэршэрэгъу» иlэу дамэ къытекlам хуэдэу зиlэтыну!

Си гугъэщ икъукIэ къезэгъыу тхылъым и кIэухым балладэхэр зэритыр. Ахэр япэм къыдэкIа тхылъхэм зырыз-тIурытIурэ ярытащ, иджы зыуэ щыплъагъукIэ, наIуэ къохъу Бицу Анатолэ адыгэ балладэ жанрым хуищIа хэлъхьэныгъэм фIагъыу хэлъри, уигу зыхуэмызэгъэн гуэрхэри. Ауэ, дызытепсэлъыхь тхылъым и курых усэхэр апхуэдизкIэ гущIэм къыщежьауэ гъэпсащи, лажьэ гуэрхэм я гугъу сщIыну сыхуейкъым. Мыбы и фIагъхэр щыхьэт тохъуэ зи ныбжькIэ илъэс хыщIым щхьэдэха усакIуэм иджыри дэ дигъэгъэщIэгъуэн куэд къызэрызыкъуихыфынум. Тхьэм къыхузэпищэ.

**ГЪУТ Iэдэм,** *филологие*
*щIэныгъэхэм я доктор*

◈ ◈ ◈

# Анэдэлъхубзэр фIыуэ тщIэуэ пIэрэ?

### 1. Таксистым гъуэгупщIэ щIысIимыхар

Щхьэлыкъуэ къуажапщэмкIэ къежэхыж таксир къэзгъэувыIэу: «Налшык «Дубки» бэзэрым сышэ», – жысIэу щIалэ лъагъугъуафIэм зыщыхуэзгъазэм, къалэм нэс нэщIу зэрымыкIуэжынур и гуапэ хъуауэ, сызыбгъурегъэтIысхьэ. Нэрылъагъут сыкъызыбгъэдэхута щIалэр зэрышофер IэкIуэлъакIуэр: гъуэгум иIэ кумблъэмбхэм машинэр иримыгъауэу, ахэр Iэзэу къызэринэкIыу, скоростыфIи иIыгъыу кIуэрт. Арати, апхуэдэурэ зы теуэгъуэ ткIуауэ, таксистым рулыр зэриIыгъ и Iэ ижьым IэпхъуамбапщIэр зэрыпимытыжым гу лъызотэ. Арыншами тIуми зыри жыдмыIэу дызэрыкIуэр къысхуемыгъэкIуу, абы и Iэм сеплъурэ соупщI:

– Уи IэпхъуамбапщIэм къыщыбгъэщIар сыт, къуэш?

– Циркуляркэм пихащ. Ауэ абы зэреджэр «Iэпхъуамбапщэкъым» – «зыгъэлъагъуэ» Iэпхъуамбэщ.

– «Зыгъэлъагъуэ Iэпхъуамбэ». Апхуэдэ псалъэ адыгэбзэм хэту къыщIэкIынкъым. Ауэ языныкъуэхэм урысыбзэм къытраIуэнтIыкIауэ, «мор» е «модрейр» жаIэу, зыгуэр къагъэлъэгъуэнумэ, нэхъыбэу къагъэсэбэпыр аращ. Е мыпхуэдэу зыгуэрхэр къыщапщым дежщ, – жысIэу си Iэпхъуамбэшхуэмрэ IэпхъуамбапщIэмрэ зэкIэщIызохри, Iэбжьэ тездзэурэ ар къызэрапщ щIыкIэр таксистым изогъэлъагъу, адэкIи пызощэ: – Шэч хэмылъу, адыгэхэм абы Iэпхъуамбапщэ щIыфIащари арагъэнущ.

– Уэ узэрыурысыр нэрылъагъущ. Ауэ апхуэдэу Iэзэу адыгэбзэр дэнэ щыпщIэр?

– Пэжщ, сэ сыурысщ. Ауэ, сызэрыурысу, адыгэбзэр фIыуэ зыщIэу къызыщыхъуж зыкъом щыдэзгуэж щыIэщ.

– Хьэуэ, къуэш, – къыпогуфIыкI шоферыр. – Хэт дэбгуэжми, адыгэбзэкIэ уэ сыпхуигъэкIуэтынукъым, сыту жыпIэмэ, сэ ди университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и факультетыр къэзухауэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ сиIэщ. Ауэ плъагъуркъэ, школым щезгъэджэным и пIэкIэ, мис – такси къызохуэкI.

Адыгэбзэр фIыуэ зэрищIэм шэч лъэпкъ къытримыхьэжу, игурэ и щхьэрэ зэтелъу таксистыр зэрыпсалъэр тIэкIу сфIэемыкIу хъуауэ жызоIэ:

– Уэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ узэриIэр гъэщIэгъуэн къысщыхъуакъым. Къэбуха факультетри си дежкIэ зырикIщ. Сызыхуейр адыгэбзэр фIыуэ пщIэрэ умыщIэрэ зэхэзгъэкIын къудейраци, иджыпсту сызэрыноупщIынухэм я жэуап тэмэм къызэптыжыфыну пIэрэ?

– Ара уи гугъэр? – зыхуэарэзыжу къыпогуфIыкI мор. – А уэ зэрыжыпIэм хуэдэу, хуэмыхуу сыкъыщIэкIмэ, псалъэ узот узыхуей дыдэм пщIэншэу усшэну. Аращи, къызэупщI.

– Хъунщ. Iэпхъуамбитхум ящыщ зым зэреджэм деж ущыуакIэщ. Ар хыдогъэкIри, къэнэжа адрей плIым я цIэхэр къызжеIэт.

– Iэпхъуамбэшхуэ… Iэпхъуамбэжьакlэ…

– Пэжщ. Пэжщ. АдэкIэ-щэ?

Таксистым машинэр нэхъ хуэм ещI. АрщхьэкIэ, адэкIэ къыпищэнур ищIэркъым, гугъу зэрехьыр нэрылъагъуу, хогупсысыхь. Арати, зыкъом ткIуа нэужь:

– Къысхуэгъэгъу, – жи абы, укIытауэ, – адрей къэнахэм зэреджэр сщыгъупщэжащи, сыт сымыщIэми, къысхуэщIэжыркъым.

– Сэ узгъэпIащIэркъым. Гупсыси, пщIэуэ щытамэ, къэщIэж! – жызоIэ, ар зэрыукIытэм гу лъызмыта хуэдэу фэ зытезгъэуауэ. АрщхьэкIэ езым арыххэу пегъэщ:

– КъыщысхуэмыщIэжкIэ, сыгупсысэкIэ сыт и мыхьэнэж? Аращи, укъызэрыстекIуамкIэ зызумысыжу си IитIри пхузоIэт, иджы уэ адрей къэнахэм зэреджэр къызжеIэ.

– Хъунщ-тIэ, щумыщIэжкIэ, дяпэкIэ пщымыгъупщэжын хуэдэу, уи гум иубыдэ. Мы Iэпхъуамбэ ещанэм зэреджэр курытщ.

– Е зи унэр бэгъуэн! Уэлэхьи, пэжым! Сэ сщIэрт ар! Ауэ къысхуэгубзыгъыжакъым!

– Мыдрей къыкIэлъыкIуэм, – си IэмкIэ езгъэлъагъуурэ, адэкIэ пызощэ, – Iэпхъуамбэ курытымрэ Iэпхъуамбэжьакlэмрэ я кум дэтым зэреджэр Iэпхъуамбэ цIэншэщ. Нэхъри гурыIуэгъуэу (зэхэщIыкIыгъуэу) бжесIэнщи, мыбы цIэуэ щы иIэщ: Iэпхъуамбэ цIэншэ, цIэимыIуэ, ди урысыбзэр зэрадзэкIауэ, адыгэхэр абы еплIанэ IэпхъуамбэкIи йоджэ.

– Берычэт бесын, Тхьэм уигъэпсэу. Уэлэхьи, дяпэкIэ ахэр сщыгъупщэжмэ, си Iуэхум!

Арати, апхуэдэурэ «Дубки» бэзэрым дынэсу счетчикым кърипдза ахъшэр таксистым щыхуэсшийм:

– Хьэуэ, хьэуэ! Сэ жысIам сепцIыжыркъым, ахъшэ лъэпкъ къыпIысхынукъым! Фи урысхэм жаIэр пэжщ: «ИгъащIэкIэ псэуи, игъащIэкIи еджэ». Упсэу! СымыщIэ къэзбгъэщIащ, – си Iэр къеубыдри йожьэж щIалэр.

### 2. Си адэшхуэр къызэрыздэIэпыкъуар

Урысыбзэмкlэ ди урокым дызыпэмыплъа Iуэху къыщытлъыкъуэкIащ нобэ. Ар зытеухуар дызэджэ рассказым дызыщрихьэлIа «потолок» псалъэрат. Ди егъэджакIуэ адыгэ цIыхубзым языныкъуэ псалъэхэр е псалъэуха щхьэхуэхэр адыгэбзэкIэ зэрыдигъэдзэкIын хуабжьу фIэфIт. Арати, сыт щыгъуи хуэдэу, ноби ар къыдоупщI:

– Хэт къызжиIэн «потолок» псалъэр адыгэбзэкIэ дауэ зэрыжыпIэнур?

– Унащхьэ! – псоми зыжьэу жэуап ят.

Езы ди егъэджакIуэри яхэту, псори арэзы мэхъу абыкIэ. Ауэ сэ абыхэм я жэуапымкIэ сыакъылэгъутэкъым, сыту жыпIэмэ, сэ сызэрегупсысымкIэ, унащхьэр бгыкъухэм ящхьэкIэ щыIэ Iыхьэращ. Апхуэдэу щыщыткIэ, «унащхьэмрэ» блынхэм къателъ «потолок»-мрэ къарыкIыр зыкъым, я мыхьэнэкIи зытехуэркъым. Сэ жысIэр фи фIэщ мыхъуамэ, мы псалъэухар зэвдзэкIи феплъыт: «Унащхьэм сэху тракIащ». Псалъэухар занщIэу зэрадзэкIащ. ИкIи языныкъуэхэм «извёсткIэ», мыдрейхэм «сэху» зэрыжаIам нэхъ дагъуэ

ящIакъым. Ауэ, ахэр арэзы хъуа щхьэкIэ, иджыри къытызогъэзэжри, апхуэдэу а Iуэхум убгъэдыхьэныр сэ сфIэкъабылтэкъым, сыту жыпIэмэ унащхьэм дэкIуейуэ, абы (кхъуэщыным, къэнжалым, шиферым, н. къ.) сэху тезыкIэнур хэт? ЩIытепкIэнури сыт? Япэу къеших уэшхым кърилъэсэхыжынукъэ ар? Арати, тэмэму уегупсысмэ, апхуэдэу пщIыныр къызэремызэгъымкIэ егъэджакIуэри классым щIэсхэри сэ арэзы къыздэхъу хуэдэт.

Ауэ гупсысапIэ хэхуахэт: «Унащхьэр мы-«потолок»-мэ, дауэ абы нэгъуэщIу узэреджэнур?»

А упщIэм, езы егъэджакIуэ дыдэри яхэту, зыми жэуап тэмэм къратыфакъым. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, урокхэр иуха пэтми, зыми кIуэжын Iуэху зэрихуэртэкъым. Си классэгъухэм я зэныкъуэкъур кIуэ пэтми зэщIэплъэрт. Арати, ар и гуапэ зэрыхъуар фэуэ тету, ди егъэджакIуэм зыкъытхуигъэзащ: «НтIэ, а псалъэм къигъэлъагъуэр апхуэдизу гъэщIэгъуэн щыфщыхъуакIэ, иужькIэ а псалъэмакъым пытщэжынщи, пэжыр зэхэдгъэкIынщ. Иджыпсту – щхьэж и унэ бжэнлъакъуэщ», – жи.

Унэм сыкъызэрысыжу ди адэм хузоIуатэ нобэ дыщIызэдэуар. ИтIанэ соупщI: «ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ уиIэщ. Адыгэбзэри фIыуэ бощIэ, «потолок»-кIэ зэджэр унэм и дэтхэнэ Iыхьэра?»

– Дауэ жыпIа? – къызоплъ ди адэр. ТIэкIурэ хэгупсысыхьа нэужь: «Адыгэ-урыс», «Урыс-адыгэ псалъалъэхэр» къащти еплъ», – жи. Къасщтэрэ сеплъмэ «крыша»-р унащхьэу, «унащхьэр» «крыша»-у ярытщи, си щхьэр согъэкIэрахъуэ.

«Унащхьэм сэху тракIэ… Унащхьэм къуаргъ тесщ…» – Ар дауэ? Хьэуэ, абыкIэ акъылэгъу ухъу хъунукъым. Псалъалъэхэм зэритым тепщIыхьмэ, «унащхьэми», «потолок»-ми къарыкIыр зымэ, къуаргъыр унэм къыщIэлъатэу и щхьэр егъэзыхауэ дауэ «потолок»-м зэрытесынур? Е унащхьэм удэкIуейуэ, дауэ сэху зэрытепкIэнур?..

Си адэшхуэр гъащIэ кIыхь къэзыгъэщIа, гугъуехь Iэджи зи нэгу щIэкIа, куэдми хэзыщIыкI цIыху пэжщ. Дэ тхуэдэу щIэныгъэ зригъэгъуэтыну Iэмал иIакъым. Ауэ акъыл жаныгъэкIэ Алыхьыр зыхуэупсахэм ящыщ зыуэ жыпIэ хъунущ.

КъыткIэщIэдэIухьу гъуэлъыпIэм илъти, дызытепсэлъыхьыр фIэгъэщIэгъуэн хъуауэ: «Сыт, – жи, – абы щхьэкIэ фыщIызэныкъуэкъур? А фыщIызэдауэм щхьэкIэ гугъу зыщIебгъэхьын щыIэкъым, зиунагъуэрэ. Сыту жыпIэмэ, «крыша»-мрэ «потолок»-мрэ къарыкI мыхьэнэр зыкъым. ИгъащIэ лъандэрэ адыгэ унэхэр мыину, пэшитI е щы нэхъыбэ мыхъуущ зэращIу щытар. Чы-бжэгъуу яухуа унэ блынхэм бгыкъухэр тралъхьэу, стропилхэр трагъэувэжа нэужь, ищхьэм набжэ-бжыхь хуэдэхэр традзэжырт, хьэуазэкIэ е къамылкIэ зэщIабгъэжырти, зэфIэкIат. Апхуэдэ унэм зэреджэри, бгъэныщхьэ унэт. Абы «потолок»-кIэ уеджэну къызэремызэгъым къыхэкIыу, зи гугъу фщIы а езы «потолок» псалъэри диIэтэкъым. Ауэ нэхъ иужькIэ, а унэхэм ущыпсэуну нэхъ тынш, ахэр нэхъ хуабэ хъун щхьэкIэ, а зи гугъу сщIа бгыкъухэм чий лъэрыкIуэхэр тралъхьэрэ, ар ятIэкIэ яижу къаублэри, «блыныщхьэ» псалъэри мис абы къыдежьащ. Иджы «унащхьэ» псалъэмрэ «потолок» хъуж «блыныщхьэмрэ» зэвгъапщэ, а тIум фызэхуеплъыжи, фи упщIэм и жэуапыр хьэзырщ. Зи гугъу фщIы псалъалъэхэм сэ сызэреплъращ. Ахэр зэхэзылъхьа щIэныгъэлIхэр, языныкъуэ псалъэхэм Iэхъуэтегъэкlыу бгъэдыхьауэ къыщIэкIынщ, абыхэм я мыхьэнэм нэсу емыгупсысхэу.

Мис апхуэдэу, щIэныгъэ зимыIэ, мащIэ дыдэ фIэкIа тхылъхэми хэзымыщIыкI си адэшхуэм, хэт сыт жиIэми, бжьынэ зэрынар зэрызэригъэкIыжа щIыкIэм арэзы сытехъуащи, фэ дауэ феплърэ абы?

**КОММОДОВ Геннадий.**

# Хъуэжэ и Куэбжэ

КIУАНТIЭ Iэзид

## МОДЭР ДЭНИ ЩЫНЭСЫМ ДЕЖ…

### Ауан

Зипэ-зипэкIэ стIолым темылъ щыIэтэкъым. Пэшым щIэт хъурымэбжьырымэр Iум изэрыхьырти гурыIупсыр къигъажэрт. ХьэщIэхэр тIысыну пIэщIеижырт. АрщхьэкIэ унэгуащэр зыгуэрым ежьэрти, зыри жиIэртэкъым. Мыдрейхэри, я гурыIупсыр ирагъэхри, псалъэмакъ гъуэщэр яхузэпымыщэу, гуп-гупу зэхэтщ, стIолымкIэ хуеплъэкIыу.

ИкIэм-икIэжым апхуэдизу унэгуащэр зыпэплъэ Хьэсани къэсащ зэрыбынунэу: езым зэкIуэцIылъ гуэр иIыгъыу, я хьэмаскIэ цIыкIур Хьэцахъ и IэплIэм ису.

Хьэцахъ иIыгъ хьэр зэрилъагъуу, Нэхъупщ занщIэу къызэкIуэкIащ, ауэ, къызэрыдэхьейуэ и тэмакъыщIэм къыщIэгъуэлъхьа губжьыр ирикъухыжа мыхъум, зыри жиIакъым: дауи щрырети, хьэщIэщ, хьэщIэм сыткIи худэчыхын хуейщ!

— Ан-на, Хьэцахъ, мы цIыкIур дэнэ къипха? — бгъэдэлъадэри хьэмаскIэм телъэщIыхьащ унэгуащэр. — Сыту дахащэ! Елъэ мы цIыкIур!

— Бэзэрым къыщысщэхуащ. Грамм щиплI фIэкIа и хьэлъагъкъым. Мыбы нэхъ цIыкIу ди къалэ псом хьэ дэбгъуэтэнкъым.

Ар жиIа къудейуэ, хьэ цIыкIур пIастхъэщ-пIастхъэри фызым и куэщIым илъри, стIол щIагъым зыщIигъэбзэхащ.

Ар къигъэсэбэпри, Нэхъупщ хьэщIэхэм захуигъэзащ:

— ИIэт, дывгъэтIысыт! Уа, унэгуащэ, бгъэтIысыркъэ цIыхубзхэр…

АрщхьэкIэ дэнэт! Абы жиIар цIыхубзхэм я псалъэмакъым хэкIуэдащ: абыхэм Хьэцахъ и хьэм фIэкIа Iуэху яIэжтэкъым. Лот уи гугъэр: модэщ, модэра хьэмэрэ шхэныра нэхъапэр?

Апхуэдиз гулъытэм къигъэгумэщIа Хьэцахъи жиIэрт:

— ГъэкIэрэхъуауэ ахъшэ хужь тумэних езмытамэ, дыдей Тхьэм сынимыхьэсыжкIэ. Сэ сыт хуэдизрэ сеныкъуэкъуа абы. Тумэнийм къыщриупщIат… ТIэкIу зрилъэфыхьамэ, Тхьэуэ ди щхьэщыгум къит, тумэ-

нийри езмытынутэмэ… Сыт хуэдиз и уасэ мы цIыкIур, дыжьын пщэхъур илъыжу, убгъурыту мо уэрамышхуэм урикIуэну?! Псы Iуфэм деж щыIа хьэ выставкэр флъэгъуа?.. Сытым ещхь абы хьэщ жаIэу къашэхэр? Я ныбэхэр иуэжауэ, я жьэлъэтIанэхэр Iурылэлу, я тхьэкIумэжьхэр гуэлэлу, пэнуужь хъужахэу…

— Хьэцахъ! — и фызыр къызэтригъэувыIэну хыхьащ Хьэсанэ… — Iэнэм дывгъэтIыс, жи Нэхъупщ, зэхэпхыркъэ?..

— Пупсик, — джащ Хьэцахъ, и лIым жиIам и жэуапу. — Пупсик, дэнэ ущыIэ?

Хьэцахъ и макъыр щызэхихым, хьэ цIыкIур стIол щIагъым къыщIэплъащ, абы къыщIэжри гъуэлъыпIэ щIагъым щIэлъэдащ.

— ГъэщIэгъуэныракъэ, шхын хэплъыхьа фIэкIа схуишхыркъым. ЛIым щыбгъэкIащ, жи, махуитI умыгъашхи гъупщ ишхыу ежьэжынщ, жи. Ан-на, щумыгъашхэкIэ зигъэлIэн-тIэ? Пупсик! Мыдэ къакIуэт! Абы зыгуэр щIэпщIыхьынщи… А лIы, кIуэи плъэт… Зигъэсабыращи, зыгуэр къыткIэщIимыщIыхьащэрэт… Ар абы и хабзэкъым, ауэ мыцIыхухэм щахэсым деж… пщIэнукъым.

Хьэсанэ хьэщIэхэр къызэхиплъыхьри, гъуэлъыпIэ Iэдийр Iэ сэмэгумкIэ иубыдщ, лъэгуажьэмыщхьэ зригъэуэри гъуэлъыпIэ щIагъым щIэплъащ икIи, бауэбапщэу, зыкъиIэтыжурэ, жиIащ:

— Зыри ищIакъым, зигъэнэмысыфIэу щIэсщ, ауэ…

ХьэщIэхэр Iэнэм тIысащ. Бжьэхэр къpагъэхъуащ.

Гуахъуэ-тепщэч макъхэр зэрызэхихыу, Пупсик жэри Хьэцахъ и куэщIым дэлъеижащ.

— ИIэт, девгъафэт, — жиIащ тхьэмадэм.

Псоми я бжьэхэр къаIэтащ.

Пупсик и фIалъэ лъакъуитIымкIэ стIол къуапэм теувэри, Хьэцахъ и пащхьэм къит джэд лыбжьэ тепщэчым бзэгукIэ тIэу-щэ хэуащ.

— Хьэцахъ, хьэр джэд лыбжьэм хошхыхь, — еблыпкъэуащ абы къыбгъурыс цIыхубзыр.

— Ягъэ кIынкъым, — жи Хьэцахъ, абы емыплъу. — Ар тепщэчкIэ фIэкIа дгъашхэркъым… Тепщэч щхьэхуэкIэ джэдыл тIэкIу къыхуэфхьыт мыбы…

Унэгуащэр къэтэджащ.

Ар щилъагъум, иджыри къэс а псор зыхуэзыгъэшэча Нэхъупщ къыщиудащ:

— Щыс!.. Хьэр Iэнэгум щIишхыхьын щыIэкъым! Сыт хабзэ мыр? Хьэр Iэнэм теуджыхьу…

Ар щызэхихым, Хьэцахъ и фэр зэуэ пыкIащ, и нитIыр къижу зэм Нэхъупщ, зэми и лIым еплъащ икIи, хьэр къипхъуэтэжри, ар и бгъэм ирикъузылIапэурэ, хуэму къэтэджащ:

— НакIуэ! — къекIуащ ар Хьэсанэ и Iэгъуапэм. — НакIуэ, зо! ЖысIатэкъэ сэ ар! ДумыгъакIуэ жысIатэкъэ абы фIэкIа къызыгурымыIуэхэм я деж! Уи щхьэр зи жагъуэм уи хьэ игу техуэн?

Ар жиIэри и лIыр и ужь иту Хьэцахъ щIэкIыжащ, я жьэр ущIауэ гупыр къызэхинэри.

— Нэхъупщ! — жиIащ япэу зыкъэзыщIэжа унэгуащэм. — Мохэр мэкIуэж… къегъэгъазэ.

— ИрекIуэж, дэгъуэ гуэрщ! Хьэр хьэщым щIэсын хуейщ. Iэнэм щIыбгъэдэсын щыIэкъым, уи Iыхьэм хэшхыхьу. ХьэкхъуафэщIыщыIэр аращ… ИIэт, девгъафэт!..

◈ ◈ ◈

## ЩIАКЪУЭ Мыхьэмэт

### ЩХЬЭМ ИМЫТМЭ, ЛЪАКЪУЭМ Я МЫГЪУАГЪЭЩ

Щхьэм имытмэ, лъакъуэм я мыгъуагъэщ, -
Псалъэжь Iущым къикIыр зымыщIа
ЛIыр дэкIщ,
ЩIидза пэтми уафэм гъуагъуэу,
Ичындыхэм деж мэкъушэж ежьащ.
Къырелъхьэж мэкъу Iэтэр икъутауэ.
Бгыщхьэ уэшхри куэдрэт —
КъырекIут.
ИпкIэжат езыр маршынэм.
Ауэ
Уэшхыр хуохъури мо мэкъу икъухьами хуит…
«Щхьэм имытмэ, лъакъуэм я мыгъуагъэщ, -
Йогупсыс ар иджы.
— СщIэнур сыт?..
Iуэхум жьыуэ сыщIэтэджэгъамэ…
Е сыкъемыжьамэ, сыту фIыт…»
КъокIуэж ещхьу
Зи уэщыкI уэщыщхьэм
КIэлъызыдзу тIуми хэкIыжам:
Мэкъури, и маршыни,
Езым и щхьи
Уэшхым,
Гъуэгу ятIэм ящIащ Iисраф.

# «Щытхъу»

Ар жезыгъэIэу уей-уей
Тета цIыхубзщи дунейм,
ГъащIэм и пIалъэ зэрищIэр
ЩибзыщIкъым зыша щIалэщIэм:
— Сэ згъэунэхуащ, - жи, - лIы Iэджи,
СырихьэлIакъым уи фэгъу…
А щытхъум ин дэхъу тхьэмыщкIэм
ПащIэр щIиIуантIэу згъэхъу.

◈ ◈ ◈



*Тобэ ярэби, фадэ джаурыр сыту куэду зэхэлъ!*

*ГушыIэ сурэтыр зыщIар*
**КЪУЭЩIЫСОКЪУЭ Владимирщ**

# Псалъэзэблэдз



### *УпщIэхэр*

***ЕкIуэкIыу:*** **5.** УзыкIуэцIрымыплъыф хьэуа. **7.** «Нал …» КIыщокъуэ Алим и роман. **8.** Мывэбг задэ. **9.** Джэдкъаз пIащэ, лъатэу. **15.** Нэщхъеягъуэ, гузэвэгъуэ. **16.** Шэжыпс гъэфIэIуа. **20.** Нартхэм я ныкъуэкъуэгъу лъэпкъ. **21**. Металл лъапIэ. **22.** ПIастэ къызыхащIыкI къэкIыгъэ. **23.** Сэман чырбыш щащIкIэ халъхьэ хьэуазэ. **24.** Пхъэщхьэмыщхьэ плъыжь-фIыцIафэ цIыкIу, купкъ илъу. **25.** Бахъсэн куейм хиубыдэ жылагъуэ. **26.** Iуданэу зэхэша кIапсэ псыгъуэ цIыкIу. **27.** Нэхъ пасэм адыгэхэм атэлыкъым ирагъэпIу щыта сабий. **29.** « … и гъатхэ» – ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и повесть. **31**. Зеиншэ. **35.** Псори зи зэхуэдэ, цIыху еншэ. **36.** Адыгэ уэрэджыIакIуэ телъыджэ, тхакIуэ, щIэныгъэлI. **39**. Мэлыфэ гъэтэджа. **40.** Къэралхэм, лъэпкъхэм я блэкIа зэман. **41**. ХадэхэкI. **44**. Ефэндыхэм я нэхъыщхьэ. **45.** Къэбэрдей тхакIуэ. **46.** Хьэцэпэцэ. **47.** Пасэрей гъущI пыIэ. **48.** Щыгъыным хищIэ хьэпIацIэ. **50**. Пасэм цIыхур зэрызекIуэу щыта шыгу, щхьэ телъу. **53.** ХадэхэкI. **54.** Акъсырэ Залымхъан и пьесэ «Дахэнагъуэм» хэт лIыхъужь. **55.** ТхакIуэхэу, усакIуэхэу Журт Биберд, Хьэх Сэфарбий, Бицу Анатолэ, Мыкъуэжь Анатолэ, Гъут Iэдэм сымэ къыщалъхуа къуажэ. **58**. КIыщокъуэ Алим и иужьрей роман. **60.** Бжьэхэм я фо зэхуэхьэсыпIэ. **61.** Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ бзылъхугъэ усакIуэ. **62.** Iуэхугъуэ гуэрым и къекIуэкIыкIар зи нэгу щIэкIа, абы щыгъуазэ цIыху.

***Къехыу:*** **1.** Зэрыджэгу хьэпшып. **2.** Iэщым я фэр изых бадзэжь. **3.** Ин, бжьыфIэ, лъэщ. **4.** Къурш лъэныкъуэмкIэ къриху жьы щIыIэтыIэ. **6.** ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **9.** Металл лъапIэ. **10.** Хэтхэ я унэ … тес? **11.** Хъуржынышхуэ. **12.** Сосрыкъуэ и къэшэн. **13.** Къэбэрдей тхакIуэ, усакIуэ, критик. **14.** ЦIыхум иреIэзэу къагъэсэбэп хьэмбылу лъэпкъ. **17.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **18.** Пхъэбгъу зэIулIам къыхэщIыкIа кумбыгъэ. **19.** ХупцIынэр зэрагъэтэдж тхьэв. **28.** Совет властым и зэманым щыIа ахъшэ жьгъей. **29.** Армэм къулыкъу щызыщIэ. **30.** Литературэм ехьэлIа IэщIагъэ. **32.** Бгыпэ, нэпкъ. **33.** КIуащ БетIал и поэмэ. **34.** ДжэдыкIэм щыщ зы Iыхьэ. **37.** Къэбэрдей тхакIуэ, усакIуэ. **38.** Данэ щэкI лъэпкъ. **39.** Плъыжьыбзэ. **42.** Гъатхэм пасэу къэлъэтэж къуалэбзу. **43.** Мурад, гухэлъ, хъуэпсапIэ. **46.** ЩоджэнцIыкIу Алий и «Хьэжыгъэ пут закъуэм» хэт цIыху. Хьэжым и лIыщIэ. **49.** КIыщокъуэ Алим и усэ цIэрыIуэ. **51.** Шэрджэс тхакIуэ ДыщэкI Мухьэмэд и роман. **52.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. **56.** АбыкIэ хьэм уеуэкIэ гъынукъым. **57.** МахуэцIэ. **59.** Щхьэгъусэм къыбгъэдэкIыжа цIыхубз. **62.** Лъагэу дэкIей жыг. **63.** Гуэгушыхьум и бгъэм трищIэ щэ.

*Псалъэзэблэдзыр зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ**

## ЕплIанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу:*** **2.** Штык. **4.** Хуабэ. **7.** Іупэ. **9.** Хэку. **10.** Суд. **12.** Лермонтов. **13.** Тут. **15.** Макъ. **16.** КIэрэф. **17.** Усэ. **22.** Псэун. **23.** Уэ. **24.** Хы. **25.** «Насып». **28.** КIарц. **29.** Алъп. **30.** Шыд. **32.** Дыгъужь. **36.** Дахэм. **37.** Нур. **38.** Рашид. **43.** Окоп. **45.** Топ. **46.** «Адэ». **48.** Дыгъэ. **50.** Ботэщ. **51.** Илъэ. **52.** Къул. **54.** Хъыбар. **57.** Хэт. **59.** Уанэгу. **60.** Силъ. **63.** «Сын». **64.** Псынэдахэ. **65.** «Нып». **66.** Абэ. **67.** Щиху. **68.** Сэид. **69.** Щхьэм.

***Къехыу:*** **1.** Чопракъ. **3.** «Тисей». **5.** Бюром. **6.** УIэгъэу. **8.** Сосрыкъуэ. **10.** Сокъур. **11.** Думэсарэ. **13.** Тхьэбысым. **14.** Тэрч. **18.** Къуныжь. **19.** Іуу. **20.** Шы. **21.** Инал. **26.** ГъукIэ. **27.** Бжьэ. **29.** Ахъмэт. **31.** Дыркъуэ. **33.** Щам. **34.** Шум. **35.** Бий. **39.** Бот. **40.** Солоухин. **41.** Жыраслъэн. **42.** Лъэр. **44.** Мыщэ. **47.** «Алъхъо». **49.** ПсынщIэр. **51.** Игу. **53.** Лу. **55.** Нэпс. **56.** Лэгъуп. **58.** Тембот. **60.** Саримэ. **61**. Псысэ. **62.** ТхакIуэ.

## НЫБЖЬЭГЪУ ЛЪАПIЭ!

Мы журналыр пощткIэ къыпIэрыхьауэ е киоскым къыщыпщэхуауэ иджыпсту узэреджэр и щыхьэтщ уэ адыгэ культурэм, литературэм, лъэпкъ Iуэхухэм уи гур хуитхьэщIыкIауэ, апхуэдэ тхыгъэхэм ухуэпабгъэу зэрыщытым.

«Iуащхьэмахуэ» журналыр къыдэзыгъэкIхэм тлъэкI къэдгъэнэнкъым узэрыщыгугъам хуэдэу ди журналыр къыщIэкIынымкIэ. Ар зэрыдгъэпэжынур къэпщIэным щхьэкIэ нэхъ Iэмалыфl дыдэу щыIэращи, ди редакцэм щылэжьахэри адыгэ тхакIуэ псори дынолъэIу дызыхыхьэ 2010 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыпIэрыхьэн хуэдэу «Iуащхьэмахуэ» журналым Iэ тебдзэну.

Илъэс ныкъуэм и уасэр сом 58-рэ кIэпIейкIэ 20-рэщ.

Аращи, «Iуащхьэмахуэ» журналым Iэ зэрытебдзэнум нэхъ хэщIыныгъэрэ гукъеуэрэ уимыIэу, ди журналыр къыпIэрыхьэху насыпыр къыпхудэкIуэу, щIэбджыкI пэтми зыщумыгъэнщIу илъэсыр епхьэкIыну Тхьэм жиIэ!

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуа тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ. Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къищтэр зэи къытемыхуа, компьютеркIэ тедзэжа тхыгъэрщ (дискыр щIыгъумэ, нэхъыфIыжщ).

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэнкIэ хъумэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахар къэгъэлъэгъуэн хуейщ. Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Ленины м и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.

**Телефонхэр:** 47-35-32 (редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 47-26-21 (жэуапыхь секретарым и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 42-42-14 (прозэ); 47-32-94 (публицистикэ); 42-75-22 (бухгалтерие).